2002
7

Зонджынтæ ахуыргонд нæ вæййынц;
ахуыргæндтæ зонджын нæ вæййынц.
Лао-Цзы

МАХ АУГ

“Мах дуджы” равдысты фендзыстут зындгонд ирон скульптор Цорæты Дауырбеджы куыстытæ.

НАША ЭПОХА

Издается с мая 1934 года

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ
ХУДОЖЕСТВЕННОЙ ЛИТЕРАТУРЫ, ПУБЛИЦИСТИКИ

Главный редактор – Ахсар КОДЗАТИ

Редакция:

Ответственный секретарь, проза — Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия — Казбек МАМУКАЕВ

Общественный совет:

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ, Фариза ДЗАСОХОВА, Елизавета КОЧИЕВА, Анатолий КУСРАЕВ, Наира НАКУСОВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2002

МАХ ДУГ

7 '02

Джиппы уагъд цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

АИВ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ,
ПУБЛИЦИСТИКÆЙЫ ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Сæйраг редактор – ХЪОДЗАТЫ Æхсар

Редакци:

Бæрнон секретарь, прозæ — ГУСАЛТЫ Барис

Поэзи, драматурги — МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

Журналы æхсæны уынаффæйы лæгтæ:

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли, ДЗАСОХТЫ Фаризæт, КОСТЫ Лизæ, КЪУСРАТЫ Анатоли, НÆКУЫСАТЫ Наирæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2002

НОМЫРЫ ИС:

БИЦЪОТЫ Гриш. Уыцы бæстæм, Нанамæ. Роман. Дарддæр 5

ТЕТЦОЙТИ ТАЙМУРАЗ: 80 АНЗИ

ТЕТЦОЙТИ Таймураз. Мæ зæрдæ — бурдæнти æрвадæ. Æмдзæвгитæ 70

ХЪАЙТТАТЫ Сергей. Мин тæрхъусы фыййау. Адæмон аргъаумæ гæсгæ 81

КЪАДЗАТЫ Станислав. Æрвон хæс. Æмдзæвгæтæ 90

ГИБИЗТИ Руслан. Дыууæ радзырды 99

СИТОХАТЫ Саламджери. Хъыдзытæ 'мæ æлхысчъытæ 124

ЦÆРУКЪАТЫ Таймураз. Сатирикон рæнхъытæ 127

МАГКАТЫ Тамарæ. Дыууæ æмдзæвгæйы 128

СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆ

ДЗУЦЦАТЫ Хадзы-Мурат. Ирон радзырд 129

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ 143

АРВИСТОН 149

ISSN-02-06-41-62

© Мах дуг № 7, 2002

БИЦЪОТЫ Гриш

УЫЦЫ БÆСТÆМ, НАНАМÆ*

Роман

Хуындзау лæппутимæ чи баззад, уыцы цыппар барæджы, гæрах кæцæй фæцыд, уыцырдæм фæтъæбæртт ластой, лæппуты фæуагътой. Лæппутæ æрæййæфтой чызджыты. Ænæуи дæр сæ тынг æгады бынаты сæвæрдтой, ныр ма скъæфты хабар базонгæйæ, мæстæй тæгæлтæ хаудтой. Хæцæнгарзæй сæм кæй ницы уыди, уый дæр ницæмæуал æрдардтой. Цыппарæй бæхтыл абадтысты æмæ фæтъæбæртт ластой Асинеты агур. Бæхты цæфхадвæдтæм хъусдаргæйæ размæ тындзыдтой, иу ран, комы дон дыууæ къабазæй кæм акалди, уым фæдтæ фаллаг фарсмæ бахызтысты. Фæрсаг коммæ сæ ахуыдтой фæдтæ, над фæндагмæ бахызтысты æмæ иннæ фæдтимæ сæмхæццæ сты. Сæ тæккæ катайгæнгæйæ ауыдтой сæ ныхмæ тындзæг барæджы. Йæ уæл-дзармхуд фелвасгæйæ сын салам радта æмæ сæ фæрсты афардæг.

«Скъæфджытæй цыма у, — гуырысхо хъæлæсæй сдзырдта фæдисæттæй иу. — Йæ худ аивта». Йæ фæстæ куыд фæкастысты, афтæ уæлдзармхудджыны бæх йæ мидбынат æрзылди æмæ сæ размæ æрбацыд. «Сымах стут фæдисæттæ, —загъта

уæлдзармхудджын, уыцы хъуынтъызæрфыгæй сæм касти. — Фæрсынтыл мæ ма схæцут, рæстæг уын нæй. Хæрам рачындæуыд. Цы загъдæуа гадзрахатæй цæуæгæн. — Ехсы хъæд нылхъывта, цонг барызти. — Фæстæдæр алцыдæр базондзыстут æмæ мын мæ ныхæстæ æрымысдзыстут. Уæ чызджы агурут æртæ хъæуæй астæуккаджы. Доны былты ссæут, уæ чызг ис донмæ æппæты хæстæгдæр хæдзары. Зæрæдтæ стыр уаты фæфынæй кæнынц, йæ рудзгуытæ — кæртырдæм. Зæрæдты уаты галиу фарс — сæ цæлгæнæн, сæ иннæ уаты рудзынг цæуы хæдзары чъылдыммæ. Уæ иу сæм разæй бахойæд, чи ракæса, уымæн-иу зæгъæд: «Бидзи тынг фæтыхст æмæ Алыгайы агуры». Æмæ йæм ма фæлæууæд, уæлæ ма Готтамæ дæр фæхабар кæнон, зæгъгæ, æмæ-иу фæтъæбæртт ласæд. Бидзи Алыгайы æфсымæр, рæбинаг хъæуккаг. Бидзимæ цæудзысты, æмæ куы федде уой, уæд архайут. Цæй, рæстмæ ут!» — фæзылдта йæ бæхы уæлдзармхудджын æмæ сæйраг коммæ йæ ных сарæзта.

Фæдисæттæ сæ бæхтæ бабастой суары цур хъæды къохы. Архайдтой, уæлдзармхудджын куыд амыдта, афтæ. «Рынчын Бидзимæ» хæдзарæй фæфæдис сты æртæйæ. Асинет баззад, кæмæн æй аскъæфтой, уыцы лæппу æмæ ма иу чызджы бæрны. Фæдисæттæ æртæйæ сæ уæлхъус алæууыдысты. Лæппуйы къухтæ хæдзары астæуккаг цæджындзмæ бабастой, чызджы дуарæхгæдæй ныууагътой, æмæ Асинеты къухыл рахæцыдысты. Сæ бæхты суары къохы нал ныййæфтой, æмæ фембæрстой, къæппæг сын кæй арæзтæуы. Сæ хайуантæй æнæхай фесты, фæлæ ма сæм цыдæр бæллæхтæ кæй æнхъæлмæ кæсы, уый дæр æмбæрстой. Фæрсаг комæй уал сæ хъуыди сæйраг коммæ ахизын. Уым быдырмæ фæндаг дыууæ хъæуыл ахиздзæн, æртыккаджы — фæдисæттæй иуæн — йе 'рвадæлтæ. Уырдæм хъуамæ исты амæлттæй фæхæццæ уой.

Сæ размæ сын къæппæг æвæрдзысты, æмæ дзы сегас иумæ цæмæй ма смидæг уой, уый тыххæй лæппутæй иу цыди разæй, уый куыд уыдтаиккой, афтæ сæ фæстæ цыдысты Асинет æмæ иу лæппу, уыдоны фæстæ — сæ цыппæрæм æмбал. Мæйрухсы кæрæдзи дæрддзæфмæ дæр уыдтой. Сæйраг коммæ раирвæзтысты, фыццаг хъæу дæр фæсте аззад, афтæ сæ раздзоджы фæндагыл фегуырдысты дыууæйæ, сæ иу æй былысчъилæй афарста: «Куыд æнæмæт къахдзæфтæ кæныс, æнафоны бæлццон?» Асинет æмæ йе 'мбал лæппу къутæртæм базгъордтой. Лæппу чызджы къухыл фæхæцыд æмæ йæ пыхсбынты ас-

къæфта. Асинет-иу ныццудыдта, йæ улæфт скъуыддзаг кодта. Иу рæстæджы пыхсбынæй ахызтысты. Сæ развæндаг цасдæр быгъдæгæй аззад. Лæппуйы цæст ауыдта: чысыл уæлдæр фугæйы къутæртæ райдыдтой. Цыфæндыйæ дæр хъуамæ уырдæм сирвæзой. «Асинет, дæхи фæфидар кæн, — сдзырдта лæппу. — Уæлæ уыныс, фугæйы къутæртæ, замманай æмбæхсæн». Быгъдæджы ма хæрдмæ тындзыдтой, уæд сæм æввахсæй сыхъуыст: «Уæлæ сты, ардæм!» — æмæ гæрах анæрыд, уый фæстæ та айхъуыстой æртхъирæнгæнæджы хъæлæс: «Ærлæуут! Уæхи ма дзæгъæлы хурхæй марут!» «Асинет, ды лидзгæ фугæйы къутæртæм, — фæкодта лæппу. — Æз сæ фæуромдзынæн». «Нæ, нæ, амардзысты дæ!» — уынгæзгæрдæйы катайтæй æмæ удаистæйдзаг хъæлæсæй сдзырдта чызг. Уæдмæ сæ сурджытæ дыууæ баисты, лæппу ныууыдта: сæ иуы сæрыл — уæлдзармхуд. Изæры фæрсаг комы сæ размæ чи фæци, уыцы барæг, лæппумæ маст цыргъагау фæныхылдта æмæ сæм дæлæмæ ныдздзырдта: «Кæд лæгтæ стут, уæд уæ хъримæгтæ аппарут æмæ мæм дыууæйæ дæр рацæут!» «Æмæ, дам, мард гæрах нæ кæны!» — лæппу нæ фæгуырысхо, уæлдзармхудджын æм кæй сдзырдта, ууыл æмæ та сæм адзырдта: «Тæппудтæ! Дыууæйæ мæм сæ ныфс нæ хæссынц!» «Ма сæ знæт кæн, — алæгъстæ кодта Асинет. — Нæ мæ фæнды мæн тыххæй туг ныккæла».

Лæппу хъамайы сæрыл æрхæцыд æмæ, иуварс акъахдзæф кæна, афтæ йын Асинет йæ фæндаг æрæхгæдта, ныккуыдта: «Дæуыл исты куы æрцæуа, уæд ма мæ цард цы уыдзæн!» Бынæй та уыцы хъæлæс: «Фæцæуын дæм, хæлиудзых!» Дыууæйæ сæм стындзыдтой, разæй бæгъæмсар. Чызг лæппуйы цонгыл ныддæвдæг, нæ йын уагъта хъама сласын дæр. Бæгъæмсар лæг дзæбæх сæввахс, уæд æрлæууыд, сдзырдта: «Сылгоймаджы ауунæй ма дæхи равдис, кæд ма удмидæг дæ!..»

Лæппу чызгæй йæхи атыдта, фæцъортт ласта йæ хъама, цонг æмæ хъама фатæмраст аисты, æвзидæн пæррæст сластой. Гæрах анæрыди. Хъандзалхъæддых цонг æрхауди, дурыл хъамайы къæрцц фæцыди...

Бека Галкайæ йæ цæст нæ иста, уый йæм зæрдиагæй хъуыста æмæ йын æнцон уыди дзурын.

— Сæ нæмттæ сын нæ дзырдтон, — загъта Бека. — Ныр дын сæ раргом кæнон. Уæлдзармхудджын Ацце уыди, Асинеты скъæфджытæй. Йе 'рдхордæн æй раскъæфтой. Уыцы изæр ыл гадзрахатæй рацыд. Фæдисæттæн хæрзгæнæг фæци, цæмæй чызг

йæхи бауа. Комы мæйрухс æхсæв цæугæйæ, чызгимæ чи уыди, уый та дæ разы бады. — Йæ рахиз къухы арм бавдыста,йæ гуылмызкъæдз æнгуылдз тасынфæлтæрæнтæ бакодта. — Уыцы изæры топдзæф мын зæрдылдарынæн.

Сафонкайы къухфыстæй йе 'вастæй уый номыл газеты скъуыддзæгтæ куы рацыд, уæдæй фæстæмæ Галкайы уд хъизæмайраг баци. Бека йæм куы фæзынди, уæд та цыма сæрсæфæны сæрмæ æрдухидыл фегуырди. Ныр Бекамæ байхъуыста, æмæ йæ зæрдæ чысыл цæуылдæр фæлæууыд — цъиувæдис нæ фестдзæн Бека, йæхи чи саслам кæна, уыдонæй нæу, йæхи уды сагъæстæй йæм цыдæртæ уæлдæр æвæрд сты.

— Уый уыди нæ фыццаг фембæлд, — дзырдта Бека. —Уый фæстæ дæр ма-иу сæмбæлдыстæм. Уартæ ТОЗ* -тæ куы фæзындысты, иронау Æмбаладтæ кæй хуыдтой... Банкæй нын-иу æхца куы цас радтой, куы цас. Æмæ мæ-иу кæддæрты æхца хæссынмæ арвыстой. Иуахæмы та зылдмæ фæцæйцыдтæн хъуыддаджы фæдыл. Уый размæ дыууæ боны æмæ дыууæ æхсæвы цыдæр фæдисы архайдтон — æвзæргæнджытæ лæбурдтой... Гъе, æмæ цыдтæн зылдмæ. Мæ фæндаг хъæды рагъмæ схызти, рагъæй фæуырдыг. Хур æрæндæвта æмæ-иу мæ цæстытæ аныхæстысты. Мæ нымæт иу ран æрдузы æрытыдтон. Тæгæрфынæй адæн. Иуахæмы мæ чидæр ивæзтытæ кæны, мæ мидфынмæ йæ æнкъарын, мæ дарæс мын рæдувы. Фехъал дæн — мæ бæх мын мæ хæдоны дыс дæндагæй ивазы. Байхъуыстон, æмæ цыдæр уынæртæ мæ хъус æрцахста. Уалынмæ мæм фæндаджы фæзилæнæй разынди барæг, йæ фæстæ дыккаг. Бабирæ сты... Кæс-ма, хайуан куыд æнкъараг у, ома цыдæр фыдбылыз дæм кæсы, базмæл. Дыууадæс гилдзæй ифтыгъд французаг карабин мæм уыди. Аргъауы дæлдзæх Бæлгъуыры бæстæм кæй уагътой, уый та æрбалæууыд мæ зæрдыл. Чи йæ уагъта дæлдзæхмæ, уыдонæн ныффæдзæхста: «Судзын куы ныхъхъæр кæнон, уæд мæ-иу ноджы дæлдæр ауадзут. Басыгътæн куы ныхъхъæр кæнон, — бæндæн феуæгъд кæнут». Мæ бæхы фæрстæ æрцавтон, лидзын сæрмæ чи хæссы, уый фæстæ дæ цард цы у. Сæ ныхмæ цæуын, карабины хæтæл фæхъавынæввонг. Мæ бæхы фæрстæ бацавтон æмæ сирæгау ацыди. Не 'хсæн ма баззади нымад къахдзæфтæ, уæд æрлæууыдысты. Æз дæр мæ бæхы рохтæ æрбалвæстон. «Зыгуымы голлагау фидауы! — райхъуысти барджыты æхсæнæй. —

* ТОЗ — Товарищество по Обработке Земли (ред.)

Хайуаны ма хурхæй мар. Æрхиз æмæ фистæгæй ахъеллау кæн».

Карабин сæм фæдардтон, фæтъæлланг ластон: «Хъæбæрдзых, размæ ма рахиз!» Бæхы фæрстæ бацавтон, карабин барджытырдæм даргæйæ, сæ иувæрсты ацыдтæн. Гъе, æмæ дын се 'хсæн мæ цæст куы æрхæцид ацы Аццейыл. Йæ хъуырдухæн змæлд мæ йæхимæ æркæсын кодта. Афтæ мæм сдзырдта мæ зæрдæ, цыма кæйдæр аууон фæуыныл йæ уд хъардта. Цасдæр рауадтæн, уæд фембæрстон, барджыты æхсæнæй мæм уый кæй радзырдта. Чи зоны, рагæрах кæнинаг мæ уыди æмæ йæ фæурæдтой. Мæ бæх сæппæй ауагътон, фæстæмæ нал фæкастæн. Мæ фæсонтæ сын æнцон хъавæн мысан. Уыди ахæм рæстæджытæ, фæсте æхсын сæрмæ куы нæ фæхæссынц... Дыккаг бон ахæм хабар айхъуысти: «Знон Хурыхъæуы фос фæтардæуыди». Бæхтыл, дам, фæзындысты, сæ цæсгæмттæ басылыхъхъытæй тыхт. Нымæцæй, дам, — бирæ. — Фæхъус ис Бека, фæкъæрцхъус, цыма йæ фæсмон фæцагайдта. — Гъе, афтæтæ, фæлæ ма цы. Йæ тæрхон Къала уыди. Фæлæ, кæс-ма, куыд дæсны у ацы Ацце. Къалайыл мæрдырох бахæцыд, уый куыд тагъд базыдтой. Сæ чиныг куыд тагъд ацæттæ?!

— Бека, чиныг фыссæг дæр зæххон адæймаг у æмæ фæрæдийы, — загъта Галка. — Чиныг фыссыны размæ бирæ цыдæртæ бахынцын хъæуы... Фыссæгæн сгуыхт лæг радзырдта йæ царды цаутæ. Цасдæр рæстæджы фæстæ та сгуыхт лæгмæ ногæй бацыди æмæ та йæм байхъуыста... Æртыккаг хатт дæр ын сæ ра-дзурын кæны, афтæ дæр вæййы... Дзурæджы ныхас иу ивылæнтыл куы ивыла алы хатт дæр, уæд æууæнк ис дзурæгыл...

— Галка, ды дæ куыст рухсмæ рахастай æмæ дын мæ фиппаинаг, ай-гъай дæр, зæрдæрухсы хос нæ уыди. Цы дын фæдзырдта Ацце, ууыл бауувæндыдтæ. Ацце дзурын зоны... Ис аргъæуттæ, иу æй фæрæсугъддæртæ кæны, афтæмæй йæ радзуры...

Уыцы Къала йын Аццейы мæнгцæсгом куыд раргом кодта, уый кой дæр сæм куы рауадаид, æмæ Галка загъта:

— Аццейы тыххæй Къала дæуæн цы дзырдта, уыдон ма искæмæн дзырдта?

Кæрты фæмидæг Бухар, æмæ Бека афтæ бакодта:

— Де 'мбал тæвдтуг у, риуæмбæрцæй лæгæрды. Зондджын лæг куы дæ, уæд ахæмимæ куыд фæраст дæ?

— Афтæ рауади, — загъта Галка æмæ сыстади. — Хатыр дæ

курын.

Бека дæр сыстади, стъолы разæй рацыдысты.

— Цы хорз у, нæ уæ бахъыгдардтон, — загъта Бухар, Галкайæн афтæ: — Æз бирæ нæ бафæстиат уыдзынæн, Бекайы чысыл цæмæйдæрты афæрсдзынæн...

— Цæмæй ма мæ фæрсыс? — бабустæ йыл Бека. — Нæ ныхæстæ фесты.

— Уæд та хатыркурæг дæн... Гъе тугхæстæджытæ стæм, кæрæдзи хъуамæ ма зонæм?

Йæ фыд Аццеимæ сæм Бекайы койтæ айразмæ дæр рауадысты, ардæм цæуыны размæ дæр. Къухбакæнæнтæ йæм агуырдтой. Уæвгæ ахæм лæг кæд райгуырди, æмæ йæхи хæдзарвæндаджырдыгæй кæнæ мадæрвадæлтæрдыгæй иу ахæм адæймаг ма разындаид, ацы цардарæзтæн цæлхдурæвæрæн чи нæ кодта. Бекайы тугхæстæджытæй ахæм разынди йæ мадыхойы лæппу, паддзахы æфсады унтер-афицер Берд.

Галка ахызти уынгмæ, Бухар загъта:

— Уæддæр мæ, Бека, къулыбадæг лæппуйау куыд федде кодтай?

— Ды, лæппу, сыгъдæгæй дæр сæ бынæйласгæтæй цыдæр дæ! Пыхс дæ сæрыл хæссыс.

— Зæрдæ дæм æхсайы, Бека, ацы цардмæ изгард рахастай. Сфыдæхзæрдæ дæ. Дæхимидæг уыйас дæр судз æмæ фæнык дæр фест, фæлæ ног цардаразджыты зондмæ марг уадзыс...

— Уый цытæ лæхуры де взаг?

— Хъус, хъус! Дæ мадыхойы лæппу Бердæн хъæды æмбæхсæнтæ агуырдтай. Хæринаг ын хастай... Революцийы артыл дон чи уагъта, паддзахы уыцы афицертæн ды — хъузон. Æмæ дын, кæс-ма революцийы кой дæ цæстытæ къахы.

Бекайы рахиз къух барызти, æрбатымбыл ын нæ бакуымдта. Ауыдта кулдуары цæджындзмæ æнцойæвæрд уисой æмæ йæм бауад. Бухар бамбæрста — нæ йыл бацауæрддзæн, æруаддзæн ыл æй æмæ феддæдуар, цырд къахдзæфтæй машинæмæ уади.

Уынгмæ æд уисой рауади Бека.

— Де 'фсины æрцыдмæ уæ уынг дзæбæх ныммæрз, — Бухар радзырдта Бекамæ.

— Гъы, æвзæр боны гуырд! Хуыцау дæ æргæрах кæна! — Бухары фæдыл уисой фехста Бека. Нагъ, куыд æнхъæлдта, ахæм бынтон æнæбон нæма уыди Бека — уисой, йæ хъæд фæразæй, афтæмæй суади Бухары къахыл.

«Ацы иблис Аццейæн сыгъдæгæй дæр йæ къабаз, йæ тугхæстæг у»,— фегуырди Бекайы сæры. Рагацау хатыдта: мæнæ йæ маст куы æрмынæг уа, — мынæг æруыдзæн, рох — нагъ, — уæд æм фæсмон æрхъардзæн, Къалайы нæ фенгæйæ Галкамæ кæй смидæг, уый тыххæй. Маст ын йæ тæвдтуг куы æрыхъал кæны, уæд ын æрæнцой нал вæййы, рæстдзинад агурæг свæййы, æрызгъæлынц йе уæнгтæ æмæ та царды тавс нал фенкъары. Йе уæнгты тых куы фæкъаддæр, уæдæй фæстæмæ фехсайдта йæ зæрдæ йæхимæ уыцы миниуæгæй.

Берды кой Бекайæн цыргъаджы рæхуыстау фæци æмæ ма йæ зондæй бæргæ хатыдта: ныххæц дæхиуыл, ма равдис дæ маст, фæлæ уыцы хæрамæн зæрдæ нæ бабыхсыд.

Бека Берды куы нæ зыдтаид, уæд, æвæццæгæн, ацы цардаразджытæм ахæм изгардзæрдæ нæ бадардтаид. Йæхицæй уæздандæр, растдæр æмæ сгуыхтдæр адæймæгтæ нæ рантысти Хуыцауы сконд дунемæ Бекайы нымадæй, æмæ ахæм лæджы цыфыддæр знаджы бынаты сæвæр?! Мæрдтæм дæр ыл цъыфкалæн кæн, йæ рухс номыл рæстæджы ала сбада, згæ хæрв сæвæра! Æбуалгъы хæрæмттæ рачынди, æмæ царды бындур нынкъуысти, æндæр, Берды цæст æрттивгæйæ, ахæм бынмизтæ йæ аууонæй дæр стъæлфыдаиккой. Георгийы дзуарæй кадджындæр хорзæх нæ уыди Уæрæсейы. Цыппар къæпхæны уыдысты уыцы хæрзиуджытæ, æмæ сегасæй дæр Берд хорзæхджынгонд æрцыди. Паддзахы раз, дам-иу, сгуыхт инæлæрттæ уырдыг лæууыдысты, Бердæн та, дам-иу, паддзах йæ сæрæй акуывта, йæ фарсмæ йын бадыны бар уыди! Ацце уыдæттæ æнæзонгæ кæцæй у, Хуыцау дæ Берды хуызæн гуырд скæнæд, зæгъгæ-иу, кæстæртæн кæй арфæ кодтой, уый дæр æрыхъуыстаид, фæлæ йæхицæй лæг аразы, ног цардаразджыты рæгъмæ цыфæндыйæ дæр хъуамæ бахауа, уый тыххæй саулæджы митæ бакæныныл дæр нæ фæфæстиат уыдзæн.

Къалайы æнæнхъæлæджы базыдта Бека. Санаторийы иу уаты фæцардысты цыппар æмæ ссæдз боны. Ныхас сыл-иу куы бацайдагъ, уæд сæ-иу хæрæндонмæ цæуын дæр ферох. Æмæ дын сæм иуахæмы Берды кой куы рауаид. Бека йын йæ царды хабæрттæй цыдæртæ радзырдта, æмæ ныррухс ис Къалайы цæсгом. Уыйразмæ йæм фæсномыг ныхас арæх уыди. Ныр йæ дзуринæгтæ фæбæлвырддæр, фергомдæр сты. Берды хуызæн лæгты лæгдзинадæн, загъта, зын у аргъ скæнын. Æгъдауыл хæст Берд сабийæн дæр кæстæриуæг кодта, хæрамгæнæгæн йæ ных

къуырдта. Æмæ Къала радзырдта, паддзахы рæстæг афицер чи сси, ахæмы бинонтæн куыд бахæрамчынди. Ног хицауады рæстæг афицер сдзырдхъом нал уыди. Рынчынтæ хаста, смæгуыр. Иуахæмы сæ ног власты номæй сæ хæдзарæй ратардтой æмæ уынджы къæйыл аззадысты. Æрцардысты дзы æндæр бинонтæ. Берды хъустыл æрцыди хабар. Хæстæг æндæр ын нæ уыдысты æфхæрд бинонтæ, афицеры дæр ныхасмæ нæ зыдта. Бавдæлд, æмæ æфхæрд бинонты авдаздзыд лæппуйы йæ фæсарц сæвæрдта, æмæ йæ сæ хæдзары дуармæ æрæргъæвта, хæддзу цæрджытæн загъта: «Къуыримæ ацы хæдзар куыд суæгъд кæнат, афтæ! Лæппу цæрдзæни уемæ æмæ йæ сæрæй æрду дæр куы ахауа, уæд уыл мæгуыры бон акодта». Къала дзырдта: «Советон власты ныхмæ фæлæууæг нал уыди æмæ паддзахы афицерты уисойæ амарзтой. Фæлæ Берды кой афтæ дард айхъуысти, æмæ йæм кæцыдæр рæстæг ног хицæуттæй дæр сдзурынхъом ничи уыди. Къуырийы бон хæдзар суæгъд ис. Хæдзар бæрнон кусджытæй иуы зондæй ист æрцыди, йæ хæстæджыты дзы æрцæрын кодта, рæстæгмæ, уый фæстæ йæхи бауыдаид». Сбарæн ын ницæмæй уыди, ахæм цин бавзæрста Бека Къаламæ хъусгæйæ. Берды хъысмæт ма кæй æндæвта, ахæмтæ ма уыцы рæстæг дæр кæй уыди, уый зыдта Бека, фæлæ ма дзы исчи йæхи раргом кæндзæн, уый æнхъæл нал уыди. Æмæ нал æфсæсти Берды хабæрттæ дзурынæй, Къала та уымæ хъусынæй нал æфсæсти.

Бынæттон ревкомтæн уыди искæмæн марыны тæрхон рахæссыны тыххæй бардзырд раттыны бар. Зæгъæм, æнафоны уынгмæ рацæуыны тыххæй дæр хастой марыны тæрхон. Раст уыцы заманты Бердмæ хъæумæ фæзындысты, хорз æй чи зыдта, ахæм большевиктæ дыууæйæ æмæ йын загътой: «Дæхи искæдæм айс». Уæды афицертæй иуимæ фембал Берд æмæ сæхи хъæдмæ айстой. Иу æмдзæхгæр къулы бакъахтой дыууæ лæгæн æрхуыссæн бынат, цъыхырытæ-иу ыл æрбафæлдæхтой. Бека йеддæмæ сын се 'мбæхсæн ничи зыдта, къуыри сæм-иу дыууæ хатты дæр фæзынди. Йæ фæдтæ сæфта, фæлæ йæ бафиппай-дæуыд. Иу мигъбон та æмбæхсæнмæ æввахс куыд æрныгъуылди, — алфамбылаймæ-иу йæ хъус фæдардта, уынæртæм фæхъуыс-та, — афтæ ауыдта æртæ лæджы — æмбæхсæнмæ Бекайæ фæхæстæгдæр сты, кæркмисындзæджы къутæрты æрныгъуылдысты, къæрцхъусæй банхъæлмæ кастысты чысыл рæстæг. Сæ иу æмбæхсæнырдæм комкоммæ ахъуызыд, иннæ дыууæ фæйнæрдæм сæхи айстой, уый фæстæ æрхы рæбынты

æмбæхсæнмæ бахъуызыдысты. Бекамæ хæцæнгарз куы фæуыдаид — тæрсæн гæрахæй сæ асырдтаид, дыууæ æмбæхст афицерæн лидзыны фадат сарæзтаид. Бекайы бон ницы сси æмæ йæ сурхид акалди фыркатайæ. Фæдагурджытыл йæ цæст нал æрхæцыд... Æваст гæрах анæрыд, æмæ Бекайы къæмисæнтæ ныззæлланг ластой, рацæйтыдтой.

Иу рæстæджы Бека ауыдта: æртæ цуангæнæджы æрхы рæбынты дæлæрдæм афардæг сты. Æртæ гæрахы ма азæлыдысты сыфтæрарæх хъæды сæрмæ. Фæстæдæр базыдта хабæрттæ Бека: Берд æмæ йе 'мбалы банымыгъдæуыди, цуангæнджыты сын сæ фæдыл бафтыдтой. Сæ иу Берды хорз зыдта, иннæтæ йæ койæ зыдтой, кæрæдзийæн сæ зæрдæйыуаг бамбарын кодтой, ома, ахæм лæгмæ йæ къух чи сиса, уымæн Хуыцау нæ ныббардзæн. Æфсоны гæрæхтæ фæкодтой æмæ афардæг сты.

Къаламæ-иу санаторимæ арæх æрбауадысты, æмæ-иу Бекайы цур семæ фæныхас кодта. Иуахæмы йæ уазæгимæ сæхи кæртмæ айстой сæ уатæй. Мæстæлгъæдæй æрбаздæхти сæ уатмæ Къала, зæрдæйы хосты чысыл флаконы сæр разылдта, йæ арммæ дзы иу æрæппæрста, армæй — æвзагмæ. Сабыр хъæлæсæй афтæ зæгъы: «Мæнæ зæххыл цытæ цæуы, уыцы Ацце революционерæй агæпп ласта, йæ кой дын кодтон. Скъоладзаутæ йæ фæхонынц, студенттимæ сæмбæлы, йæ мысинæгтæ сын дзуры... Æнхъæлыс, цытæ фæдзуры?! Революцийы уылæнтæ Ирыстонмæ куы сæнхъæвзтой, раст уыцы рæстæг нæртон сгуыхтдзинад равдыста: цалдæрæй бабырстой Дзæуджыхъæуы Урс ахæстæттæм, ацы цæстфæлдахæг — сæ амидингæнæг. Хъахъхъæнджыты афистæг ластой, æмæ, революцион куыст кæнынмæ ардæм Уæрæсейæ чи сæфтыд æмæ амы ахæстонмæ чи бахауди, ахæм стыр лæджы суæгъд кодтой. Гъе, Кировимæ иу хъуыддаг аразæг революционеры. Къала мæстæй цæхæртæ калдта: «Кæсма уыцы бынтыдзогмæ! Йæ абырæг ærдхорд уыди æви йе 'фсымæр æмæ ноджы уыдоны хуызætты суæгъд кæнæм, зæгъгæ, цалдæрæй ахæстонмæ бабырстой. Сæ фыдгæнд фæрæстмæ. Лæбурджытæ къорд уыдысты, сæ кой дæр никуы райхъуыст, никæцæй разындысты, фæлæ ацы иблис Ацце йæ абырæгмитæй дæр хъуамæ стыр пайдатæ скæна».

14

Авданы ацыды фæстæ Марусы зæрдыл Сафонка ærлæууыд. Горæты стыр базармæ æввахс æнæнхъæлæджы уынджы куы фембæлдысты... Сæ дыууæйы къухты дæр, Фадеевы роман

«Æрыгон гвардимæ» гæсгæ арæзт киномæ билеттæ. Æнæмæнг æй кино уынынмæ кæй хондзæн, уыцы хъуыдытæй ныззæрдæрухс Марус, фæлæ бафиппайдта: Сафонкайы уазал асæст цæсгомæй æрхæндæг калди. Лæппу уæд, уыцы бон дæр зыдта, зæй йыл кæй раскъæрдтой, æмæ дзы алидзæн кæй нал ис. Йæ зæрдæ ницæуылуал дардта æмæ йæ цардæй ницыуал æндæвта. Авдан уатæй тыргътæм куы ахызти, тæккæ уыцы рæстæг Сафонка йæ зæрдыл кæй æрбалæууыд, уый йыл карз уайдзæфау сахадыдта, гадзрахатæй цыма рацыд Сафонкайыл. Гадзрахатæй рацæуынæй фыддæр æмæ æбуалгъдæр та, удæгæстыл æй кæй нал нымайы, уый. Уæд, уыцы бон, Сафонка афтæ загъта: «Абон нæ рауайдзæн, фæлæ фембæлдзыстæм». Сафонкайыл хъуыдытæгæнгæйæ иуахæмы Марус йæхицæн загъта: «Фидæн мын кæд хорзæй искуы исты æрхæсса, уæд мын, Сафонка, дæуимæ уæрст нæ уыдзæн». Сафонкаимæ никуыуал сæмбæлдзыстæм, зæгъгæ, Марусмæ йæ зæрдæ куы никуы сдзырдта, уæд æм ацы хæдзайраг бауыны зонд цæмæн фæзынд? Авданы цур дзы уыцы къæйных ныхæстæ цалынмæ нæма схаудысты, уæдмæ Сафонка йæ зæрдыл цæуылнæ æрбалæууыд?

Сафонкайæ йæ хъуыдытæ рахызтысты Авданмæ. Рæстæг цасфæнды фæивылæд, уæддæр-иу ацы боны митæ æрбаймысдзæн Марус æмæ йæм-иу йæ азым низы судзæгау бахъардзæн. Авданы йæхицæн цардæмбалы бынаты сæвæра, уый йæ хъуыдыйы кæрон нæ — йæ хъуыдыйы ауунæй дæр никуы разынди. Ноджы ма йæхицæн басасти, Авданы хорз кæй нæ зыдта, ууыл дæр. Йæ чызгон цæсгом кæмæй хъуамæ басудзид, уыцы зæгъинаг ын йæ хъусы куы бацæгъдид, уæд æфсæрмдзаст Авдан багомыг уыдзæн, исты æнарæхст æвнæлдтытæ райдайдзæн йæхимæ, йæ ных феууæрддзæн, уый фæстæ кæддæр куы æрчъица, уæд æм иу каст æрбауæнддзæн æмæ хъазгæмхасæнты сфæраздзæн: «Æмæ цæуылнæ, уый замманайы хорз уынаффæ куы у!» Уыцы хъуыдытæ дарддæр анывæзта Марус: Сакро æмæ Софийыл хабар сæмбæлд æмæ сæ цинæй æгас хæдзар ныррайдзаст. Уынаффæтæ, хъуыддагæн цыбыр æмгъуыдтæ æмæ иуахæмы Авданы афæрсдзысты: «Æмæ бинонтæй та цы сты? Чи йын ис? Нæ минæвæрттæ кæимæ ныхас кæндзысты?» Дарддæр Марусы цæстытыл ницыуал ауади. Дзæуджыхъæуы ныккæнд-къуымы цæрын, мæ мад æмæ мæ хо дард цæгатаг горæтæй ардæм нал цæуынц, мæ фыд — адæмы знаг... «Уыдæттæ куы базониккой Авданы ныййарджытæ, уæд ма, цымæ,

сæ цæстытæй рухс ракæлид?» — хъуыдытæ кодта Марус.

Чызг фæстæмæ æрыздæхти Сафонкамæ, æнæ æрыздæхгæ йын нæ уыди фæстæмæ Сафонкамæ. Цас æнæрхъуыды разынд, уый йæм æгæр бахъардта, карз уайдзæфæн райсинаг æм фæкасти. Йæ мады хо Серийы та цæуылнæ искуы бафарста, Сафонкаимæ куыд базонгæ сты, уымæй? Уæдæ йæ Сафонкайы бинонты хабæрттæ зонын дæр фæндыди. Серийы цур искуы куы сфæрæзтаид, Сафонкамæ цы зæрдæ дары, уый зæгъын, уæд læппуйы номы раз фæсауюнмæ дæр нымд кодтаид, æмæ йыл ахæм сайд не 'рцыдаид.

Кулдуар æрбахостæуыд — мынæг къуырццытæ. Чызджы уд, цал къуырццы айхъуыста, уал хатты атахти. Уыцы хойнмæ сæ мад куыд фехъал, уый-иу арæх дзырдта, зæрдæ, дам, базыдта, цæмæй тарстæн, уый ныл уыцы æхсæв кæй æрцæудзæн. Æмæ ныр исдуг Марусмæ афтæ фæкасти, цыма йын Бухар йæ фæдыл фæхæст, цыма йæ æрбауыдта, æмæ мæнæ къæппæджы смидæг.

А хæдзармæ хорз зæрдæимæ чи цæуы, уыдон Авданы номæй æрбадзурынц, уый дæр Марус бафиппайдта. Софи сыхæгтæм куы фæцæуы, уæд æй Марусæн бамбарын кæны. Æмæ, кæд ам ис, уæд йæхæдæг цæуылнæ акæсы хойæгмæ?

Дыууæ рудзынджы аууон балæууыди Марус, йæ фæсонтæ къулыл аныхæстысты, цæстызулæй кæд ауынид æрбахойæджы. Ауыдта йæ, чъылдымздæхтæй йæм лæууыди, уæлæмæ касти, уæддæр æй базыдта йæ къаппа-къоппайау æфснайдфаст сæрыхъуынтæй. Лекцийы рæстæг-иу æм кæсгæйæ баззад, уæд та дзы иу æрду гъе даргъддæр куы разынид, гъе куы æрзæбул уаид.

Авданты дуармæ лæууыди сæ декан Галка! Педагогон институты Советон Цæдисы историйы кафедрæйы доцент... Æрдхордыл гадзрахатæйцæуæг! Йæхи равдисынмæ куыд тынг арæхсти, Сафонкайы сæфтыл цыма афтæ ничи фæрысти. Бухары фæдзæхстмæ гæсгæ йæ фæдыл цуаны кæйрацыди, ууыл нæ фæгуырысхо чызг.

Софи уынгмæ ауади. Марус айхъуыста:

— Æз пединституты кусын, Авданы ахуыргæнæг дæн.

— Гъемæ нæм алыбон æгас цу! Агургæ æмæ æнаргæ уазæг! Мидæмæ нæм саккаг кæн.

— Хъуыддаджы фæдыл сæмбæлбдтæн уæ хъæумæ æмæ, зæгъын, æххæст Авданы ауынон. Æмæ мын æм фæдзур.

— Горæтмæ цæуын, зæгъгæ, æрдæбон раздæр къæсæрæй

ахызти.

— Гъемæ хорз, уым æй фендзынæн.

— Дæ хорзæхæй, мидæмæ нæм рахиз!

— Фарн бахизæд уæ къæсæрыл. Мæ фадат нæу æмæ мын хатырæй фæуæд.

— Нæ къæсæрæй афтæмæй ахызтæ, Авдан уый куы базона...

Марус æнхъæлдта, Галка куы ацæуа, уæд йæ утæхсæнтæй фервæздзæн, фæлæ, уыцы цинæй йæ риуы рухсы тæпп нæма ссыгъди, афтæ йæ зæрдыл æрбалæууыд Авдан — йæ мадæн афтæ кæй загъта: «Иумæ ахуыр кæнæм». Ныртæккæ йæ галкайæн бакой кæндзæн: «Дæ ахуырдзау чызджытæй дæр нæм иу сæмбæлд».

— Мæнæ йын чындзæхсæв куы кæнат, уæд нæ фæхондзыстут. Тынг зæрдиагæй уæм сæмбæлдзыстæм.

— Нæ цæстытæ ныуурс сты æнхъæлмæ кæсынæй. Ныræй хуыздæр фадат ма йын кæд фæуыдзæн, йæ алыварс дунейы дзæбæх чызджытæ...

— Цы не 'рцæуы... Уæвæн ис, æмæ уыцы чызджытæй исчи уæ къæсæрæй æрбахиза...

— Æцæг зæгъыс, æви?!

— Хъазæн-худæн митæй фылдæр цы вæййы Авданмæ. Хæрамæй йæм ницы ис, фæлæ искæй худæджы уавæры авæры. Нæ чызджытæй иу цалдæр боны æмдзæрæнмæ нæ фæзынд æмæ уайтагъд бæстæ сцъиувæдис: «Авдан æй аскъæфта...»

Машинæйы уынæр айхъуыста Марус, Галка æмæ Софийы ныхас фескъуыди. Марус та акасти уынгмæ. Рудзынджы акомкоммæ схæццæ машинæ, йæ гуыффæ — кæттагæй æмбæрзт, Софи æмæ Галкайы раз фæурæдта.

— Цæй, дзæбæх ут, — загъта Галка æмæ машинæйырдæм акъахдзæф кодта. Кабинæйы дуар фегом æмæ шофыры бынатæй рæвдз рахызти... Чызджы уæнгтæ æрызгъæлдысты, тихалæджы уæз дæр дзы налаззади... Бухары йæ чырынтæ костюмæй дæр базыдтаид. Фæстаг хатт горæты проспекты йæ размæ куы фæци, уæд дæр уыцы урс æмæ сау чырынтæ костюм уыди йæ уæлæ... Ныртæккæ кæрты фæмидæг уыдзæн!..

Фæдисы дзæнгæрджытæ ныццагътой Марусы хъуыдытæ. Софи мæнæ-мæнæ рацахсдзæн Галкайы ныхæсты мидис æмæ зонгæ дæр нæ бакæндзæн, йæ дзыхæй куыд схаудзæн: «Уæдæ нæ уазæг Марус у скъæфт чызг?!»

— Дæ бон хорз, нæ мады хай! — æвæлмон уазæджы

хъæлæсæй салам радта Батыр.

— Æгас нæм цу, — загъта Софи.

— Цæй, рæстмæут, — уый та Галка загъта, фæлæ йæ сæрæй Софийæнкуыд акуывта æмæ маæинæйы куыд сбадти, уый Марус нал федта.

— Къæсæрæй аздæхынмæ æгæр æвгъау уазджытæ стут, — загъта та Софи.

— Галка Хадзметович, цæй-ма, куыд зæрдиагæй нæ хоны æфсин æмæ йæ коммæ бакæсæм...

— Нагъ, нагъ, цæуæм!

— Ацы хъæуæй æз афтæмæй нæ аздæхдзынæн, цæуын мидæмæ!

Галка ма загъдгæнæгау цыдæртæ сдзырдта, фæлæ сын Марус сæ мидис нал бамбæрста. Йæ уд ма йæ риуæй цал хатты атахтаид, уæддæр ма Маса æрбалæууыд йæ зæрдыл, Софиты адджын сыхаг ус, йæ сæфт, йæ хъодыгонд фыды йын хорзæй чи æрæмысыди, уыцы Масайы æмæ йæ хъуыды æрæвронг. Йæ зæзрдыл æрбалæууыд: цæхæрадонмæ рудзынг — æнцон гомгæнæн. Шифанеры дуар байтыгъта æмæ сæ чиныгæй, тетрадæй бакалдта дзаумæтты фæдджиты бынты. Стъолы кæрон йæ чысыл æхцадон барæй кæй æвæрдта, уый дæр дзы нæ байрох. Фелвæста йæ, фегом ласта рудзынг. Алцыдæр ын хъуыдыгонд уыди — мыййаг, цы нæ вæййы, уæд цæхæрадоны йæ сæр фæцæвдзæн, æмæ кæцырдæм хъуамæ згъора, кæм амбæхса... Æмæ æнцонæй ауади йæ цæстытыл, кæуылты алидздзæн... Авданты цæхæрадоны арæнмæ — згъоргæ, дыууæты æхсæн бруйы сæрты — гæпп, сыхæгты цæхæрадоныл кæронмæ ауайдзæн нартхоры хуымты. Бруйы сæрты ахиз æмæ стыр уынджы балæууыдтæ. Гъе, уыцы рæстæг йæ разы ма фегуырæд Бухар æмæ Галкайы машинæ, æндæр Масайы хæдзармæ баирвæздзæн...

Масамæ нал бахæццæ Марус. Штакетник бруйы сæрты стыр уынгмæ куыд ахызти, афтæ дæлæрдыгæй сцæйцыди автобус.

— О, Хуыцау! — схауди Марусы дзыхæй, сосæфæндаджы был алæууыд, йæ æхцадон йæ риумæ нылхъывта, зæрдæйы цæфтæй иу иннæйы æййæфта,бындурæй æнкъусаг цæфтæ, сæ кæцыдæрæн нал бафæрæзтаид, фæцудыдтаид... Фæлæ автобус фæлæууыди.

Шофыр æм рахъæр кодта:

— Æрлæууæнтæ дзы куы ис, æппын сахуыр афон нæма у?! Рæвдздæр, рæвдздæр!

Марус уæгъд бадæны йæхи æруадза, зæгъгæ, афтæ автобус

гæпгæнæгау акодта æмæ бадæныл уæлгоммæ æрхауди.

15

Бухар æмæ Бекайы ныхас афтæ тагъд фескъуындзæн, уый зонгæйæ Галка машинæйы бадгæйæ банхъæлмæ кастаид. Йе студент Авдан ацы хъæуы цæры, Бухарæн уый зонын æнхъæл нæ уыди. Скъæфты хабар дæр æцæгмæ не 'мбæрста Галка. Марусы æмдзæрин чызджытæ йæ Авданыл æрæмысыдысты, Марус æмдзæрæнæй йæхи куы айста, уыцыизæр æй зæрдиагæй кæй агуырдта, уымæ гæсгæ. Авданы уæдæй нырмæ нал федта Галка, æмæ йæ ныр афарстаид, Марус цы фæци, уымæй, йæхицæн ын фæлварæнтæ дæттыны бар кæй радтой, уыцы хабар дæр ын загътаид.

Сæ машинæ хъæуæй куы рахызти æмæ паддзахвæндагыл куы азгъордта, уæд Галка Бухары бафарста:

— Уымæй уæлдай дзурын нæ бафæндыд Бекайы?

— Æз ардæм таурæгътæм хъусынмæ не 'рцыдтæн, — Бухар æм цæстызулæй дæр не 'рбакасти, ома ахæм ницæййаг хабæртты тыххæй чи рамæсты вæййы, уыдонæй нæ дæн. Уæвгæ та-иу йе стæмхау æрфгуытæ тарælхынцъ аисты. — Комкоммæ фарстытæн дзы æргом дзуапп домдтон æмæ йæ туг ныллæууыд.

— Иугæр æрцыдыстæм, уæд æм байхъусын нæ хъæуы? — бакасти йæм Галка.

— Ды йæм хорз фæхъуыстай, гъе æмæ цы йæ зæрды ис? Куыд æй бамбæрстай?

— Ды йæ куыд бамбæрстай?

— Ам, æвæццæгæн, фæрсын хъæуы, уый мæн куыд бамбæрста, уымæй, — дзырдта Бухар. — Æз афтæ æнхъæл дæн, йæ дзыхыл хæцдзæн.

— Æз дæр ахæм хатдзæгмæ æрцыдтæн.

— Таурæгътæ дын фæдзырдтаид, уый зонын. Фælæ йæм, газеты цы бакаст, уыдонæй гуырысхойаг цы фæкасти? Исты бælвырд аргументтæ?..

— Ацце цы уауты архайдта, уыдоны тыххæй йæм бælвырд зæгъинæгтæ нæ разынди.

Сæ ныхас фескъуыди, æмæ Галка машинæйы рахиз рудзынгæй фæлгæсыди хъæдæмбæрзт цъæх рæгътыл. Фæндаг йæ рагуырæн коммæ кæм фæзилы, уырдæм фæхæстæг сты æмæ мидæмæ сæ хъæумæ йæ зæрдæ ахсайдта. Йæ горætаг фæллад ыл æртæфсти, йæ хъуыдыты мидæмæ хохмæ лыгъди. Æнхъизгæ суары цур фегуырди. Æмырæвæрд хъæдтæй хидыл-иу æм цы-

дысты, хид нал ис, фæлæ фаллаг фарсæй хæтæлыл æнæсцухæй нал кæлы суар.Фæхъус вæййы фынддæс-ссæдзминуты дæргъы, гъе стæй та ныффуттытæ ласы, æмæ хæтæлыл расæххæт ласы. Ануз дзы æмæ де уæнгты ахъардзæн, æнхъызт хыссæйау сфæлмæн уыдзынæ, суæнгрог дæ кæндзæн.

— Галка, кæсын дæм æмæ ма мæразы баззад дæ къодах, дæ зæрдæ — мидæг хохы, уæ хъæуы. Нæ йæ базыдтон?

— Базыдтай йæ.

— Уæ суарæн æрмæст уæ коймæ дæр комыдæттæ æруайынц.

Комы фæзилæны Бухар машинæ æрурæдта, йæ пинджаччы мидæггаг дзыппæй сисита дыдæгътæгонд гæххæтты сыф æмæ йæ Галкамæ радта:

— Аццейы ныстуан бакæс.

Гæххæтты сыфы — æнарæхст къухæй фыстытæ, дамгъæтæ кæм къаннæгдæртæ, кæм егъаудæртæ, куы кæцырдæм фæцудыдтой, куы кæцырдæм. Афтæ йæм фыста: «Дæ хорзæгъæй, Галга ма фæзивæк кæ. Лæбпуйымæ хохымæ бауайуд. Кусæрдаг раласуд. Изæр уыæм хæдзар нхъæлмæ кæсн аныхæсдæ кнæм».

Горæтæй Бекамæ уæзласæн машинæйы кæй æрцыдысты, уый Галкамæ куыддæр фæкасти. Ныр æй бамбæрста.

Гæххæтты сыфмæ кæсгæйæ баззади Галка, йæ райгуырæн хъæуыл хъуыдытæй цы цин бавзæрста, уый æрмынæг, æмæ цалынмæ иу иннæмæй уæззаудæр æфсæнттæ нымайын нæма райдыдта, уæдмæ Бухар сдзырдта:

— Æртæ къуырийы фæстæ Аййейыл сæххæст уыдзæн ффынддæс æмæ æртиссæдзы. Æмæ йын бакувын нæ хъæуы? Кусæрттæгтæ нæхимæ дæр разындзæн, фæлæ фынг уæлдай бæркадджындæр цæмæй рауайа, уый тыххæй... Дзæбидыры фыдæй фынгмæ физонджытæ куы рахæссой æфсинтæ...

— Райсом паддзахадон фæлварæн дæттынц фæстаг курсы студенттæ, — загъта Галка.

— Мæн аххос у, афонылмын загъта: Гакайы мæм æрлас, уый зоны, ахæм хъуыддæгтæ куыд аивдæр саразæн ис...

Аццæ æмæ Бухар сæхæдæг алцыдæр бахынцтой, нæртон, зæгъгæ, кæмæй фæзæгъынц, хъуамæ сæ куывд ахæм рауайа. Паддзахадон ансамблы директоримæ ныхасгонд уыдысты:хъуамæ дзы уой иуцалдæр кафæг лæппу æмæ чызджы, сæ фæндырдзæгъдæг, суанг ма сæ доулийыл гуымсгæнæг дæр. Уыдæттæ къухы бафтдзысты, ууыл зæрдæ дарæн уыди. Фæлæ

ма дзы разынди, сæ къух кæмæ не 'ххæссыди, ахæм фæзилæнтæ дæр. Хъуамæ адæм æрæмбырд уой сæ хъæуы клубмæ, уа дзы сæрмагонд докладгæнæг, Аццейы царды хабæрттæ сын чи фæдзура — революцийы хæстон куыд сси, ног цардарæзты сæраппонд йæ хъарутыл куыд нæ ауæрста. Уыцы доклад Галкайæн йæхицæй хуыздæр чи хъуамæ скæна? Фæлæ ма сæ Галка хъуыди, сæхи бон саразын цы нæ уыди, уыцы хъуыддæгтæ цæмæй сырæзой, уый тыххæй дæр. Уыдæттæй цы рамбулинаг уыдысты, уый дæр хъуыдыгонд уыди фыд æмæ фыртæн. Сæ фæндтæ куы фæрæстмæ уой, уæд Аццейæн снысан кæндзысты персоналон пенси, бæстæйы хуыздæр санаторитæм лæвар путевкæтæ, фæндаггоны хæрдзты мæт æй нал уыдзæн. Чи зоны, ахъаззаг хæрзиуæгмæ дæр æй бавдисой. Рæстæг скадавар æмæ сыл иу минут дæр уæгъды хъуамæ мауал ацæуа. Æмæ Галкайæн уыдæттæ изæры аивæй бакой кæндзысты.

— Ацы бонты мæ æппындæр ницæмæ...

— Галка Хадзметович, давай, сделай снисхождение. Уважим старика. — Бухар ын йæ рахиз къух йæ дыууæ армæй нылхъывта, уый фæстæ йын йæ гом арм æркъæрцц ласта æмæ сдзырдта: — Размæ! Рæстæг зынаргъ у. Уæлæ мæм гуыффæйы дыуæ афтид канистры æмæ суар дæр раласдзыстæм. Аццейыл фынддæс æмæ æртиссæдз азы никуыуал сæххæст уыдзæн.

Историйы факультетмæ Галка æнæнхъæлæджы бахауди. Йæ фыды æфсымæр Додтан ын уыцы иу ныхас кодта: «Техникон зонындзинæдтæ кшм райсай, ахæм институтмæ хъав. Уыцы хъуыды дæхицæн саддджын кæн...» Нæ йын садджын уыцы хъуыды — Сафонкайы хынцмæ Галка дæр пединституты уыцы факультет равзæрста. Йæ хæс афтæ æмбæрста: мæ предмет уыйас лæмбынæг хъуамæ базонон, ахæм дзуринæгтæ-иу рахæссон урокмæ, скъоладзаутыл цымыдис чи æфтауа. Скзолайы нæ акуыста Галка — Сафонкаимæ сæ аспирантурæмæ райстой. Уалынмæ йæм æрхаудта студенттæн лекцитæ кæсыны бар. Фæлæ студенттыл цымыдисы арт бафтауа, уыцы хъуыдытæ æмгæрон дæр нал æрбауагъта. Алы лекцийæн дæр æй хъуыди рæстæджы идеологон домæнтæ аккаг фуйæ-фумæ текст бацæттæ кæнын. Лекцийы рæстæг, дæ конспекттæм дæ цæст даргæйæ, дæ хъуыдыты хал нывæнд, æнæрхъуыдыйæ ма адзæгъæл у, иу æнæрхъуыды дзырд дæр дæ дзыхæй ма сирвæзæд. Цыфæндыйæ дæр кусын хъуыди, æмæ куыста Галка. Æнусты тары цытæ æрцыди, уыцы цаутæ студенттæн дзырдта æвронг зонд æмæ уазал хъæлæсæй.

Афтæ хъуыды кодта Галка, цалынмæ Бухары Иоанны опричник нæма рахуыдта. Бон-сихорафон адæмарæх сахары уынгты цæугæйæ уыцы ныхæстæ æхсидгæ масты стъæлфæнтау йæ дзыхæй нæма схаудтой, цы расайдзысты, уыцы хъуыдытæ йæ нырма нæма фæцагайдтой, уæддæр æй фембæрста: æбуалгъ цауты архайæгæй агæпп ласта, туг лæсæнтæ кæм кæны, уыцы тæккæ ран смидæг. Йæ зонд дзы тартæ кодта, ахæм тас нывбадти йе уæны, йæ туджы ахъардта, ивылди буарыл. Уæвæн ис, æмæ та дæ масты араугæ судзаг сræмудза, æнхъæл кæм нæ дæ, ахæм ран, æмæ та дæ сирвæза...Дæхи зынгæй сауæвзалы бауыдзынæ.УЫЦЫ ХÆДЗАРЫ кусæджы опричник рахуыдта, йæ мидхъуыдыты дæр уыцы хæлбурцъытæ хъуамæ ма райхъуыстаиккой, уый та сæ хъусынæн загъд хъæлæсæй сræцыгъта. Опричник ном абадти Бухарыл, — йæ рæстæджы цæрæг Бухарыл нагъ, уартæ æртæ æнусы сæрты æрыстъæлфæг Бухарыл абадти уыцы ном. Бухары тардта Иоаннны рæстæгмæ, фæлæ йын нæ бакуымдта æмæ йæм бахъардта, цъысымы куыд бахауæн ис... Дунейы фæллойгæнæг дзыллæты скаст кæмæ у, нæ хурты хур, рухс фидæнмæ фæндагамонæг цытджын фæтæджы рæстæг уæвæн ис, æмæ паддзахады æдасдзинад хъахъхъæнæгмæ Иоанны опричникы æууæлтæй исты разына?

Историк Карамзин Иоанн IV тиран рахуыдта, залым. Уый рæстæджы опричниктæй фæстæмæ иннæтыл тугуарæн ныккодта. Уыдæттыл ныхъхъуыды, ныссагъæс кодта Карамзин æиæ ахæм хатдзæгмæ æрцыди, зæгъгæ, Иоанны зындоны судзæг адæм уыйбæрц фæразон æмæ быхсон уымæн разындысты æмæ сæ уырныдта, паддзахмæ ælдариуæджы бартæ Хуыцауæй лæвæрд кæй уыдысты. Адæм нæ гуырысхо кодтой: паддзахы фæндиаг кæй не сты, уымæй рацæуынц закъоны ныхмæ æмæ сæ залым Иоанны азар кæй басудзы, уый сын Хуыцауы тæрхон у. Тæригъæдджын кæй сты, адæм-иу ууыл басастысты æмæ сæ уырныдта, сæ тæригъæдтæ сын барст кæй уыдзысты. Мæлæтæй нæ тарстысты, сæхи нывондæн хастой, цæмæй сæ фæстæйы фæлтæртæн бахъахъхъæной Уæрæсейы хъомыс. Карамзин хъуыды кодта: æрмæстдæр адæмы быхсонæй аразгæ у паддзахады фидардзинад.

Сонт риуыгъд акодта машинæ, коммæ фæндагыл базылди. Фæндаджы галиу фæрсты — мугæ æмæ каконы къутæртæ. Рахизырдыгæй — хъæддаг кæрдобæлæстæ, сæ быны цъæх нæуу уалдзыгон райдзастхуыз æвдыста.

Бухар нырма Галкайæн нæма дзырдта, хохы сæ сыхаг хъæук-

каг Ахамбегмæ хæдзарон дзæбидыр курæг кæй цыдысты. Айразмæ ма Бухар уырдæм суар ласынмæ бауади æмæ уæд базыдта, Ахамбегмæ дзæбидыр чысыл сæныккæй кæй æрбафтыди, уый.

Райсомы паддзахадон фæлварæн Бухарæй дæр рох нæ уыди. Марусы чингуытæ уыцы бон йæ фатеры бафснайдта æмæ Фæрдыджы бацагуырдта, ахæм æмæ, дам, уæм ахæм чызг ис, йæ ном — Марус, Республикон библиотекæйæ кæддæр зынаргъ чингуытæ райста æмæ сæ нæ хæссы. Æрæджы, дам, чызджы бацагуырдтам, æмæ бынаты нæ разынд, кæм ис, уый, дам, ничи зоны. Чингуытæ дæс аргъæй фидгæ сты æмæ, дам, йæхи бамбæхста. Дæ хъус, дам, ма йæм бадар, кæм бафæсвæд Марус. Хабар зонынмæ фыццаг хатт куы бацыди, уæд ын Фæрдыг загъта: «Чидæр æй аскъæфта». Æндæр бæлвырдæй ницы базыдта. Æмæ Бухары каст уыди райсомы фæлварæнмæ. Дыууæ læппуйы Марусмæ сæ хъус дардзысты. Фæлварæнæй куы рацæуа, уæд уыдон йæ фæд-йæ фæд ацæудзысты, сæ фæстæ «Победæйы» цæудзæни Бухар йæхæдæг. Фадат куы фæуа, уæд — скъæфгæ.

16

Марта сæумæраджы райхъал æмæ йæм фыццаджы-фыццагдæр йæ зæрдæ афтæ сдзырдта, цыма ацы бон зæрдæрухс бавзардзæн. Æмæ йæ сынтæгæй рогæн æрхызти. Сæумæйы зылдтытæй истытæ акæндзынæ, дæлсаппы суары цур цатырты цæрджытæм йæхи ныйисдзынæн. Уырныдта йæ ацы бон, быдырмæ цæуæг уæрдон кæнæ машинæйыл кæй фæхæст уыдзæн.

Фæсаходæн Марта йæхи ныйиста суары цур цатырмæ. Уым æрæнцадысты мад æмæ чызг. Мады кой иубонты æрыхъуыста. Загътой: фæрдгуытæй фæрсы æмæ бирæ æцæгтæ фæзæгъы. Дæснытæй кæмæдæрты фæцыди Марта, фæлæ фæрдгуытæй фæрсæгыл никуыма сæмбæлди. Фæрдгуытæй фæрсæг, дам, æфхæрдтытæ баййæфта, æмæ дыл цалынмæ æрæууæнда, уæдмæ дæм йе 'ргом нæ раздахдзæн. Суаргуырæны цур базонгæ сты: зæрдæхæлар ус, цæстуарзон, адæймаджы æрмæст цæстæнгасæй дæр чи барæвдауы. Марта йын бакой кодта, рагæй йæ кæй агуры.

Фæсаходæн цатыры аууон сбадтысты. Марта йын йæ алы фезмæлдмæ дæр йæ хъус дардта, йæ цæстыхаутæ-иу уыцы фæлмæн тъæбæртт фæластой. Кæрдæгыл æрытыдта куатæйыйас кæронрæтыд хъæдабæ хъуымац. Загъта: «Дæ ном дын

зонын —Марта, амыдтой мын дæ». Хæцъилын чыссæйы комбосыл фæйнæрдæм ахæцыд, фæкъул кодта чыссæ, æмæ хъæдабæмæ æркалдысты авгау сыгъдæг æмдымбыл фæрдгуытæ. Сæнтсау лæгъзбуар тарморæ æмæ тарсырх фæрдгуытæ уыдысты къаннæгдæртæ. Уыдон æхсæн бæрæг дардтой, сау, сæнтсау æмæ пылыстæгхуыз фæрдгуытæ, цалдæр та дзы — селафарс æмæ фæлмæнтигътæ. Ус дурты йæ дыууæ армы фелвæста, сцагъта сæ, æввахсæй сæ æркалдта хъæдабæмæ, аратул-батул сæ кодта, йæ цæст сыл ахаста æмæ афтæ зæгъы: «Рæгъмæ дын дыууæ цоты рацыди. Сæ иу раджы ахицæн хæдзарæй, иннæ хæдзары къæсæрæй ахызти, дард фæндагыл афтыди, æнхъæлмæ йæм кæсыс. Тынг ыл риссы дæ зæрдæ». Æркалдта дыккаг хатт фæрдгуытæ æмæ загъта: «Дæ зæрдæйæн адджын чи у, ахæмæй иудадзыг рæвдыд æййæфтай, ныр уе 'хсæн бацыдысты æмæ тынг тæрсыс, дæ къух æм куы нæуал бахъæсса».

Марта йæ цин хъæрæй сцæйдзырдта: «Ацы фæрдгуытæ къамтæй дæсныдæр сты!» — фæлæ йæхиуыл фæхæцыди. Мæнæ кæлмытæй кæй байсынц, кæд ахæм цыкурайы фæрдгуытæ сты?

«Дæ цæстытæ кæмæ ныуурс сты, уыцы фырты ном дын цы хуыйны?» — бафарста Мартайы, йе 'нгуылдзæй ацамыдта тар æмæ сау фæрдгуыты æхсæн иунæг схон ирд фæрдыгмæ. «Хадзырæт», — загъта Марта, зæгъгæ нæ, фæлæ йæ улæфæгау скодта. «Æз дæ ницы бамбæхсинаг дæн, — дзырдта фæрдгуытæй фæрсæг. — Нывы цы фыст ис, уымæй лидзæн дæр нæй, ирвæзæн дæр. — Тъæпæнварс фæлмæнтигъ фæрдыгмæ ацамыдта. — Сæфтыл æй нымайыс. Ахæстон ын амоны дæргъвæтин рæстæджыты... — Æркалдта та сæ æмæ ирд фæрдыгмæ йæ каст скодта, йæ фарсмæ зæрдæрухсы нысан æвдисæг фæрдгуытæ. — Мæнæ йын-иу хæрзгæнджытæ фæци, нæлгоймæгтæ дæр. Фæлæ-иу йæ ирвæзынгæнджытæ сылгоймæгтæ уыдысты... Дыууæ дзы рахауы...»

Фæстаг хатт ын цы ныхæстæ загъта, уыдонæй йæ ныфс фæфидар — кæддæр Мартайау йæ сæфт хъæбулмæ чи касти, ахæм рыстзæрдæ ныййарæгимæ базонгæ фæндагыл. Мæ ном дæр, дам, дын нæ зæгъын, кæцон дæн, уый дæр дæ нæ хъæуы. Загъта: «Уацайрæгтæ мингæйттæй æрбацыдысты æддаг бæстæтæй нæхимæ, хæсты артæй раирвæзтысты, фæлæ дзы иунæг дæр йæ къонайыл нæ сæмбæлд, ахæстæтты амæддаг фесты». «Уыцы хабæрттæ кæмæй базыдтай?» — афарста йæ

Марта. Уый дæр, дам, дын нæ зæгъдзынæн. Ныффæдзæхста йын: «Дæ фыны дæр мæ нæ федтай».

Фæрдгуытæй фæрсæджы фæстаг ныхæстæ уыдысты:

— Дæ сæфт хъæбул хæдзарыл æмбæлдзæн. Сыздæхдзæн хæдзармæ, фæлæ йæ ахсджиагдæртæй кæйдæр нал сæййафдзæн.

«Æз æмæ йын Серийæ хæстæгдæр ничи ис, æмæ ма ме 'фсымæр Ахамбег, уæвгæ уый нæ хæдзайраг нæу... — хъуыды кодта Марта. — Куыд æмбаргæ сты йæ ныхæстæ? Кæйдæр нæ сæрæгасæй нал сæййафдзæн?..»

Йе 'фсымæр Ахамбеджы фæстаг дæс азы низтæ сæ быны скодтой. Сусæны тæвды-иу хохмæ йæхи байста æмæ та-иу йæ чемы æрцыди. Æмæ уæд ардæм, йæ райгуырæн хъæумæ ралыгъди. Сæ кæддæры цæрæнтæй ма айдагъ къултæ баззад æмæ сæ бахæдзархуыз кодта. Уалынмæ та Марта æруатон ис, Ахамбег æй ардæм æрбаласта. Гъе, уыцы рæстæг Серийыл сдзырдта сæ хъæуккаг лæг. Ком сын нæ лæвæрдта, фæлæ Серийæн йе 'фсымæр афтæ: «Де 'мгар дæ агуры æмæ ахъуыды кæн. Иунæгæй халон дæр нæ цæры». Дæ чындз Сери чындзы фæцыди, зæгъгæ, Мартайæн куы бакой кодтой, уæдæй фæстæмæ бонрухс цæстыдзагæй нал федта, ауонмæ йæхи ласгæ, йæ цæссыг сæрфгæ. Азымы йæхи дардта: иунæгæй ныууагъта йæ чындзы æмæ, йæ сæрæн хуыздæр цы уыди, уый бакодта. Уæ, цы хæрам бакодта йæ чындз Серийæн, йæ тæригъæды куыд тынг бацыди! Сери хайджын кæмæй уыди, уыцы удæнцой цæмæн бацагуырдта йæхицæн, йæ ингæны къæсæрыл куы æрлæууыд, уæд? Сери йын фырты бынаты дæр куы æрлæууыд, амæй хъиамæтджындæр нæй, зæгъгæ, хъæуы уыцы нæлгоймæгты нымæцы куы уыди, йæ цардæмбалы судзаг хъæбысты ад дæр куы нæ базыдта. Ноджы ма йын æрæджы быдырæй æрбацæуæг афтæ куы радзырдта, Сери, дам, райсомæй, куыстмæ цæугæйæ дæр уæ хæдзарыл йæ фæндаг акæны, изæрæй дæр, уæд Марта йæхимидæг фидарæй скарста: «Цæугæ мын у быдырмæ, мæ чындзмæ, хæстæгдæр æм цæмæй уон, æндæр мæ ницыуал хъæуы».

Ныр æй фæрдгуытæй фæрсæджы ныхæстæ цардмæ раздæхтой, цыма йыл базыртæ разайдзæн. Хъуамæ цины уац фæхæццæ кæна Серимæ. Гъе, æрмæст йæ хъæбул Хадзырæтæн йæ ирвæзынгæнджытæ сылгоймæгтæ уыдысты, уый йын нæ зæгъдзæн. Хуыцау ныббардзæн хæстон лæгæн йæ уыцы тæригъæдтæ. Æниу

ын сæ тæригъæдтыл нымайын дæр хъæуы? Йæ уд ма-иу ærдуйыл хæцыди, чи зоны, ахæм рæстæг-иу сыл бамбæлди. Ахæм уавæры бахауæджы та сылгоймагæй хуыздæр чи бавæрдзæн. Гъе, æмæ йын Стыр Хуыцау ныббардзæни, Табу йын уæд!

— Уæ, Хуыцау, ахæм ахъаз бакæн, быдырмæ цæуæгыл куыд фембæлон! — хъæрæй скуывта Марта. Цатырты цурæй куы рацыди, уæд уæлæ Уæлхæдзарау хохы сæрмæ сфæлгæсыд, Екийы къæлиндар æй хонынц. Йæ сæрмæ мигъы стыг æввахс никуы уыди, æмæ уæд рæстæг хорз ахæсдзæн.

Мартайы ссыдмæ йе 'фсымæр Ахамбег хъугæмттæм ацыди. Мæсгуыты фæстæ доны рахиз фæрсты суанг комы фæзилæнмæ цы бахаста, уыдон иууылдæр æмвæз хуымтæ уыдысты. Ам ма хъæу хъæуы хуызæн куы уыди, уæд дзы, къах кæм æрæвæрай, ахæм гæбаз æнæ куыстгонд нæ зади. Ныр хъæуы нымадæй — цалдæр хæдзары, алкæмæн йæ хуымтæ — йæ алыварс, хъугæмттæй та уыгæрдæнтæ сарæзтой æмæ се 'хсæн байуæрстой. Фахсæй сæм дур тулы æмæ сæ алы уалдзæг дæр æхсæдгæ фæкæнынц. Ахамбеджы бинойнаг гæрзтæ æхсыныл балæууыд æмæ замманай фадат фæци Мартайæн, бацыди йæ уатмæ, сынтæджы бынæй йæ чумæдан раласта, систа дзы морæ сгæллад къаба æмæ хибыд дыууæ урс къуымбил цъындайы. Серийæн конд уыдысты, æмæ сæ никæмæ æвдыста. Марта исдуг аджих — аивæй сæ куыд ахæсса? Цъындатæ йæ роны авæрдзæн. Батыхта къаба йæ чумæданы æфснайд стыр гæххæтты сыфы, йæ галиу дæлармы йæ бавæрдта æмæ йæ къуымбил кæлмæрзæны дымджытæ уыцырдæм æривæзта, фæлæ тыхтон ракъуыпп ис рахизырдыгæй. Зæронд усы зæрдыл æрбаллæуыд, йæ уæлæ конд къаба йын уæгъдад кæй кæны, æмæ сгæллад къаба йæ гуырыл æнгом æрбатыхта, йæ кæрæттæ йын дыууæ раны булавкæтæй фæхæцын кодта æмæ йæхи къаба акæныныл батагъд ис. Йе уæнтыл æрæппæрста йæ тæбын кæлмæрзæн, йæ цæст йæ гуырыл æрхаста, æмæ йæ зæрдæ фæсабырдæр.

Цалынмæ быдырмæ цæуæгимæ баныхас кæна Марта, уæдмæ не схъæр кæндзæни йæ балцы хабар. Хадзырæты фыстæджытæ немыцæй кæм бамбæхстон, уыцы сусæг æвæрæн мæ зæрдыл æрлæууыди æмæ сæм мæхæдæг куы нæ фæцæуон, уæд сæ ничи ссардзæн, зæгъгæ, куы ныллæуа, уæд æй нæ бауромдзысты.

Фæссихор уæлæ уæллаг хъæуы кæройнаг хæдзары кæрты Марта суыдта ифтыгъд уæрдон. Сæ лæппу хæдзарæй цыдæртæ куыд хаста æмæ сæ уæрдоны куыд æрæвæрдта, уый дæр фед-

та. «Быдырырдæм фæраст уа, чи зоны,» — фехсайдта Мартайы зæрдæ æмæ йæм йæхи систа. Куыд базыдта, афтæмæй сыхаг læппу шахтерты хъæумæ ласта бидонты суар. Аласынæй йын зæрдæ бавæрдта, æмæ Марта бацин кодта: «Уый онгтыл уал фæхæццæ уон, уый фæстæ та исты уыдзæн». Фæстæмæ фæзылди — хæдзары сын бамбарын кæна хабар.

Сæ къæдзæхдурæй амад æмбонды цур лæугæ ныййæфта æхгæдгуыффæ машинæ. Æндзæлмттæй арæзт кулдуары зыхъырæй бауыдта сæ кæрты йе 'фсымæр Ахамбеджы, уый бинойнаджы æмæ дыууæ нæлгоймаджы, æвæццæгæн, машинæйы хицæуттæ.

«Адон мæ быдырмæ фæхæццæ кæндзысты! — йæ зæрдæ цинуынгæг аци. — Адон иугæр Ахамбеджы бацагуырдтой, уæд, бæлвырд, хиуæттæ кæнæ хорз зонгæтæ уыдзысты æмæ сын куы ныллæгъстæ кæнон, уæд мæ авæрдзысты».

Марта мидæмæ нæма цыди, йæ хъус уал сæм æрдара, базона, чи сты, цы сты? Уæртæ скъæты дуармæ дзуццæджы бадти Ахамбег, йæ галиу къух æнцади дзæбидыры бæрзæйыл, рахизæй та йын йæ ных сæрфта. Йæ цуры лæууыдысты йæ бинойнаг æмæ уазджытæ.

— Йæ цотæй афтæ æнувыд никуы никæуыл баузæлыд, — загъта Ахамбеджы бинойнаг æргом бустæхъæлæсæй.

«Дзæбидыр цыдæр кæны! — фехсайдта Мартайы зæрдæ. — Æмæ йыл цы 'рбамбæлдаид? Ахамбег æм æрмихæринагæй куы зилы?»

— Фæдылдзог у æмæ йæ ам комы цæуджытæй чи нæ зоны, — дзырдта сылгоймаг. — Сæрмагондæй йæм уынæг дæр æрбацæуынц. Нæ кæрт æнæ Дзæби нал сфидаудзæн.

— Гъер дæ ныхæстæй ахæм нæй, адæймагмæ чи нæ бахъара, — загъта бæгъæмсар лæг, йæ сæрыхъуынтæ уалдзыгон фæсалау æгъуыз. — Фæлæ, æвæццæгæн, Æфсатийы ацы лæвармæ дæр цыдæр хъысмæт кæсы.

«Адон фосы дохтыртæ ма уæнт? — фæгуырысхо Марта. — Кæд ын йæ низыхатт нæ иртасынц». Йæ сæрыл къепкæ кæмæн уыди, йæ гуырыл уырынгтæ хъæдабæ дарæс, уый йæм фæкасти фосы дохтыры хуызæн æмæ йæ уый ныхас фехъусын тынг бафæндыд. Уый загъта:

— Ахамбег, ныртæккæ Ирыстоны фыццаг лæджы бынаты чи бады, уыимæ, фæзæгъынц, уæ сабибонты хъултæй бирæ фæхъазыдыстут?

— Сыхаг læппутæ куыд фæхъазынц, афтæ хъазыдыстæм.

Уый та цæй дзуринаг у? — Ахамбеджы хъæлæсæй дæр райхъуысти æргом бустæтæ. Уæртæ йæ арм дары Дзæбимæ. Йæ дзыппы йын исты фæсайæн фæдары, æмæ йæм куы æрбатæхы, уæд та йæм йæ арм бадары. Уæртæ дзæбидыр йæ сæр хъалтылд бакодта, æмæ Марта фембæрста, рынчынæй йæм йæ зæрдæ дзæгъæлы кæй фехсайдта.

— Стыр хицау куыд лæг у, уый дын амонын нæ хъæуы, Ахамбег, — загъта та къепкæджын, йæ къухтæ йæ хæлафы дзыппыты атъыста. — Йæ райгуырæн хъæуыл тынг зæрдæйæ у, зæгъгæ, йæ фæфæзмынц.

— Махмæ та йæ кæм æвдæлы, — æнæбары дзуапп радта Ахамбег, йæ къух йæ кæттаг уæлæфтауы дзыппы атъыста. — Æгас Ирыстоны сагъæстæй йæ сæр, йæ кой куы свæййы.

— Æгас комбæстæ дæр дзы сæрыстыр сты, — дзырдта бæгъæмсар лæппу. — Фыццаг лæджы бынат кæй ахсы, канд уый тыххæй нагъ. Колхозонтимæ быдыры сихор бахæры. Бынæттон хицæуттæ йæ сæ хæдзæрттæм фæхонынц, нагъ, кусæг цы хæры, уыцы хойраг, дам, фарсыл тынгдæр хæцы.

— Уæлæ фосхизæнмæ суайæм, — загъта Ахамбег. — Фыстæн сæ хуыздæры равзарут...

— Нæ ныхас фæбæлвырддæр кæнæм, — загъта къеп-кæджын. — Тынг зынаргъ уазæг сæмбæлди не стыр хицаумæ. Мæскуыйы æппæты уæлдæр скъола кæимæ каст фæци, лымæн рахастой райдианæй фæстæмæ. Дунейы бæстæтæй кæм нæ вæййы ацы уазæг æмæ йæ цы хуызы не сбуц кæнынц...

— Æмæ ныр йед та? — йæ ныхас баппæрста хæдзары æфсин. — Кæд уæ æнæмæнг дзæбидыр кусæрттаг хъæуы, уæд уæлæ Сæгъдуцæн рындзыл амæй ай хуыздæртæ...

— Гъер сывæллæтты радзур-бадзур... — бæгъæмсар лæппу былысчъил худт бакодта, йæ къухтæ та йæ дзыппыты атъыста, фæлæ йæхиуыл фæхæцыд, бахудти. — Омæ сæгъ æмæ дзæбидыр цы сты, уый дæр та нал зонæм? — бæгъæмсары басхуыста. Уый дæр бахудти æмæ сдзырдта:

— Цас рæстæджы рацыди, цалынмæ сæгъ хæдзарон фос сси.

— Гъе уый сымахæн загъдæуа, — фæцырд та сæм хæдзары æфсин. — Дзæбийы сымах сырды хуызы агурут, фæлæ ма цæй сырд у. Цуанæттæ йын йæ мады амардтой... Мадæлты дзæбидыртæ дæр куы нæ хонынц — сæгътæ сæ хонынц. Ныффæрск стут, æндæр уæлæ нæ цæутæ Дзæбийæ хъæддагдæр æмæ знæтдæр сты, рагуалдзæгæй æрæгвæззæгмæ уалæ бæрзæндты

хизынц. Хъæддаг сырды фыд афтæ адджын нæу. Дзæби та хæдзарон сæгъы æхсырæй хаст у, хъæууон холлæгтæ æмæ хæдзарон фæсайæн ахуыр.

— Хъуыдæ гуыххæл лæг у, йæхæдæг дзы, чи зоны, хъæстæ дæр ма фæуа, — дзырдта галифехæлафджын, йæ цæсгом та йын уыцы дзæбæх ауыдта Марта. — Фынджы фидауц...

— Ам арæх сæмбæлы уыцы уазæг? — бафарста Ахамбег, Дзæби йын йæ сытæ йæ риумæ сбыцæу кодта, лæг та йын йæ дæллагхъуыртæ йæ уырзтæй сæрфта.

— Фыццаг хатт нæм сæмбæлд. Æмæ бабуцгæнинаг у... Ирæттæ нал стæм?

— Ома уый цы зоны, ирон фынгæн фидауцы хос цы у æмæ цы нæу? — бустæ хъæлæсæй дзырдта хæдзары æфсин.

— Зоны! — сдзырдта бæгъæмсар. — Дунейы бæстæтыл фæзылди. Нæхи республикæты йын цы лæвæрттæ фæкодтой, уыдон сæхæдæг музейы фаг. Гъер мæ цыдæртæ дзурын нæ фæндыди... Цæвиттон, уазæг Мæскуыйы стыр бынаты кусы. Нæ республикæмæ хорз цæстæй кæсы. Уæ хæхты хъæрмæдæттæ, дам, дзæгъæлы сæфынц, æмæ, дам, уæм санаторитæ хъуамæ сарæх уой. Уæд фæндæгтæ дæр снывыл уыдзысты. Быдыр хæхтæм фæхæстæгдæр уыдзæн...

Галифехæлафджынæй йæ цæст нал иста Марта, кæцæйдæр æй зоны, фæлæ кæцæй? Æдзынæгдæр æм ныккасти æмæ йæ иуахæмы куы базонид: «Аццейы кæстæр фырт куы у! Милицæйы кусæг кæй хонынц, уыцы лæппу». Хъæумæ арæх нал æфты æмæ йæ нал базыдта Марта. Йе скъола кæронмæ дæр нæ фæци, афтæмæй афтыди хъæуæй. Колхозы куыстæй æддæмæ никæй уагътой, фæлæ ацы лæппу кафджытæм бацыди. Æнæуи дæр йæ фыд зоны хицауадимæ йæхи бæттын æмæ йын исты бынат скодтаид. «Фæлæуу-ма, фæлæуу, иу-къорд азы размæ сæ «сгуыхты» хабар куы райхъуысти! — Марта джихæй аззади, йе 'нгуылдз йæ былыл авæрдта. — Сæ хистæр лæппу Бадри æд бинонтæ хæдзарæй уæд куы фæлыгъди...» О, О, æрхъуыды йæ кодта Марта. Адоны хорз сыхæгтæм пысулты тыхтæй цыдæр æрбалæвæрдæуыд, мæнæ, дам, ма-иу ацы тыхтон Аццетæм бадæттут, сæхимæ, дам, ничи ис. Хатыртæ ракуырдтой лæппуйæ æмæ чызг æмæ фæстæмæ рæвдз фездæхтысты. Тыхтоныл схæцыди сыхаг зæронд лæг æмæ йæ Аццетæм æрбахаста. Тыхтон куыд хæлдтой, афтæ дзы райхъуыст ноггуырды хъыс-хъыс... Йæ райгуырдыл ныpма нымад бонтæ йеддæмæ нæма рацыди, сырх-сырхид хæлын буар, йæ уынд цæстæн æхсызгон нæма

уыди, афтæмæй сæм æй æрбарвыстой. Гæххæтты сыф дæр дзы рахауд, фыстой дзы: «Ацце, дæ фыртæн йæ джыртмæдзæуæн рæстæг ралæууыд,æмæ дын мæнæ йæ фыццаг лæвар. Ноггуырды хырыз уæнгты дæ фырт Бухары туг кæй змæлы, уый ис дохтырты руаджы базонæн. Дæ уырс фенамонд кодта æмбисонды чызджы æмæ йæхи цæрыны аккагыл нал банымадта...» Сыхаг зæронд лæджы æрбадавтой, тыхтонимæ йæ феддæдуар ластой. Сым дæр, дам, куы айхъуыса, уæд, дам, дын дæ хæдзар басудздзыстæм! Зæронд милицæмæ фæхаста æнамонд ноггуырды, нæ дуармæ нын æй фæуагъдæуыд, зæгъгæ.

Маст фæцагайдта Мартайы зæрдæ. «Цымæ Ахамбегæн йæхи бацамыдта Аццейы фырт?» — фарста йæхи, исдуг æм йæ зæрдæ афтæ сдзырдта: «Бацæуон сæм æмæ сын цæлхдурæвæрæн акæнон». Фæлæ айхъуыста йе 'фсымæры хъæлæс:

— Уæ хорзæхæй, мацыуал дзурут, мацыуал».

«Кæрæдзи бамбæрстой, — загъта йæхицæн Марта, — æмæ ма сæм уæд цы цæуон».

Ахамбег Дзæбийы здыхт сытæм йæ цонг ивæзта, йæ уазджытæм баздæхт æмæ загъта:

— Хъуыдæберды куыстæн ахъаз цы фæуа, уый йын мæ цæст æгæр дæр ма уарзы, — уый фæстæ йе 'фсинмæ баздæхти. — Марадз-ма, фæйнæ комдзаджы сын фен...

— Нагъ,—сдзырдта Аццейы фырт. — Æгæр ныффæстиат стæм.

— Хъуыдæберды номæй мæ къæсæрыл чи æрбахызт, уыдон æххормагæй ацæуой? — загъта Ахамбег.

— Омæ хорз, — загъта Аццейы фырт. — Кæд уæм къæпыты мисын ис. Лæугæйæ хъæзын къусы дзаг баназдзынæн.

Машинæйы алыварс æрзылди зæронд ус, æруындтытæ йæ кодта. Йæ гуыффæмæ фæстæрдыгæй уыди æфсæйнаг асин фидаргонд. Машинæмæ схизæн асины бынмæ фæци егъаугомау дур. Уыдæттæм кæсгæйæ, Мартамæ æвæджиауы бæллиццаг хъуыды райгуырди, уæнгрог ыл чи æфтыдта, ахæм хъуыды: куыд амал ис, афтæмæй гуыффæмæ хизгæ, кæд дзы æрныгъуылæн ис, уæд æмбæхсгæ, æмæ йæ быдыры балæууын кæндзысты.

Дурыл слæууыди Марта, асины уæллаг къæпхæнтæй иуыл æрхæцыди къухæй, йæхи сивæзта, æмæ фыццаг къæпхæныл йæ къах авæрдта. Дуар æнцонæй байгом æмæ гуыффæмæ бахызти. Гуыффæйы фæйнæ фæрсты, кæрæй-кæронмæ æххæссыди, ахæм фæйнæгæй бадæнтæ. Уæртæ кабинæйы æмбуар стыр чырыны хуызæн цыдæр æвæрд. Йæ рахиз фарс пысултæ æппæрст. Бацыди сæм æмæ сæ къухæй æруыдта — разынди

дæрзæг кæттаг. Кæттаг йæ быны дæр куыд фæуа, йæхи дæр дзы куыд æрæмбæрза, ууыл бацархайдта æмæ ныхъхъус.

Дзæбийы куы æвæрдтой, уæд Аццейы фырт гуыффæмæ схызти. Мартайы зæрдæ ныссæххæт ласта, гуыффæйы дуар мын гомæй аззади æмæ мæ куы базоной, зæгъгæ. Фæлæ уыйырдæм кæсгæ дæр не 'рбакодта. Дзæбийы куы слæвæрдтой, уæд Марта кæттаджы зыхъхъырæй нал касти. Хъæбæр сæфтджыты къæрццытæ айхъуыста зæронд ус, йæ хъустыл Дзæбийы тыхулæфт нæ ауади, æмæ бамбæрста, йæ къæхтæ йын фидар кæй нæ ныббастой.

— Хъуыдæберды-иу мын бафæрсут, машинæ йæ бынатæй куы анкъуысти, уæд айхъуыста Марта йе 'фсымæры хъæлæс, æмæ йæхицæн афтæ: «Дзæби сымах амæддаг куы бауа, уæд мæ мæлæт хуыздæр».

Зæронд усы цæстытыл ма уади: Ахамбеджы йе 'фсин ælхысчъытæ кæндзæн, ома, куыд æнцондзырд дæ, куыд дæ æрбасайдтой. Ахамбег цыма ницы хъусы — йæ къæхты бынмæ фæкæсдзæн, стæй йыл фæхъæр ласдзæн: «Æппын нал банцайдзынæ, де 'фсæрыл куырой разила!» Уый фæстæ йæ афæрсдзæни: «Марта та нын кæм ис, сæумæрайсомæй нырмæ йæ куы нæ уынын?» Иурæстæджы фæдис фестдзысты, хабар суарласæг лæппуйы хъустыл æрцæудзæн... Æмæ алцыдæр бамбардзысты.

Хъæуæй дзæвгар ауадаид машинæ, уæд Марта кæттаджы бынæй рабырыди. Фæндаджы гуыргъахъхъытыл машинæ хæрдмæ хауди, зæронды-иу рогæн сæппæрста, бацавта-иу æй бортыл, æмæ уæд бандоны къахыл ныххæцыди, йæхи кæттагыл æруагъта, йæ бынмæ йæ æрбасывта. Ныр йæ хъус æрдардта Дзæбимæ. Уæртæ йæ иннæ бандоны къахмæ бабастой.

«Рæстæг цæуы, — хъуыдытæ кодта Марта. — Фæндаджы нарæг фæзилæнтæ кæм сарæх вæййынц, уырдæм куы бахæццæ уа машинæ, уæд сындæгдæр цæудзæни. Ахæм ран Дзæби æнцонæй агæпп ласид, æвыдæй баззаид æмæ ма хæдзармæ дæр фæндаг ссарид. Ахамбег æрцæрид, æртæфсид йæ зæрдæ».

Йæ цыппæртыл бацыди Марта æрмахуыр Дзæбимæ æмæ йæм йæ номæй сдзырдта:

— Дзæби, Дзæби! — йæ лæгъзхъуын царм ын йæ къухæй æрсæрфта, ныхæстæгæнгæйын йæ уырынг сыкъатæ фесгæрста. Йæ цонг куы æрцæйиста, уæд ын Дзæби йæ къухуæларм асдæрдта. Уый йын хуымæтæджы æхсызгон нæ фæци, æмæ йæм йæ арм гомæй бадардта.

«Афтид арм сдарын ахуыр нæу, — Загъта йæхицæн Марта, — æмæ йæ æз ныр куыд хъуамæ фæфыдæнхъæл кæнон», — йæ куатæйы дзыпп асгæрста. Серийæн хæцъилы тыххæй кæй фембæхста, уыцы базæнгæс повидлæджын къафеттæй дзы æртæ систа æмæ йын сæ иугай радта.

Æмæ та йæ фæдисон хъуыды фæцагайдта: æгæр сындæг змæлы! Сыкъатыл афтид бæттæн æнахуыр хъæддых баст разынди. Дзæби йæ йæ сыкъатæй гуырдыхгæнæгау æрбакодта, æмæ Марта фæфæлдæхти. «Адджинаг ма йæ хъæуы, — фехсайдта зæронды зæрдæ. — Мæхæдæг æй æрра кæнын, ме 'дылы скæнæг. Тохъылхаст дæ скодта ме 'фсымæр æмæ мæ дæ хъалæй чысыл куы æрбакъуырай, уæддæр ам дæргъæй баззайдзынæн, ды та ацы кæрæфты амæддаг бауыдзынæ...» Ælхынцъбаст бæттæн халыныл дзæвгар фæцархайдта, фæлæ-иу машинæ куы сыскъуыдта, куы цæхгæр фæзылди, æмæ та-иу Марта иуварс фæцудыдта. Уæд бабырыд, чырыны хуызæн æм чи фæкасти, уыцы асыкмæ, схæцыди йын йæ сæрыл, æмæ йæм куы æргуыбыр кодта, афтæ машинæ цыма агæпп ласта æмæ чырыны дуар — сæрæн къупп. Йæ цæстытæ атартæ сты, æмæ исдуг ницуал бамбæрста. Йæхи куы æрæмбæрста, уæд чырыныл хæцгæйæ слæууыд. Байхъуыста. Йæ хъустыл ауади доны лыстæг цыхцырæджы сæх-сæх. Чидæр схуыфыд, æмæ Марта бахъуыр-хъуыр кодта:

— Тъæппытæ ахау, кæд хуыскъаг мигæнæнау цъыртт нал уромыс.

Чысыл фæстæдæр та айхъуыста Аццейы фырты хъæлæс:

— Цæй, цы? Истæмæн бæззы?

— Рæбинаг суарæй æвзæрдæр нæу! — сыхъуысти йе 'мбалы хъæлæс. — Аласæм дзы. Гуыффæйы дæм бидонтæ куы уыди?

Марта кæттаджы бын абырыд.

— Хæрæгæй гуырд! — сдзырдта Аццейы фырт. — Шофыр загъта бидонтæ сæвæрдзынæн. Фæсайдта мæ.

Араст та ис машинæ.

«Дæлвæндаджы суармæ йеддæмæ кæд нæма рауадыстæм, уæд бирæ нæма рауадыстæм», — загъта Марта, кæттаджы бынæй рабырыди.

Чырын кæй хуыдта, уым фæцагуырдта ивæзтцонгæй æмæ дзы ссардта уистæгæнæн фæрæт. Бандоныл хæцгæ бацыди Дзæбийы цурмæ. Цалынмæ бæндæн алыг, уæдмæ æнцой нал æркодта, æмæ йæ буар дон фестади, йæ рахиз цонджы нуар

ныттынг ис. Ærбадти Марта цонг галиу къухæй сæрфта, æууæрста йæ.

Дзæби феуæгъд, йæ бынатæй æддæдæр ацыди æмæ йæ сæр батылдта. «Хæдзар, æвæццæгæн, нал ссардзæн, — ахъуыды кодта Марта. — Фæлæ уæддæр адоны амæддаг ма фæуæд». Раарфæ кодта Хуыцауæн, хохы дзуæртты нæмттæ ссардта.

Ныр йæ хъус дарын байдыдта машинæйы цыдмæ, фыццагау нал схъиудта, — цæвиттон, фæндаг фæлæгъздæр. Ахæм ран тагъд фæцæуынц, æмæ Дзæбийы куы ауадза, уæд йæ къæхтæ ныппырх уыдзысты. Æмæ та æнхъæлмæ кæсын байдыдта.

Иу ран машинæ уырдыджы суых-суыхгæнгæ ныффардæг, уый фæстæ хæрды стылди, ныххуыррытытæ ласта мотор, ныхъхъæрзыдта æмæ æрсындæг.

Дуары къæндзыгмæ куы бавнæлдта Марта, уæд йæ зæрдæ ныццæвтæ кодта, сдзырдта:

— Дзæби, Дзæби, агæпп кæн, агæпп кæн, — размæ йæ фесхуыста. Ærмахуыр, зæххыл цæрæг дысион йæ цыппар къахы æмæввахс авæрдта æмæ асæррæтт ласта. Йæ сæфтджыты къæрцц цыма топпы хъæрау азæлыд, æмæ Мартайыл удаист афтыди. Машинæ фæуæлбыл æмæ та рæвдз азгъордта.

Мартайæ дуар сæхгæнын ферох ис, йæ фæллад ыл æртæфсти æмæ, йæ зæнгтæ йæ быны куы фæдыдагъ уой, уымæй тарсти. Æræджиау кæддæр кæттагмæ бабырыд æмæ йыл йæхи уæлгоммæ ауагъта. Уайтæккæ дæр афынæй ис. Йæ фыны хъуырдухæнты хай баци... Кæйдæр фæдыл згъордта, згъордта... Чъылдымырдыгæй йæ уыдта æмæ йæм Серийы хуызæн фæкасти, йæ чындз Серийы хуызæн, гъе ныр æй байфæфта, зæгъгæ, афтæ машинæ фæлæууыди æмæ фехъал. Йæ хъустæ доны сæх-сæхæй айдзаг сты.

— Ну! Гъа, мардзæ! Анцай, анцай! — айхъуыста Марта. — Гъа-ма, иу хатт ма!

Бамбæрста Марта, цæмæн лæууынц, уый: уæрдон, æвæццæгæн, тæккæ нарæджы йæ размæ фæци. Иу рæстæджы уæрдон сæ фæсты куы базылди, уæд та араст и машинæ.

Ныр Мартайы зæрдæ æхсайдта Серимæ. Ацы морæ сгæллад къаба йын дæтдзæн, фæлæ йæ чындз нæ комдзæн.

Къаба мæ куыд ærбайрох ис, зæгъгæ, йæ къух йæ роны атъыста, — йæ гуырыл кæй ærбатыхта, уыцы дарæсыл не ' рындзæвыдысты йæ уырзтæ. Цыма йыл цъитидон ærбакалди — йæ буар сисбынтæ аци. «Машинæмæ куы сцæйхызтæн,

æвæццæгæн, уæд æрхауди», æнæгуырысхо хъуыды фегуырди Мартайы сæры. Уæддæр рæвдз рабадти, йæ фазыл абырыд гуыффæйы къуымты, къухтæй сгæрста йæ алывæрстæ. Дзæбийы багатæ-иу йæ уарзты бын ацъæл сты, хуылыдзы дæр йæ къухтæ самæста æмæ уый дæр ницæмæ æрдардта. Къаба разынди кæттаджы бын, нынцъылдтæ ис, къæхтæй дæр ыл фæцыди. Кæттагыл сбадти Марта, къаба йæ хъæбысы айтыдта, йæ армæй йæ фæлæгъзытæ кодта, йæ риуы цæппузыртæ суагъта æмæ къаба тымбыл тыхтæй йæ роны нывæрдта.

Ацы къаба йын Серийы лæвар у, фæлæ йæ йæ цæст скæнын никуы бауарзта. Ахæм æвгъайуаг уæлæйыдарæс æм уый размæ дæр æмæ уый фæстæ дæр никуал æрбахауди. Сери цасдæр фембырд кодта йæ капеччытæ, фæлæ йын дзы къабаваг хъуымац нæ цыди. Загъта: фæззæджы мæм кæд колхозæй æхцайы æфтиаг æрбахауа, уæд хъуымац балхæндзынæн. Фæззæг æрцыди, колхозонты хъæуы клубмæ бахаудтой æмæ сыл дуар сæхгæдтой. Иу фæллойбонмæ сæм хорæй цыди фæйнæ 200 граммы, суаритæ та æхцайæ. Загътой сын: «Хор уын дæттæм, æхцатæ та уромæм иннæ азы аблигациты ныхмæ. Барвæндонæй сæ дæттæм, загъгæ, уæ къухтæ æрæвæрут». Сери кæуæгау бакодта: «Бонрухсæй нырма нæ хæдзармæ никуыма бафтыдтæн, æмæ ацы хатт мæ фæллойæ иу капекк равдисон ме 'фсинмæ». Рудзынгмæ йæхи баласта æмæ уынгмæ агæпп ласта. Уый фæстæ бон куыстмæ нал ацыди. Марта уынгмæ йæ хъус дардта, æмæ сæ бригадир куы æрцæйцыди, уæд Серимæ бадзырдта, æмæ уый цæхæрадонмæ ауади, уырдыг лæууæг хъæлæгъы куыристы æхсæн бабырыд... Гъе, уыцы фыдбоны капеччытæй ælхæд æрцыди ацы къаба æмæ йæ кой дæр нал суадздзæн, базилæд æм æмæ йæ йæхæдæг дарæд.

Машинæйы æхгæд гуыффæ нытталынг æмæ ма афтæмæй дæр бирæ фæцыдысты. Фæлæ иуафон гуыффæмæ рухсы тынтæ лæдæрсын куы райдыдтой, сæ ныхмæ згъорæг машинæтæ куы сарæх сты, уæд Марта бамбæрста, Дзæуджыхъæуы сахармæ кæй фæхæццæ сты. Йæхи та кæттагæй нымбæрзта æмæ гуыффæйы рæбын батымбæл. Иу рæстæджы æрлæууыди машинæ, рахызтысты йæ хицæуттæ дыууæйæ дæр.

— Ахсæв ма кæдæм цæуыс? — айхъуыста Марта. — Дзæбидырæн гуыффæйы дæр æвзæр нæу.

— Нагъ, Аццейы скъæты конд хъуамæ æрцæуа, — уый Аццейы фырт радта дзуапп, кæбинæйы разæй рауади æмæ гуыффæмæ схизæн асины цур æрлæууыд.

— Ай та гом цæмæн у?! Галка, рацу ма ардæм.

— Гуыффæйы дуар байгом? — уый Галка афарста.

Схизæн асины хъыррызт... Гуыффæмæ сæ чидæр æрбахызт æмæ спичкæ ссыгъта.

— Мæнæ армукъа! — арм армыл сæмбæлд æмæ — къæрцц. — Ам æз ницы уынын. — Къахдзæфты уынæр æмæ та спичкæйы хыррытт. — Мæнæ йæ бæттæн. Æвæццæгæн æй арæмыгъта.

— Бæттæн арæмудзæд, фæлæ дуар та куыд бакодта? Йæхи 'гдауæй нæ байгом уыдаид.

— Нагъ, ам бынтон æндæр цыдæр... Уæртæ доны цур куы æрлæууыдыстæм... Фаллаг фарс чи лæууыди, уыцы лæппу мацы сысмудæд?

— Мæнæ ма, бæттæн ам куы баззад. Иунæгæй йæ айстаид йæ сыкъатыл хæцгæйæ?

— Æмæ-гъа, æрмахуыр уыцы, коммæгæс...

Мартайы зæрдыл та фæрæт æрбалæууыд. Йæ бынатыл нæ сæмбæлди, æмæ ма иу спичкæ куы ссудзой, уæд гуыффæйы æрæсгæрстытæ кæндзысты...

— Галка, ном хъуамæ, Аццейы цур мæ сраст кæн. Иунæгæй мæ ма ауадз. Мæ игæр артыл судзы.

Машинæ цалынмæ Аццеты кæртмæ батылди, уæдмæ нал æрлæууыд. Сæ размæ рацыдысты хæдзары хистæр Ацце æмæ йæ бинойнаг Асинет.

— Уæ, алыбон æгас нæм цæуат æмæ уыл æхсызгон хæрзтæ сæмбæла, хистæртæн дæр зæрдæрухс чи хæссы, нæ домбай паддзахадæн та йæ мæсгуытæ пылыстæг æмæ æргъæуæй чи аразы! Уæ, нæ кады зæрджыты стауинаг хицæутты рæдау къухтæй уыл рæстæджы хорзæхтæ ныккæлой! — Ацце йæ хъæбысы ныттыхта Галкайы. Уый йын афтæ фæзæгъы: «Нæ фысджытæ хъуамæ дæ нывæфтыд æвзагыл ахуыр кæниккой!» Æмæ Ацце дæр йæ разы мælгъæвзаг фесты.

Ацце Галкайы къух нæма суагъта, афтæ сæ цуры æрлæууыди Марта æмæ сын салам радта:

Уе 'хсæвтæ хорз æмæ зæрдæрухс ут!

— Марта?! Кæцæй фæдæ? — æнæкъæм цин азæлыд Асинеты хъæлæсы, йæ цæнгтæ йæм баивæзта ахъæбыс кæнынæвонг, фæлæ йыл йæ лæджы разæй баузæлыдаид.

— Мæнæ, нæхи цæстæй йæ уынæм, ахæм æмбисонд! — Ацце йæ къухтæ кæрæдзиуыл æрцавта. — Фервæзын æнхъæл ын нал уыдысты, фæцæй йæ ныгæдтой... Дæуæн цы зæд, цы дуаг ба-

ахъаз кодта, уыдон дыл фарны рыхс тауæнт æмæ дæ цæрæццаг скæнæнт. — Галка æмæ Бухармæ ацамыдта. — Кæцæй фæдæ? Адон дæ æрластой?

— Суангдæр мæ Ахамбегты дуарæй æрбахæццæ кодтой.

Ацце фыццаг йæ фыртмæ бакасти, уый фæстæ Галкамæ, афарста сæ:

— Лæппутæ, куыд æнæрхъуыды стут! Мартайы Хъæбæр гуыффæмæ сæргъæвтат? Æмæ уæ уым ферох!

— Сæ цуан нæ фæрæстмæ æмæ сыл худæн нæй, — загъта Марта.

— Галка, æдзынæг ма йæм бакæс. — Бухар амонæн æнгуылдз наганау Мартамæ ныддардта. — Æз рæхджы мæ чемы нал æрцæудзæн... Уæртæ уыцы... Дæ цæстыкæронæй дæр æй федай? Æркæс ма йæм, æркæс, размæ зæвæтджынтæй ма разынæд?!

— Марта цæ цуаны кой кæны? — бафарста ацце, йæ даст сæр фындзыкæлмæрзæнæй сæрфта. — Цæй, мидæмæ уал бахизæм, уым ныхас кæндзыстæм. — Асинетмæ та бардзырд дæттæгау. — Нæ ныхæстæй дæ иунæг дзырд дæр ма аирвæзæд! райхъал у æмæ базмæл. — Галкамæ разылд. — Мæ фæдыл рахиз, — æмæ сарамæ ацыди.

— Уе æхсæв уæхи фæндиаг, — загъта Марта. — Æз мæ хæдзармæ скæсон.

Шилофгæ фæйнæгæй æхгæд бæрзонд тыргътæй радзырдта Асинет:

— Чысыл фæфæстиат у, Марта. Æххормаг уыдзынæ æмæ иу комдзаг дæ дзыхмæ схæсс. Схæццæ кæндзынæн уæ хæдзармæ.

— Нæ, нæ, мæхæдæг, нæ фæдзæгъæл уыдзынæн.

Нукдурæй æмбæрзт урскъул хæдзармæ куы баввахс Марта æмæ йæ чысыл рудзгуытæ фынæйæхгæд цæстытау куы разындысты, уæд йæ зæрдæ æрбауынгæг æмæ сдзырдта:

— Уæ, æнæ хицауæй куыд баззадтæ! Уазал æмæ дæ уымæлы тæф йеддæмæ куы ницуал кæлдзæн. — Дурын фæрдгуытæй фæрсæг усы ныхæстæ йæ зæрдыл æрбалæууыдысты æмæ йæхи æфхæрынмæ фæци: — ардæм ныфсæвæрдæй куы фæтындзыдтон, машинæйы хъæбæр гуыффæ мæ фæхты хост куы фæкодта, уæд, Хуыцаумæ хъыг ма фæкæса, уыцы ныхæстæ мæ дзыхæй куыд суагътон?

Кауын кулдуары цур æрлæууыди Марта. Кулдуары æмбуар

— фæйнæг нарæг дуар. Цæхгæрмæ ласт хъилæй сæ-иу æхгæдтой мидæджырдыгæй. Бахæцыди иу дуарыл дæр — фидар æхгæд разындысты.

— Чындз, цæуылнæ мæм ракæсыс?.. Ды мæ нæ ныууагътай, нæ, æз дæ фæлыгътæн, ме 'гæрыл уон. Иу цъусдугь дæр мæ куы никуы ныууагъта. Мæ куы никуы ныууагъта. Мæ хæдзары фидауц куы цыди, мæ боны рухс, мæ зæрдæйы рæбинагдæр æвæрæн. Мæ хъæбулы бынаты дæр уый куы лæууыди. О, азимаг куы фæдæн, мæ мæсыг мæхи къухæй куы фехæлдтон. Цы уазал, цы афтид кæртмæ бахиздзынын...

— Марта, æнафоны кæцæй фæдæ?!

Марта дзурæгмæ раздæхти æмæ йæ базыдта — йæ сыхаг ус.

— Сери ам нал вæййы, уый, æвæццæгæн, зоныс? — бафрста сыхаг ус.

— Куы бацъынд уыдаин æмæ куы ницыуал базыдтаин...

— Дæхи ма 'фхæр, ахсæв нæ цары бын баулæф. Райсом дæ хæдзар фендзынæ, Сери йæ иу бон дæр æнæ абæрæггæнгæ нæ ныууагъта...

— Уæ лæппумæ мын фæдзур, дуар мын бакæна æмæ мæхи хуыссæны ныссæйон...

Хæдзары дуар æхгæд разынди, æмæ Марта сахъарикъул сарамæ бацыди, уым, хуыссæн бакæнæн ыл уыди, ахæм тъахтингонд, йæхи йыл æппарæгау æркодта зæронд ус æмæ загъта сыхаг ус æмæ йæ лæппуйæн:

— Ацæут ныр, нæ гуырд дæр-иу ацафон хæдзары ницы хуызы бафынæй кодтаид.

Иунæгæй куы аззади, уæд сарайы къулыл къухæй сгаргæйæ бæмбæджджын ссардта, тъахтиныл æй æрытыдта æмæ йыл йæхи æруагъта.

Йæ зæрдæйы фæсвæддæр къуымтæй йæм раивылдысты риссаг рæхуыстгæнаг хъуыдытæ. Æнæмæнг-иу ын сæ бакъæрцц ластаиккой, фæлæ Серийы сæр хъуыдыгæнгæйæ сæ дзыхтыл хæцыдысты. Æрæджы дæр ма сыл Марта нæ басастаид, фæлæ йыл ныр æртæфстысты, йæ чындзæн-иу кæй бахæрæмттæ кодта.

Фæлмæст дуне рæдзæ-мæдзæ кодта, æмæ Мартамæ афтæ касти, цыма æнæстыф уæлдæфы йæ фæсмойнаг хъуыдытæ азæлынц:

«Мæ чындзы мæхицæн иударон дарæсау бакъаддæртæ кодтон. Алцæмæн быхсаг у, мастныхъуыраг. Æгæртæ дзы домдтон, карз ын уыдзæн, уæддæр мыл йæ цæстæнгас никуы схъы-

зыд. Ныхасмæ ма йæ кæд фенон, уæд ын сæ мæхæдæг фæнымайдзынæн, мæхи дзыхæй мын сæ хъуамæ фехъуса».

Хадзырæт сæ иуахæмы стыр сахармæ Сериимæ фæласта. Семæ хæринæгтæ ахастой. Æрæнцадысты фысымуаты. Алы алцытæ уынынмæ сæ аласта, æмæ горæты къуымты зылдысты. Дуканитæм дæр-иу бауадысты, Серийы зæрдæ-иу цыдæр дарæстæм бахъазыд, кæркæ-мæркæ хъуымæцты-иу цæстæй фæцæйныхъуырдта. Æмæ та-иу ыл Марта сбустæ кодта: «Бæгънæг нæ дæ, хъал митæм та мах не 'вдæлы!» Сæ рацæуыны агъоммæ сæ хæрæндонмæ бахуыдта Хадзырæт, Марта йæ афарста: «Ардæм цæмæн æрбацыдыстæм?» «Сихоры хæрд афон нæу?» — загъта Хадзырæт. «Æмæ нæм нырма дунейы хæринæгтæ куы ис! — цæхгæр ныллæууыд зæронд ус.— Уе 'хца уæ дзыппытæй уæлæмæ кæлы, райсом дæр ма нæ цæрын хъæуы».Хадзырæт уыцы сабырæй афтæ: «Хардз кæнын сыл ницы хъæуы. Мæрдты æхсæвæр дзы уыди». Марта ницыуал сфæрæзта, фæлæ сæхимæ куы ныздæхтысты, уæд Серийы фæсауон йæ фырты афарста: «Кæйдæр мæрдты æхсæвæры фынджы уæлдæйттæм та нæ цæмæн бахуыдтай?» Уæдæ, дам, бæстæ дæ сæрыл систаис æмæ нæм адæм æркастаиккой... Æниу Серийæн, фермæйы кусгæйæ, йæ хæрззылд родты тыххæй къабайаг куы балæвар кодтой... Бахуыдта йæ æмæ нымад хæттыты йеддæмæ йæ уæлæ нæма уыди, афтæ сыхæгты чызджы уыцы къабайы уынгмæ рацæугæ куы фенид. Сыхаг хъæумæ хуындзæуттимæ хъуамæ фæцыдаид. Йæ къабазыл ын фæхæцыд æмæ йæ сæхимæ æрбалæууын кодта...

Хуыссæг æрбахъузыди Мартамæ, фæлæ уал, Серийы раз йæхи азымы цæмæйты дардта, уыдон йæхицæн фæнымаинаг уыди. Нымадта сæ, фæлæ сæ нымад нæ фæци, афтæмæй фыны арæнæй бафале.

17

Марусы фæндыд йе 'мбæлццæттæй искæй афæрсын: йæ мадыхо Серийы хъæумæ цæмæй бафта, уый тыххæй автобусæй кæм хъуамæ æрхиза? Фæлæ йæм афтæ касти, цыма дыууæизæрастæу пединституты фæстаг курсы студенткæ кæй æрбадæлдзæх, уыцы хабар дардыл айхъуысти æмæ йыл мæнæ йæ кæцыдæр æууæлтæй фæгуырысхо сты æмæ сын хабар сæ зæрдыл æрлæууын кæндзæн. Кæронмæ ацыди автостанцæмæ æмæ банхъæлмæ касти Сериты хъæумæ цæуæг автобусмæ. Стыр хъæуы уынджы æрхызти изæрыгон.

Хур йæ ныгуылæнмæ ныццыди, фæлæ нырма зæрæхсиды рухсмæ цæст арвгæрæтты бæрæг бæрджытæ дæр дзæбæх иртæста, æмæ Марус хатыдта, чи йæ уыны, уыдон уайтæккæ дæр кæй бамбардзысты, сæ хъæумæ фыццаг хатт кæй æрбафтыд, цымыдис-цыбæл сæ кæндзæни. Уæддæр та чызг у æмæ æнафоны куыд иунæгæй фæраст. Йæ мадæй арæх хъуыста: «Уæдæ ма хурныгуылды размæ хæдзар ма ссардтаид, цымæ ма мын зæххыл цæрыны бар уыдаид.» Сери кæй бинойнаг баци, уыдонæн сæ мыггаг нæ зыдта, гъе, бинонтæй иуы ном. Уыцы хæдзары Сери-номæй агурын бахъуыди. Фыццагдæр кæй афарста, уый банхъырддзæсгом, ацæргæ сылгоймæгтæй, дам, ахæм никæй зонын. Уый фæстæ уынджы змæлæг нал æмæ нал зынди, искæй дуар бахойыны ныфс та йæм нæ разынди. Цы уынджы фæраст, ууыл иуырдæм-иннæрдæм йæ цæст ахаста – йæ кæрон æм нæ разынд. Æмæ батыхсти: цалынмæ Серийы ног хæдзар агура, уæдмæ баталынг уыдзæни. Йæ ног сиахсы æрфгуыты хъуынтъыз ын йæ зæрдæйы ихы къæртт ныппардзæн, цафон мæм фæзындтæ, зæгъгæ. Æрæджиау кæддæр æй иу læппу æрбайæфта æмæ йын уый афтæ: «Дæлæ тигъыл галиуырдæм ацу, фаллаг дæргъмæ уынгмæ куы бахæццæ уай, уæд уæлæрдæм фæзилдзынæ. Уым рахизырдыгæй фæндзæм хæдзар. Сæ дуармæ – сусхъæд бæлас.»

Марусы зæрдæ иучысыл фенцад æмæ рæвдздæр атындзыдта. Ныртæккæ сæм бахойдзæн, Сери йæ кæрты рæбынæй рауындзæн, разгъорын æй фæнддзæн, фæлæ згъоргæ нагъ – ратындздзæн æм æмæ йæм цалынмæ æрбахæццæ уа, уæдмæ дæр цы цин бавзардзæн!.. Ныртæккæ æндæр хъуыдытæ æмгæрон нæма уагъта Марус, æмæ сæнцон сты йæ къахдзæфтæ. Ницуал уыдта, ницуал уынын æй фæндыди, æмæ фаллаг дæргъмæ уынджы тигъыл уæлæрдæм куы фæзылди, уæд ма зæрæхсиды рухсмæ йæ ныхмæ æрцæйцæуæгыл йæ цæст аныдзæвыди, фæлæ сусхъæд бæласы дæр суыдта, æмæ йыл цин ивылд донау ракалди, къæхтæ ма зæххыл æндзæвыдысты, уый дæр нал хатыдта æмæ, йæ ныхмæ æрцæйцæуæгмæ нæ фæкæсгæйæ, хъуамæ сфардæг уыдаид... Фæлæ йæ йæ æвронг зонд фæцагайдта æмæ цæстыдзагæй ауыдта æрцæйцæуæджы...

Ам сæмбæлой, уымæн уæвæн ницы хуызы уыди! – æмæ хъæуы уынг горæты проспект фестади, – Марус йæ хызын æд чингуытæ кæй къухы фæуагъта, уыцы Бухар!

Фæстæмæ фæкасти Марус, – тигъæй нымад къахдзæфтæ

йеддтæмæ næма суади, фыццаг хæдзары дуармæ дæр næма схæццæ, – æмæ йын æнæ фæстæмæ фездæхгæ гæнæн нал уыди. Сонт зылд нæ фæкодта, цыма дзы цыдæр айрох æмæ фæстæмæ уый тыххæй здæхы. Бухар æй куы ауына, уæддæр æй куыд хъуамæ бауырна, ацы хъæуы йæ размæ кæй фæци. Тигъы ауон куы фæци Марус, уæд фæхъуыды кодта: дыууæ хатты йæ федта Бухар æмæ йыл дыууæ хатты дæр ацы къаба уыди. «Базыдтаид мæ! Хæрз æввахс мæм уыди! Ныртæккæ мæ тигъæй æрбауындзæн!» – фæдисы дзæнгæрджытæ фестадысты йæ тарст хъуыдытæ.

Фæтъæбæртт ласта Марус. Цæхæрадоны кæрон æмбондмæ æввахс йæхи ласта. Уынджы змæлæг нæ уыди, æмæ цæхæрадонмæ багæпп лас, фæлæ æгæр бæрзонд разынд æмбонд. Йæ фæстаг ирвæзынгæнæг хъуыды: «Цалынмæ мæ næма æрбауыдта, уæдмæ фыццаг хæдзары кæрты фæмидæг уон!»

Фæйнæгкулдуар уыди зыхъхъыр гом, бахæцыди йыл æмæ дзы фæрсырдæм фæмидæг.

* * *

Асинет бедрамæ æппæрста, цæст сæ къахын næма уарзта, – нырма банæрсдзысты, ахæм хæлынцъар картæфтæ. Сæ лæппу Бухараен фадат куы фæвæййы, уæд ацы бон фæзыны сæ хæдзармæ. Æмæ йын, йæ зæрдæйыл чи сæмбæла, ахæм хæринаг хъуамæ скæна. Бедраимæ баздæхт сæрдыгон фæткъуыбæласы бынмæ. Фæурсбуар сты, ахæм хæрынæнбæзгæ згъæлæггаг фæткъуытæй дæр рауыгъта. Сæ дзæбæхдæртæй йын ахсдзæн.

Цæхæрадонæй куыд рацæйздæхти, афтæ Асинеты цæст ацахста сæ сарайы ныхмæ асин. Æрлæууыди. Мидæгæй сарайы цармæ схизæнмæ æвæрд куы вæййы, уæд ам цæмæн лæууы асин? Йæ мой Ацце цармæ хизынæй æнæмæт у. Бухар ныр æртыккаг къуыри næма фæзынди. Сæ хистæр фырт æд бинонтæ уартæ Кæсæджы цæры. Чи рахастаид ардæм асин? Сыхæгтæй исчи уыдаид?

Асинет лæууыди æд бедра æмæ уæлæмæ касти. Сарайы ныхы бахизæны фаг гомцæст ныууагътой, фæлæ йæ райдианты фанерæй сæхгæдтой. Сарайы ныхы фæйнæджытæ дæр, фанер дæр счъизихуыз сты. Фæлæ æрæджы кæддæр Асинет ауыдта: фанер базыхъхъыр. Дымгæмæ дзедзырой кодта. Уæд æй ницæмæ æрдардта, фæлæ мæнæ ныр, асин ам цæмæн фегуырд, уый йæм диссаг фæкаст. Æрæвæрдта йæ бедра æмæ асиныл цадæггай схызти. Фанерыл бахæцыд æмæ мидæмæ бахызти. Цармæ рухс

бакалди, æмæ Асинет диссæгтæм кæсæгау джихæй аззад.

Сарайы цармæ мидæджырдыгæй схизгæйæ æдзухдæр йæ цæст æрхæцы цæхгæрмæ æвæрд зæронд пъолы фæйнæджытыл. Сæ уæлæ – тымбыл хъæдтæ, рейкæйы гæбæзтæ, уыдоны сæрыл дыууæ рæгъæй асыччытæ амад. Гæды кæм бабырыдаид, ахæм зыхъхъыртæ дзы аззад. Чи хæйрæг уыди, сæ фæстæ мæ уыйбæрц афтид бынат разындзæн, зæгъгæ. Хатæнгонд цы вæййы, уый дзы рауад. Гъе, дыууæ удæн конд сынтæг дзы сæвæр, ахæм мæнг хатæн. Фæлмæныл кеæй лæууы, уый бафиппайдта Асинет æмæ йæ къæхты бынмæ æркасти. Хос дзы бæзджын æфсæрстæвæрдæй. Хатæны рахиз къуымы цыдæр тар дардта. Уæрджытыл æм бабырыд, æрысгæрста йæ, æддæмæ йæ раласта. Фанер чумæдан, гуыдыр æвæрд ыл. Схæцыди йыл, йæ мидæг цыдæр афæлдæхт. Фæстæмæ йæ йæ бынатмæ баласта. Бынтондæр сцымыдис Асинет, къуымтæм джигулгæстытæ æмæ бафиппайдта: хос галиуырдыгæй нывæрзæнау фæбæрзонддæр. Хосы йæ къæх атъыста йæ уырзтæ пысулыл бамбæлдысты. Схæцыди йыл æмæ хосы бынæй топтыхтæй сласта кæттаг.

«Нагъ, сыхæгтæм мæ зæрдæ хæрз дзæгъæлы фехсайдта, – хъуыдытыл фæци Асинет. – Асин не 'лдары æвæрд у, сыгъдæгæй дæр, айрох дзы ис. Куырмæдзон ма саразæд йæ сарайы цары?!» Æппындæр нæ фæгуырысхо, йæ мой Ацце æмæ Басилы ус Гадискæ кæй схизынц ардæм, ууыл... Лыстæныл кæттаг æртауынц. Чумæданы – сæ нозт, сæ хойрæгтæ. Ацце æмæ Гадискæ кæрæдзимæ кæй тырныдтой, талынг къуымты кæй сæмбæлынц, уый зыдта Асинет, фæлæ йæ мой йæхи хæдзарæй роттæмдзон сараздзæн...

«О, Хуыцау! Стыр Иунæг Кадджын Хуыцау! – куывта Асинет, йе 'нæуынæр ныхæстæ йæ хъусты азæлыдысты, зæххон адæймаджы хъустæн хъусинаг нæ уыдысты. – Мæнæ де сконд, де сфæлдыст дунейы цы æбуалгъ митæ чындæуы! Табу дæхицæн, Хуыцау, æз стыр тæригъæдджын дæн. Ацы чъизи хæдзары фарны хъæстæ нал баззади, æз та арынджы уæлхъус балæууын, æртæ чъирийы фынгмæ рахæссын. Ныббар мын æй, Хуыцау. Цардæнаггадгæнджытæн та тæрхонгæнæг фæу!»

Асинет а-хæдзайраг нæма баци, уæд ма ацы хæдзармæ æрбафтыди æнахъом, æнæхицау лæппу. Æххормаг аз Уæрæсейы алы рæттæй сыдæймард адæм сæхи ардæм æппæрстой, сæ иу – æнæхицау лæппу, царм æмæ стджытæ сси. Асинет куыд бамбæрста, афтæмæй йыл Аццейы цæст кæмдæр æрхæцыд

æмæ йæ сæ хæдзармæ æрбахуыдта. Лæгъз дарæс ын йе 'рагъæн, йæ гуыбын ын бафсæстой. Йе 'взагыл хъæуы рæстмæ ничи дзырдта æмæ ирон ныхасыл фæхæст. Гуыгуызаты мыггагыл фыст æрцыди, йæ ном –Василий ирон здæхт фæци æмæ фæ-Басил. Уæддæр адæмæй нæ ферох, Басилы уидаг дард кæмдæр уырысы зæххы кæй баззади, тыхтынд æй кæй счынди. Никæмæй ницы ферох æмæ йæ хуыдтой: уæртæ Гуыгуызхаты уырыссаг лæппу. Ацце йæхæдæг милицæйы куыста, æмæ хæдзары уæз Басилыл æрæнцад.

Басилæн хъуыддаг æрæгмæ бакодта Ацце. Лæппу мадзура рауади. Асинеты хистæр чызг, уый дæле дыууæ лæппуйы Басилы раз бахъомыл сты. Æнкъард хаста Басил, æмæ Аццейæн зæгъджытæ уыди: «Хъуыддаг ын бакæн, æмæ йæ зæрдæ бакъбæлдзыг уа.» Ацце йын цардæмбалæн йæхæдæг равзæрста абадгæ чызг Дзифийы. Уый Басилæн йæ фыццаг ус уыди. Сæ зæххы хайы æддаг кæрон сын хæдзар сарæзта, фæздæг скалди йæ тохынайæ. Сæ чындзæхсæвыл мæйтæ рацыди, афтæ Асинет сыхаг устытæй æрыхъуыста: «Басилы мætæй мæлы Ацце – йæхицæн æй æрхаста». Уæлæ-иу тигъыл амбырд сты сыхы устытæ, сæ сусæг зæгъинæгтæ æгæр хъæрæй загъд æрцыдысты. Абадгæ чызг Дзифийыл Ацце кæм сæмбæлди, уый дæр зыдтой сыхы устытæ. Зæронд бирæгъы зæрдæ, дам, уæрыччы фыд æрцагуырдта, Ацце чызджы кæмдæр ныхасмæ базыдта, хионау ыл баузæлыди æмæ йæ Басилы фыццаг фæкодта. Уайтагъд райхъуысти, Ацце, дам, сæ абæрæг кæны, Басилимæ æрæмвынг вæййынц, йæ кæнгæ фыртыл арахъхъ аскъæры, æмæ уый куы ныддагъытъайлаг вæййы, уæд та йæ чындзыл баузæлы.

Асинет-иу аджих: «Мæ мойæ ме 'хсæн хъызт зымæджы дымгæтæ кæй дымынц, уый дæр æнæ зонгæ нæ уыдзысты, мæ хуыр-хуырмæ æнæхуыссæг кæй фæвæййы æмæ фæйнæ уаты кæй хуыссæм, уыдæттæ дæр зондзысты.»

Æфсин æмæ æртæ файнусты æрæййæфта Асинет йæ лæджы хæдзары æмæ йæхи хызта, уæдæ сæ иуы зæрдæхудты дæр ма бацæуон... Кæстæриуæг сын кодта. Фæлæ йæ фæлмæн къæлæт æрфгуыты æхсæнæй никуы ссыди йæ æнæсыпп æрхæндæг. Æфсины фиппайаг цæстæй ницы аирвæзт, æмæ архайдта, цæмæй йын чындз йæ зæрдæ байгом кæна. Хъулон уарзтæй йæ уарзта æфсин æмæ йын æй файнустытæ нæ ныббарстой æмæ йыл фæфарс сты. Ацце-иу æм фæлмæнæй сдзырдта, фæлæ... Иуахæмы сæ хæдзармæ фæзынди фыццаг фынафон. Йæ галиу къух

мычъыртан хъуымацы гæбазæй баст, туг дзы рахъардта. Туджы уындлæй Асинеты зæрдæ бавзæр. Æфсины райхъал кæнинаг уыди, фæлæ йæ лæг нæ бауагъта. Цыбырæй йын загъта: «Уæтæрæй мæ фæндаг акодтон Саудуры коммæ, цыргъгæнæнтæ кæцæй фæхæссынц... Дурызгъæлæны бынты куыд фæцæйцыдтæн, афтæ фахс цъарлæбырд фæци, къуылдых дур мæ къухыл æруади»...

Уыцы бонæй фæстæмæ мойы æрфгуыты тар æнхъырдтæй Асинетмæ æнтъыснæг уазал кæлын байдыдта, йæ ныхас _ præхуыст. Уалынмæ сын райгуырди чызг, æмæ тæ уый дæр бындаруарзаг фыдæн – мастыл маст æфтауæгау. Иуахæмы йыл йæ маст скалдта йæ мой: «Цавæр æнамонд бон рантыстæ дунемæ? Дæу мæ размæ цы хуыцау æрхаста, уымæн та цы зæгъон?!» Йæ къухы хъæдгом байгас, фæлæ йыл нос бæрæгæй баззади. Ноджы ма иу хатт фæудаист Асинет. Иуахæмы та йæ мой фæзынди æнафоны, хуызы цъыртт дзы нал баззад, йæ цухъайы бæрцытæ йæ уæлæ нал уыдысты, йæ тæрттæ – тыхыскъуыд, цæсты бын – сау тæлм. «Ды мæ мæлæтмæ бæллыс, – йæ дыууæ пака æнгуылдзы Асинеты цæстытæм бахаста Ацце, мæстæлгъæд хъæлæсæй æмыр дæндæгты æхсæнæй ралæмæрста: – Ацы хæдзармæ ма дæ къодах æрбахæццæ. – Æмæ та йæм ныхъхъавыди. – Зæгъ-ма, дæ зæрдæ кæм ис? Кæмæн æй ныууагътай?» «Æрра доны был, – уазал хъæлæсæй загъта Асинет. – Уагъылыйы къутæры бын...» «Мæнмæ уазал зæрдæ æрхастай, дæ афтид хæрв æмæ йыл басæтт, – æнгуылдз цæстмæ хæстæг бахаста. – Ныхъхъæрæу дæ кæндзынæн! Дæ зæрдæ кæмæн радтай, уый хуымы кæрон дæ аппардзынæн!» «Тæрсгæ дæр ницæмæй кæныс? – сылгоймаджы цæссыгтæ фемæхстысты. – Хуыцаумæ хъыг цы фæкæса, уыцы ныхæстæ... Тугтæ мыл мысыс.»

Асинет иу бон сихор схаста хосгæрдджытæн уæд ма хохы цардысты), фынг сын æрæвæрдта. Фæстæмæ здæхгæйæ йæ фæндаг ракодта, дзыккайы сыф æмæ цъамалæг арæх кæм задысты, ууылты – Сивырауыл. Армыдзаг ратыдтаид цъамалджытæ, афтæ йæм йæ номæй сдзырдæуыд. Йæ цъамалджытæ йæ къухæй æркалдысты, чысыл дæлдæр адагæй схизæджы ауынгæйæ. Лæгыл – хиуæфт фæсмынæй хуыд дзыпджын хæдон æмæ галифе хæлаф, хъусджын дзабыртæ. Йæ хъримаг йе фцæгыл æфтыд, йæ хæтæл – бынырдæм. Йæ пæлæхсар зæбулбыдыр нымæтхуд систа, æмæ Асинеты зæрдæ йæ риуæй

рацæйгæпп ласта – Ацце æмæ йæ йæ дыууæ скъæфæджы кæмæй байстой, уый йæ цурмæ цадæггай цыди. Лæджы цæстытæ цыма знæт æрттывд ластой. Асинеты сæры фегуырди: «Йæ маст исынмæ æрбацыд. Тыхми мын кæндзæн,» – йæ буар сисбынтæ аци. Се 'хсæн нымад къахдзæфтæ баззадаид, афтæ æрлæууыди лæг. «Асинет, ма тæрс, – йæ зæрдæбын хъæлæс æй æрсабыр кодта. –Нæ, нæ, мæнæй дæм маст не рхаудзæн... Уæлæ тигъæй афæлгæсыдтæн æмæ æмгæрон змæлæг куынæ уыди... Цæстыдзагæй дæ иу хатт ауынон. – Лæджы цæстытæй йæм фæлмæн рухс калди, æмæ Асинет йæхицæн басасти, кæй-иу æй æрымысыди. Йæ къухы армæй йæм цы æхсызгон хъарм калди, дыуæйæ куы лыгъдысты фæныгъуылæн агур... Лидзыны фæлтæрæнтæ та цæуылнæ акодтон, зæгъгæ-иу, йæхи азымы бадардта. Ныр ын Асинет загъта: «Дæхи дæр бабын кæндзынæ, мæн дæр. Цæмæн ма бабадтæ мæ размæ? » «Дæ лæг кæнæ куырм у, – йæ хъæлæс фæдæрзæг, – Куырм дæр у. Зæрдæ дæр ын нæй. Фæлæ, æвæццæгæн, иууылдæр Уæлладжы арæзт хъуыддæгтæ сты. – Йæ цæстытæ та знæт æрттывд фæластой, æмæ Асинет хæкъуырцгæнæгау скодта – цы хъуыдымæ фæкомкоммæ, уымæй йæ уд ауади: «Нæ лæджы фæдыл фæцуан кодта. Кæсма, уæд ын махон йæ галиу цонг сæхста, ныр ын ай дæр йæ галиу цонгмæ бахъавыд... Йæ бæрцытæ дæр ацы лæджы къухæй рæдывд æрцыдысты. Уæдæ мыл æдзух йæ пырх уымæн калы?! Йæ мæстытæ мæнæй исы.» Æдзынæг ныккасти Асинет йæ цуры лæууæджы дымгæхост æмæ хуркъæй цæсгоммæ æмæ та йæм йæ цæстытæй цырен рухс æрбакалди. «Дæ ныхæстæ кæд зæрдæйы бынæй цæуынц... – загъта Асинет. – Нæ саби къахæй згъоры... Ныр дæр мæ уыныс... Кæд мын исты... Кæд дæм исчердыгæй нымады дæн – ныууадз уыцы лæджы. Дæ хорзæхæй, ацу дæ фæндагыл.»

Йæ коммæ бакасти, адагмæ ныггæпп ласта æмæ ма йæм уырдыгæй сдзырдта: «Фæдзæхсын мын ницы хъæуы. Дæ зæрдæйы мæ дæхицæн ма сæнад кæн. Чи зоны, дæ цæст мын цы уарзы, уымæй тынгдæр мацы сахада мæ цардыл.»

Уый фæстæ быдыры хъæумæ тагъд алыгъдысты. Ацее кусын байдыдта милицæйы. Адæм æндæр ницуал хъуыстой: уæртæ та уыцы хъæуы бæхтæ æмæ галтæ быдырæй атардтой. Иунæгæй йæ хуыммæ ничиуал уæндыд. Милицæ æвзæргæнджыты фæдыл зылдысты, ахстой сæ, фæлæ уыдон къаддæр нæ кодтой. Гъе, милицæйы кусгæйæ дæр ма Ацце цъысымы бахауди. Иу хатт

ын нæмыг йæ худ йæ сæрæй ахаста, дыккаг хатт рахиз агъдæй фæзгъæртæ ахауди: йæ иу къах æгъдынцойы атъыста, иннæ зæххæй куыд аиртæст, афтæ йыл нæмыг сæмбæлди. Йæ цинелы дымджытæ цалдæр цæрдхуынчъы фесты. Уыдон, Асинет кæй базыдта, уыцы хабæрттæ. Ацце-иу цасдæр йæ чемы нал æрцыди, æмæ йын йæ фыд дæр, йæ хистæр æфсымæртæ дæр дзыврдтой: «Рацу уыцы æнæхайыры куыстæй, дæ сæр дзы басудздзæн!» Фæлæ никæмæ байхъуыста. Æдзух – тарæрфыг, йæ ныхас – какнсындз, æмæ дын ыл иуахæмы хур куы ракæсид, гъер, дам, мæ бон у мæ куыст ныууадзон. Асинет æй куыд хъуса, афтæ нæргæ хъæлæсæй кодта йæ ныхæстæ бинонтæн. Йæ цин ахæм уæлвонг, ахæм æгæрон уыди, æмæ йæ раст фидиуæджы дзыхы бафтау æмæ йæ уынги-уынг ныххабар ластаид. Асинет æм ныхъхъуыста: уагæры йыл цавæр хорз сæмбæлд? Бинонтæ куы сцымыдис сты, уæд дзæккор къухæй – стъол гуыпп æмæ афтæ: «Адæм сæ сæрæн кæмæй нал уыдысты, уыцы абырæджы бон бакалди! Лæгсырд цы вæййы, уый, дам, сси, дойныйæн сырды туг нуæзта, ногæргæвст дзидза хомæй хорджта. Хъæрццыгъайау, дам, суынаг. Æхстбæрцмæ-иу ыл фæхæст сты, фæлæ йæм-иу никæй хъримаг схæцыд, æмæ, дам, цъæрræмыхст дæр никуы фæци. Афтæмæй мæхи нæмыджы фæд йæ галиу цонгыл дзуары фæдау цас фæхаста!»

Ацы ныхæстæм куы бахæццæ, уæд Ацце Асинетæй йæ цæст нал иста. Асинет фынг æвæрдта æмæ, цыма ницы æмбары, уыйау йæ зилæнтæ кодта. «Фælварæнтæ мын аразы, – ныкъкъæрцхъус ис Асинет, йæ рисæфхæрд зæрдæ йын уæззау разæнкъарæн фæцагайдта. Йæ фыццаг скъæфæджы кой кæны, уый фембæрста Асинет. Фыдбылызæй-иу куы фервæзт, уæд-иу Аццейæн скуывтой: «Уастырджи дæ йæ рахиз базыры бын дарæд. Асинет-иу ныммарой кодта: «Уыцы бонты мæ сæр куы басыгъдаид, уæд уал азы ацы дыууæ кæрæдзимæ топпы кæсæнæй нæ фæкастаиккой.»

«Амардта йæ! » – мæнæ ныр фегуырди Асинеты сæры, æмæ йæ удæй йæ мидæг ницуал аззад...

Асинет гауызтыхт сау нымæт йæ бынаты бавæрдта æмæ йæ хосæй æрæмбæрзта.

Ацце Басилæн абадгæ чызджы цал азы размæ æрхаста, уый æрбайрох Асинетæй. Цот сын нæ рацыди æмæ йын æй арвыста. Басилæн йæхи ницы дзургæ уыдта Асинет. Уæвгæ маиу æй уынгæ дæр цас æруыдта – хъомты фермæйы йæ æхсæвгæсы бынаты ныссагъта Ацце. Ауалдзæджы та йын Га-

дискæйы æрхаста. Иуахæмы райхъуысти, цыма хъæуы лæгтæй кæйдæр зæрдæйы ныххауди æмæ йæм бахъав-бахъав фæкодта. Гъе, уыцы чидæр иу мæйдар æхсæв Басилы хæдзармæ куыд баввахс, афтæ Аццейыл йæхи куы скъуырид. Уыцы чидæр уæд йæхи айста, фæлæ а-хæдзармæ йæ хъус дарын байдыдта. Иу фæззыгон æхсæв Ацце йæ кæнгæ фырты хæдзары куыд фæмидæг, афтæ хъомыы фермæйы æхсæвгæсмæ азгъордта. Бæгуы лæгау, дам, бæргæ æрбалæбурдта хæдзары хицау, йæ къæсæр ныххоста. Цармыдзаг Ацце æвзыгъд лæппу фестади, рудзынгыл цæхæрадонмæ алиуырдта.

Асинет цас æгъуыссæг æхсæвтæ арвиты... Ацце йæ уатæй йæ цъындаты рахизы, уæддæр æй базоны, йæ ацыд æмæ йе рбацыды æхсæн æнус рæстæг рацæуы. Аццe зоны, Асинет ын йе нафоны тезгъотæм йæ хъус кæй дары, фæлæ йæ дзыхæй сыбыртт кæй не схаудзæн. «Ауалдзæджы Басилы мæйы бæрц хъæдгуыстмæ куы арвыстой, уæд æрцыдаид арæзт ацы хъахбайты бæгъдулæггæнæн», – хъуыдытæгæнгæ æрхызти сарайы царæй Асинет.

Асиныл дæлæмæ хизгæйæ та Асинеты зæрдыл æрбалæууыди, знон Аццемæ сæ дуармæ машинæ куы æнхъæлмæ касти, уæд куыд стагъд. Асинет шофырæн фынг куы æвæрдта, Аццe уæд радавтаид ардæм асин. Уыцы чумæданæй кæд истытæ иста?

Бедрамæ куыд æргуыбыр кодта, афтæ Асинет цæстыкæронæй ауыдта цæхæрадоны дуар сонтæй кæй фегом. Дуары фæлгæты чи фегуырди, уый ауынгæйæ йæ зæрдæ ныссæххæтт ласта. Йæхицæн нæ фæтарсти, – дуары фæлгæты æндзыгæй лæууæг уазæгыл бæлвырдæй цыдæр бæллæх æрцыди! Уæртæ йæм йæ æрбапæррæстарæзт дыууæ цонджы æрбаивæзта, цыдæр сдзурын дæр æй фæнды, фæлæ нæ фæразы. Саумарой æмæ удисæн тасæй йæ зæрдæ кæй байдзаг, уымæн йæ бæгъгъæтгом цæстытæ – æвдисæн.

Æнæбон чызг æм йæхи кæй æппары, уый хатыдта Асинет æмæ йæм йæ цæнгтæ баивæзта.

– Нана! Нана! – чызг ыл йæхи аныхæста уысмы дæргъы.

– Цы кодтай, мæ къона?

– Бамбæхс мæ! Рæвдздæр! Мæ фæдыл ам смидæг уыдзæн!

– Чи у! Кæмæй лидзыс?

– Иблис мæ фæдыл бафтыд. Бамбæхс мæ! Бамбæхс мæ!

Кæддæрæй-кæддæрмæ ма-иу Асинеты зæрдыл æрлæууыдысты йе скъæфты рæстæджы утæхсæнтæ, къуырма рис ма-иу

банкъардта. Мæнæ ныр, ацы уынгæджы бахауæг чызджы катайтæ уынгæйæ, сног сты йæ уды утæхсæнтæ.

«Рæвдз æй амбæхс! Рæстæг нал ис! – дзырдта йæм йæ æвронг зонд – Асин! – сарайы ныхмæ быцæуæвæрд асинмæ ацамыдта Асинет: – Уæртæ, уæртæ. Рæвдз, уæлæмæ схиз. Дуар-иу рассон.

Чызг сдзырдта:

– Серийы мын ссар. Уæлæ уæ сыхæгтæм чындзы чи æрцыди.

Чызг цары куы фæмидæг, уæд та йæм Асинет сдзырдта:

– Дуар ма базыхъхъыр уæд.

Асинет кæртмæ æд бедра куыд бахызти, афтæ уынгæй æрбагæпп ласта Бухар, сдзырдта:

– Ардæм чи рбазгъордта, уый цы фæци?!

Асинет æм джихкаст кодта, ома цы дзурыс, нæ дæ æмбарын, æвæлмон хъæлæсæй загъта:

– Ацы бон цы хорз раджы æрцыдтæ!

– Нæ мæ хъусыс?! Чызг чысыл раздæр ам æрбамидæг...

– Дæ хæйрæджы хай дæ фæсайдта? –Асинет æд бедра сарамæ бараст.

Бухар йæ разы алæууыд, йæ цæнгтæ йын ацахста, йæ хъусыл ын йæ былтæ авæрдта:

– Кæм ис, уырдæм мæ разæй цу.

– Картæфтæ ракъахтон, де рцыдмæ дын, зæгъын, хæринаг... Фæткъуытæй дæр рауыгътон...

– Ницы дын дзы рауайдзæн. Нæ мæ асайдзынæ.

– Мæнæ ныртæккæ æрбахызтæн цæхæрадонæй, куы мæ федтай. Дæу цы уынын, æндæр...

– Сайын нæ зоныс, Сине, – йæ бедра йын йæ къухæй айсыныл ацархайдта.

– Ныууадз мæ! – мад бедра рариуыгъта йæхимæ. – Ма мæ ивæзтытæ кæн, куыдзы къæбыла дын нæ дæн.

– Хорз, – фырты хъæлæс æрмынæг. – Бедра ма æрæвæр æмæ мæм байхъус, – загъта Бухар лæгъстæ хъæлæсæй. – Цæйма, цæй-ма, Сине. – Йæ цæнгтæ йыл æрбатыхта æмæ йын йæ хъусы баулæфыди йæ ныхæстæ: – Ахæм диссаджы хабар базондзынæ, ахæм... Æдзух цæмæ бæллыдтæ, рæхджы уый рауайдзæни. – Галиу къухæй бедрайыл æрхæцыди, рахиз цонг мады къæхты фæтасæнтыл æрбавæрдта, æд бедра йæ ахаста сарайы пецы размæ, æрæвæрдта йæ æмæ та йын йæ былтæ йæ хъусыл авæрдта. – Ардæм чи æрбалыгъди, уый у, чындзы номæй кæмæ бадзурдзынæ...

Ныр фырты ныхасмæ йæ хъус ærдардта мад. Æцæгтæ цыма дзуры. Æмæ дзы уæд чызг удисæгæй лидзæгау цæмæн лидзы? Нæ йын садджын, фырт ын йæ хъусы цы цины уац бадзырдта, уый. Уæддæр æй бадис кæнын хъуыди æмæ хæлархуызæй афарста:

– Æцæг зæгъыс? Нæ та мæ хъазыс? – фæзæрдиагхуыз æмæ бустæ хъæлæсæй: –Алæ, дæ хъазæн митæм та бахæццæ дæ.

– Нæ хъазын, Сине, нæ хъазын кæдæй-уæдæй. Æмæ бацархайæм.

– Æппын дын ницуал æмбарын, – зæгъта мад зæрдиаг хъæлæсæй. – Чындзы номæй кæмæ бадзурæн ис, уый... Ам кæцæй фегуырди?

– Алцыдæр базондзынæ, Сине. Куы фæзæгъыс, чызг дзы куы фæтæрк уа... Бацамон мын æй æмæ йæм дзæбæх æркæстытæ кæн.

– Ницы федтон дын зæгъын, –Асинет йæ цæнгтæ батылдта. – Хурхынарæджы мæ куы аластай. – Йæ зæрдыл ærбалæууыд, асин айсын дзы кæй ærбайрох, Бухар цæхæрадонмæ куы ауайа æмæ асин йæ цæст куы ærцахса... Æмæ та мады хъæлæс ærфæлмæн. – Æххормаг нæ дæ?

Бухар йæ къух мæсты риуыгъд акодта, ома дæ хæринаг мæ ницæмæн хъæуы, йæ пинджак фелвæста æмæ йæ ихсыд клеенкæйæ æмбæрзт стъолмæ базыгъгъуытт ласта.

* * *

Йæ пинджак базыввытт ласта стъолмæ Бухар, – йæ маст хъуамæ исты хуызы ссыдаид, – хъуамæ ма бедра йæ туфлийы фындзæй сцавтаид, картæфтæ æмæ фæткъуытæ пуртитау къуырдтаид, фæлæ нынныхъуырдта йæ сау маст, фæмидæмæ йæ ærра туджы судзаг.

Асинет хъуыдытыл фæци: «Цы зæд ыл атахти? Хуыздæр зонд æм куыд ærцыдаид? Фæлæуу, фæлæуу, чызг кæрты кæй фæмидæг, уый бæлвырд федта, зоны, æввахс ран кæй амбæхсти, сæ ныхас сын кæй хъусы... Ныххæцыди йæхиуыл – цы æгъатыр, цы æнахъинон вæййы, уый ма базона чызг. О, фæлæ дæ бирæгъдзармы чи æруыдта, арвы кæрæтты дæ чи лидзы, уый ма дыл куыд æræууæнддзæн. Кæдæй-уæдæй дæхицæн кæйдæр цардæмбалæн саккаг кодтай, æмæ бирæгъдзармы йæ размæ згъор. Фæлæ готлекк дæ, готлекк, мæ фырт, дæ фыды туг дæм ис сыгъдæгæй дæр æмæ адæмы нывыл хъуыддаг никуы бакæндзынæ...»

Ærталынг ис, æмæ Бухар цæхæрадонмæ куы ауайа, уæддæр асиныл йæ цæст нал æрхæцдзæн. Асинеты уд иучысыл фæсабыр.

Лæугæйæ цайцымæны дзаг арахъхъ ауагъта Бухар, хæндыджы цыхтæй акомдзаг кодта æмæ йæ уатмæ бацыди. Мад ын йæ пинджак хæдзары шифанеры сауыгъта. Зыдта, æд дзаумæттæ диваныл кæй ныффæлдæхти. Фынæй нæ бауыдзæн, мадмæ йæ хъус дардзæн.

Асинет селакарст картæфтæ фыдызгъæлы кæрстытимæ тебæйы сфыхта æмæ йыл духовкæйы дуар бахгæдта. Аизæр ма Серийы фендзæн, уый æнхъæл нал уыди. Руъсæй сæм хъæуы бауайын. Нæ. нæ, цалынмæ чызг сæдас уа, уæдмæ йын ардыгæй ацæуæн дæр куынæ ис. Ныр, асин йæ бынаты кæй баззад, ууыл баради, цы нæ вæййы, чызгмæ æрхизыны зонд куы фæзына – ракасти царæй æмæ асин уым нал...

Фæсæмбисæхсæв райхъал вæййы Асинет. Раздæрты-иу йæ боны маройты æмæ катайты хай баци. Йæ мойæ дзы мастæй цы бацыди, хæрæмттæ йын цы фæкодта... Радыгай сæ-иу æвзарынтæ байдыдта. Исты хъуыды-иу æй фæцагайдтаид, гъалæма, иунæг хатт уæд та, зыбыты иунæг хатт мæнæ адæймаг у, зæгъгæ, йæм цымæ йæ мой æрфæлмæн? Афтæ куыд никуы ахъуыды кодта: «Ды дæр дзæгъæл хуымæтæджы нæ рантыстæ дунемæ, ме фсин», – мæнæ ма мæйдары æрттиваг бутъромæ дæр хъус куы æрдарынц, цыдæр у, зæгъгæ. Мысинаг ын чи сси, уыцы дæргъвæтин рæстæджытæй йæм иу рухсы тæпп нæ фæзынд, иу зæрдæбын зæл æм дзы нæ æрыхъуыст. Уый фæстæ та-иу йæ фырт Бухары фæдыл адзæгъæл сты йæ хъуыдытæ. Къахыл уайынхъом фæци, уæд æй йе 'фсин йæ хъæбысæй дæлæмæ нал æруагъта, фынæй дæр – йемæ. Аццейы кæстæр æфсымæр æнæ цот уыди, æмæ йæ уый йæхимæ горæтмæ аласта. Скъоламæ уым райдыдта цæуын. Сæ хæдзармæ тындзаг нæ уыди, куы-иу фæзынди, уæд та-иу æй йæ фыдæй ничиуал атыдтаид. Ам Асинет йæхи дардта азымы, ныййарæджы адджын ад мæ нæ базыдта, нæ йæм сарæхстæн æмæ мæ хъæбысмæ йæхи не 'ппæрста, зæгъгæ.

Йæ сæрымагъз-иу сдон ис, уыдæттæ равзар-бавзар æмæ раууил-бауилæй. Уæд дын иуахæмы куы фехъал уаид æмæ йæ фынæй уыцы хорз зæрдæ куы рахæссид, цыма талынгæй рухсмæ рафтыди, йæ мой Ацце дæр нагъ, йæ кæстæр фырт Бухар дæр нагъ – йæ хистæр фырт Бадри йæм фæзынди. Чысылæй-иу æм йæхи куыд æрбаппæрста, цы хъæддых, цы æхсызгон цæнгтæ

йыл-иу ærбатыхта. Æдæрсгæ дзурын байдыдта Бадри, уынгмæ згъордта æмбæлттæагур, уæддæр ма дзидзи домдта, æмæ Асинет йæ риутæ цывзыйæ дæр сæрста, милæй сæ ахуырста, фæлæ уый йæ миниуæг нæ уагъта. Бухар хъæбысыдзаг сывæллон сси, уæддæр ма йын йæ хистæр лæппу йæ фæдджийыл хæцыд, мардмæ дæр-иу йæ фæдыл ахъуызыди. Гъе, æмæ йын уыцы æхсæв Бадриимæ баст мысинæгтæ зæрдæрухсы хос фестадысты. Афтæ йæ цæстытæ æддæгуæлæ æрæвæрдта æмæ уыцы дзæбæхæй ауади йæ цæстытыл, цыма Бадрийы æнгуылдзтæ сæрвасæны дæндæгтæ фестадысты æмæ йын сæ йæ сæрыхъуыны ауагъта, æмæ сæ фаста, фаста, стæй йын йæ даргъ дзыккутæ дыууй хайы фæкодта æмæ сæ быдта. Куыд фæлмæн, куыд æхсызгон хъыдзытæ йæ кодтой мады фыдæбæттæ æнкъараг сабийы æнгуылдзты æвнæлдтытæ, ныхылдтытæ! Æмæ афынæй Асинет.

18

Сæумæрайсом йæ уатæй рауайгæйæ, Асинет гом рудзынгæй бауыдта Бухары – диваныл æддзаумæттæ уæлгоммæ хуыссыди, йæ цонг пъолмæ ærзæбул.

Се стуры атардта, сыхаг усыл æй афæдзæхста æмæ Серимæ фæуади. Дыууæ дзаг доны бедраимæ сæ кæртмæ куыд бахызти, афтæ йæ фæурæдта:

– Цæмæйдæр дæ афæрсон. Дысон дæ хойы чызгмæ æнхъæлмæ кастæ?

– Куынæ! – Серийы цæстыхаутæ удаист тъæбæртт фæластой.

– Æвзæрæй дæ зæрдæ мацæмæ фехсайæд. Махмæ ис...

– Сымахмæ?! Сымахмæ цы агуры?! Кæд фæзынди?!

– Сæрæгас, æнæфыдбылыз у. Дæ бедратæ уал бахæсс, куыд уыди, цы уыди, уыдæттæ дын бамбарын кæндзынæн.

Сери уайтæккæ дæр фæстæмæ фездæхт, цæугæ нагъ – згъорæгау ракодта.

– Мæнгæй нæ акæнынц: лæг бонæн диссаг куынæ хъуса... – дзырдта Асинет, йæ цола уæхсчытæ сæхиуыл схæцыдысты, сæр фæкъул, йæ гом ærмттæ йæм фелвæста. – Мæхæдæг дæр бирæ цыдæртæ нæ бамбарын.

– Ам ма цæмæн лæууæм? – Сери йын йæ цонгыл ахæцыд.

– Фæлæуу, бамбар уал мæ, – загъта Асинет. Дысоны хабæрттæн сæ дæрзæгтæ амбæхста, афтæмæй йын сæ цыбырæй радзырдта. Æмæ йын бафæдзæхста:

– Æз дæ нæ федтон. Сæумæйæ уæм чидæр æрбауади, уый дын ныффæдзæхста: ма мæ ской кæн, фæлæ цыма дысон изæр дæлæ уыдонмæ (ома, махмæ) дæ хойы чызджы хуызæн кæйдæр балидзгæ ауыдтон. Чысыл фæстæдæр нæм рацæудзынæ, аивæй афæрсдзынæ, афтæ æмæ афтæ, цыма дысон изæр мæ хойы чызджы ам уæ разы фендæуыди, æмæ уæ цæст никæуыл æрхæцыд? Æз зæгъдзынæн: ницы федтон. Уæд ды ныккатай, ныммарой кæн, чызджы номæй хъæрæй сдзур, æмæ дæм йæхи æвдисдзæн.

– Мæнæ æнæрцæугæ диссæгтæ! Цыдæр мæ æмбæхсыс!

– Ма, зæгъын, тыхс, сæрæгас у дæ хойы чызг.

– Сæрызонд ахæм рæстæг фæдзæгъæл вæййы.

– Уым алцыдæр бамбардзынæ, рацу-иу чысыл фæстæдæр, – загъта ма Асинет æмæ рæвдз фæцæуæг.

* * *

Сери Гуыгуызаты кæртмæ æрбахызти Асинетæй иу-ссæдз минуты фæстæдæр. Бухар дысон бонмæ йæ хъус йæ мадмæ дардта, ома, куы афынæй уон, уæд Марусы йе мбæхсæнæй федде кæндзæн. Бæгъæввадæй-иу йæ уаты фæкъахдзæфтæ кодта, гом рудзынджы цур-иу сбадти æмæ хъуыста æхсæвы уынæртæм. Фæрæзта, фæрæзта, гъе, фæлæ мæргътæ боныцъæхтæм райхъал сты, цинхъæлæстæй сын уайсадæджы цъыбар-цъыбур бацайдагъ, раст уыцы рæстæг Бухары диван йæхимæ басайдта, – фынæй нагъ, афтæ йе уæнгтæ æрсабыр уой, – йæхи æруагъта æмæ нæ бамбæрста, йæ цæстытæ куыд аныхæстысты. Æмæ нæ базыдта мадæн йæ ацыд дæр æмæ йе рбацыд дæр.

Бухар йæхи куыд æхсадта, афтæ сæм Сери æрбахоста. Асинет æм акасти.

– Кæд цыфæнды раджы у, уæддæр уæм мидæмæ цæуын, – айхъуыста сылгоймаджы хъæлæс. – Уæ райсом хорз!

Бухар ракасти æмæ ауыдта Серийы. Уый сдзырдта:

– Сæумæцъæхæй мын цы диссæгтæ адзырдтой!

Бухар дæр ныхæстæм йæ хъус куы ærдардта, уæд, Асинет ын куыд амыдта, Сери афтæ йе рбацыды сæр бамбарын кодта.

– Хабардзурæг чи уыди, чи? – афарста Асинет

– Ныффæдзæхста мын, мæ кой, дам, дзы куыннæ рауайа. – Сери сæ иумæ дæр дзагъул, иннæмæ дæр. – Æниу ма мæ уыдæттæй та цæмæн фæрсут? Дысон Марус уæ кæртмæ æрба-

лыгъд, куыд бамбæрстон, афтæмæй. Мæ хойы чызг Марус, – йæ хъæлæс фæсаст, зæрдæуынгæджы мыртæ дзы райхъуысти. – О, Хуыцау, адæймаджы сæр цытæ æвзары!

– Дæ хæрзгæнæг хабар зыдта æмæ дысонæй нырмæ йæ дзых ныххуыдта?

Дзуапп дæттын нал бахъуыди Серийы – цæхæрадоны дуары хъинц фæцыди. Марус дуары цур цъусдуг лæугæ аззад æмæ бафæрæзта:

– Сери!

Æндæр йæ бон ницы зæгъын баци чызгæн, фæлæ цы хъынцъымты, цы маройты ахæсты бахауди, уыдæттæ дзы бамбарæн уыди: «Мæ уд æрдуйыл куы хæцыди, уæд мæм куыд æрæгмæ фæзындтæ? Мæ удисæг, мæ хæйрæджы хай ныр дæр та мæ разы куы фегуырди...»

– Марус! – Серийæ сирвæзти кæуыны хæлбурцъ, базгъордта йæм. – Дæ сидзæры сæр цытæ æвзары! Æмæ ма дæм цы взаринæгтæ æнхъæлмæ кæсы?!

«Кæцæй рауадаид? – ныкъкъæрцхъус Бухар. – Цæхæрадоны, нартхоры хуымы фæбадти дысон бонмæ? – Хъуыдытыл фæци. –Цы гæнгæ мын у. Сери – йæ мадыхо, æмæ уымæ дзæбæх сдзурын хъæуы. Аццейы хъусы та бацæгъдæнт: «Дæ фырты нал фæнды холостяцкий налог фидын. Дæ былыцъæрттæ кæмæ хордтай, ахæм сырæзинаг хъуыддаг.»

Уынгæй æрбайхъуысти машинæйы уынæр, раст сæ тæккæ дуармæ фæурæдта. «Фæдисы мæм ма æрцæуæнт? Ныртæккæ мæ куынничи хъæуы, уый куы мбариккой. Фæлæ цы дæ бон у, цыдæр фæдисы хабар æмæ та дæ фæцæйскъæфдзысты, » – хъуыдытæ кодта Бухар, йæ цæст Марусæй нал иста. Сериимæ дзурын куыд сарæхса, уымæй бирæ аразгæ уыдзæн.

Кæртмæ æрбахызти сæ кусты шофыр нагъ, фæлæ... Битта.

– Æвзæр боны гуырд! Хæлиудзых! – ацы ныхæстæ масты хæлбурцъимæ сирвæзтысты Бухарæй, йæ хъуынтъæз æрфгуыты уазал дæр ыл хъуамæ сæмбæлдаид. – Фынæйæ гуырд!

Битта кæрты астæу лæугæйæ аззад, салам раттын дæр дзы айрох: Марусы ам æрбайфын æнхъæл нæ уыди æмæ фæуыргъуыйау.

«Æз ын æй куы аскъæфин, уый йæ фæнды, комхæлиу! Дзырдхæссæг дæр дзы ницы ахæм рауади. Хъуыддаг та никуы сараздзынæ, бынмиз! Аиуварс æй хъæуы æвæстиатæй, « – ныззынг æм сты Бухары цæстытæ.

– Мидæгдæр рахиз, – адзырдта Бухар Биттамæ.

– Æз ныртæккæ, – сдзырдта Битта æмæ уынгмæ ауади, цасдæры фæстæ фæзынди, йæ фæдыл чи æрбахызт, уый Марус йедтæмæ ничи зыдта кæрты уæвджытæй – уый уыди тагъдæххуысы дохтыр Забе. Цадæг къахдзæфтæ кодта, бахудæндзаст:

– Мах дæр сæ тæккæ æдзæллæгтæй не стæм æмæ уын сæумæраджы уæ райсом хорз зæгъæм.

Йæ цæссыгтæ асæрфта Марус – Забе йæ уымæлцæстæй ма фена. Йе нтъыснæг æмæ йын йе рхуым куынæ рахатид æмæ йæм рухсцæстæй ныккасти.

Бухар Забейы къух райста, уый фæстæ Биттайы цур балæууыд, афарста йæ:

– Ды ракодтай машинæ?

– О.

Забе цæхæрадоныл ахаста йæ цæст, сæрдыгон урсбуар фæткъуытæй зад бæлас бауыдта æмæ афтæ бакодта:

– Уæртæ уыцы фæткъуыйæ мæ дзых айадджын кæнон.

– Бауай, бауай, – сдзырдта Асинет. – Истытæ ма дзы разындзæн...

Забе цæхæрадонмæ бацыди.

Ахæм замантæ скæны Бухарыл, рæстæг уысмгай барын куы бахъæуы. Ныртæккæ Сери Марусы къухыл ахæцдзæн. Замманай фадат ын фæци, æххуысгæнæг ын – Битта, машинæ агурын æй нæ хъæуы. Цæвиттон, саг фæрæтмæ æрцыди. Йæхи къахæй мæ хæдзары иугæр смидæг... Æппындæр гуырысхойаг нал у, Марус мæн бауа, уый Уæлладжы фæндон дæр кæй у. Æрсабыр уыдзæн, æгæрдæр ма æрнывыл уыдзæн. Ахæм рæстæг чи нæ сарæхса, ууыл худинаджы зарджытæ счындæуæд.»

Бухар Сери æмæ Марусы цурмæ йæхи байста. Асинет æмæ Биттайæн дæр цыдæр ныхас бацайдагъ.

– Марус, цæуæм, – загъта Сери, йæ ных æрфгуыты астæу – æнхъырдтæ.

– Цæудзыстут, – загъта Бухар. –Чысыл æмæ байхъус. Сери.

– Цæуыл ма дзурæм?..

– Марусæн кæимæдæр фæивддзаг дæн. Ницыгæнæг ын дæн, хорз ын уа, зæгъгæ, цы ахъуыды кодтон, æндæр. Хуыцауæн табу, æгайтма Сери дæ мадыхо у, уый мæ зоны. Æгайтма мæнæ афтæ раргом сты хабæрттæ. Æрмæст иу чысыл хынцинаг. Марус, ды дæ Рохсаты Бабойы чызг. Уæ мыггагмæ ма ис иу Марус, уый фыды ном та у Габо. Иу ран Бабойы чызджы

агурынц. Габойы чызджы ды нæ зоныс, Марус, æмæ дæ куы фæрсой, уæд сын-иу зæгъ: нæ йæ зонын, мæ фыны дæр æй никуы федтон. Æндæр дæ ничи ницы бадомдзæн. Тæккæ абон дæ фæстæмæ ардæм æрхæццæ кæндзæн ацы машинæ. – Биттамæ ацамыдта Серийæн. – Йæ курсы студент.

– Æндæр бонмæ йын аргъæвæн нæй? – бафарста Сери. – Уæд та райсоммæ.

– Марусы паспорт фендзысты, æндæр дзы ахæмæй ницы ис. Куыд фæзæгъынц: бон фæстæдæр – бонвыддæр.

– Цы зæгъыс, Марус? – афарста чызджы Сери.

«Никæдæм дзы аирвæздзынæн, – хъуыды кодта Марус. – Серийы царддæр ма сызмæнтдзынæн, кæд æцæгæй дæр йе цæг амонд йæ ныры хæдзары ссардта. Адон та мæн никуы ныууадздзысты. Бæлгъуыры бæстæйы куы фестин, уæддæр мæ ссариккой. Ацы дохтыр дæр сын хæрзгæнæг ма разынæд...»

– Абон уа, райсом уа – уырдæм мæ цæуын хъæудзæн, – загъта Марус, йæ къæхты бынмæ кæсгæйæ.

* * *

Тагъдæххуысы дохтырты машинæ – йæ ныхыл даргъсæррæтт, уаддзу сæрджын саг æфтыд «Волгæ». Разæй шофыр æмæ дохтыры бадæнтæ, сæ фæстæ кабинæйы фæйнæ фæрсты лидеринастæрд нарæг бадæнтæ, астæуæй – сынтыл хæссинаг тыхст адæймаджы бынат.

Забе бацархайдта, цæмæй шофыры фарсмæ сбада Бухар, – йæ ном ын Биттайæ базыдта. Куыд æй бамбæрста Забе, афтæмæй уый ныфсæй арæзта йæ хабæрттæ Битта. Чызджы æмбæхсæн бынат базыдтон, зæгъгæ, Бухармæ хабархæссæг фæци. Уый руаджы, дам, байгом уыдзысты Марусмæ бакæсæнтæ æмæ бацæуæнтæ. Æмæ ныддомдта Забейы: «Кæд мын искуы исты фæуинаг уыдтæ, уæд мын æй ацы бон фæу. Дæ машинæйы Марусы авæрдзыстæм.» Нагъ зæгъын не сфæрæзта Забе. Æмæ, Марусы Бухарты кæрты куы ауыдта, уæд йæхимидæг схæлбурцъ ласта Забе: «Адон цыдæр фæлдурæдждзынтæ куы сты, бынтыуайджытæй. Нагъ, мæ хæстæг Битта, никуы æрхъæрмуд уыдзыстæм.»

Забе машинæмæ бахызт æппæты фæстаг, чызджы фарсмæ йæхи æруагъта. Мæ сæр дæ куы бахъæуа, уæд мæ иу агур, зæгъгæ, йын йæ телефоны номыртæ кæй радта, уый дæр дзы цыдæр домдта. Сæ фыццаг фембæлды рæстæг дæр æм йæ зæрдæ афтæ сдзырдта: «Ацы чызджы цыдæр хъыгдарæг ис, низ ра-

сайы, ахæм уæззау сагъæс ын йæ зæрдæ агайы. Нæ, ныр-ма дохтыры сæр нæма хъуыди Марусы, йæ мæт, йæ сагъæсы сæр цы у, уый æнцон рахатæн нæ уыдзæн.»

Бухарæн йæхи дæр шофыры фарсмæ сбадын фæндыди – Битта йæ мацæмæйуал бафæрса, цалынмæ горæтмæ хæццæ кæной, уæдмæ ахъуыды кæна, куыд дзы фервæздзæн, кæмдæр æй хъуахъдзыхæй куыд фæуадздзæн, ууыл.

Битта дæр утæхсæнты арты сыгъди. Марусы æмбæхст бынат Авданы хæдзары кæй разынди, уыцы цины хабаримæ тындзыдта хъуыддагаразæгмæ. Æмæ æрдæбон Марусы Бухарты кæрты куы бауыдта, уæд æрфæлвых. Æнхъæлдæн æмæ дзæгъæл тыбырттытæ фæкодта, иугæр Марусы къах Бухары кæрты æрлæууыди, уæд ма цæуылтыв хъуамæ дара йæ зæрдæ Битта?

Марус та дысоны удхæрдтæй йæ чемы нæма æрцыди. Зæххон дуне йын айчы хъузгай нык къуындæг, цы ма дзы баззади, уый – хус тихалæг. Йæ хъизæмарæн ма кæрон æрцæудзæн, уый æнхъæл нал уыди. Æмæ йæм уæд фæзынди йæ мады мад, йæ Нана Гуассæ.

Марусы рæмбыныкъæдзтæ уæрджытыл æрæнцадысты, йæ сæр йæ къухтыл æруагъта æмæ æрæхгæдта йæ цæстытæ, цæмæй та бавзара, дысон æм бонырдæм Гуассæ йе нусон дунейæ куы фæзынди, уæд йæ уд куыд æрсабыр, уыцы уавæр...

Бирæ æнувыд ныхæстæ-иу разынди йæ Нанамæ, Марусы-иу æм фæндыди хъусын, фæлæ нæ уæндыди. Марус скъоламæ цыди, æмæ-иу æм афтæ касти, цыма, Нана цы дзуры, уыдон сæ ахуыргæнæгмæ дæр хъуысынц. Йæ Нана, Сылгоймæгты приют кæй хуыдтой, уыцы скъоламæ цыди, дины уроктæ дæр сæм-иу уыди, æмæ-иу æнæкъуызгæйæ кувын куы райдыдта... Райсомæй-иу ныммарзта сæ уæттæ, сæ сара, уаты-иу къамоды сæр æвæрд зæды нывмæ, зоныгыл лæугæйæ, куывта. Цалынмæ скувтаид, уæдмæ хæринаг дæр нæ кодта. Алкæмæндæр Хуыцауæй хорздзинæдтæ куырдта. Сæ хъæуы скъолайы иу рæстæджы, «Æнæхуыцæутты къорд», зæгъгæ, фæзынди, сабиты йæм хуыдтой. Уый, æнхъæлдæн, уартæ колхозтиæ куы арæзтой, уæд уыди, æви чысыл фæстæдæр, æмæ скъола йæ цæсты нал сахадыдта. Уæд æй не мбæрста Марус, Билийы чиныгæй-иу ын кæй хаста Нана æмбисæндтæ, Есо Чырыстийы цардæй-иу алы диссæгтæ кæй дзырдта. Фæстæдæр сæ бамбæрста.

Сæ ахуыргæнæг та афтæ дзырдта: «Хуыцау нæй. Хуыцау куы уаид, уæд æй искуы исчи федтаид. Адæм æрдзы фæзынд-

тытæн ницы æмбæрстой, æмæ сæ дингæнджытæ сайдтой, æрдзы цы цæуы, уыдон Хуыцауы амындæй цæуынц, зæгъгæ. Сауджынтæ æмæ моллотæ талынг, æнахуыргонд адæмæн дзырдтой: цæмæй фыдбылызтæй хызт уай, зæйы бын ма фæуай, ихкъæвдатæ хуымтыл ма рцæуой, уый тыххæй хи Хуыцауыл фæдзæхсын хъæуы. Æмæ цы: кусæрттæгтæ йын нывонд кодтой, куывдтæ арæзтой, уæддæр-иу их дæр æрцыди, зæйтæ дæр цыдысты æмæ-иу æгас хъæуты дæр ахафтой. Æрдзы фæзындты сусæгдзинæдтæ раргом кодтой ахуыргæндтæ, уæлдай бындурондæр куыст бакодтой советон ахуыргæндттæ.»

Ахуыргæнæджы ныхæстæ-иу Марус афæзмыдта йæ Нанайæн, афтæ дæр ма-иу ын загъта: «Афтæтæ мын дзурыс, уый куы базоной, уæд дæм ахуыргæнæг дæр æрбацæудзæн, нæ директор дæр. Мæныл та чызджытæ æмæ лæппутæ худдзысты, дингæнæг мæ хондзысты. Ногдзаутæм дæр мæ нæ райсдзысты...»

Гуассæ ныхъхъуыды кодта, йæхимæ ныхъхъуыста æмæ, иунæг Марусæн нæ, фæлæ цыма скъоладзаутæн сегасæн дæр дзыврдта: «Куыд уæ сайынц дæлимоны ардыдæй! Рухс фидæнаразджытæ уæ хонынц, зæххон дзæнæтæй уын зæрдæтæ æвæрынц. Аргъæуттæ уын дзурынц. Зæххон царды фыдæбон йеддæмæ ницы ис. Паддзах Хуыцауы фарнæй куы фæхайджын вæййы æмæ, Хуыцауы закъонтæ хынцгæйæ, адæмы цард куы фæаразы, уæд кусæг йæ къæбæр адæн бахæры, йæ комдзаг фарсылхæцон вæййы. Хуыцауыл æууæндæг адæм кæрæдзийæн адджын вæййынц, кæрæдзийæн ныфс, хатыргæнаг. Æнæхуыцау адæймаг хæйрæг у, дæлимоны ардыд, бæстыл быларæфтауæг. Ахæмтæ адæмы сæргъы кæм фæлæууынц, уым та уæлæуыл цард зындон свæййы.»

Дысон... Дысон Марусмæ иуафон йæ æвронг зонд æрцыди. Гуассæ йæм уæд фæзынди... Фыны нæ, – гъе, йæ сæр цытæ бавзæрста æмæ ма йæм ноджыдæр цы бавызаринæгтæ æнхъæлмæ кæсы, уыдæттæ бамбарыныл куы сфæлтæрæнтæ кодта, – фæлтæрæнтæ скодта, фæлæ исты æнхъæлцау фæуа, ууыл йæ зæрдæ нæ дардта, – уæд æм фæзынди йæ Нана Гуассæ. Æвронг зонд дæр æм уæд æрцыди, сæхи сæвдыстой йæ хъуыдытæ: «Æз цы цардæй цæрын, уымæн цард схонæн нæй. Уæлæуыл зындон царды хуызы райстон, æмæ йыл фæцалх дæн, цыма афтæ уæвæн дæр ис... Мæ удæй арт цæгъддзынæн, цæмæй мыл цард ныддæргъвæтин уа...» Горæтмæ куы схæццæ сты, уæд æрчъицыдтой машинæйы бадджытæ, – рудзгуытæй æддæмæ

кастысты: кæцыран сты, кæцырдæм сæ фескъæфы? Марус дæр бамбæрста, горæтмæ кæй схæццæ сты, фæлæ йæ нæ фæндыди исты фенын дæр. Лæгъæвæндагыл æй узæгау скодта машинæ, æмæ йæм хуыссæг æрбахъуызыди. Куыд афынæй, уый нæ базыдта. Стæй йæ фынæйæ дæр æваст фехъал. Машинæ лæууыди. Бухар æмæ Биттайыл йæ цæст не рхæцыди. Забемæ бакасти. Уый йæ бамбæрста: цы фесты?

– Нæ адæм цы рбаисты, уый зонын дæ фæнды? – рахизырдæм ацамыдта. – Уæртæ уыцы къанторы дуармæ иучысыл алæууыдысты æмæ мидæмæ бацыдысты.

Шофыр фæстæмæ разылди, Забейæн афтæ:

– Дуканимæ бауайон, – æмæ ахызти.

Забе цыма уый ацыдмæ æнхъæлмæ касти, уыйау Марусы афарста:

– Ацы дыууæйæн цы сæ зæрды ис? Дæ фæдыл цы бафтыдысты? Куыд бирæ сын быхсыс?

Марусы зæрдыл та æрбалæууыд, æрдæбон æй Асинетты кæрты куы ауыдта, уæд цыдæрхуызон кæй аци, ау, ай дæр, йæ нанайы загъдау, дæлимонты амæддæгтæй рауад? Фæлæ та уæддæр йæ зæрдæ цæуылдæр фæлæууыди, де "нæууæнчы рохуатмæ йæ ма баппар, зæгъгæ. Ныр Забейы æнувыд хъæлæсыуагæй йæ зæрдæ баради æмæ йæ цы æнцонæй афарста:

– Хъуыды ма кæныс, куыд мын дзырдтай: дохтыры æххуыс дæ куы бахъæуа?..

– Æз кæддæриддæр – цæттæ!

– Уæдæ мæ дæ'ххуыс бахъуыди. Мæнæ ныртæккæ.

– Дзур, дзур!

– Ды дæр ахиз, иунæгæй куыд аззайон, – Марус галиуырдæм ацамыдта. – Хъуамæ æрбадæлдзæх уон. Куы фæфæсвæд уон – куыстмæ дæм дзурдзынæн.

– Æз фæуайын дуканимæ, – Забе рæвдз ахызти зæхмæ.

Æртæуæладзыгон хæдзары кæртмæ баирвæзт Марус. Иуырдæм – иннæрдæм ахъахъхъæдта: уæлæ кæрты уæллаг кæрон сисамад, чысыл дуар дзы. Уырдæм сызгъордта. Дуарыл ахызти нарæг уынгмæ, йæ фæйнæ фæрсты иууæладзыгон хæдзæрттæ. Уынг цыма къуырма уынг уыди, уæддæр йæ кæронмæ нызгъордта. Тигъыл фæзылди. Йæ фæдтæ сафгæ ма ноджыдæр цалдæр уынджы тигъыл фæзылди. Уалынмæ айхъуыста трамвайы дзинг-дзинг.

* * *

Цыдæр къанторы дуармæ æрлæууыдысты, уый бафиппайдта Битта – дуары рахиз фарс авджын фæлгæты къанторы ном – ставд дамгъæтæй фыст. Фæлæ йæ нæ бакасти. Бухар æй афарста:

– Цæй, цы зæгъыс? Цы гæнгæ нын у?

– Чызгы скъæфджытæ не стæм Хъуыддаг кæронмæ ахæццæ кæнæм.

– Уæ сæр кæм фæцæват, ахæм къуым?.. Дæ хæдзармæ йæ кæцæй рахæсдзынæ? Æртæ чъирийы дын чи скæна, ахæм дын ис?

– Ис.

– Ам, горæты, æви хъæуы? Æгъдау дын чи ратдзæн, фысы къах дзы уæддæр хъуамæ разына...

– Омæ хъæумæ...

– Цом-ма, ам мын иу æрдхорд ис. Машинæ дзы ракурон. Дохтыры ауадзын хъæуы. Æвдисæнтæ нын куыд нал уа.

Ацы къанторы кусджытæй хорз зонгæ нæ уыди Бухарæн. Кæйдæр дзы хуызæй цы зыдта, æндæр. Тыргътæм бахызтысты æмæ Биттайæн загъта:

– Банхъæлмæ мæм кæс, хабар хицауæн бамбарын кæнон.

Иу дуарæй бахызти, чысыл рæстæг дзы афæстиат, рауади æмæ Биттайæн афтæ:

– Ам кæмдæр ис, ацагурон æй.

Кабинеттæм кæсгæ тыргъты ацыди Бухар. Уæттæй иу кæд разынди афтид. Йæ цары сæрстытæ æрызгъæлдысты. Нæ дзы стъол, нæ бандон. Æвæццæгæн æм базилинаг сты. Бауади мидæмæ Бухар, гом рудзынгæй кæртмæ ныггæпп кодта æмæ кулдуарыл уынгмæ ахызти. Машинæйы разындысты шофыр æмæ Забе.

– Чызг кæм ис? Марус? – афарста Бухар, гом дуарæй мидæмæ кæсгæйæ.

– Дуканимæ бауадыстæм, – шофырмæ дæр ацамыдта Забе. – Не "рбацыдмæ ам нал уыди.

– Цытæ мын дзурыс?! – бустæ– хæлбурцъ сирвæзти Бухарæй. – Барæй йæ аскъæрдтат!

– Мæнæ цирчы адæм! – Забейы хъæлæс дæр фæтызмæг. – Цы мигæнæг стут уæ иу дæр, уе "ннæ дæр? Сусу-бусутæ æмæ цыдæртæ. Мæ рæстæг минуттæй барст цæуы, хъуамæ мæ мæ куыстæй... Бысти, ахæц размæ!

Машинæ йæ бынатæй адугъ ласта.

19

Забейы амынд адрисмæ гæсгæ Марус цы хæдзар ссардта, уый разынди горæты кæрон, фæсвæд уынджы. Хицæн кæрт ын. Бахоста цъæх ахуырст фæйнæг кулдуар, рауади йæм йæхицæй карджындæр чызг.

– Ды Фаризæт дæ?

– Гъе уый дæн.

– Æз æрбацыдтæн... Мæн æрбарвыста Забе.

Фаризæты цæсгом фæрухс, цымыдис дæр æй фæцагайдта. Дуар парахат гом бакодта, сдзырдта:

– Мидæмæ, мидæмæ!

Кæрты къуымы зæронд ус ныллæг бандоныл бадти, йæ разы зæххы тыд кæттагыл къуымбилтæ хæмпускалдæй, йæ къухты дæр дзы иу бындзыг.Марус фæкъæмдзстыг, уый бафиппайдта Фаризæт æмæ загъта:

– Мæ мад у, – Зæронд усмæ æргуыбыр кодта æмæ йын афтæ: – Мæ падругæ мæм æрбацыди.

Марусы зæрдыл æрбалæууыди, сæумæйæ нырмæ йæм йæхимæ æркæсыны хъуыды кæй нæ фæзынди. Цыма йæ сæрыхъуынтыл хæлуарæджы тынтæ уыцы бæрæгæй разындысты, йæ къабайы зыгуымы муртæ ныххæцыдысты... Йæхимæ аивæй æркæстытæ кодта. Æниу æй æнæ кæсгæйæ дæр зыдта, йæ сицæ къабайыл алы райсом дæр иту æвæрдта/, уæддæр – иу уайтагъд куы анцъылдтæ... Йæ къабайы æууæлтæй йæ цæсгом ссыгъди.

– Мæнæ цыхуызæттæ дæн! – йæ цæсгом сырххъулон аци, уый хатыдта Марус, йæхицæн загъта: « Уынгты мæ чи уыдта, уыдон мæ сонтхела рахуыдтаиккой! »

– Ууыл ма ма тыхс, – Фаризæт ын йæ цонгыл фæхæцыд, йæ разæй йæ фæкодта æмæ уатмæ бахэызтысты. Радавта йын къаба, айдæн, сæрвасæн.– Дæ дарæс аив, æз иту фенон.

Йæ къаба ног итувæрдæй скодта Марус. Уæдмæ йын Фаризæт фынг ацарæзта. Дзурын æй нал суагъта, æз дæр, дам, æххормаг дæн.

– Забе йæ куыстмæ гæсгæ фæдисон у æмæ йæм уыйбæрц хабæрттæ вæййы...– дзырдта Фаризæт. – Боны дæргъы дæр куыннæ, фæлæ æхсæвы диссæгтæ... Дзурын сæ куы райдайы, уæд кæм мæсты равæййы, кæм цы... Уæд мæ Забе алхыскъ кæны, хъуыддаг, дам, нæма бамбарыс, афтæ хатдзæгтæ кæнынмæ фæвæййыс. Адзурынмондæгтæн сæ дзыхтæ ахгæны æмæ йæ нæ быхсынц. Рынчындоны кусын, медицинон хо...

Гъо, иу зæгъинаг ма, æндæр ницуал... Йæ бинойнагæй ахицæн. ЗА ГС–гонд сты, æмæ, дам, мæ удæгасæй хæлд никуы æрцæудзæн... Æз сæм сæдæ азы дæр æнхъæлмæ кæсдзынæн...

* * *

Фæссихор Фаризæтты уаты бадтысты Марус æмæ Забе.

Бухарты сарайы цары, уый фæстæ та тагъд æххуысы машинæйы бадгæйæ йæ зонды барæнтæй кæй фæбарста, фæлæ загъд чи нæма æрцыдис, уыцы зæгъинæгтæ Забейæн мæнæ ныр хъуамæ зæгъа, фæстæдæр нагъ – уæд сæ æвзаг нал скæрддзæн... Чи у, йæ ныры уавæрмæ куыд æрхауди, Забе уыдæттæ куынæ базона, уæд ын йæ зæгъинæгтæ нæ айсдзæн, йæ рис æм нæ бахъардзæн.

Марус йæ ныхас афтæ райдыдта:

– Æз дæн адæмы знаджы чызг...

Ацы ныхас Авданы раз дæр сфæрæзта, Къостайы парчы куы бадтысты, уæд, фæлæ уæд æндæр ницуал сфæрæзта, ныр радзырдта, йæ фыды сæфты тыххæй цы чысылтæ зыдта: йæ мад рынчынтæгæнаг кæй у, йæ дохтыр хомæ дард цæгатаг горæты кæй вæййы. Уартæ йын уал азы размæ йæ фыдмæ кæдæм фæдзырдтой æмæ кæцæй нал раздæхти, уыцы хæдзары кусæг кæй у йæ фæдылзилæг Бухар, Битта дзырдтæ кæй хæссы... Институтмæ цæугæйæ йæ фыды номы раззаг дамгъæ кæй аивта. Бухар йæ фæдыл бафтыди, æмгæрон æй нæ бауагъта йæхимæ, æмæ йын уæд бакой кодта: «Дæ фыды ном кæй аивтай, уый зонын».

Чызг Забемæ йæ хъус дардта, ома йæ зæрдæ мæм куы æруазал уа, уæд йæ цæсгомыл æргом бæрджытæй разындзæни. Уый йæм-иу йе "дзынæггаст цæстытæ февдыста, ома хъусын дæм.

– Фæндæгтæ мæм фæцагуырдта, æз та лидзгæ, æмбæхсæнтæ агургæ æмæ... Къæппæджы смидæг дæн...

Фæхъус ис Марус, йæ цæстытæ ацъынд сты, йæ æрмттæй йæ цæсгом амбæрзта:

– Дысон æхсæв уыдоны сарайы цары арвыстон. Хуыссæгæн дзы – хос, хосæн – æмбæрзæн. Уырдæм зæронд усы – йæ мады зондæй схызтæн. Мæ сæры фæмидæг: хуыссæн сæ сарайы цары хуымæтæджы нæ сарæзтой! Уыцы уысмæй фæстæмæ мæ уд судзын байдыдта, хатыдтон: ахсæв мæ зонд фæдзæгъл уыдзæн, Бухар сæрдыгон уым фæфынæй кæны, ууыл æппын нæ фæгуырысхо дæн. Нытæккæ йæ ардæм хъæуы.

Рæвдздæр, хизгæ! Ракастæн – асин уым нал. Зæгъын, нырдиаг кæнон: « Мæнæ мæ йæ фырты æхсæвиуатмæ куыд æрбаппæрста мæ удхоры ныййарæт! » Сыхæгты мæхимæ куыд æрхъусын кодтаин?.. Тугтæ æрæмысыдтæн сызгъæрин Нанайыл. Уый мæ æфхæрын нæ бауагътаид. Рæстæг йæ цыдæй ныллæууыд. Хъæууон æхсæвы уынæртæ æрмынæг сты, гъе уæд талынджы цуангæнджытæ хосы базмæлыдысты, хъарм тугмондаг æхсынджытæ мæм алырдыгæй бырыдысты, сарайы къултыл-иу цармæ сызгъордтой. Ца уыдысты, цалырдыгæй мæм бырыдысты, афтæмæй мын сæ иу дæр фаг уыди... Куыддæр афынæй уон, афтæ мыл сæхи ныццæвдзысты, мæ цæстытæ мын къахдзысты. Мæхимæ цыма иуварсæй кастæн, мæхи афтæ уыдтон. – Йæ сæр та æруагъта чызг, йæ цæстытæ йæ армæй амбæрзта, афтæмæй хъусæй алæууыди, стæй загъта: – Цас фæдзырдтон! Ницуал дзурын æппындæр...

– Зæгъ-ма, мæ бон дын цы баххуыс кæнын у? Мæнæй цы аразгæ у, цæмæй дæ уавæрæй фервæзай?

– Мæ Нанайыл куы сæмбæлин...

– Дæ Нана кæм ис?

– Хъæуы уæлмæрдты ... Афтæ-иу загъта: «Уæлæуыл цæргæйæ йæхицæн удыбæстæ чи скодта, уыдоны бынат – дзæнæты».

– Нæма дæ æмбарын.

– А-зæххыл мын цæрæнуат нал ис. Уæлæуыл цардæй мæ уд нал у...

– Салæмттæ дæм чи æрвыста уæрæсейаг горæтæй, уый сæр дын хъуыдыйаг нæу? Æз дыл кæй салæмттæ сæмбæлын кодтон...

– Уыцы дохтыры салæмттæ мæм Битта раздæр æрбахаста. Биттайы ныхас мæм ныронг дæр нæ бахъардта, уæд дæр. Цыдæртæ æрбаймысы. Цæй æфсон æм æрыхъуыстаин, уый агуырдта. Уыцы дохтыры тыххæй мæм ды дæр куы æрбацыдтæ, уæд загътон: Æвæццæгæн ис ахæм адæймаг. Фæлæ уæ абон иумæ куы ауыдтон...

– Биттаимæ тугхæстæджытыл нымад уыдыстæм. Рацæйрабон æмæ нæ разындыстæм хæстджытæ. Уый мæ æххуыс агуырдта, мæ руаджы хъуамæ уæ хъысмæттæ баст æрцыдаиккой. Хорз, Биттайы бамбæрстам, фæлæ... Дæ Нанамæ цæмæн лидзыс? Уæддæр ма цыдæр ис ацы дунейы. Цæуылдæр зæрдæ дарын хъæуы.

– Нагъ, Забе, мæ зæрдæ ницæуылуал дарын. Ме “гас бу-

арæй дæр æй хатын: æдзухдæр мæ Нанаимæ дзуры мæ зæрдæ . Мæ Нана Гуассæ мæм æнхъæлмæ кæсы. Дæ руаджы йæм фæхæццæ уыдзынæн. А-дунейы адæмæй ма æрмæстдæр де "ххуысыл дарын мæ зæрдæ...

Уæд æм йæ Нана Гуассæ куынæ фæзындаид!.. Йæ уд ницæуылуал лæууыди. Фæзынди йæм йæ Нана Гуассæ. Мæрдтæйдзæуæг Нана нагъ, – цыма та Марус афынæй, æмæ йæ уæлхъус æрбалæууыд, хъæццулæй йæ хъарм æрæмбæрзта. Уый размæ бон æрбарынчын, æмæ йын йæ Нана йæ армы сæрфтытæй йæ низы судзаг йæ буарæй сырдта, йæ ныхæстæ йын цыма фæлмæн нывæрзæн фестадысты æмæ йыл уæнгрог æмæ зæрдæрухс æфтыдтой...

Институты дæр ма Нанайы удæгасæй ацахуыр кодта. Йæ Нанайы ныхæстæм-иу æнувыдæй нал байхъуыста Марус. Æвæццæгæн, рæстытæ фæзæгъынц атеистон пропагандæйы дзырды дæснытæ, зæгъгæ-иу æм сдзырдта йæ зæрдæ. Сæ рæстæджы хорз фæткыл нымад цы цуыди, фидауцы хос цы сси, уыдæттæ ацы хи стæртæн сæ мады "хсыримæ сæ туджы ахъардтой. Ног рæстæджы уддзæф сыл нæ сæмбæлди æмæ ног цардарæзтæн цæлхдурæвæрæн рауадысты. Йæ Нана æвронг знды хицау куы разындаид æмæ куы ницуал дзырдтаид. Фæлæ дзырдта. Æмæ иуахæмы зæрдиаг ныхасмæ æруагъта йæ Нанайы. Дунейы скондæн марксистон зонд æмæ цæстæнгасæй аргъгæнджыты æмбисондæн хæссинаг цæстуынгæ æвдисæнтьæ æмæ наукон æнæгуырысхо хъуыдытæй йæ хъуамæ къуырцдзæвæнмæ батардтаид æмæ йæ бафарста: «Нана, цыдæртæ не'мбарын æмæ дæ афæрсон. Гъер афтæ куы фæкувынц: «Уæ Дунесфæлдисæг Иунæг Кадджын Хуыцау!» Кæд Хуыцау иу у, уæд дунейы уал дины цæмæн равзæрд? Католиктæ, уырыс кæй райстой – православие æмæ протестанттæ иу Библи кæсынц, фæлæ цæуылдæрты нæ бафидыдтой. Кардиналтæн ус курыны бар нæй. Католиктæ сæрмагонд гæххæтт уæй кодтой. Уый –иу чи балхæдтаид, уымæн йæ сомбоны тæригъæдтæ рагацау хатыргонд цыдысты. Абон уыцы гæххæтт балхæн, райсом лæг амар æмæ дын – хатыр...

Нана йæ сæр батылдта æмæ загъта: «Ныры хицæутты заман дзурын чи уæнды. Æмбарын дын-иу æй кодтон: аргъуантæ чи фехæлдта, уыдонæн сæ чиныг дæр, сæ дзыхы ныхас дæр зæрдæмæ исгæ нæу. Æз дæ Хуыцауыл ныффæдзæхсын, цæмæй дæлимоны амæддаг ма фæуай. Дæ уд бахъахъхъæ.

Пысылмон йæ фырты æфсадмæ фæндараст кодта, фæрсы йæ: «Бырынкъджыны фыд хæрдзынæ?» Нæгъа, дам. Фыд ын: «Уæдæ хъуамæ сыдæй амæлай! Цалынмæ службæ кæнай, уæдмæ йæ хæрдзынæ. Мæхæмæт-пехуымпар дын æй ныббардзæн». Бирæ диссæгтæ уыди – Хуыцауы номæй æбуалгъы хæрæмттæ фæчындæуыди. Инквизицийы рæстæджыты цытæ цыди, уыдонæн Хуыцауы сконд адæймаджы зондæй бамбарæн нæй. Ноггуырдыл –иу саргъуыдтой – æхца сын бафи. Лæппу æмæ чызг сæ цард бабастой – уый тыххæй дæр бафид Алы адæймаг дæр йе "фтиæгты дæсæм хай аргъуанмæ лæвæрдта. Церковная десятина йæ хуыдтой. Рæстудтæ сын æй нæ ныббарстой. Сæ ныхмæ чи дзырдта, уыдоны хуыдтой еретиктæ. Ноджы сарæзтой сусæг тæрхондон – инкви зици уый хуыдтой. Ныхмæдзурджыты сæфтой. Большевиктæ æндæр ницуал дзырдтой: дин адæмы къуырмагæнæг, куырмгæнæг у. Æмæ Хуыцауы æвастæй мæнгдингæнджыты митæ Хуыцауæн зæрдæйæ лæггадгæнджытæй тынгдæр хурмæ чи калдта?.. Библи Хуыцауы чиныг у, цынæ йын фæкодтой цæргæ цæрæнбнты, уæддæр æй адæм бахъахъхъæдтой. Нæ хъæуы партионты тæккæ æнувыддæрыл кæй нымадтой, уый нæм-иу æрбауади. Нæ тугхæстæг. Ноздт ын-иу æфсонæн йæ цуры авæрдтонг. Библи-иу систон æмæ-иу æй кастыстæм, уый хабæрттыл ныхасæй не "фсæстыстæм... Зæронд ус иунæгæй царди. Иу æнæзонгæ лæг фæцæйцыди сæ дуæртты. Кулдуары сæрты йын кæртмæ туман ныппæрста. Адæмæй ничи федта уыцы хæрзаудæн – Хуыцау æй федта. Бригадир кæддæр уыцы зæронд усæн нартхры æфсирты голлаг барвыста æмæ алы æмбырды æппæлыди: «Æвæгæсæг зæрæдтæн дæр æххуыс кæнæм». Бригадир революционер у, хиппæлдой, кадфæлгъауæг. Хуыцау ын нæй. Кулдуары сæрты кæртмæ туман чи ныппæрста, уымæн Хуыцауы фарн йæ туджы ис».

Забе йæм æдзынæг кастæй фæкаст, æрæджиау загъта:

– Марус, се "нцонæмбарæнтæй нæ разындтæ...

– Дæуæй цы аразгæ у, уый дын куыд бамбарын кæнон?.. Машинæйæ куы федде дæн, уынгты куы лыгъдтæн... Цы уавæры уыдтæн, уый сымах терминтæй хуыйны депрессия. Ахæм та, уæвæн ис, æмæ машинæйы бын смидæг уа. Дзыхъмард фæуа. Документ æм нæ разынд, агурæг æй нæ фæци. Морджы йæ цасдæр фæдардтат... Йæ сыджыты хайыл сæмбæлди... Дарддæр, æвæццæгæн, ахæмы мард æнæном ныгæд æрцæуы, æви йын йæ цыртыл исты ныффыссынц? Кæд сыл

номыртæ бафтауынц?.. Цы “рцыди, уый зондзыстæм цыппарæй – ды, Фаризæт, мæ мадыхо Сери æмæ æз. Уымæй æддæмæ мын цы гæнгæ у, ууыл мæ мадыхоимæ хъуыды кæниккам. Федтай йæ, Бухарты кæрты мæ фарсмæ лæууыди.

– Дæ мадыхойæн исты ской кодтай?

– Демæ цы дзурын, æндæр сым дæр никæимæ.

– Дæ фыццаг сныхасæй зæрдæцæф фæдæн, Марус. Дæ хуызæн рæсугъд чызг уæлæуыл мауал уа... Усгуртæн зынсæттæн мæсыг... Хъæбулы ад ма базона... Гъер дæ бамбæрстон... Адæймаг депрессион уавæры бахауа, уый уæвæн ис... Фаризæтимæ ахъуыды кæндзыстæм... Ахæм хабарæн бынтон басусæггæнæн нæ вæййы. Рæстæгмæ, гъо. Цыдæр ивддзинæдтæ цæуы царды æмæ цыма дæу пайдайæн дæр. Ахъуыды ма кæн, Марус. Дæ мадыхойы сæр нымайыс... Уый дæр ахъуыды кæнæд. Уæдмæ та уал Фаризæты уавæг уыдзынæ...

20

Сери дон хæссынмæ цы къахвæндагыл фæцæуы, Марта ныр æртыккаг бон уымæ йæ хъус дардта. Сери цæхгæрмæ уынгты дæр хаста дон, æмæ-иу уæд сывхæгтæй искæимæ фембал. Иу-дыууæ хатты та сæ цæхæрадтты ауади донмæ. Сæ кæроны кау иу ран ныллæгæй аззад æмæ ууылты йæ афтид бедратимæ ахизы.

Дондзауты къахвæндаг уырдыджы ныууади, уагъылыты къутæрты æхсæнты акъæдз-мæдз, мугæты рæзты ныххызти æмæ ныххæццæ доны былмæ. Сæ фембæлды рæстæг сыл хъуамæ макæй цæст æрхæцыдаид.

Серийы уагъылыты къутæрты аууонæй суыдта Марта, кауы сæрты рацæйхизгæ, Ирд хуры рухсмæ йæ сæрбæттæны сырх тæмæнтæ йæ цæсгоммæ калдысты. Марта йын-иу йæ хуызивд сæрбæттæн бамбæхста, домдта йæ: «Кæдмæ йæ дардзынæ, ног бабæтт, ног!» «Ох, Мана, ног чындз дын куынæ дæн, мыййаг! Цы дарæсыл фæцахуыр вæййын, уый мын адджын у».

Серийы сæрбæттæны уындæй æрыхъал сты Мартайы тæргайзæрдæйы æнцонагайæн хæлбурцъытæ: «Нымады дæр æм нал дæн. Афтæ цæуылнæ ахъуыды кæны: «Мана мæ ацы сæрбæттæны куы ауынид, уæд зæрдæскъуыд нæ фæуаид?» Сери йæм куы фæхæстæгдæр, уæд та, йæ сæрбæттæн йæ ныхыл æгæр дæллоз конд кæй у, уый бафиппайдта, цыма фыдæнæн кодта, ома дæ хæдзары мын ног чындзы митæй

цы нæ бантыст, уыдон ныр баххæст кæндзынæн. Уæдæ йын йæ къахдзæфты рогыл, сæ тындзгæтагъдыл дæр, ай-гъай, æрхæцыд йæ цæст, æмæ йын уый ноджы риссагдæр рæхуыст, ома иу цары бын демæ цы ælхъывд бонтæ фервыстон...

Марта рагацау рахызти къутæрты ауунæй – ма дзы фæтæрса, дæрддзæфæй йæ ауына æмæ йæм цы зæрдæ дары, уый равдиса.

Сери фæлæууыди, джихæй аззади. Зонгæ та йæ куыннæ базыдта, фæлæ йæ цæстытыл нæ бауунæндыди.

– Мæ чындз, – йæ цæнгтæ йæм æрбаивæзта зæронд ус, – Æз дæн, æз.

– Мана! – Сери йæм базгъордта.

Цы ænувыд рауади йæ чындзы хъæбыс! Цы æхсызгон хъарм рауадысты йæ уырзты æндзæвдтытæ, йæ æрмтты сæрфтытæ! Зæлдаг фæлмæн.

– Ænæ дæу мын дæлæ уыцы хæдзары цы уазал у! Цы къуындæг! – Марта йæ хауджын кæлмæрзæны кæронæй йæ цæссыгтæ асæрфта. – Сæрды зынг – Хур дæр мæ куынæ тавы. Тутайы гагайы ад куынал базыдтон...

– Мана, цы хорз у, кæй адзæбæх дæ!– Сери йæ цæссыгтæ асæрфта æмæ Мартайы цæсгоммæ ныдздзынæг. – Кæд фæзындтæ? Куыд ницы дын базыдтон.

– Ныр æртыккаг бон ам дæн.

Дыууæ лæппуйы Сериты каурæбынты сцæйцæугæ ауыдта Марта æмæ сдзырдта:

– Чындз, цом-ма, нæ мæ фæнды, исчитæ нæ уыной.

– Цом. Фароны род йæ мады дæйы, хъоммæ лидзы æмæ ам æрдузы баст вæййы.

Къутæрты æхсæнты ацыдысты.

– Дæ цæстытæ мæм ныуурс уыдаиккой, – загъта Сери, – Мæ быны бабырыдысты, нал мæ ныууагътой, цалынмæ уæртæ уыцы хæдзайраг нæ бадæн. Кæй дæм нæ фæцыдтæн, уый мæ мардта...

– Ме "фсымæр Ахæмбегæн та цы зæгъон! Цæмæн йæ коммæ бакастæн? Ам куы амардаин – мæ ингæны уæлхъус – иу уæддæр æрлæууыдаис.

– Уæдæ ныр æртыккаг бон? .. Цæмæй цæрыс? Сыдæй нæ мæлыс?

– Ницы хъуаг мæ уадзынц, фæлæ мæ хъуыры ænæ мæ чындз комдзаг нæ хизы.

– Нæ, нæ, Мана, дæ хъуыры хойраг уадз. Ныдздзæллаг уыдзынæ.

– Цард айдагъ къæбæры комдзæгтæй куы уаид... Цыдæр ахсджиагтæ дæр ма дзы хъæуы. Сыстын æнхъæл мын нал уыдысты. Хæрзаг загътой, мæнæ-мæнæ йæ цæст æрцъынд уыдзæн. Хуыцаумæ-иу скуывтон: «Цалынмæ мæм мæ чындз фæзына, æмæ йæ цæстыдзагæй фенон, уæдмæ мæ ма амар». Хуыцаумæ мæ ныхас фехъуысти, табу йын уæд! Мæ къахыл слæууыдтæн. Иугæр афтæ, уæд ма уым бæтгæйæ дæр куыд ныллæууыдаин...

–Омæ хорз, Мана, лæуу уал ам, хъæуы. Ныууайдзынæн дæм-иу.

– Цæмæн рацыдтæн ардæм, цæмæн фæтындзыдтон, уый куы зонис. Уым дæлсаппы, æвдадзы суары цур улæфджытæй иу ус диссаджы дæсны-фæрсæг, арвгæрон фæсвæдтæ уынаг, йæ фæрсæнтæ та цыкура-дуртæ уыдысты. Æркалдта мын сæ. Йæ фыны дæр мæ никуы федта, афтæмæй нæ бинонты царды бæлвырд бæрæг хабæрттæ æмæ æцæгтæ фæдзырдта. Афтæ "мæ афтæ, загшъта, дæ фырт Хадзырæт сæрсæфæны былтыл цæуæджы зынтæ бавзæрста, дунетæ федта, ныр йæ фæндаг хæдзармæ, хъæмæ амоны. Афтæ дæр ма йæ бамбæрстон: мах æм нæ дыууæ хæдзары куы æнхъæлмæ кæсæм, уæд йæ фæндаг цыбырдæр кæндзæн... – Æрлæууыди Марта. Сери дæр. Зæронд ыл йæ цæнгтæ æрбатыхта, уысмы бæрц алæууыди, уый фæстæ йæ зонгуытыл æрхауди, бынæй йæм уæлæмæ сивæзта йæ цæнгтæ. – Мæ чындз, мæ къона тавс мæ хæдзары рухс, мæрдтæм мæ нæ ауагътай. Цом нæ хæдзармæ! Дæ сæр кæмæ æнхъæлмæгæсгæйæ ныххалас, уый дæ, кæцæй ацыди, уыцы цары бын æрбайфа...

– Сыст, Мана. Ам нæм æркæсдзысты...

– Нагъ мын зæгъыс? Цæхгæр ныхас?

– Омæ, Мана, уый куыд сфидауид? Цы цæстом ма равдисин адæммæ? Сыст уæлæмæ, æрæмбырд ныл уыдзысты.

– Куыд тынг мæ уырныдта! Мæ коммæ бакæсдзынæ, ууыл куыд тынг æууæндыдтæн. – Систади Марта, иу æдзынæг уынд ма акодта Серийы цæстытæ æмæ æвронг, уазал хъæлæсæй загъта: – Ацу, ацу, кæд дæ æгæр ныуурæдтон. – Фæзылдта йæм йæ чъылдым, йæ кæлмæрзæны кæрон йе уæхскмæ сæппæрста æмæ ацыди.

Сери йæ фæстæ кæсгæйæ баззад: бынтон æртасыди Марта, ныггуыбыр и. Æрдæбон куынницы бафиппайдта. Нал æм ракасти, цал уыди, уал азы Мана – номæй кæй фæбуц кодта... Серийы цæссыгтæ уадысты, йæ сæрбæттæны кæронæй-иу сæ

асæрфта. Уæддæр-иу рустæм æрирвæзтысты ... Азымы йæхи дардта Сери: «Нæма мæ хъуыди уыцы ракъахдзæф. Æз æй хъуамæ бавæрдтаин йæ æнусон бынаты. Уæдмæ мæ размæлын нæ хъуыди уыцы хæдзарæй. « Хатыдта, кæуынæй йæ монгдæгтæ куы ссæуиккой, уый йæ кæй фæнды æмæ мысыди, зæрдæ кæмæй бауынгæг уа, Манайæ йе "хсæн рухс æмæ хъармæй цы уыди, уыдæттæ. Манайыл къæм кæмæй абада, ахæм агайæг æй куынæ фæуаид, зæгъгæ, дæр æм сдзырдта йæ зæрдæ. Сдзырдта йæм афтæ йæ зæрдæ æмæ æрбаймæсыди, Марусы йæ къах Манайы размæ кæй нæ хаста. Уæвгæ таиу æй куыд тынг фæндыди кæддæрæ-кæддæрмæ-иу цардæфхæрд æрыгон чызг йæ конд хъарм хойраджы хъæстæ куы фæуыдаид. Сери зыдта – се "хсæн исчи куы балæууа, Марта, уымæй тæрсгæйæ, Марусмæ рухсцæсгом никуы равдыста.

–Се–ри! Уæ, Се–ри!

Йæ мойы фыццаг бинойнаджы чызджы чызг æм кæй дзуры, уый базыдта Сери æмæ йæ агурæджы размæ атындзыдта, йæ цæссыгтæ сæрфгæ. Чысыл чызгмæ ахъæр кодта:

– Мæнæ дæн! Фæцæуын дæм!

– Чидæр дæ агуры – фехъусын ын кодта саби.

«Марусæй мæм æвзæр хабар... Мацы йыл æрцæуæд!» – хъуыдытыл фæци Сери. Знон Марус нæ фæзынди æмæ изæрæй Сери Асинетмæ ныууади. Бухар, дам, нал фæзынди, кæд æрцæуа, уæд дæм хабар кæндзынæн.

Серийы агуырдта Фаризæт, загъта:

– Марусы фæдзæхстмæ гæсгæ фæзындтæн.

– Дзæбæх, сæрæгас у?

– Дæ зæрдæ йæм ма "хсайæд. Куы дæ фенид, уый йæ фæнды. Дæ фадат амоны, уæд мемæ рацу. Æрмæст фæдисоны змæлд нагъ. Марусмæ цæуыс, уый куыд ничи бамбара.

– М' арт бауазал! Цыдæр мæ æмбæхсыс! – Серийы кæуын йæ былалгъыл абадти.

– Знон æй ардыгæй чи аласта, уыдонæй алыгъди, – Фаризæт гæххæтты гæбаз систа. – Кæсын зоныс?

– Ликбезы чысылтæ базыдтон...

Гæххæтты гæбаз æм авæрдта Фаризæт, æмæ йæ Сери бакасти:

«Улица Ком–ин–тер–на, дом...»

– Уыныс, йæхи фыст у. Марус дæм уым æнхъæлмæ кæсы. Æндæр исты æфсонæй дæхи ракур.

* * *

Фаризæты уаты бадтысты Забе, Сери æмæ Марус. Лæппу Серийæн дзырдта:

– Дæ хойы чызджы зæрды цы æрæфтыд, уый йæ зондæй арæзт цæуы. Марус ацы хæдзары кæртæй ацæудзæн лæппуйы дарæсты. Æхсæвыгон. Ды йæм æнхъæлмæ кæсдзынæ бæрæг ран. Алцæуыл дæр лæмбынæг ахъуыды хъæуы. Лæппу дын цы бавæййы, кæцæй фæзынд, кæм цæрдзæни, ардæм цæмæн фæзынд...

Забе æмбæрста, амæй размæ йын цард цы фæлтæрæнтæ арæзта, амæй фæстæмæ йæм уыдонæй ноджы карздæр фæлварæнтæ кæй æнхъæлмæ кæсы.

Рынчындоны йæ фæскомцæдисонтæн раздзогæй равзæрстой. Сæ кусджытæй иу чызг уырнæг разынд. Уый хъуамæ йæ куыстæй арвыст аиккой. Æмæ Забейæн райкомы загътой: «Ныффысс ын характеристикæ». Бацамыдтой йын, ахæм гæххæтты цытæ загъд хъуаммæ æрцæуа, – ома йе'мкусджытæм кæсы уазал ццæстæй, цыдæр агъуды бабырыди æмæ йæ æхсæнады цард ничердыгæй æндавы. Рæстæг ын радтой – гæххæтт уæдмæ хъуамæ цæттæ уа.

Забемæ уæд бахъардта, цард ын уæззау фæлварæнтæ кæй араздзæн. Уыцы чызг уырнджытæм бацыд, уый куынæма рахъæр, уæд æнувыд, агургæ æмæ æнæаргæ кусæгыл нымад цыди, æппæтæй æххæст советон адæймагыл. Иумæ сын-иу æхсæвы сменæйы кусгæ рауади æмæ иуахæсы Забейæн афтæ: «Цы хъуыдытæ мæм æрцæуы! Иу ранмæ æрæмбырд кæнин, былысчъил кæуыл байдайынц, фæуæсинаг чи у, ахæм зæрæдты, зилин сæм, нæ сæ бафæлмæцин.» Уæд ын йæ ныхстæм ницы уыйас йæ хъус æрдардта. Фæлæ райкомы секретармæ хъусгæйæ йæ зæрдыл æрбалæууыдысты æмæ йæм æнахуыр диссагау фæкастысты, сахадыдтой йыл, талынгыл рухс куыд сахада. Уый уæд Забейæн цард фæлварн арæзта æмæ ныхъхъуыды кодта, йæхицæн загъта: « Ныр сæ коммæ куы бакæсон, уæд та иннæ хатт дæр мæ къухæй искæуыл бандзардзысты. « Секретарæн загъта: «Куыд дохтыр, афтæ дзы æппæл æмæ æппæл. Æмæ, сымах цы хъæуы, ахæм характеристикæ йын нæ ныффысдзынæн».

Къуырийы фæстæ Забейы йæ ныры куыстмæ раивтой.

Марусы фарсласæджы ном Забейы тæссаг уавæры æвæрдта æмæ йæхи фарста: «Чи у, цы у, рагацау уыдæттæ куы зыдтаис, уæд йæ фарсмæ балæууыдаис?» Уæззау гуырысхоты ахæсты бахауди...

– Бирæ цыдæртæ бахынцын хъæуы, – дзырдта Забе.– Æрбахауы нæм æнæхæдзар, æвæгæсæг рынчынтæ. Ахæмттæ сæ цæргæйæ куы никæй фæхъæуынц, уæд ма мардæй... Гъе, уыдоны ныгæнджытимæ æз æмæ Фаризæт дзурдзыстæм. Æнæ документ, æнæ исты бæрæг марды ингæн...

Хабар æмдзæрæны чызджытыл сæмбæлдзæн, айхъуысдзæн институтыл Ингæн агурдзысты. Марусимæ чи царди. Хабар раздæр Биттайы хъустыл æрцæудзæн, уый фæстæ Бухары хъустыл. Бухар Серийы йæ куыст скæндзæн. Серийы ног хæдзарыл «ægъдау куы æруæз кæна...»

– Бухкрæй тынг тырсын, – сдзырдта Марус. – Нæ мæ уырны – истæуыл бауудæнда. Ингæн дæр басгардзæн. Ссардзæн ингæнкъахджыты...

Хъусæй абадти Забе. Уый дæр агайдтой уыцы зæрдæхсайæнтæ æмæ сдзырдта:

– Æмæ уæд куыд? Ахъуыды ма кæнæм?

– Нагъ, нал! – загъта Марус. – Нал хъуыды кæнын!

– Лæппуйы дзаумæттæ хъуамæ æгæр дæрдджын дæр ма уой, æгæр ног дæр, – дзырдта Забе. – Æндæр мæм зæгъинаг нал ис. Змæлын хъæуы рæвдз.

Забе уый фæстæ ацыди.

– Уæ, уынгæджы бон сыл акæна, дæ цардæй дын зындон чи сарæзта! – хæлбурцъгæнæгау сирвæзтысты Серийы риуæй карзæй-карздæр зæгъинæгтæ, масты дзæкъул æвдæлонгæнаг ælгъыстытæ ма дзы схаудаиккой ноджыдæр, фæлæ чызджы зæрдæ æгасæй ныддур уыдзн. – Марус, уæддæр ацы уынаффæ дæхи сæрæй райгуырд?

– Мæхи сæрызондæй...

– Аджих вæййын, цыма ацы – адæттæ фыны цæуынц. Забе, хæрзаг, загъта: мæнæй уый цы ныхъхъус. Хъуыстон æм æмæ хъуыдытыл фæдæн, цы кæнгæ нын у? Лæппуйы дарæстæй цыдæртæ хъæуы разындзæн, тæлкучкæйы ам горæты дæр алхæндзынæн... Бынат та дын Манайы цæгаты хохы.

– Марта дын зæгъдзæн: куы нал дæ хъæуын, уæд ма мын дæ хæстæджыты мlæ роны цы тъыссыс?

–Ахамбег ницы зæгъдзæн. Дохтыртæ дын хохаг суæрттæ амонынц, хохаг уæлдæф. Æндæр хос дын никуал ис.

Афтæ иу ныхас, иннæ ныхас æмæ, ацы хæдзары къæсæрæй суанг хохмæ сæ фæндаг цæстытыл уайын куы байдыдта, уæд Сери систади.

Уыдзæн мæ.

ТЕТЦОЙТИ ТАЙМУРАЗ: 80 АНЗИ

ТЕТЦОЙТИ Таймураз

МÆ ЗÆРДÆ — БУРДÆНТИ ÆРВАДÆ

* * *

Уарзун, нæуæг, æнæ 'сзагъд царди фæндтæ
Мæн ку райгъал кæнунцæ æхсæвæй,
Уарзæнттæ, сувæллæнттæ 'ма зæрæндтæ,
Изæдтæ ку фæуунцæ фунæйæй.

Уарзун æнцад мæйдари цъæх кæркуасæн,
Кæдзос æма зунд ирдгæнæг уæлдæф,
Æнæ 'стуф фунæй гъæуи нæуæг хуасæ,
Уазал æртæх æма фæткъуй муддæф.

Бæлæстæ фæххуссунцæ еци лæугæй,
Æз ба цирагъ сасодзун, кæддæрау,
Æма финсун мæ фæндтæ, кæугæ-кæугæй,
Цума дæн сонт, гъе кенæдта—æрра.

Уарзун, гъæуи райгъал уни агъоммæ
Ме 'ндзæвгæ ку ниффинсун мæ фæндон,
Æма мæмæ ку федзулуй комкоммæ,
Куд мæ нæуæг, мæ гъæугæ сувæллон.

Уой ма дуйне бустæги нæ фæззонуй,
Е ба мæнбæл бафтауй разæнгард,
Цума мин над ме 'дарддæрмæ байгонуй,
Æхе мæбæл, кизгау, ниттохуй цард.

Исун куддæр мæ меднимæр арази,
Мæ цийнæ фæннимæхсун, фиццаг хатт
Цæрдод «æвзаг» ка 'рбахæссуй йе 'рагъи,
Цума уæхæн хебæлхуæцгæ салдат.

* * *

Ку некæд фæууидтайнæ готони
Нæ дзæгъар хъоппæгъдзæстæ сурх гъог!
Цæстæбæл ку рагъазуй абони,
Уæддæр ма рауазал уй мæ тог.

Ци мæгур рацæуидæ ауæдзи,
Гъеуæдта æрхауидæ æваст;
Никкæуидæ Хуцаумæ, æвæдзи,
Никкæнидæ æ уæсмæ тухст уаст.

Ис-æй-цид æргъувидæ мæ фидæ.
Тухфудтæй ислæууидæ нæртон,
Æ фæстагдæр тухтæй рахуæцидæ,
Раласидæ туххæйти готон.

Фидæ дæр готонбæл еунæг къохæй
Æнхусæн æрмæст размæ хуæстæй.
Æ фæллад ин саста æ хъурдохæн,
Хед, тогау, æ уадæлттæй лæстæй.

Исхъæртидæ и хуми кæронмæ,
Фурæстонг, фурфæлладæй сонтау
Кæрдæгбал бахауидæ дæлгонмæ,
Пулеметæй хуфийнæгондау.

Нæуæгæй исистидæ, готони
Сиуæбæл нихкуæцидæ федар,
Æрдеуаги бæсти æ зинбони
Игъусидæ будури æ зар:

«Тох æнбесбæл нæ ниууадздзинан.
Мах не 'ности тогцъиртæн
Стонгдзинадæ ке ниссадздзинан
Багъæуагæдæр циртæн!

Алли зин дæр ниффæраздзинан
Аци стонгæй, æфхуæрдæй.
Нæуæг цард ба исараздзинан
Мах нæ тох æма зæрдæй!»

Отæ зардта рæстзæрдæ муддзæстæ,
'Ма фесавдæй æ царди хъурдох.
Цума ин фæрсаг кодта нæ бæстæ,
Отæ мæмæ кæсидæ æдзох.

Еци зар мæ иста æ уæлкъохтæ,
Лæвардта мин дессаги исон,
'Ма нæ бæстæ æд фæткæ, æд тохтæ
Æз мæ фиди цæсгони уидтон.

* * *

Сæлфунæг — цæлæмбуддæр æфсийнæ —
Арв нинбарзта хонхæй, къæдзæхæй
'Ма сæлфуй æ листæгдæр сарсинæй
Инсадæй листæгдæр æртæхæй.

Æргъæфсунцæ бæлæстæ фæскауæ,
Нæ цæуй си нæ мæргъти æскъодт.
Арв, цума сæнтсау мегъи фæскъауæ,
Къæйдорау мин ку 'лвасуй мæ од.

Фæгъгъæуй мæ гъеуоци рæстæги,
Дунгитæй куд фæддунд уй æнхъуæт,
Зундгин арв куд ниннæруй хæстæги,
Сахуарун куд райдайуй сæххæтт.

Фæффæндуй мæ, арв кæми ферттевуй,
Еци здухст мегъгин арви нигьгъæр,
Еци къæдзтæ æрцити цæхæр
Æнсувæртау мæ реумæ нилхъевун!

САХУАРУН

Дæ разæй дæ дунгитæ æсхуайгæ,
Къæдзтæ-мæдзтæ цæхæр æрцитæй
Гъунтъуз мегъти рæхуайгæ-рæхуайгæ,
Гъæугæрони фæззиндтæ цитæй.

Низзилдтай руги хæццæ хæмпæлтæ,
Низзуввутт сæ кодтай кумæдæр.
Цума ласис бæлæсти хъæппæлтæ,—
Усхъуммитæ схаттай сæ сифтæр.

Арвидзаг бæзхъурæй ку ниннæрдтæ,
Дæ дæс мин дзармадзаней хъурæй,
Уæд, цума, батудтай гъæумæ дуæрттæ —
Гъæунгтæбæл батахтæ гулфæй.

Дзæхæрамæ уæлкаутæ 'рбауадтæ,
Гъосинтæй æргæпп кодтай рæуæг,
Тургъи астæу скафтай бæгъæнвадæй,
Исæрдзæф дин кодта тæдзунæг.

Ку нæ дин нæ тæрсинæ фегадæй,
Уæд ци-фæнди биццеуæй хуæздæр
Бæгъæнсарæй æма бæгъæнвадæй
Искафинæ дæ хæццæ æз дæр!

Нæ бæлæстæ фурцийнæй кæунцæ
Дæ фæлмæн æхсицгон сæх-сæхæй,
Коммæгæс цæмæдесæй лæуунцæ,
Нæ халсартæ нæрсунцæ цъæхæй,

Зæнхæ дæр, омæл арвау, фестадæй
Дæ фæлмæн сузгъæрини сæх-сæх;
Дæ кæдзос ирд уæлдæфæй, ме 'рвадæ,
Æнхъуæт цард нæ гъæубæстæй æхсæ!

Басастай сухæ зæнхæн йе 'донуг,
Идæрдтæмæ рахснадтай фалдзос,
Фал, дæ тагъд фæззиндау æй æнбойни
Дæ райевгъуд æма дæ фæгъгъос.

Кæмæ бæлдтæн, фал ка нæ бабадтæй
Мæ фингæбæл, мæ еци æрдхуард
Раст цума мæ колдуарæй раздахтæй,—
Æз кæсун дæ фæстети æнкъард.

Стæ-ма цы фыссынц мæ хæлар поэттæ...

Мæскуыйы Литературон институты фæлварæнтæм цæттæгæнгæйæ Таймураз йæ лымæн Борис Палкинимæ. 1952 аз, Переделкино.

* * *

Фæнди къæвда, фæнди æнхъуæт,
Фæнди мæ дунгæ кæнæд хъан,
Æз æрмæст размæ цæун, уæд
Æрмæст зæрдесгæ мæ нисан.

Нæ, нæ не 'суодзæнæн цагъар
Листæг гъудтæгтæ 'ма фæткæн!
Фингæ, хæдзари адгин гъар
Нæбал раздахдзæнæнцæ мæн.

Зинбæл байифтон æз æнцон,
Бийнонти цардбæл — цæугæ цард,
Фæнди уæхерити мæцон,
Фæнди фæууон идарди мард.

Нæ дæн бæласæй тунд сифтæр,
Мегъи фæскъауæ дæр нæ дæн;
Æз дæн ме 'сонмæ æхст цæхæр
Мæ дзилли нифс æма зæрдæн!

Мæ над ци-фæнди зин фæууæд.
Хонхау лæгæрдгæ'й цæудзæнæн!
Æрмæст нисан! Нисан мин уæд!
Æнæ нисан нæййес цæрæн!

* * *

Мæ рæстдзæрдæ æууæнкæдзинадæ,
Цъæх арвау, алкæмæн æй игон.
Æй арвау æ комкоммæ цийнадæ,
Æ ци-фæнди рист дæр æй æргон.

Ка мæ уарзта æма ка нæ уарзта,—
Цæстуарзон еугурей дæр худта.
Мæ катаймæ æма сæ мæ мастмæ
Æрдхуæрдтау мæ зæрдæмæ худта.

Зундæй мæн æхсистонцæ еуетæ,
Авинстонцæ стур балций нифсæй.
Раст цума мæ уарзтонцæ дуйнетæ,
Раст уоййау мин мæ цард дæр иссæй.

Мæ зæрдæмæ иннетæ цудæнцæ
Цъифæ къæхтæй æма лæкъæрдæй.
Зæрдибунæй ме рхаудбæл худтæнцæ,
'Ма кудтæнцæ ме 'стахтбæл зæрдæй.

Кæдзосæй сауæдонау байзадæй
Гъеуæддæр мæ комкоммæ æргон,
Цъæх арвау алкæмæн дæр игон
Мæ цæстуарзон æууæнкæдзинадæ.

* * *

Цума тоггини хили фæдбæл
Мæнæй ме 'рдхуарди фæххецæн,
Хатгай, æндæр лæгау, рæстæгмæ
Æз райеуварс ун мæхецæй.

Цума нимæхсгæ гадзирахат
Мæхе кæдзос бæлдæн исун,
Уоййау мæ еци гацци сахат
Фæрсæй мæхемæ фæккæсун.

Уæд ми нихмæвæрд дууæ зунди
'Ма дууæ лæги фæццæруй;
Сæ еу æ кард цæвуй мæ сунти,
Иннæ мæ фарсмæ фæццæуй.

Сæ еу фестауй мæ финститæ,
Иннæ сæ артмæ фæххæссуй.
Фал æрискъетун мæ риститæй,
Хор мæ зæрдæмæ никкæсуй.

Уинун райдайун мæ рохс федæн,
Мæ нифс мæ ристи нигæнуй,
Фал, еунæг уогæй, дууæ ке дæн,
Гъе ми æруагæс нæ кæнуй.

* * *

0, мæ зæрдæ, бурдæнти æрвадæ,
Мæ фæтæг лæг æма мæ дзæгъæл!
Бауарзтон æз ме 'намонддзинадæ,
Мæ бæстау стур амонди æнгъæл.

Фиццаг хатт хумæ 'хсæдгæй, фендзастан,
'Ма, цума уой агъонмæ нимæхст
Мард адтæн, уой фæсте ба райгас дæн,
Мæхе отæ бангъалдтон æрмæст.

Искодта мæ бæрзондмæ тæхагæ,
Нартæй дæр æнбесонддæр зæрдгин,
Нартæй дæр нигги растдæр зæгъагæ,
Нартæй дæр цæмæдесдæр цæстгин.

Нæ уарзта мæ, уæд ма мин ци 'фсарæй,
Равардта æ тæтон лæвæрдæй
Хуарз кæнунмæ дессаги стур хъарæ,
Царди тохтæн — бухсагæ зæрдæ!

Цæй Мадоннæ æмæ цæй Джульеттæ?
Цæй æндæр сфæлдистади муггаг!
Нæ, нæма фæууидтонцæ дуйнетæ
Гъе уæхæн рæсугъд кизгæ дуккаг.

Лæгмæ цудæй, уæддæр фæууидтон æй.
Мæнмæ кастæй æ хизи бунæй.
Нæ зонун, фал конд адтæй, кай зонуй,
Хор æма гъар мæйрохси тунтæй.

Куд сурдтайнæ ме 'знаги мæ мæстæй,
Æ фæсте куд тахтайнæ, куд маргъ?—
Фæххаста мæ мæсугæй мæ гæрзтæ,
Фæттардта мæ саулохи æд саргъ!

Ниууагъта мин изæди æфсарæ,
Лæги нифс, рæстбæл тохбæл æрхун,
' М а нура еунæгæй, пахампарау,
Мæ мæсуги æнцойнæ лæуун.

Гъе уæддæр æд федар сонтдзийнадæ
Æз кæсун æ фæззиндмæ æнгъæл...
0, мæ зæрдæ, бурдæнти æрвадæ,
Мæ финдздзæуæг æма мæ дзæгъæл!

ЕУ ПОЭТМÆ

Де 'ндзæвгитæ
кизгуттæ ку адтайуонцæ —
се 'носи
сæ тъæрæбæл фæббадтайуонцæ!

* * *

Тунтау мæ кæнунцæ хъуритæ,
тунтау мæ тавунцæ фæлмæн,
игъал ми кæнунцæ гъудитæ
де 'мбаргæ цæститæ. Цæмæн?

Ку 'рцæуис хатгай мæ фалдзости, —
гæзæмæ гъе отæ бæлвурд
рæсугъд расурх унцæ дæ ростæ,
дæ хъури фæббадуй дæ дзурд.

Хатгай сæ æндæрмæ не 'сесгæй,
мæнбæл æртухсунцæ фæлмæн,
цума къæбæлдзугсæр, зæрдесгæ,
рæсугьд сау биццеу дæн дæуæн.

Цума дæн де 'сон æдæуагæ,
æма мæ гъе отæ рæстæй
уинис зæрдæдзурд дæр уинагæ
кæронмæ æууæнки цæстæй.

Фейрайуй мæ тог йеци фицгæй, —
цума нецибал лæдæрун,
æма мæ æхсицгæ, æхсицгæ
дæуæн æрфæндæуй цæрун.

Фестадтæ мæ май ' ма мæ сæрдæ,
идзулд хорискасти сæудар. —
Цума æй мæ зæрди дæ зæрдæ,
ду ба — æд æфсæрмæ — фæсдуар.

БÆРЗÆ

Хор æй фæййарауй, думгитæ нæмунцæ:
ехæй æ дзæгæрæг, æ сифтæ 'ркæлунцæ,
арви ниггæрæхтæ æма ниццæфæй
æй е æнæйергъæв, уæхæн идæф æй.

Зумæги думгитæй, соцъа фудуазалтæй,
бурдæнти нинниуди гъизгæ фудадзалтæй,
зæнхæй æд уедæгтæ стундæй и бæрзæн
нæййес æрнимæхсæн æма æмбæрзæн.

Фæтки нидздзæхститæ æма фæгъгъизтитæй,
цъифкали фудхахур, соцъай æлгъиститæй
ку дæн æнæйергъæв æз дæр бæласау.
Поэти зин фæткæ, дон дæ фæлласа!

МÆСТГУН

Хуæрдæ хъазар, хъæппæл — хъазар.
Уонæй хъазардæр ба — ниуæзтæ.
Ædта кумæ цæуис, мæ бæстæ,—
ку мæ бауилдта дæ азар.

Хъазар — хæдзарæ исамайун,
хъазар — фæндон цæрун фæрнæй,
хъазар — лимæни банимайун,
лæг ба къапеки аргъ дæр нæ 'й.

Лæгæн кæми нæййес мæрддзæстæ
цъасæ къапеки кадæ дæр,
уоми нæййес мин фидибæстæ,
нæййес нийерæг адæм дæр.

МАДÆМÆ

Кæддæр æд цийнæ 'ма катай
къæвда æма мæйрохс изæрти
дæ зæрди буни мæн хастай.
Нур ба дæ æз хæссун мæ зæрди.

ХЪАЙТТАТЫ Сергей

МИН ТÆРХЪУСЫ ФЫЙЙАУ

Адæмон аргъаумæ гæсгæ

Раджы уыди уый, тынг раджы, мæнæ ма ирон адæм алантæ куы хуындысты, ирон хъæутæ тæтæры æфсæдтæй куы фервæзтысты, уæд. Бирæ фыдмитæ фæкодтой тæтæры æфсæдтæ ирон адæмæн. Стыгътой, мардтой. Бирæты акодтой семæ уацары-амынæты. Хъæуты дур-дурыл нал ныууагътой. Цæрджытæ бацарæфтыд сты. Цы фыййауы кой ракæнынмæ хъавын, уый хуынди Хъасай... Бæрзонд, хæрзконд лæппу, саджы фисынтыл амад кæмæй фæзæгъынц, ахæм... Уый дæр бахауди уацары. Бирæ тухæнтæ бавзæрста, фæлæ йæ къухы ралидзын бафтыд, раирвæзт. Æххормаг, мæллæг, йæ уæлæ — бызгъуыртæ, афтæмæй фæстæмæ æрбаздæхт сæхионтæм. Хъæуи-хъæу зилы. Йе уæхскыл — пæлæзæй конд хызын. Адæм хорз сты. Йæ хызыны фæзынд æхсыры чысыл дурын, кæрдзыны цыппæрæм хай æмæ иу æвзист сом — уый фæндагыл ссардта. Хæринæгтæм нæма æвнæлдта, фæстауæрц кодта. Тар хъæдты, тыгъд быдырты, кæмтты — йæ балц...

Уалынмæ кæсы æмæ уыны: бæласы ауунæй комкоммæ йæ размæ æрбацæуы урсзачъе зæронд лæг.

— Æгас цæуай, бæлццон! — зæгъы лæг.

— Дæ фæндаг раст! — дзуапп ын радта Хъасай.

— Лæггаг, иу кæрдзыны къæбæр дæм цы уа? Авæр мын, фырæххормагæй мæ къæхтæ мæ быны нал цæуынц.

Лæппу систа йæ фæстаг кæрдзыны къæртт:

— Айс, нæ фыды хай, ахæр.

Зæронд лæг тынг бацин кодта. Райста йæ иу къухæй кæрдзын, иннæ къухæй йæ дæлармæй сласта уадындз æмæ йæм æй дæтты:

— Ды та, сахъгуырд, ацы лæвар айс. Чи зоны, искуы дæ бахъæуа.

Фæйнæрдæм ацыдысты.

Хъасай цалдæр къахдзæфы акодта, стæй ракасти фæстæмæ. Фæлæ зæронд цыдæр æрбаци. Йæ кой, йæ хъæр дæр нал и.

Хъасай дисы аныгъуылд æмæ дарддæр йæ цыды кой кодта. Хъæдæй тыгъд быдырмæ рахызт.

Зæхх — скъуыдтæ. Иунæг тихалæг дзы нæй. Бæстæ — æдзæрæг.

Бæлццон стайын байдыдта: «Хорз уаид иучысыл баулæфын, æхсыр ахуыппытæ кæнын».

Кæм æрбадон, зæгъгæ, куыддæр фæйнæрдæм акаст, афтæ йæ сæрмæ æваст гуыв-гуыв ссыди... Зилгæ дымгæ сыстади. Рыг æмæ змис йæ сæрыл систа. Зæххæй арвмæ фæцыд, æмæ дуне саудалынг аци. Стæй дымгæ æвиппайды фæсабыр. Рыг æмæ змис фæстæмæ зæххыл æрбадтысты. Бон та ныйирд.

Гъа ныр араст уон, куыд загъта Хъасай, афтæ кæсы, æмæ йæм иу цавæрдæр зæронд лæг комкоммæ æрбацæуы. Хъæды цы лæгыл амбæлд, уымæй ноджы зæронддæр.

— Лæггаг, — дзуры йæм зæронд, — дон... Сæфын... Иу хуыпп. Дон мын авæр, мæ уд схауы.

Хъасай йæ къæбут аныхта. Цы гæнæн и? Тæригъæд у зæронд... Систа дурын. Райхæлдта йын йæ хъисбыд ком æмæ йæ зæрондмæ дæтты:

— Айс, нæ фыдыхай...

Бацин кодта зæронд. Дурын йæ былтæм схаста æмæ йæ бындзарæй баныэта.

Зæронды цинмæ Хъасай дæр йæ мидбылты бахудт...

— Аирвæзын мæ кодтай, сахъгуырд... фæлæ... цæмæй дын бафидон дæ хорзракæнд та? Мæгуыр дæн.

— Ницы хъæуы...

— Нæ, афтæ нæ вæййы. Мæнæ мæ фæсрон — ехс. Уый уæд та айс. Чи зоны, искуы дæ бахъæуа.

Ног та кæцæйдæр дымгæ фæзынди, футтытæ кæны... Куыд æваст сыстад, афтæ ærбайсæфти.

Кæсы Хъасай — зæронд лæг цыдæр ærбаци. Бадис кодта æмæ та йæ фæндаг дарддæр дары. Хъуыды кæны: «Цыфæндыйæ дæр бацархайын хъæуы рухсæй ацы хъизæмары тыгъд быдырæй ахизын, исты бахæрын, æхсæвиуаты кой бакæнын».

Иу рæстæджы цавæрдæр фæндагмæ рахæццæ. Зæрдæ райы: «Рæхджы та адæмимæ фембæлдзынæн... Иумæ та баддзыстæм артдзæсты фарсмæ. Чи зоны, дзаг фынджы уæлхъус».

Уалынмæ уыны ныв: фæндаггæрон иу пæлæхсар бæласы бын хъуына къуындзихыл бады, бынтон чи базæронд, ахæм урс-зачъе лæг æмæ кæуы.

— Цы дыл ærцыд уагæры, нæ фыдыхай, сывæллонау куы кæуыс?

— Хуыцауы сконд фæндаггон, — ныууынæргъыдта лæг, — стыр æнамонд хабар мыл ærцыди. Мæ фырт сахары тохъхъыл ауæй кодта æвзист сомыл. Æхца мæнмæ радта, загъта: «Ахæсс æй нæхимæ, ма дын фесæфæд»...

Зæронд лæг тынгдæр ныккуыдта: — Фесæфт мын! Бабын стæм! Лæппу йæ бинойнагæн коммæгæс у. Уый та — сау хæйрæг. Федде мæ кæндзысты... Цы ма фæуыдзынæн?

«Ахæм фырт æмæ чындзимæ æз лæгæй-лæгмæ аныхас кæнин», — зæгъы хинымæры Хъасай.

— Ма тыхс, нæ фыдыхай! Дæ фырт æмæ дæ чындз, ноджы се 'взист сом дæ иу цæссыджы йаргъ не сты. — Уыцы ныхæстимæ лæппу йæ иунæг сом систа æмæ йæ зæронды мæллæг армытъæпæны нывæрдта:

— Айс, нæ фыдыхай...

Зæронд лæг фырцинæй Хъасайы уæрджытыл ныттыхст, йæ къух ын йæ былтæм схаста, арфæ йын кæны. Стæй йæм йæ лæдзæг радта:

— Ацы лæдзæг мæ номыл фæдар.

— Уый та куыд? Зæронд лæг æнæ лæдзæгæй?

— Уæзы хос мын у... Дæ хорзæхæй, мæ лæварыл барвæсс.

Нæ фæндыд Хъасайы зæронды зæрдæхудты бацæуын. Райста лæдзæг. Кæрæдзийæн хæрзбон загътой.

Лæппу цалдæр санчъехы куы акодта, уæд фæстæмæ фæкаст, æмæ зæронд лæг — уым нал.

Хъасай ærбахæццæ иу хъæумæ. Цæуы уынгты. Кæсы: кæй

дуар, кæй рудзынг дзы бахостæуа?.. Мæнæ ацы бæрзонд хæдзар? Хæрзæфснайд кæрт, уынг йæ разы — сыгъдæгмарзт. Бур змис тыд рудзгуыты бын. Сæ комкоммæ алыхуызон дидинджытæ сагъд. Кулдуары уæлкъæсæр рæсугъд хъулон гæды бады, йæ рахиз къахæй цæсгом æхсы.

Хъасай кулдуар бахоста. Гæды агæпп ласта, мидæмæ балыгъди. Хъасай æцæгæйдæр хорз адæммæ бахауди. Сбуц, суазæг æй кодтой... Райсомæй бузныг загъта йæ фысымтæн. Сæвæрдтой йын йемæ фæндаггæттæ дæр...

Бирæ фæцыдаид, æви чысыл?.. Иу рæстæджы фæхæццæ йæ райгуырæн хъæумæ... Кæсы: ног хæдзæрттæ, ног адæм. Зæронд хъæуæй тæтæры ныббырсты фæстæ дур дурыл нал баззади. Раздæры цæрджытæ цагъды фесты. Хъасай хъуыдыты аныгъуылди: «Кæдæм бацыдæуа куыстмæ? Хи истæмæйты дарын хъæуы, табу Хуыцауæн — уæнгхъуаг нæ дæн». Сфæнд кодта æлдары хъæумæ фæцæуын. Йæ хъустыл æрцыд, уым, дам, хъæуы фыййау.

Æлдары хъæуы галуаны раз æрлæууыди. Бауагътой йæ гом кулдуары мидæмæ, кæртмæ, йæ цыды сæр циу, уый куы загъта, уæд. Æлдар йæхæдæг рацыд йæ размæ æмæ йын афтæ зæгъы:

— Мæн дзырдæй ахæм фыййау хъæуы, æмæ мын мæ мин тæрхъусмæ йæ цæст чи дара, хизгæ сæ чи кæна, стæй хъахъхъæнгæ дæр. Иунæг тæрхъус дæр дзы куыд нæ фесæфа, афтæ. Хизын сæ хъæуы мæй. Кæд уыцы рæстæджы тæрхъусты дзугæй иунæг дæр нæ фæхъæуа, æмæ мын уый фæстæ æнæхъæн голладжы дзаг йæ бон аргъæуттæ радзурын бауа, уæд ахæм фыййауæн ратдзынæн мæ чызджы æмæ дæс хъæуы йемæ — чындзаджы лæвар. Фæлæ уыцы дзырдгонд рæстæг мин тæрхъусæй иунæг дæр куы алидза, уæд хъуамæ фыййау цæргæцæрæнбонты мæнмæ цагъайрагæй фæкуса. Ахъуыды кæн. Дзуапмæ æнхъæлмæ кæсын тæккæ абон, сихæрттыл.

Хъасай акуывта сæрæй æлдарæн æмæ уынгмæ хъуыдытæгæнгæ рацыд. Уайтагъд цымыдис адæм йæ алфамбылай амбырд сты. Æппæтдæр сын радзырдта Хъасай, ницы басусæг кодта.

Амонынц ын быдыртæм, цагъайрæгты хъизæмар куыстмæ. Иутæ дуртæ фæлдахынц, сæ уæлхъус æд ехс цæстдарджытæ. Аннæтæ, сæ сурхид калгæ, зæхх къахынц.

Акасти Хъасай, кæдæм ын амыдтой, уырдæм... Хъуыдытæ

кæны: «Ænæхъæн голлаг аргъæуттæ радзурын мæ бон бауыдзæн... Бирæ фехъуыстон уал азы уацары, æртыты уæлхъус бадгæйæ. Фæлæ уыцы тæрхъустимæ... Чи зоны, сарæхсон...»

Адæмæн та загъта:

— Сымах раст стут... фæлæ уæддæр бафæлварон.

Бацыд ælдармæ:

— Цытджын ælдар, разы дæн, — фидарæй зæгъы Хъасай.

Цин кæны йæхинымæр ælдар: «Мæ лæвар кусджытыл ма иу бафтыд. Искуыдæр ма мин тæрхъусы бахъахъхъæдæуыди быдыры хизгæйæ?»

— Цæугæ хæлцдонмæ, — амоны йын ælдар, — цыдæриддæр дæ зæрдæ зæгъы, уыдонæй дæхи хорз фен.

Бафæдзæхста цæстдарæгæн дæр: мацæуыл бацауæрд!

Фæсхæрд цæстдарæг тæрхъусдон байгом кæнын кодта. Мин тæрхъусы — гæпп-гæпп... æмæ кæрт айдзаг.

Адæм æдде дисгæнгæ кæсынц. Иутæ тыхсынц Хъасайыл, тæригъæд ын кæнынц: «Ныр сын цы кæндзæн?» Аннæтæ: «Афтæ йын хъуыд æдылыйæн, цæмæн сразы, нæ йын дзырдтам?»

Хъуыды кæны Хъасай: «Иугæр фыййау сдæн, уæд мæ цæгъдын хъæуы фыййауы уадындзæй». Систа йæ хызынæй, фыццаг зæронд лæг ын кæй радта, уыцы уадындз æмæ дзы æрцагъта... Æмæ — диссаг! Кæрты цы тæрхъустæ апырх, уыдон уайтагъд фæстæмæ фездæхтысты цыппæргæйттæ æмæ, мæнæ цыма хæстон балцмæ цæттæ сты, уыйау æмраст алæууыдысты арастæввонг.

Хъасай, зына-нæзына мидбыл бахудти, фыццаг зæронд лæг йæ цæстытыл ауад. Рараст гом кулдуармæ, хидмæ, стæй та хизæнуатырдæм. Тæрхъустæ йæ фæдыл рæнхъгай гæппытæ кæнынц, сæ цыппæргæйттæй цыд нæ халынц... Адæм лæууынц, фырдисæй сæм хæлиудзыхæй кæсынц. Цæстдарæгæн дæр фырдисæй йæ дæллаг æфсæр æрзæбул. Цавддурау лæууы. Цæстытæ ælдары агурынц, фæлæ уый нæ зыны...

Схæццæ Хъасай хизæнуатмæ йæ тæрхъустимæ. «Дзæбæхæй сæ схæццæ кодтон, — хъуыды кæны, — цы бачындæуа, ныр цæмæй ам хизгæйæ ма ныппырх уой æмæ ма фæлидзой фæйнæрдæм?» Фыййау йæ лæдзæг бæстастæу ныссагъта. Уый уыдис, æртыккаг зæронд лæг ын цы лæдзæг радта, уый. Æмæ та мæнæ ног диссаг. Тæрхъустæ лæдзæджы алфамбылай амбырд сты, фæйнæрдæм нæ лидзынц, сæхицæн æнцад хизынц,

ævзаргæ кæрдæг мерс кæнынц. Хъасай æндæр ран лæдзæг нытътыссы, æмæ та тæрхъустæ дæр афтæ, уым йæ алыварс амбырд вæййынц, хизынц.

Иу рæстæджы хизæнуаты сæрты хъæдырдыгæй ратахти цалдæр халоны, хъуахъхъуахъгæнгæ. Æртæ чысыл тæрхъусы фæтарстысты æмæ иуварс алыгъдысты.

— Ей, чысыл тæрхъустæ! — дзуры сæм Хъасай. — Ма тæрсут! Тæрхъусты дзугмæ згъоргæ кæнут!

Фæлæ тæрхъустæ уыцы ныхас мурмæ дæр не 'рдардтой.

— Тагъд фæстæмæ! — ехсæй ныцъцъыкк ласта лæппу.

Тæрхъустæ уайсахат фездæхтысты æмæ иннæты 'хсæн скуыси сты.

Уыцы бон цæстдарæг тæрхъусты нымайы. Иууылдæр сæрæгас. Дыккаг бон дæр — афтæ. Æртыккаг æмæ цыппæрæм бон дæр. Иу дæр дзы нæ фесæфт...

Æрыздæхт уæдмæ ælдар дæр. Цæстдарæг ын хабæрттæ фæдзырдта. Ælдары тас бацыд: «Ау, ацы гæвзыкк ме сиахс бауыдзæни? Мæ буцхаст чызджы фыййауæн дæттæ æрцæудзæни? Ноджы дæс хъæуы?»

Хизы иннæ бон хизæнуаты йæ тæрхъустæ Хъасай. Уалынмæ кæсы, æмæ йæм галуанырдыгæй цыдæр æрбаввахс кæны. Боцкъайы хуызæн стæвдтæ, раст цыма бæласы къуындзих-бындзæфхадыл къæхтæ базад...

«Чи уа уый?» — хъуыды кæны лæг. Кæд разынди ælдары хæринаггæнæг. Сылгоймаг тыхстæй дзуры Хъасаймæ:

— Мæ зынаргъ фыййау, фервæзын мæ кæн! Нæ кадджын ælдарæн тæрхъусы фыдæй физонæг кодтон, æмæ мын басыгъди, сау æвзалы сси. Мæгуыры бон мыл акодта. Æппæты фæстаг уыди уый, кæй æрцахстон, уыдонæй. Атæрдзæни мæ, фидгæ дæр мын ницыуал бакæндзæни, цы фæуыдзынæн? Æз дæ мад, дæ фыды уазæг, иу тæрхъус мын рауæй кæн. Ног физонæг ын скæнон... — Æмæ фыййауы къухы æвзист æхца садзы.

Ахъуыды кодта Хъасай: «Æвæццæгæн, мын барæй афтæ кæнынц. Цæмæй тæрхъусты дзугæй фæхъæуа»... Фæлæ зæгъы:

— Айс де 'хца фæстæмæ. Тæрхъус ауæй кæнын мæ бон нæу. Мæн не сты. Фæлæ дын лæвар ратдзынæн. Ды та мын уый тыххæй балæггад кæн — акаф, бахъæлдзæг мæ кæн. Науæд мын ам, хизæнуаты, бон-сауизæрмæ иунæгæй æнкъард у.

Сылгоймаг цинæй амард, йе 'лдары фæдзæхст сæххæст кæнын афтæ æнцонæй йæ къухы кæй бафтыд, ууыл. Кафы.

Пуртийау хæрдмæ хауы, куы сгæллад дæллаггуыры фæдджийыл схæцы. Зæнгтæ — худтауæн къуыдыртау æмдымбыл æмæ цыбыр. Хъасай мидбыл худы, дзуры:

— Æгъгъæд фæуæд. Бафæлладтæ.

Фыццагдæр йæ разы чи фæци, уыцы тæрхъус рацахста æмæ йæм æй дætты. Уый йæ йæ раздарæны атыхта æмæ цингæнгæ ælдары галуанырдæм атындзыдта.

Сылгоймаг хидмæ куы фæцæйхæццæ кодта, уæд Хъасай йæ диссаджы ехс æрдзæхст ласта. Тæрхъус хæринаггæнæджы раздарæнæй аселф ласта æмæ фæстæмæ дзуджы балæууыди.

Рацыди цалдæр боны. Рараст хизæнуатмæ ælдары чызг йæхæдæг. Хуымætæджы хъæуккаг чызджы дарæс ыл. Дæрдджын цыбырдыс къаба, йæ хъуырыл хъæдын фæрдгуытæ, йæ дзыккутыл дидинджыты бастæй худгонд, йæ къухы чыргъæд. Бацыди, Хъасай цы къуыппыл бадт, уырдæм. Лæппу сыстад, салам радта. Чызг æм бахудт:

— Сыхаг хъæуккаг чызг дæн, сыл тæрхъус балхæнынмæ дæм æрбацыдтæн. Алы аз дæр мæ фыды аргъуанмæ дыууадæс тæрхъусы дæттын хъæуы. Нæл тæрхъус нæм ис... Сыл тæрхъус ма нæ хъæуы.

Бамбæрста Хъасай, хинæй та йыл кæй цыдæуы, уый. Загъта:

— Æз ахæм саурæсугъдæн тæрхъус уæй нæ акæндзынæн, фæлæ йын ратдзынæн, йæ зæрдæмæ дзы кæцы фæцæуа, уый.

Ацахста Хъасай сыл тæрхъус æмæ йæ чызджы чыргъæды нывæрдта.

Чызг чыргъæд гарузæй нымбæрзта æмæ хъæумæ цæуæгау фæраст. Куыддæр фыццаг хъæдын бырумæ бахæццæ, афтæ ælдары хъæуырдæм фæзылди. Хъасай йæ фæдыл каст æмæ куы федта чызджы галуаны кулдуармæ базилгæ, уæд ехс ныцъцъыкк кодта. Тæрхъус — гæпп æмæ схъиуд тахтæй фæстæмæ хизæнуатмæ схæццæ, дзуджы смидæг.

Хъуыды кæны ногæй ælдар: «Ныр æм мæхæдæг фæцæудзынæн. Мæнæй никуыдæм алидздзæн тæрхъус». Скодта зæронд цухъхъа æмæ куырæт, йæ астæуыл бæндæны скъуыддзагæй ронгонд æрбабаста. Ракодта скъæтæй, йæ фæрсчытæ кæмæн бахаудысты, ахæм мæллæг бæх, саргъы бæсты йыл зыгуымы голлаг сæвæрдта, сбадт ыл æмæ араст йæ тæрхъусты хизæнуатмæ. Хъасайимæ кæрæдзийæн уæздан салам загътой. Ælдар мæгуырхуызæй зæгъы:

— Хорз лæг, иу тæрхъус мын асламæй рауæй кæн. Фæнды

мæ иунæг хатт уæд та тæрхъусы фыдæй физонæг бахæрын...

Хъасай базыдта ælдары, фæлæ йæхи афтæ дары, цыма йæ нæ зоны.

— Ау, куыд хъуамæ райсон æз дæуæй æхца? Мæгуырты мæгуырдæр куы дæ! Ратдзынæн дын тæрхъус, фæлæ мын уыйхыгъд хъуамæ иу хъуыддаг саразай.

Сараздзынæн, зæгъгæ, загъта ælдар.

— Дæлæ уыцы дамкъайы уыныс? — дзуры Хъасай.

— Уынын.

— Гъе уæдæ базгъор æмæ йын æртæ хатты йæ фындзæн аба кæн.

Ælдар мæсты кæны: »Акæс-ма ацы гæвзыкмæ, йæхицæй исты æнхъæл у!» Фæлæ йын хуыздæр гæнæн нæ уыди.

Басидтис ælдар куыдзмæ, æмæ йæм уый æрлæууыд. Ælдар æм æргуыбыр кодта æмæ йын йæ фындзæн æртæ хатты аба кодта.

Рацахста Хъасай тæрхъус æмæ йæ ælдарæн радта. Уый йын йæ хъустæ æмæ йæ бæрзæйыл фидар ныххæцыди. Йæ бæхыл сбадт æмæ хъæуырдæм араст. Хидмæ куыд фæцæйхæццæ кодта, афтæ Хъасай ехс ныцъцъыкк кодта. Тæрхъусмæ ахæм æнахуыр хъару февзæрд, æмæ йæхи атыдта, фæстæмæ хизæнуатмæ ныййарц. Цæстыфæныкъуылдмæ йе 'мбæлтты астæу балæууыди.

Уæдмæ дзырдгонд æмгъуыд дæр ахицæн. Цæстдарæг ælдарæн фехъусын кодта:

— Иунæг тæрхъус дæр фыййауæй нæ алыгъд.

Цы гæнæн ма уыд ælдарæн? Йæ зонгæ бонджынты æд устытæ æмæ æд чызджытæ æрхуыдта. Базыдта уыцы хабар Хъасай дæр. Бацыди галуаны цæстдарæгмæ æмæ зæгъы:

— Хорз хицау, дæ хорзæхæй, зæгъ æмæ мын ælдары æвæрæнтæй исты дзаумæттæ радтой, уæлæдарæсæн...

Радтой Хъасайæн дарæс. Цухъхъа, худ, куырæт,æвзист рон, зæнгбæттæнтæ, хæдбынтæ...

Уазджытæ хæрæндоны дзаг фынгты раз бадынц. Хъазæн ныхæстæ кæнынц, нуазынц, хæрынц, худынц...

Æрбацæуы Хъасай. Саджы фисынтыл амад. Адæм æм дисгæнгæ кæсынц.

Слæууыд амынд ран Хъасай... Йæ разы йын бур голлаг хъæдын къæхтыл æрцауыгътой, йæ ком ын фæйнæрдæм нытгъгътой.

Хъасай райдыдта дзурын... Иу таурæгъ иннæмæй диссагдæр, иу аргъау иннæмæй цымыдисагдæр... Адæм æм хъусынæй нал æмæ нал æфсæстысты. Дзуры сахат, дзуры фылдæр...

Фæстагмæ Хъасай афтæ:

— Æгъгъæд фæуæд тæссаг хабæрттæн, ныр та уын хъæлдзæгдæр хабæрттæ ракæнон... Бадын иухатт хизæнуаты, мæ мин тæрхъусы хизын. Æрбацыди мæм иу мæгуыр лæг йæ чъеппа бæхыл. Йæ уæлæдарæс иууыл — рæмпæгхæрд.

Æлдар фæкуыддæр, хъуыды кæны: «Мæ худинаджы хъæр айхъуысдзæни». Чызг дæр ныссырх. Хъасай дарддæр дзуры:

— Мæгуыр дæг асæй дæр, кондæй дæр кæд уыд мæнæ нæ цытджын æлдары халдих. Йæ цæстытæ дæр дзагъыргомау, раст нæ кадджын æлдарæн куыд сты, афтæ... Йæ сæрыхъуынтæ — урс-урсид. Раст нæ номдзыд æлдармæ дæр ма бакæс æмæ уымæ дæр.

Æлдар химидæг хъуырдухæн кæны, скатай, йæхицæн бынат нал ары.

— Куры уыцы мæгуыр лæг, — дзуры дарддæр Хъасай, — цæмæй йын иу тæрхъус рауæй кæнон... Æз ын афтæ зæгъын...

«О Хуыцау, — хъуыдытæ кæны æлдар, — ау, ныртæккæ дарддæр ракæндзæни хабæрттæ?» Йæ сурхид йæ къæхты бынæй акалди. Фæсæррæтт ласта, голладжы уæлхъус алæууыди. Хъæр кæны:

— Æгъгъæд у! Байдзаг и голлаг!

Æлдары чызг лæппумæ кæсы æмæ кæсы. Базгъордта, йæ фыды фарсмæ алæууыд:

— Йæ былтæй акалди голлаг! — зæгъы уый дæр.

... Хъасай æлдары сиахс бацис.

КЪАДЗАТЫ Станислав

ÆРВОН ХÆС

* * *

Мæ æрвыг Ир, Ирыстон!
Дæ зæрдæмæ ныхъхъуыстон,
Дзæнгæрæгау — йæ цæфтæ,
Æхсæрдзæнау — зæрдæскъæф.

Æрхæндæг æмæ цинæй
Нæ бæстæйау — фæстинон,
Куыд ыл кæнай тæргай дæр —
Ды дæр, мæ хур, йæ хай дæ.

Мæ ирд фæрдыг, Ирыстон,
Кæмæн нæ дæ Цыкура!
Дæ хъысмæты зынфысты
Куы тавыс алкæй хурау.

Мæ урс зæрдæ, Ирыстон,
Цы бæллæхтæй æнкъуыстæ!
Цы уад нæ тахт дæ зæхмæ!
Уæддæр лæууыс дæ хæхтау.

Мæ минсыфон, Ирыстон,
Азасыфтау — уæлæуыл!
Нæ хъамылы, нæ пыхсы
Мæ уд дæуыл куы лæууы.

Цæргæсау стахт мæ бæллиц —
Дæ цот куыд уой æмцæдис,
Куыд дын фестой, зынг хурау,
Нæ зæрдæтæ Цыкура!

Мæ æрвыг Ир, мæ арфæ —
Æнусон басгуых арвау!

ÆГЪУЫСТАГ ЦАГЪД

Абайты Георгийæн

I

Хæхты миты зæйтæ
Цас цыдысты гъæйттæй!

Хъисфæндыр дзынæзта,
Митхъæпæнтæ сгæрста.

Зæд уыд æви хæйрæг
Хъисфæндырæй цæгъдæг?

Ризгæ зæлтæй «хъуыста»,
Агуырдта зынгхуыстты,

Раст цыма йæ уырзтæй
Митобæуттæ луæрста.

Хъисфæндыры цагъд-иу
Салд зæрдæйы равгмæ

Аивта, фæсæццæ!..
Цал систой йæ фæрцы,

Диссаджы мадзалæй
Ссардтой, мæгуыр, цалы!..

II

Рæстæджы фыд-зæйтæ
Цас цыдысты гъæйттæй!

Оххай, рауад афтæ:
Ивгъуыдæй мах — афтид!

Цал зæйы фыдфынау!
Цас бынтæ сæ быны!

Хъисфæндыр дзыназы,
Судзгæ мыртæ тадзы.

Скъуыйынц дудгæ рисæй
Хъисфæндыры хъистæ.

Ивгъуыды цъæх тар нын
Урс зæлтæй куы сгары.

Митхъæлæс замантæ
Афсæрстой хæзнаты...

Фæлæ у нæ зæрдæ
Рагмадзалæй ифтыгъд —

Хъисфæндыры зæлтæм
Агурæм нæ ивгъуыд!..

2001.30.07.

* * *

Æууæндын уидæгтыл æрмæст,
Æрмæстдæр уидæгтæн — мæ табу.
Æрвон у зæххы бын сæ хæс —
Уынæм æй мин хуызы бæркадæй.

Æндæр сусæг дæр ис сæ равгæн,
Æвналынц уидæгтæ рæвдаугæ;
Уæлахсæгау сæ уырзтæ тары
Æдзух æвæллайгæ цы дарынц?

Сæ уырзтæй зæххы гуымбыл ахсынц —
Æгайтма сты æрдзæтæ, хæрх —
Цыхтæмбырд æй кæнынц, ælвасынц,
Сæ фæрцы у æмдымбыл зæхх.

Лæбырын, дихтæ йæ нæ уадзынц,
Ныхасынц æй æнгом, æндадзынц;

Цыхтау æй мингай къухтæй ахсынц,
Æнайау ацы куыст куыд уарзынц!

Куы нын уой уидæгтæ æгас, —
Зæххы къорийæн нæу уæд тас...

2001.04.08.

* * *

Мæ рæхснæг урс хотæ, бæрзытæ,
Сымахыл акæнын мæ фæндаг.
Уæ зæрдæ алкæддæр — мæнырдæм,
Бæргæ, куы уаиккам уæ фæндиаг!

Уæ рухс куы тауиккам нæ царды
Уæзданæй, сабырæй, фæлмæнæй,
Нæ куысты уæд æмæ нæ зарды
Кæнид паддзахиуæг уæлтæмæн.

2001.14.11.

* * *

Науы бын фæхуынчъытæ бынтон,
Æмæ мидæмæ куы цæвы дон.

Хуынчъыты къæрмæджытæ тъыссæм,
Нал зонæм æнцой æмæ хуыссæг.

Фæлæ зæрдæйæн куыннæ уа маст —
Палубæйыл, уæле стынг и хъазт!

Кафынц, зарынц, худынц, цæл кæнынц,
Цин-хъæртæ ныл араугæ кæлынц.

Арфæтæ, хъыллистытæ, кæл-кæл..,
Ам та ихджын дон кæны хæл-хæл.

Ехх, ныууадзиккам нæ куыст бынæй,
Радтиккам дзы уæллæгтæм къæдзæй,

О, фæлæ нын уымæн фадат нæй —
Нау ма фервæздзæни уæд куыдæй?..

2000.19.07.

* * *

Фыццаг бонæй фæстагмæ
Уырдыг лæууы бæлас.
Хæлæг кæнын йæ равгмæ,
Æвидигæ — йæ уарзт.

Йæ дидинтæф — æвдадзау,
Йæ сыр-сыр дæр — зæлдаг,
Йæ сыфтæр нын нæ уадзы
Нæ уæлдæфмæ цъæх марг.

Уæвгæ куыннæ у диссаг —
Фæзминаг æм цы нæй!
Йæ дыргъ та уæле исгæ
У аходгæ бынæй...

2001.06.08.

* * *

Мæ хъысмæт ныр — мæ бар,
Хæрзбон, хæрзбон, хуыдым!
Ныууагътон цъайæн тар,
Хæрисæн та — æрхуым.

О байрай ныр, тымыгъ!
Дæ фыдæх мыл ныххуырс.
Ныр Урс хохæй — мæ тых,
Ærвæрттывдæй — мæ ныфс...

2000.25.10.

ДЗЫГЪУЫРТЫ ХОС

Баихсыд дæ айдæн —
Ма йæм кæс æгæр,
Дæу куы кæны сайгæ,
Афæрс-иу мæн дæр.

Цæсгомы дзыгъуыртæ
Ма нымай æдзух,
Уыдон мын дзындздуртау,
Ехх, куы кæнынц рухс.

Уалдзæг æмæ хурмæ
Ма кæн, ма, мæсты —
Дæу дзыгъуыртæ мур дæр
Не 'фтауынц цæсты.

Мауал сæм хæсс азым,
Хурæн дæ йæ хъан, —
Бирæ дæ кæй уарзы,
Уыдон уый нысан.

Масты хос дын ма уæд —
Цæй, дæ мæт ныууадз!
А лæппуйыл бауурæнд —
Ис мæнмæ æвдадз.

Атайдзæн дæ катай —
У мæ уарзт сæ хос —
Ссæудзысты мæ пъатæй,
Зæгъ æрмæстдæр «о»...

2001.14.11.

* * *

Ехх, мæлæтæн дæр куы хъæуы амонд,
Афоныл куыд уа æмæ фæлмæн!
Растæн цыма фурдыл бафты суадон,
Ахæмыл, быгуыдæр, разы дæн.

О, фæлæ уал ам фæзарон дзингæй,
Хох-быдыртыл ирдгæйæ тæхон,
Риу куыд байдзаг дисæй æмæ цинæй,
Уый мæ уарзон дзыллæйæн зæгъон.

1999.10.01.

* * *

Но инструментов всех сильней — молчанье.
М. Эрнандес

I
Æдзæм ælхæнынмæ дæр нал и,
Нæ цард цъælхъæрæй — хъамыл...

Æмæ дзы бакъуырма сты удтæ,
Хæссæм нæ куырм къодæхтæ туттæй.

II
Æдзæм нын радзурид æппæт,
Фæлæ йын чи дæтты дзырды бар?
Цъælхъæр æхсæрдзæнтæй фæкъæртт,
Æмæ йын мах — цæугæ цыртытау...

2001

ХЪАЗГÆМХАСÆН

Нæ сыхы сыхырна нæ разынд,
Нæ сыхы нæ арын æз арынг,
Куыси нæм хæрзыстæм куы сси,
Куы нæ и нæ къуымы къуымæл,
Мæ цæстытæ уымæн — уымæл...

1998

НАФИЙÆН

Цы ма нæм ис Нартæй? Æрмæстдæр къæристæ,
Уæлæуыл дзæнæтæй куы скодтам сырддон.
«Сырдоны цæссыгтæ» мæ цæссыгтæ систы,
Куыдтон æз Сырдоныл, мæхиуыл куыдтон...

* * *

Æппын кæд ницы дæн дæ цæсты,
Уæддæр мын иу хорз ратт, Хуыцау! —
Кæстæры бафхæрыны бæсты
Мæн бафхæр мин хатты фæлтау!..

* * *

Æррабийæ æррадæр
Куы разындыстæм, ах! —
Куы нæуал фæци дуар дæр
Нæ хъал бæстæйæ мах.

* * *

Къуыттытау бæлæстæ сæ къалиутæй
Мæнæн цыдæр зæгъынмæ хъавынц,
Фæтарстысты мын царды галиутæй —
Ныййарæгау мыл дзуæрттæ 'фтауынц...

* * *

Бындæр йæ уæхсчытæй — йæ сæр,
Йæ цæстæнгас та калмау.
Æндæры рис ын у сæкæр,
Æндæры цин та маргау.

* * *

Гугукгæнаг фест, тæхуды!
Ехх, куыд бацæуин мæ удæй —
Уасин, уасин æмæ уасин,
Даргъдæр куыд уа царды асин.

* * *

«Судзын!» куы зæгъон, уæд-иу мæ арфдæр ауадзут.
Аргъауæй

Адæмы сæ мæгуырыл дæр нал уадзынц,
«Судзæм, судзæм!» — адæмы хъæр азæлы.
Арфдæр сæ зындоны артмæ ауадзынц,
Ехх, сæхи сой дæр сæ былтыл асæлы...

* * *

О милый гость, святое Прежде!
В. Жуковский

Цы уыдзæн, уый, зæгъынц, цы уыдисæй — фылдæр.
Фæлæ цы уыдис, уый цы уыдзæнæй — хуыздæр.

Мæ ивгъуыдæн мæ зæрдæ алкæд хурау — гом,
Хъæхъхъаг æнуды уый мæнæн дзæм-дзæмы дон.

* * *

Уый курæг дæ дæн,
Разын мæм рæдау:
Удæгасæй мæн
Ма амар, Хуыцау!

* * *

Æвæдзы, бафæллад хъысмæт
Мæ ихсыд хъултæ уилынæй.
Цæй, гъемæ афтæ дæр фæуæд,
Уæддæр цы ис, цы, ниуынæй?

Фæлтау та дойнаг дур дæр суил,
Уæд та ма басгуыхт тохсийау.
Нæ царды ма æрмæстдæр уый —
Нæрæмон æууæнк тох-цинæн!

2001.30.08.

ГИБИЗТИ Руслан

ДЫУУÆ РАДЗЫРДЫ

КОНСУЛ ÆМÆ ХУРЫ ТЫН

Зæрдæхæлар адæймаг æмæ царддæттæг къухты хицау, зындгонд хирург Кæлухты Сергейы рухс ном дзы арын.

И у саскбындз рудзынджы авгыл дыууæрдæмты хылд æмæ арв бæркадджын хæйттыл дихтæ кодта. Куы сын-иу бæрæг арæнтæ уыд, куы та-иу æй нæ раиртæстаис, цал къуымон хай у, уый. Фæлæ арвы алы хайы дæр къæвда уарыд, алы ран дæр дзы уарыд æмæ уарыд ænæсцухæй, ænæхъæн дун-дуне дæр уарыны бын фæцис, ныддонласт.

Дзандар, йæ къоболаджын лæдзæгыл йæ роцъойæ æрæнцойгæнгæйæ, фæлмаст, æрхæндæг цæстытæй каст уынгмæ — дунейау йæ уды быдыртæ ныттар сты, ныссаумылазон...

Сæ иунæг, сæ бындар...

Постхæссæг сæм иунæгæй не'рбауæндыд æмæ сæм сæ сыхæгты усимæ иумæ кæугæ-дзыназгæйæ æрбацыдысты. Баринæ сæм, йæ ныхтæй йæ цæсгом рæдувгæйæ æмæ куырмæджы цæуæгау куы рацыд кæртмæ, сау маройгæнгæ, уæд Дзандарæн йæ зæрдæ рацæйтыдта. Стæй иумæ уатмæ бацыдысты устытæ æмæ сын сæ фырты стыр къамы раз слæууыдысты, Баринæ йæм бахъарæг кодта:

— Удхæссæджы хъæбул дæр хæсты

басудза! Удхæссæг дæр махау йæ хъæбулæй сау гæххæтт райса!.. Уæ, мæ иунæг уидаг, уæ, мæ иунæг зæрдæлæууæн! Мæнæ ныл куыд фестырзæрдæ дæ, мæнæ нæ куыд ныууагътай ænæ нигæдæй! Нæ фыдгулы кæрт дæр афтæ бабын уа!..

Дзынæзта Баринæ, хъæлæсы дзагæй куыдта постхæссæг, йæхи æргæвста сыхæгты ус. Баринæ йæ лæппуйы къам къулæй æриста, бадæлгом ыл, йæ тугдзæссыджытæ лæппуйы худгæ цæсгомыл лæсæнтæ кодтой. Дзандар бандзыг, ныддурдзæфау.

Чидæр сын сæ кæртыдуар уæрæх байтыгъта, сыхбæстæ сæм сæркъул, уæнтæхъилæй цæуын райдыдтой. Уалынджы дын сæ кæртгæс дæр цæф сырдау куы нынниуид, куы ныдздзыназид.

— Куыдз æй зоны, куыдзы зæрдæ зонаг у! Ай æцæг куы нал ис нæ бындар, быны бындарæй баззайон! — ногæй та нырдиаг кодта Баринæ, бæстæ та марой сси, марой æмæ додой.

Хæрнæг скодтой, иу тæнæг кæрдзын-иу цыппар дихæй лæгтыл байуæрстой, сæ разы ма сын хъæдындзы хæйттæ æмæ къуыдырвых картæфтæ æвæргæйæ. Цыппар каркæй дыууæ лæгтæм æрхауд, дыууæ — сылгоймæгтæм. Мардæгъдау дæр цыппар рæгъæй бакодтой æмæ сыстадысты.

Баринæ йæ сау фæлысты цыд æдзух, Дзандар йæхи нал даста. Бынтондæр йæхимæ æрыхъуыста зæронд, йæхицæн бынат нал ардта, саудалынгтæм-иу кæрты къуымты зылд, цыма цыдæр ахсджиаг агуырдта æмæ йæ нæ ардта. Уый куыд мамазила кодта, афтæ йæ фæдыл йе 'мдзу кодта сæ куыдз Консул — сæ фырт ыл сæвæрдта уыцы æнахуыр ном.

Сæ фæздæггæнаг цырагъы рухсмæ-иу Дзандар йæхи куы 'руагъта йæ хъæбæр тъахтиныл, уæд-иу Баринæ дæр, фынæйæфсон скæнгæйæ, сабыргай йæ цæссыг калдта, сæ судзаг цæппузыртæ сын йе 'нхъырдтæ рустыл йæ уæлармæй сæрфта. Аходæн-иу куы бахордтой æмæ-иу, кæрæдзийæн цы дзурой, уый куы нæ зыдтой, маст сын-иу сæ улæфæнтæ куы 'хгæдта, уæд та-иу ын Дзандар загъта, уæд та сыхæгтæй искæмæ бауай, зæгъгæ.

Абон дæр та афтæ. Баринæ йæ къуымбил кæлмæрзæн æркодта йæ сæрыл, къубалбаст æй скодта æмæ фæцæуæг, кæдæм æмæ кæмæ, уый та бæлвырд йæхæдæг дæр нæ зыдта рагацау. Никæй кæртыдуар бахоста, адæм сæхæдæг дæр зæрдæдзæфтæ сты, зæгъгæ — уайтагъд фæстæмæ фездæхт. Сабыргай мидæггаг уатмæ куыд фæцæйцыд, афтæ йæ хъустæ æнахуыр мыртæ ацахстой. Нæ бауууæндыд йæхиуыл æмæ лæмбынæгдæр æрыхъ-

уыста. Афтæ у: Дзандар æргом куыдта! Куыдта, йæ зæрдæйы тыппыртæ уагъта, никæмæй уал сæ сусæг кодта, уымæн æмæ йæ уырныдта, зыбыты иунæг кæй у хæдзары, уый.

— Уæ ме 'рттиваг хур, уæ мæ зæрыбоны ныфс! Куыд æнафоны аныгуылдтæ, куыд æнафоны! — дзынæзта мæгуыр Дзандар. Æмæ хъæрзыд хæдзар, ризæг бахæцыд йæ къултыл. Ныхъхъарæг кæнон, науæд мæ фæрстæ куы ратонынц, зæгъгæ, афæнд кодта Баринæ, фæлæ ныуурæдта йæхи, ныхъхъæддых æмæ æнæуынæрæй фæстæмæ кæртмæ раздæхт: «Уадз æмæ иунæгæй акæуа, æдасæй, йæ зæрдæйы дудгæтæ йæ цæссыгæй æрæхса, науæд æм искæйты раз худинаг кæсы, нæ фæтччы йын кæуын, ныддургом вæййы...»

Цæргæцæрæнбонты Дзандарæн йæ архайд бæхтимæ уыд. Цæрæгойы мыггагæй йын бæхæй адджындæр, бæхæй уарзондæр ничи уыд. Куыд фæзæгъынц, афтæ йæ комы комдзагæй фæхаста йæ бæхы, донхъуаг æмæ йæ хорхъуаг никуы ныууагъта, цытджын саргъы бæхау æм зылд. Æмæ-иу ын бузнызонæг хайуан дæр йе 'хситт куы айхъуыста, уæд æм-иу цыппæрвадæй дугъ радта, йæ цины мыр-мыр-иу ссыд.

Хъæдмæ, кæнæ куыроймæ искæдæм цæугæйæ-иу Дзандар фылдæр хатт уæрдоны фарсмæ цæуын уарзта, зæрдиаг ныхæстыл-иу схæцыд йæ бæхимæ. Уый дæр-иу, цыма йын йæ ныхæстæн исты æмбæрста, уыйау-иу разыйы футтытæ кодта. Фæлæ цæугæцарды цы нæ рауайы... Иуахæмы уæлхох хъæдмæ ссыдысты суг ласынмæ. Дзæбæх сæвгæдта, дзæбæх, уыцы æвæджиауы хус сугтæй — сыгъдæг тæрс. Куыд радæлæмæ кодтой, афтæ иу ран уæрдон фæцудыдта тæссармæ — былæй ахауынæввонг æркъул. Дзандар æм йæ сынæг сарæзта, схæц-схæц ыл акодта, фæлæ йæ йæ бон фенкъуысын кæнын дæр куы нæ бацис, уæд йæ цырыхъхъы хъусæй ставд быд ехс фелвæста æмæ дзы бæхы хидæйдзаг рагъ дыууæ ахъаззаг цæфы æркодта дзæхст-дзæхстæй. Бæх æнахуыræй фæкуыддæрау, уыциу риуыгъд акодта, æмæ уæрдон фæуæлбыл, æдас ранмæ сирвæзт. Бирæ хатыртæ фæкуырдта бæхæй уæд, бирæ хатыртæ... Нæ йæм бадардта уый дæр фыдæх зæрдæ.

Гъемæ мæнæ иу фыдбон йæ бæх партизанты бахъуыд. Фæрсгæ дæр æй нæ бакодтой, афтæмæй йын æй акодтой фæцу æмæ ма 'рцуйы фæндагыл... Мæнæ хъыг ын уыд, мæнæ! Фырадæргæй ма цы акодтаид, уымæ нал арæхст. Нæй, къуыримæ дæр не ссыд йæ маст, стæй йын цыма ссæуинаг дæр нæу: «Иутæ

мын мæ фырты байстой, иннæтæ мæ бæх... Хуыцау мæ тагъддæр куы бацагурид йæ цæсгомы размæ... — Хъуыр-хъуыр-иу кодта йæхимидæг, уæлæмæ та дзырд нæ уагъта. — Мæхи фæллойæ хæдзар сарæзтон, фырт мын райгуырд, бæлæстæ сагътон, хъæд калдтон, цыдæриддæр мыл æмбæлд адæмимæ æмдзæрины фæткæй, уыдæттæ æнæзæрдæхудтæй æххæст кодтон, никуы никæй хъыджы бацыдтæн зонгæ-зоныны. Гъемæ — цы? Цы рамбылдтон? Чи дæн æмæ цы дæн абон? Суанг ма Баринæйæн дæр куы нал бæззын уæхскæн, ныхасæмбалæн дæр ма!.. Лæджы къуыдыр... Æмбыддзæф къодах!.. Кæд ма мыл исчи зæрдæбынæй, сыгъдæгзæрдæйæ бацин кæна, уæд — иунæг Консул! Кæд æнхъæл уыдтæн уый, æмæ ахæм заууатмæ æрхаудзынæн, ахæм боныфыддæртæм æрцæудзынæн...»

Консул... Цы куыйты хъæстæ-мыггагæй у, цы туг зилæнтæ кæны йæ куыдзы дадзинты — Хуыцау йæ зонæг, табу йæхицæн. Уæлæмæ дæр Консул æмæ дæлæмæ дæр Консул: кæцæй æрæфтыд фырты зæрдыл уыцы ном — мæгъа... Цыргъ хæмхудтæ, хъуынджын кæрц — лæг ын æм бахæлæг кæны, хæрзаг хъарм у, зæгъгæ; йæ иу хъус нысхъæл, ныггæмæл, дыккаг та, цыма йын фæстауæрцы хъус у, фæстæдæрмæ æфснайд, уыйау уæгъдæппæрстау зæбулæй лæууы, æгуыстау. Асæй Консул хохаг фыййау куыдзы не ' ййафы, фæлæ зондæй та йæ разæй макæй ауадза — тынг зондджын цæстæнгас ын ис, диссаджы. Фыццаг заман-иу, ома хæсты размæ, иудадзыгдæр йемæ цыд, Дзандаримæ. Бæх ифтындзы уæрдоны, зæгъгæ, афтæ та-иу скъæпп-къæпп кодта, мæллæг рæйд-иу райдыдта, скатайаг-иу, архайдта Дзандары цæстæнгас ацахсыныл, йæ зæрдæйы ахаст ын базоныныл.

Фæндагыл-иу уæрдоны бын дыууæ цалхы 'хсæнты сиргæ згъордта, цы уынгты цыдысты, цы зæххытыл, уымы куыйты знæт рæйын та йæм нымады дæр нæ уыд — кæд ахæм хъæбатыртæ сты, уæд ма йæм æрбауæндæнт! Фæлæ-иу уæрдон хъæуæй куы ахызт, тыгъд быдырмæ искуыдæм-иу куы ахæццæ сты, уæд-иу йæхи фæразæй кодта, фæсæйраг ома — бæхы разæй-иу згъордта фæндагамонæгау, науæд бæхæн фæдзæгъæлæй тас у, уый зæхмæ смудын дæр куы нæ зоны, зæгъгæ. Фæлæ æнæуи та хæларæй цард бæхимæ. Уый дæр ын барста, бæрзондæй йæм ныллæгмæ æмбаргæ цæстытæй каст, йæ разæй кæй сирдта къæдзилхъилæй, уый дæр ын хатыр кодта.

Цардцæрæнбонты Дзандармæ цыдæриддæр бæхтæ уыд, уыдо-

ны се 'ппæты дæр уыцы иу номæй хуыдта, буц номæй — Хуры тын. Бæх уæд, æндæр йæ ном цæттæ — Хуры тын...

Хъæды æрдузы-иу бæхы куы суагъта æмæ-иу уый сойджын кæрдæг мерс кæнынмæ куы фæцис, Дзандар та-иу цалынмæ сугтæ кодта æмæ-иу хъæды астæуæй йæ фæрæты цæлхъытæгуыппытæ хъуыстысты, уæдмæ-иу Консул та къудзийæ къудзимæ агайдта, йæ уыгæрдтæ сыл уагъта...

Уæд дын иуахæмы — уæд дæр хъæды уыдысты — Дзандар бæхы фæдисон мыр-мыр куы ацахсид. Цыдæриддæр уыд, уæддæр æм æххуысмæ сидт, агуырдта йæ. Дзандар фæрæтыл фидар æрхæцыд æмæ йæм атындзыдта, пыхсытæ йæ хъæлæсы хæсгæйæ. Хуры тын тæккæ былхауæны раз лæууыд æмæ хæхтæ йæ мыр-мырæй арыдта, йе знæт футтытæй. Зæхх дæр-иу куы сфæйлыдта йæ раззаг къæхтæй! Йæ хъулон цæстытæ цыма дынджырдæр фесты — сæ къуырфытæй рацæйхаудтой раст.

Дзандар арсы ауыдта. Уый йæ фæстаг къæхтыл слæууыд æмæ уынæргъæ бæхырдæм цыд. Сæ астæу Консул фæкуыси æмæ гъæйт-гъæйттæй рæйдта хъуынджын сырдыл, лæбурдта йæм, нæ йæ уагъта бæхмæ.

— Хуры тын! — бахъæр æм кодта Дзандар. Ома фидар лæуу, ма тæрс, фæцæуын дæм. Консул фæныфсджындæр, арсы алыварс сцъил, фæйнæрдыгæй йæм лæбуры, уый дæр йæ сæмæны алыварс зылд, фæлæ уæддæр йæхи нæ бахъхъæдта — Консул ын йæ фæстагыл фæхæцыд, ныссагъта дзы йæ цыргъ дæндæгтæ. Арс ныббогъ ласта, йæ мидбынаты ныззиллакк кодта, ныздыхта куыдзы, фервæзыныл дзы архайы, фæлæ дзæгъæлы: уымæн йе 'фсæртæ бандæгъдысты, æмæ йæ, чи зоны, йæхæдæг дæр феуæгъд кодтаид, арс æй зæхмæ куы æруагътаид, уæд. Уый та йæ зылдта æмæ зылдта.

Дзандар бæхы дзыларыл фæхæст, иуварс ыл ахæцыд. Уый ахæм футтытæ нылласта, ахæм, раст цыма йæ мидæгæй арсæн йæ тæф дæр раулæфынмæ хъавыд, йæ тæфæй йæхи ссыгъдæг кæнынмæ. Арс дæр фæлæууыд йæ зилдухæй. Консул æй феуæгъд кодта, йæ размæ базгъордта, йæ хæмхудтæм ын лæбуры. Арс та йæ фæстаг къæхтыл слæууыд, ныббогъ-богъ та ласта, дунетæм йæ хъаст хаста, адон цы мæрддаг сты, иу сæ мемæ лæгæй-лæгмæ хъæбысхæсты цæуыннæ цæуы, зæгъгæ. Куыдз бынтон сæрра, фыррæйдæй раст ныффæсус, йæ къæпсыртæ уыцы знæтæрттывдæй æрттивынц, арсы къабæзтæ æмæ къуыхтæ кæнынæй никуы бафæллайдзысты...

Арс дæр фæфæстæмæ кодта. Мадæл арс нæ уыд, нырма æрыгон уыд, кæд тыххъуаг нæ уыд, уæддæр. Фæзылд, йæ чъылдым сæм фæцарæзта æмæ, тæнæгдзæугæйæ, цæхгæрмæ ныццавта. Консул ма йæ фæсте асырдта, йæ рæйд фыццагау знæт нал уыд æцæг. Уайтагъд фæстæмæ раздæхт æмæ фæрсæгау Дзандары цæстытæм каст, йе 'взаг æддоз раласта æмæ хæстулæфт кодта.

— Тынг маладец дæ, тынг! — зæрдиагæй дзы раппæлыд. — Бирæгъы байзæддаг циу, уый йын фенын кодтай! Чи дæ схæстон куыдз кодта — Хуыцау йæ зонæг, табу циу, уый нæ зонут æмæ тугдзыхы амæддаг дæр уымæн фæвæййы уæ хъæстæ... Фæлæ æппæт дæр Хуыцауы арæзт сты... Хъуыддæгтæ... Хабæрттæ...

Цыма йын лæгъстæйаг фæцис, цыдæр азымджын у йæ цуры, уыйау æм бацыд бæх æмæ йын йæ сæр йæ уæхскыл æрæвæрдта, йæ буарыл гæрзæй-гæрзмæ зыр-зырæг уылæнтæй апырх. Дзандар æй рæвдаугæ æрлæгъзытæ кодта:

— Хорз хайуан дæ, хорз, æрсабыр у, нæ дæ дарын азымы, фæлæ дæ Консулы сгуыхт, йæ ракæнд ма ферох уæд...

Консул йæ цæстытæ хъæлдзæгæй сзылдта, стылдта йæ къæдзил, йæ зæбул хъус дæр ма фæхъил ласта, стæй фестад æмæ иуварс базгъордта, æрдæбон тох кæм стынг, уым зæхмæ расмуд-басмуд систа, цыма цы хъæбатырдзинад равдыста, уый йæхи дæр нæма уырныдта, уыйау.

Дзандар сæхимæ куы 'рыздæхт, уæд Баринæйы цырагъы тæккæ фарсмæ бадгæйæ æрæййæфта — сæ хъæбул хæстæй цы писмотæ сæрвыста, уыдон ногæй касти.

— Фæтæген дзæгъæлы куы нæ судзис, туджы йаргъ фæтæген, — бустæхуызæй загъта зæронд æмæ йæхи тъахтиныл æруагъта уæнгвæлладæй, йæ рæмбыныкъæдзæй йæ уæраджы сæртыл æрæнцой кодта, йæ сæрмæ йæ дыууæ къухы сарæзта, афтæмæй æндзыгæй бадт. Баринæйы былтæ æмырæй змæлыдысты, кастиу куы фæцис писмо, уæд-иу æй йæ армæй алæгъзытæ кодта, гæххæтты сыр-сыр-иу ссыд. Кæрæдзийы сæрыл сæ æвæрдта. Хаттæй хатмæ дзы хицæн хъуыдыйæдтæ хъæрæй кæсын райдыдта сæ зæрдæхалæн ныхæстимæ. Дзандар ныттæхуды кодта:

— Дæ мад-дæ фыды хатырæй, мауал мын лас мæ уд! Стæй, гормон, дæхи дæр мауал æргæвд, дæхи...

— Уæ не скæнæг, не сфæлдисæг Хуыцау! Дæуæн зын ницы ис, æмæ ацы фыдуац дæр мæнг цы разына... Куы нæ мæ уырны, нал ис, æгас нал у мæ уды цæхæр, уый... Йæ хъæбул басудза удхæссæгæн!

Цасдæр сæ дыууæ дæр хъусæй абадтысты. Цырагъы фитиль куыд мынæг къæр-къæр кодта судзгæ судзыны, уый йеддæмæ ницыуал хъуыст.

— Сом мын бонæрбарухсыл дыууæ кæрдзыны скæн...

— Мæ зæрдæ йын нал комы рухсаг дзурын...

— Хъæдмæ цæуын, Хуры тын цы баци, куыд бацис, уымæн йæ бæлвырд базонон...

— Кæм сæ ссардзынæ уыцы цæугæцардгæнæг партизанты? Се 'мбæхсæн сын зонын хъæуы...

Дзандар æндæр ницыуал загъта, æнæдзургæйæ раласта йæ уæлæдарæс, йæ къæхтæ цæхсадта, æрхуыссыд æмæ къулырдæм аздæхт...

Талынг ма уыд, афтæ сыстад Баринæ, арт бандзæрста пецы, дыууæ кæрдзыны сфыхта, æдæппæтæй та йын æртæ уыдысты — абоны фыхтæ стырдæртæ, æртыккаг сæ цуры зынгæ къаддæр. Дзандар æм фæрсæгау йæ цæстытæ куы систа, уæд ын загъта:

— Дысоны къæбæр у... Уæдæ дæу хъæдмæ дыууæ кæрдзынимæ арвыстаин? Уый нæ фæтчы...

Дзандар йæ бинойнаджы цæстытæм фæкомкоммæ æмæ... Мæнæ царды диссæгтæ цыдæр: хъарм уылæн йæ домд уæнгты анхъæвзта, йæ зæрдæйы рох æнкъарæнтæ райгас сты — Баринæ дæр фæуыргъуыйау, йæ къух ын Дзандар хъавгæ куы райста, рæвдаугæ фæлмæн ын æй куы арадау-бадау кодта, уæд.

— Фæндаг та уæддæр фæндаг у, цы нæ вæййы, æмæ дæхи хъахъхъæ, — ænахуыр уыд Баринæйæн йæхи хъæлæсыуаг дæр, фидаугæ дæр ыл цыма нал кодта ахæм хуызы дзурын, уарзоны ризгæ хъæлæсæй...

— Лæгыл исты æрцæуинаг куы уа Хуыцауы фæндæй, уæд æй фыдбылыз йæ хъарм хуыссæны дæр ссардзæн... Кæс-ма... Æз æнхъæлдтон, æмæ нæ дыууæ дæр хæрæджы зæронд баистæм, нæ зæрдæтæ амардысты...

— Удмидæгæй дæхи ма ныгæн...

— Дугты сæрты дæ уынын, нæ бæллæхты сæрты... Æппындæр цыма нæ аивтай: уæд цы хуызæн уыдтæ, тæккæ ахæм æрттиваг чызг дæ мæнæ ацы сахатыл дæр... Уæд, зæгъгæ... Мæнæ дын æппæтыл дæр куы басастæн, ды та дæ дзых куы бахуыдтай, куы ницы мын загътай дзуаппы номыл...

— Мауал мæ фæйлау, науæд — мæлын...

— Нæ, нæ, Баринка! Уыцы зын мын ма бавзарын кæн: мæ

разæй иу сахат разæй дæр нæ! Æз æнæ дæу иу бонмæ базгъæлæнтæ уыдзынæн!

Баринæ йæм бацыд, йе 'мварс слæууыд — йæ уæхсчытæм ын тыххæйты хæццæ кодта.

— Хъуыды ма йæ кæныс?

— Æмæ мæ рох та цы фæцис?! Алцыдæр лæууы мæ зæрдыл, алцыдæр!

Æмæ — æцæгдæр: цыма тæккæ знон уыд, уыйау Баринæйы цæстыты раз сыстад уæды ныв. Бæлвырд æй нал хъуыды кæны, кæй чындзæхсæв уыд, уый. Куы акафыдысты æмæ йæ Дзандар йæ бынатмæ куы бахæццæ кодта, уæд ын йæ хъусы бадзырдта: «Уæхионтæн зæгъ, æмæ минæвæрттæм æнхъæлмæ кæсой рæхджы». Фæтарст ын йæ къæйных ныхæстæй, иннæмæй та йæ уырнгæ дæр нæ кодта, ахæм къæдзæх лæппуйы зæрдæмæ кæй фæцыд, уый.

Æмæ йын дохтыртæ афтæ куы загътой, дæ сывæллон ныййарын дæ бон нæ бауыдзæн æмæ дын æй дæ хуылфæй сисын бахъæудзæн, цавæрдæр кесарево сечени дын хъæудзæн скæнын, зæгъгæ, уæд уыцы удаист та цасы аргъ уыд...

Æмæ бæгуыдæр: æнæхъæн цыппар килæйы æмæ сæдæ граммы ласта сæ уæйыджы лæппын...

Зæрдæ та сцæлхъ-цæлхъ ласта. Нæй йын алцæуыл дæр лыстæгæй хъуыдыгæнæн, нæй йын æппæт лыстæг хабæрттæ мысæн, цард цæрдхуызгæнæг цаутæ мысæн — атондзæн, арæмудздзæн уæд йæ зæрдæ, æгæрон рыстæй дымст зæрдæ...

Хордзены сæвæрдтой кæрдзынтæ, хъæдындз, иу цалдæр картофы хомæй, хъæбæр цыхты хай, цъайы дон авджы мидæг.

«Æрцъыккæхсон дæ ма ферох уæд!» «Нæ мæ ферох, сæвæрдтон æй». «Консулыл та хур скæсдзæн фырцинæй». «Нæма йæ зоны, мемæ йæ кæнын, уый». «Дæ къæхтæ ныххуылыдзæй хиз, стæй æхсæвыгæтты нымæтæй дæхи бæстон æмбæрз, науæд ныгтом вæййыс». «Хорз, Баринка, хорз, ахæм чысыл лæппу нал дæн...»

Дзандар йæхиуыл дзуæрттæ бафтыдта, фырты къаммæ скаст. Уый йæм парахат зæрдæйæ худти. Дзандары хурхы уадындзтæ адымстысты, йæ улæфæнтæ фæкъуыхцы сты, ахгæдтой. Зæрдæ цæхгæр срыст. Дзандар хъæрзгæ улæфтæй ныуулæфыд, хордзен йе уæхскмæ сæппæрста.

Консулы къæдзил стырындз, цæстытæ фæсагъæссаг сты: кæд дзæгъæлы у йæ цин?

— Цæй, Консул, балцдзæттæ дæ? Уæдæ — размæ, арсы рын! — Дзандар йæ фарсылдаргæ кард араст кодта, фæкаст ма Баринæмæ æмæ кæртыдуарæй ахызт. «Лæгтыдзуарыл фæдзæхст у!» — бакуывта йын уый.

Бæлццон цыд хæхтырдæм, сæвджын санчъехтæ кæнгæйæ. Йæ рахиз къухы уыд фыййауы даргъ лæдзæг.

Консул, фæстæмæ фæкæс-фæкæсгæнгæйæ, разæй згъордта — йæ хицау æй йемæ дард балцы кæй рауагъта, уый йæ æххæстæй нæма уырныдта...

Баринæ иунæгæй куы аззад, уæд æфснайынтæм фæцис, алы зилæнтæм, науæд маройаг æмæ удхайраг хъуыдыты бын фæуыдаид — хæдзары алы къуымæй дæр æм цыма сæ хъæбулы цæстытæ кастысты, йæ хъæрæй худын-иу цыма уынгæй æрбайхъуыст... Афтæ хъæрæй-иу худт, афтæ. Уæд дæр... Уыцы бон дæр...

Баринæ фыццаг хатт афтыд горæтмæ, суанг ма дзы уæдæй размæ сæ хъæбул дæр уыд цалдæр хатты, Дзандары тыххæй ма цы дзура, фæлæ йæхæдæг — фыццаг хатт. Уынджы куыд фæцæйцыдысты, афтæ дын фæстæрдыгæй цыдæр æнахъинон хъыррыст фæцыд, цыдæр хъинцытæ — сонт фæкаст, æмæ дын сæ мæнæ цæлхджын хæдзар æрбайфы, ныртæккæ сæ йæ быны ассæнддзæн! Баринæ ныцъцъæхахст ласта:

— Уауу! Мары нæ!

Трамвай уæдмæ иннæрдæм базылд, сæ иувæрсты баивгъуыдта.

— Ай кæй хæдзар ратылд æд бинонтæ, кæй?! Уромæг сын æй уромын нал фæразы æппын?!

Сæ хъæбул-иу куы ныддыдæгътæ фырхудæгæй, куы бакъæдзтæ!.. Æ, йæ фæрстæ йын фехæлой æмæ знаджы хæдзарæй худын макуыуал райхъуыса!

Дарддæр йæ зилæнтæ кодта, фæлæ куысты ад, фæллойы цин нæ хатыдта, къухтæ алцыдæр цыма сæхигъдауæй кодтой, уыйау — Баринæйæн йæ зæрдæ æндæр кæмдæр уыд... æндæр кæимæдæр...

Стæй та дуканитыл зылдысты, тыхстдæрæй сæ цы хъуыд, уый ælхæдтой. Уалынджы иу стыр хæдзары раз сæ фырт ныллæууыд, ардæм нын æнæ бацæугæ нæй, зæгъгæ, скъолайæ, дам, нæ фарон ацы музеймæ сластой.

Бацыдысты. Æнахуыр сабыр дзы уыд, аргъуаны ма вæййы афтæ. Дынджыр уаты къултыл ауыгъд уыдысты айдагъ нывтæ

— сæ иутæ рæстæмбис, иннæтæ æвирхъауы дынджыртæ. Рагон адæмæй чи куывды бадт, чи стæры цыд барæгбæхæй, чи дугъы уад. Иу нывы раз Баринæ уæлдай фылдæр афæстиат, йæ буар ауазал, йæ зæрдæ суынгæг: судзаджы зиан кæуыл æрцыд, ахæм сылгоймаг адæммæ чъылдымыздæхтæй бадт, йæ уæлæ Сафайы рæхыс æфтыд...

— Цы 'рцыд уыцы усыл, чи йын амард? — аздæхт лæппумæ.

— Къоста амард... Уый та йæ хо у...

— Уæдæ сæ бындур ныззылд, сæ бындур, хæдзархæлд фесты Къостайы мардæй — йæ фæстæ бындар нæ баззад...

Бирæ хæттыты-иу æрымысыд Баринæ уыцы рæхысæфцæг усы, раст ма-иу йæ хъустыл йе 'рдиаг дæр ауад, æмæ-иу йæ зæрдæ уадидæгæн афтæ ауынгæг, æмæ-иу æм кæд бадзыназынмæ нæ хъавыд...

Дыккаг бон хур арвы астæумæ стылд, афтæ бирæ фыдæбæтты фæстæ Дзандар хъæды астæу иу уæрæх æрдузмæ рахызт, астæумæ кæрдæг дзы. Пæлæхсар тулдз бæласы бын йæхи æруагъта, систа йæ худ æмæ йæ ныхы хид йæ дысалгъæй асæрфта. Йæ къæхтæ даргъ ауагъта æмæ йын мæлæты æнцон фæцис! Цы дуне ис, цы дуне, цы диссаджы Хуыцауы сконд дуне ис цæрынæн, афтæмæй та дзы кæмдæр тугкалæн хæст цыренæй цæуæд...

Фæлæуу-ма, фæлæуу, Консул та йын цы 'рбацис? Мæнæ хæйрæг! Ау, фæсте искуы йын аззадаид, æмæ йæ уæд куыд нæ фæхъуыды кодта?! Уæдæмæ йæм хъæрæй фæсида — кæд ацы бæхныгъуылæн кæрдæджы искуы... Дæрддзæфгомау фалдæрæй цинæмхæццæ рæйын æрбайхъуыст — афтæ фæрæйы алы куыдз дæр, рагон зонгæйыл æнæнхъæлæджы куы бамбæлы, уæд.

Ау?! Уым Хуры тын уа?! — Дзандар цырдгомау фестад. — Æмæ уæдæ æндæр кæуыл хъуамæ афтæ цинырæйд кæна? Сыгъдæгæй, Хуры тыныл хæрхæмбæлд фæцис! — Дзандар ныхситт кодта, Хуры тынæн зонгæ æхситтæй. Кæд уый у, уæд...

Хæмпæлгæрдæгæй фыццаг разгъордта Консул, стæй чысыл фæстæдæр разынд Хуры тыны сæр — афтæ фенхъæлæн уыд, цыма йæ цæуын нæ фæнды, зын ын у йæ бынатæй фенкъуысын. Æмæ — æцæгдæр: сахсæнтæ йыл уыд. Дзандар йæхæдæг батагъд кодта бæхы размæ, куыд кæса уæдæ уый тухитæм...

— Мæнæ ма мæхи Хуры тын! Сахсæнтæ дыл бакодтой, цæмæй бирæгътæн æнцондæр бахæрæн уай... Уæвгæ ма цæй бирæгъ баззад — хæсты уынæрæй фæлыгъдысты арвы

кæрæттæм, — Дзандар æрбахъæбыс кодта бæхы сæр, йæ даргъ къубал ын йæ армы тъæпæнæй рæвдаугæ сæрфта æмæ сæрфта. Стæй йæ уæрджытыл æрæнцад æмæ йын йæ сахсæн уæгъд кæны. Хуры тын быннозæй улæфыд, сысмыстытæ та-иу кодта йæ уарзон хицаумæ, йæ сабыр мыр-мыр-иу ссыд, йæ хуылыдз былтæй йын йæ фæскъæбут хъыдзы кодта. Бæхы къæхтæ куы феуæгъд сты, уæд Дзандар сыстад, йæ къухты сахсæн — цы йæ фæкæнон, зæгъгæ, аракæс-бакæс кодта æмæ йæ йе уæхскыл баппæрста цæхгæрмæ: уæддæр та дзаума у, чи цæра, уый ма бахъæудзæн...

Хуры тын, сæрибар кæй у, йæ къæхтæ йæхи бар кæй сты, уый куы бамбæрста, уæд сармаццаг кодта, агæпп ласта размæ æмæ дугъ радта, ныййарц æрдузы алыварс. Йæ барц ын дымгæ фæйлыдта, йæ къæдзил ныттынг, йæ дугъмæ йын хъæды бæлæстæ дæр æхсызгонæй кастысты — æрдзы фидауц æрмæст уыдон кæй не сты, уый сæм бахъардта... Консул дæр йæ фæстæ алвæста, бæрзонд кæрдæг дæр æм нымады нæ уыд, кæд ын йæ хæмхуттæ æнауæрдонæй хоста, уæддæр. Бæрæгбоны рæйд кæд ис куыйтæм,уæд ахæм рæйд кодта ныр Консул дæр.

Дзандар йæ мидбылты фæлмæн худт, уадидæгæн дзы айрох сты йæ зæрдæйы рыстытæ, йæ хъыгтæ, дун-дунейыл уыд æрмæст ирд хур, хъæлдзæг хæххон æрдз, хурдзаг æрдуз æмæ дугъы уайæг бæх æмæ куыдз. Стæй уый дæр, Дзандар дæр, хъысмæтæфхæрд, фæлæ уæддæр нырма цæрæг уд у, дунейы уынæр æмæ уындмæ нæма бакъуырма, нæма бакуырм — хатыр, хъæбул, хатыр, фæлæ цард тыхджын у, йæхионтæ кæны, йæхионтæ домы цæрæг удæй...

Æппæт дæр æрбайрох Дзандарæй, ацафтид царды сагъæстæй æмæ зæрдæрогæй худт, æнæмæт лæгау зæрдиагæй худт, æхсызгонæй, æцæг цингæнгæйæ. Арв уыд æнæбын арф, дуне уыд æгæрон уæрæх, адæймаг дзы царды амондæй фыдæнхъæлцау нæ кодта...

Æртыккаг зылды цыдысты, æнхъæлдæн, йæ дугъæттæ. Барæнæбары сын кæд тæрсгæ не скодта! Йæ гæндзæхтæ сыл сцагъта, хъæр кæны:

— Хорз! Хорз! Фаг уын у! Æгъгъæд у!

Фехъуыстой йæ, æрсабыр сты. Бæх хизыныл фæцис, Консул æм æрбазгъордта, бынæй йæм хæрдмæ скæс-скæс кæны, цæй, куыд у, фæцыд дæ зæрдæмæ нæ концерт, нæ цирк?

— Дæ бон хорз, Дзандар! — къудзиты фæстæйæ æнæдаст лæппулæг рацыд, йе уæхскыл автомат ауыгъд.

Дзандар фесхъиудта, сонт фæзылд фæстæрдæм — Геоли! «Куыд худтæн, уый, цымæ, нæ фехъуыста? Худинаг, худинаг — уый та дын дзы судзаг зианджын...»

— О, Геоли! Кæй бон у, уый хорзæхтæй хайджын у! Кæцæй фæдæ?

— Афтæ дæ хъуамæ æз бафæрсин, — бахудызмæл Геоли. — Мæнæ хъæдгæс партизан дæн... Куыд дæ 'мбарын, афтæмæй ды дæ Хуры тыны фæдыл æрбафтыдтæ ардæмты, нæ? Æви дæхи партизантыл фыссыс?

— Афтæ дæр нæ æмæ иннæрдæм дæр! Фæтчыгъæдæн уæ, зæгъын, куы бабæрæг кæнин...

— Хорз бæх у дæ бæх, фæлæ мыл нæ ахуыр кæны — марадз зæгъай, кæд ме 'хситмæ æмгæрон дæр цæуа, йæ сæр дæр нæ разилы мæнырдæм.

— Бæх æнувыд вæййы йæ хицауыл... Нырма уын тæргай у, ме 'вастæй йæ... ме 'вæндонæй йæ кæй ракодтат, уый тыххæй... Хайуан кæд у, уæддæр æнæ исты æмбаргæ нæу... — Дзандар кæм лæууыд, уым та йæхи æруагъта нæууыл, йæ фарсмæ къухæй ацамыдта Геолийæн дæр. — Æруадз дæхи. Фынджы уæлхъус куы не стæм...

Геоли æфсæрмы кодта, йæхионтæ куыдтæ сты, уый тыххæй Дзандары бафæрсын, фæлæ уый йæхæдæг фæраздæр — æнæрхъуыды куы нæ уыд, мыййаг.

— Ма тыхс, дзæбæх æмæ æнæниз сты уæхионтæ, фæлæ ... махонæй...

— Циу? — тарстхуызæй афарста Геоли.

— Байсæфт... Фæлтау æз мæхæдæг... Фæлæ цы загъдæуа...

Геоли йæ къухтæ æруагъта, йæ сæр йæ риумæ æрхауд:

— Рухсаг уæд! Хуыцау ма ныббарæд знагæн... Фæлæ гæнæн нæй, фидар фæлæууын дæ хъæуы, Дзандар.

Лæгтæ ныхæстæ кодтой, бæх хызти, Консул фыййау куыдзы хуыстæй хуыссыд, йæ сæр йæ раззаг къæхтыл сæвæргæйæ, æмæ сын сæ ныхæстæм хъуыста — хъæды æцæгælон кæй ничи ис, нæдæр сырд, нæдæр адæймагæй, уый уымæй размæ сбæрæг кодта, йæ нысæнттæ æвæргæйæ.

Дзандар йæ хызыны баст райхæлдта, кæрдзынтæ систа — дыууæ стырдæры, цыхты къæртт, хъæдындзтæ æмæ сæ Геолимæ бадаргъ кодта:

— Хатырæй фæуæд, куы йæ зоныс, цы цæрдтытæ кæнæм, уый. Ацаходыны фаг уын уæддæр уыдзысты...

— Нæ хъæуы, нæ хъæуы, махмæ алцыдæр хæццæ кæны... цыдæртæ... Уæхæдæг стонг æмæ сыдæй... — йæхи йыл сцагъта Геоли, фæлæ йæ Дзандар куы нал æмæ куы нал уагъта, уæд ын айста йæ хуын.

— Ныхситт ма кæн, цымæ дæм ныр дæр не 'рбацæуид Хуры тын.

Геоли йæ дыууæ æнгуылдзы йæ дзыхы акодта, ныхситт ласта къуыззиттæй, фæлæ Хуры тын йæ хъус дæр нæ батылдта. Уæд æм фехситт кодта Дзандар — бæх йæ сæр систа æмæ сиргæ уадæй æрбатындзыдта сæ цурмæ. Къаннæг кæрдзынæй ма цы баззад, уый йын ратта Дзандар. Сыстад, Геолимæ сахсæн дары:

— Гъа, бафтау та йыл æй, науæд дын немæ фæраст уыдзæн.

— Омæ йæ акæн...

— Нæ, нæ, сымах ахсджиагдæрæн хъæуы, æцæг ын... Уæ къорды йед ис, куырдадз уæм ис, куырд уæм ис?

— Ис...

— Йæ фæстаг галиу къахы цæфхад ма тыххæйты хæцы... Цæй, дзæбæхæй баззайут, афонмæ мæм нæ зæронды цæстытæ ныуурс сты...

— Фæндараст у... Кæд нæхионтæй искæуыл æнæнхъæлæджы...

— Цæмæн зæгъыс, цæмæн — сæрмагондæй сæ абæрæг кæндзынæн, адæм не стæм æви...

Кæд цæугæ размæ кодтой, сæйрагдæр та, сæхимæ кæд цыдысты, уæддæр Консул фæстæмæ каст: уый йын куыд æмбаргæ у, бæхы кæй уадзы Дзандар, уый? Æви афтæ 'мбæлы адæмы æгъдауæй?

Баринæ куыд нæ цин кодта, Дзандар йæ фæндагæй разыйæ кæй раздæхт, ууыл — хуыздæр комдзаг цы ардта йæ рæбыны, уый йын йæ разы æвæрдта, сæ балцы тыххæй йæ иу хъуыддаджы фæдыл цалдæргай хæттыты фарста. Дзандар дзы нæ тыхст, ногæй ногмæ йын дзырдта хабæрттæ. Æмæ йæм Баринæйы зæрдæ дæр фехсайдта, фæндагыл ыл мацы ахæм исты æрцæуæд, зæгъгæ.

Куыддæр-иу уалдзæгæй галы комытæфы йас æрбахæццæ, афтæ-иу Дзандары мад сарайы бын мæнг хæдзары пецы арт бакодта — тынг æхсызгон ын-иу уыд пецы дзыхмæ бадын, арты тыбар-тыбурмæ кæсын.

Æризæргæрæттæ. Хъæу йæхи æхсæвæрмæ цæттæ кодта, аныхæстæм, стæй уæд зæрдæхъалгæнæн фынтæ уынынмæ —

боны рухсæй нæдæр хъусгæ исты кодтой зæрдæрухсы хабарæй, нæдæр уынгæ.

Дзандар сугдонæй суггæ раханста, æркалдта сæ, æрбадт гыццыл бандоныл æмæ пецимæ архайы — йæ фæнык ын фæныкдонмæ æркалдта æртыскæнæй, стæй дзы хус æхсныфтæ иугайдыгай æвæрын райдыдта цæхгæрмæты. Къæбæлдзыг æхсныфтæм куыддæр схоны цæхæр бахъардта, афтæ схæцыдысты, ныггуыпп ластой — арт сгуыр-гуыр кодта фæлварæн хъæлæсæй.

Пец бацардхуыз, кæддæры амондджын улæфт скодта сæрдыгон хæдзар, мæнæ дзы-иу Дзандары мад куы уыд змæлæг, уæдау.

Хъуызæджы сабыр цыдæй йæм æрбацыд Баринæ.

— Кæцæй ма дæ зæрдыл æрлæууыд ам арт скæнын? Кæддæры бонтæ æрымысыдтæ, нæ?

— Лæгæн цы фæадджын уыдзæн, уый йæхæдæг дæр нæ зоны. Цас арт фæкодта мæ мад ам, цас арт... — Дзандар бындзарæй ныуулæфыд. — Уалæ йын хъайваныл нæ Сафайы рæхыс иунæг æвдисæн — сæдæ азæй йыл къаддæр нæ цæудзæн.

— Афтæ, афтæ: хохæй йæ раластой уæ фыдæлтæ семæ. Ныр æй æз кæд ме 'фцæгыл бафтауон æмæ... æмæ... Кæдæм фæхæссон мæ хъаст, кæдæм, стæй кæмæ, ænæ бындар кæй баззад уæ хæдзарвæндаг, уый тыххæй? Уæд та йын хъуыддаг куы бакодтаиккам, уæд нæм кæд абон йæ номыл...

— Мæ азар у уый, æз æй нæ уагътон тагъд кæнын, дæ хæдзармæ кæйдæр стæггаг бинойнагæн æрбакæнын мæнæ хабар нæу, цух-мухты бакæнинаг хъуыддаг, зæгъгæ. Фæлæ ма ныр цы, ныхæстæй æмæ фæсмонтæй ницыуал пайда ис...

Консул ænæсыбырттæй æрбацыд, æрхуыссыд Дзандармæ хæстæг, йæ сæр йæ къæхтыл æрæвæрдта.

— Дæуæн дæр дæ зæрдæ арты хъарм æрцагуырдта, Консул?

Куыдз йæ къæдзил батылдта, арфæйаг цæстытæй бынæй хæрдмæ скаст хæдзары хицаумæ. Диссаг: Консулы цæстыты арты 'взæгтæ стыбар-тыбур кодтой, æмæ уый иу æмбисонды рæсугъд уыдис æмæ!.. Йæхицæн та куыдзæн йæ зæрдæ сабыр нæ уыд, цыма развæлгъау исты ænамонды хабар зыдта, уыйау.

— Нæ лæппу йыл хъазгæйæ сæвæрдта уыцы буц ном, фæлæ йыл куыд ныффидар! Ныкконсул мын ис!.. Ай дæр ма консул ссис, æз та мæ цæргæдуджы фæкуыстон æмæ — цы?

— О, цæргæцæрænбонты ифтыгъдæй фæцыдтæ, — загъта

Баринæ.— Фæлæ нын уæддæр нæ цардæй хъаст кæнын Хуыцауæй тæригъæд уыдзæн. Нæ хъæбул ма нæ...

Дзандар уæззаугай сыстад, сарайы къулмæ бацыд — сисы дурты 'хсæн хост тулдз къæбæлыл ауыгъд уыдысты Хуры тыны ифтындзæн дзаумæттæ. Иу дзæвгар рæстæг сæм æнæдзургæйæ фæкаст, стæй разылд Баринæмæ:

— Хъуыды ма йæ кæныс, лæп... Æз хамуты скъуыд рæхсæнæй хуыдтон, уый мын мæ туас айста æмæ дзы йе 'нгуылдз... Йæ туг ын куы ауыдтон, уæд куыд афæлурс дæн... куыд ын фæтарстæн, уый ма дæ зæрдыл лæууы?

Баринæ ныхас иннæрдæм аздæхта:

— Цом, зæронд, дæхи æруадз...

— Мæ къах мæ нæма хæссы мидæмæ...

— Мæн дæр, мæн, фæлæ ам дæр кæдмæ бадæм?.. — Баринæ нæзы хъæды даргъ схъис райста, ссыгъта йæ цæхæрыл — мидæгæй дзы фæтæген цырагъ ссудздзæн. Разæй цæуы, сойдзырагъ йæ къухы ауон бакодта, афтæмæй. Йæ мынæг рухсмæ дыууæ зæронды аууæттæ уæйгуыты аууæттау егъау уыдысты... Стъалытæ дæр арвы къуырфы сæ цæстытæ æрцъынд-æрцъынд кодтой...

Уыд хуыцаубон. Дзандар йæхи базармæ рæвдзытæ кодта — бацыд бæхы дзаумæттæм, æриста сæ æмæ сæм ракæс-бакæс кæны, цы хъуаг сты, уый æвзары. Бозиты гæрзытæ сæууæрста, цæмæндæр басмыстытæ кодта згъæллаггоммæ, дзыларæй, идонæй, хамутæй — се 'ппæтмæ дæр æдзынæг æркæстытæ кодта, æрысгæрста сæ.

Ницæмæй сæм фехсайдта йæ зæрдæ, нывыл дзæбæх, нывыл хорз уыдысты, кæд фæдæрдджын сты, уæддæр. Фæлæ сæ ныр куыд ауæлдай кæна, куыд сæ атона йæхицæй, йæ къухты хъарм дæр æмæ йæ уды хъарм дæр сæ мидæг куы ис, сæ алы сынчы, сæ алы куырм æлхынцъы,уæд... Фæлæ куыд нæ басæтта, куыннæ, йæ цард кæй фæцис, йæ тых кæй байсыст, ууыл дæр. Йæ къух ауыгъта æмæ дзаумæттæ голладжы сæвæрдта — кæнæ сæ уæй акæндзæн, кæнæ та сæ хорæй баивдзæн, згъæлст нартхоры голлагыл! Алы тæрхæттæ хъуыддаджы нал цæуынц — фæцис сæ афон...

Адæмы раныхас-баныхасæй, радзур-бадзурæй базар гуывгуыв кодта. Сæ фылдæр дзæгъæлгæстæ уыдысты, нæдæр сæм исты уæййаг уыд, нæдæр сæ дзыпп амыдта исты балхæнын. Бирæтæ та иу дзаума иннæмæй ивтой, сæр сæрмæ: æлвыст

куымбилы къуыбылой фæтæгеныл, сæрачы гæппæл — судзиныл...

Дзандар уал раздæр базарыл разылд, адæмы ныхæстæм байхъуса, æркæса, искуы ма исчи уæй кæны бæхыдзаумæттæ, æви ахæм уæйгæнæг айдагъ йæхæдæг у, зæгъгæ. Кæй нæ зыдта лæгæй-лæгмæ, ахæмæй дзы ничи уыд, суанг ма, чи сæ кæй хæрæфырт у, уый дæр ын зындгонд уыд. Салам ын лæвæрдтой, салам сын лæвæрдта йæхæдæг дæр, йæ уæййæгтæ та уæлæмæ не 'вдыста. Къордгæйттæй чи лæууыд, уыдонæй чи немыцы Сталинграды бынмæ дæрæн кодта, чи та сын æй дæтгæ кодта — ома алы хуызы дзырдтой иу хабары тыххæй.

— Дзандар, сыгъдæгæй цыдæр балхæдтай, — загъта йын, кæрæдзийæн салам куы радтой, уæд йæ дард хæстæг Мæхæмæт.

— Нæ, ælхæнæг нæ дæн, мæнæ мæм уæййаг ис, — йæхицæн батых кодта Дзандар, йæхи бадомдта æмæ сфæрæзта уыцы ныхæстæ зæгъын, стæй та æгоммæгæс къухтæй голладжы ком райхæлдта æмæ дзы, æппындæр æй ауæй кæнын, ауæй йын уой, уый йæ цæст кæй нæ уарзта, уыдон систа.

Фæлæ, æнхъæл куыд нæ уыд, афтæ тагъд сæ фæцис агурджытæ — нартхоры голлагыл ын не сразы сты, фæлæ йын голладжы æрдæг радтой. Æмæ Хуры тыны ифтындзæн дзаумæттæ... Цыма æппындæр никуы уыдысты, уыйау æрбадæлдзæх сты! «Фæстаг хатт ма сæм уæд та куы фæкастаин мæ зæрдæйы фаг», — фæсмонгæнæгау ма 'фхæрдта йæхи. Чи зоны, æмæ йæ Мæхæмæт куы нæ бафарстаид, уæд сæ æвдисгæ дæр нæ ракодтаид, фæлæ ма ныр цы... Ныр — ницыуал!

Цы бакуыста, уый Баринæ куы базыдта, уæд йæ уæрджытæ æртъæпп ласта, бадодой кодта:

— Уый цы бакуыстай, дæ зонд фæцыд бынтондæр — ныр ма Хуры тын куыд уыдзæн?! Æви йæ уæгъдидонæй ауадздзынæ?!

Ницыуал æм сдзырдта. Куыддæр фæизæргæрæттæ, афтæ йæ хуыссæнуат бацагуырдта — æртæфстысты йыл йæ боны фæллад æмæ удхæрдтæ. Баринæ дæр иунæгæй нал фæбадт, цырагъ дæр не ссыгъта, фæтæгеныл ауæрдгæйæ, афтæмæй уый дæр бахуыссыд. Æрмæст фынæй нæма кодтой, сабыр ныхас уал кæнынц, мысынц алы хабæрттæ сæ фыдæбойнаг цардæй, фылдæр та, кæй зæгъын æй хъæуы, сæ хъæбулимæ баст хабæрттæ...

— Баринæ, уæлдай диссаг мæм кæсы иу хъуыддаг: куыстыл,

цымæ, афтæ кæрæф цæмæн сдæн хæсты размæ? Æрмæстдæр мæ-иу уый фæндыд, æмæ тагъддæр куы сифтындзин Хуры тыны, хъæдмæ куы ацæуиккам æмæ ... æмæ... Иннæ æмбисонд та уый уыд, æмæ-иу хъæдмæ не схæццæ, афтæ та-иу мæ тагъддæр нæхимæ æрфæндыд, дæу æмæ лæппумæ...

— Æз дæр дæм-иу æрхъæцмæ нал...

— Зонын æй, Баринæ, зонын...

Райсомæй Баринæйы æрдиаг æмæ Консулы ниуынмæ сыхбæстæ фæфæдис сты. Дзандары сынтæджы уæлхъус, йæ уæлæ Сафайы уæззау рæхыс æфтыд, афтæмæй ныггуыбыр æмæ дзынæзта зæрдæхалæн дзынæзтæй Баринæ. Хæдзармæ тæккæ бацæуæны раз къæсæргæрон арвмæ тæригъæддаг лыстæг хъæлæсæй ниудта Консул — ничи йыл схъæр кодта асурыны охыл...

Лæгтæй чидæр Дзандары кæрты кулдуар уæрæх байтыгъта...

ТОХ

Зиан цы хæдзарыл æрцæуа, раст уыйау уыд хъæу дæр. Хъарм рæстæг хаста, æмæ адæм сæ куыстытæ кæд кодтой, уæддæр æнæбары хуызы, уæнгуагъдæй, æнæзæрдæрайгæйæ. Хæстхъом лæгтæй чи хæцæг æфсадмæ ацыди, чи та сæ партизан сси — немыц Ирыстоны зæххыл дæр куы 'рлæууыдысты, уæд.

Марклен æмæ Толик дурджын асинты къæпхæныл бадтысты æмæ мынæг хъæлæсæй ныхас кодтой. Уынджы дзыгъалмыгъулгæнгæ стахт мотоцикл æмæ сыхæгты кæрты фæмидæг — автоматджын немыцæгтæ йыл æртæйæ бадтысты. Уартæ, мотоцикл куы æрлæууыд, уæд зæхмæ рагæппытæ ластой, цæуылдæр ныххудтысты. Сæ иу йæ рыгæйдзаг цырыхъхъытæ хæцъилæй асæрфта, йæ фæскъæбут аныхта, арвмæ скаст, йæ автомат йæ къухтæм æриста йæ уæхскæй æмæ йæ цæстæнгас дæрдтыл ахаста.

— Йæх, мах дæр фæйнæ ахæм автоматы куы уаид! — батæхуды кодта Марклен æмæ Толикмæ фæрсæгау бакаст.

— Нæхионтæ дæр æвзæрдæр бæргæ не сты... — загъта уый.

— Бæгуыдæр, — сразы ис йемæ Марклен, — фæлæ нын кæм уа?..

Уæдмæ уыцы немыцаг йæ хæлафы дзыпмæ нывнæлдта æмæ дзы цыдæр æрттиваг дзаума систа, йæ галиу къухы армытъæ-

пæныл æй æрхоста, йæ былтæм æй схаста æмæ дзы ныффу кодта — йæ хъинцъытæ фæцыдысты. Дзыхæйцæгъдгæ фæндыр!

Йæ автомат та фæстæмæ йе 'ккоймæ баппæрста, цæгъды йæ фæндыраей æмæ лæппутырдæм æрбацæуы.

— Йæх, æрбамар æй, йæ автомат ын рарæдув æмæ хъæдмæ адым! Партизантæм!

— Сæнттæ цæгъдыс æви?! — Толик йæ мидбынаты фестæгау кодта. — Амар, дам, рарæдув, дам, кæд дын хуымæтæг лæдзæг нæу!..

Салдат сæ тæккæ цурмæ бацыд, фæндыры йæ тых йæ бонæй ныффу ласта, уымæн йæ цъæхснаг хъæр фæцыд — лæппутæ фесхъиудтой. Немыцаг хъæлдзæгæй ныххудт, йæ былтæ асæрфта, йæ цæстытæ сæм барæй фæдзагъул кодта æмæ дарддæр фæраст, куыд цагъта, афтæ йæхи дыууæрдæм узгæйæ.

— Искуы фæсвæд ранмæ куы бацæуид, уæд ын æй уым...

— Уæд æй уым худæгæй амарис æмæ йын йæ автомат дæхирдыгæй фæкæнис, нæ? Сæнттæ цæгъдыс, сыгъдæгæй, сæнттæ...

— Æз æндæр цыдæр æрхъуыды кодтон! — фæкодта Марклен. — Сæ Рексы сын...

— Цы?

— Сæ куыдз... Сæ Рексы сын йед... Дзидзайы комдзаджы мидæг судзин бамбæхсæм æмæ... æмæ...

— Тæригъæд у куыдз! Куыдз дæ цы хъыгдары?!

— Ницы 'мбарыс! Дæ цæстытыл ма ауайæд: партизаны фæдыл бафтыдысты немыц, уый лидзы, хъæдмæ баирвæзт, цин кæны, аирвæзтæн сæ, зæгъгæ, фæлæ йæ уыдон Рексы æххуысæй...

— Омæ дын кæцæй æрласон судзин та? Дзыццайы судзин... Уый мын йæ судзины тыххæй мæ сæр фæхойдзæн, — Толик бынтон нынкъард.

Тыргътæм Куыдзæг рацыд, Марклены фыд, фæдзырдта сæм:

— Дæлæ лæппутæ! Мæнæ ма хæринаджы уæлдæйттæ Пиратæн раттут! — сау алабын кастрункæ сæм дыууæ къухæй дары.

Марклен ын йæ галиу хъусыл æрхæцыд, Толик та йæ рахиз æмæ йæ афтæмæй хастой, хъавгæйæ хастой, куыд не спæллахъхъ кæна æмæ дзы иу хуыпп дæр куыд нæ акæла, афтæ.

— Мæнмæ иу нæ, фæлæ ма дыууæ автоматы дæр уыдзæн рæхджы, — загъта Марклен.

— Кæцæй дæм фегуырдзысты? — Толик æм йæ цæстытæ сзылдта. — Ды дыууæ куы самал кæнай, уæд æз та æнæхъæн...

— Æнæхъæн иу! Мæнæн хæсты дыууæ 'фсымæры ис, дæуæн та — иу!

— А-гъа, æмæ хæст рæхджы фæуыдзæн æмæ нын уыдон семæ сласдзысты хæцæнгарз лæвæрттæ, нæ? Æмæ хæст куы фæуа, уæд ма дзы цы кæнæм?!

Куыдздон уыдис стыр кæрты рæбын, Пират хæдзармæ æнæуи цæуджытæй куыд никæмæ æххæсса, афтæ.

Пират уыд фыййау куыдз, мæнæ кавказаг фысгæс кæй хонынц, ахæм — стырсæрджын, йæ цæстытæ зондæй сæ тæккæ дзаг, зæрдæхæлар, фæлæ дæм куы фезнæт уа, уæд хъæууай кæн! Йе знагмæ йе 'ндон æфсæртæй нæма фæлæбурдтаид, афтæмæй-иу æй йæ фæтæн риуæй куы сцавта, уæд-иу цыфæнды стыр куыдз дæр къæбылайау атылд.

Фæлæ ныр... Хæсты размæ йын йæ разы галы сгуы æрæвæр, æмæ йæ бахсыдтаид, нысхъистæ йæ кодтаид. Фæлæ ныр... Адæмæн сæхицæн куы нал ис фыдызгъæл, уæд ма уымæ стæг кæцæй æрхауа — мæнæ йын афтæ сæ хъæрмхуыппы уæлдæйттæ рахæссынц, картоф æмæ къæбæры муртимæ, æнæсой хуыпгæнинаг...

Пират хъæстаг нæ уыд йæ хицæуттæй, алцæмæн дæр фæрæзта, цыма цы рæстæджытæ ралæууыд, уый æмбæрста, уыйау. Стæй йæ фидарæй уырныдта хъæдмæ цæуæнбоны æрцыд дæр: Куыдзæг та уæд йæ бæхы сифтындздзæн, суæгъд кæндзæн Пираты æмæ йæ фæдзæхсдзæн, фæндагыл дзæгъæл рæйд ма скæн æмæ макæй фæтæрсын кæн, зæгъгæ. Сæйраджыдæр та уый, æмæ йæ дард фæндаджы размæ æвзаргæ хæринагæй хорз бафсаддзæн! Фæлæ ныр кæдæй нырмæ нæй сæ бæх зынæг — ацы бæхтыл æппындæр сæрыхъæстæ не 'рзад, æндæра дæм нымады дæр ма уæд, хъæдмæ цæуын афон кæй у, уый æмæ кæмдæр ныффæстиат у!

Пират йæ къус куы басдæрдта, уæд æм лæппутæ хæстæг бацыдысты, æрбадтысты йæ цуры æмæ йын йæ фæрстæ, кауау дæрзæг фæрстæ сæ фырмæллæгæй, рæвдауын райдыдтой.

— Пират, Пират, мæнæ цы хуызæн бадæ: раст мæнæ исты цъыууитт æхсæвгæсыл егъау хъуынджын кæрц куы 'ркæнай, уыйау у дæуæн дæр дæ бакаст!

Марклен ын йæ дынджыр æфсæртыл фæйнæрдæм ахæцыд, йе ссыртæ йын байтыгъта æмæ, цыма цирчы ис, уыйау фæхъæр ласта:

— Смертельнæй номыр! — æмæ дын йæ пыхцыл сæр Пираты комхæлиу дзыхы бацæвыныл куы архаид, цыма йын домбайы кæфой дзых уыд!

— Марклен, уæртæ ма! — тарст хъæлæсæй фæкодта Толик.

Марклен фæстæрдæм фæзылд æмæ ауыдта: сыхæгты кауы сæрты сæм каст немыцаг афицер, йæ фæстæ лæууыдысты цалдæр салдаты. Чысыл фæстæдæр уыдон иууылдæр Куыдзæджы кæрты фегуырдысты. Сæ разæй бырсæгау цыд, йæ фæдыл куыдзгæс салдаты сыфцæй ласæгау ласгæйæ, Рекс — йæ бæттæн ын йæ хурх нылхъывта, æмæ йæ хæр-хæр хъуыст, йæ сырх æвзаг æддоз раппæрста.

Ахæм æдзæсгом æмæ цъаммар ми ауынгæйæ, Пират фæцæйхуыдуг кодта, йæ улæфæнтæ ахгæдтой. Йæ бынатмæ цы рæхысæй баст уыдис, уый афтæ ныттынг, æмæ раст ærдын-босау дыз-дыз кодта. Куыдздоныл дæр зыр-зырæг бахæцыд, мæнæ-мæнæ рафæлдæхдзæн.

Немыцаг куыдз дæр йæ асмæ гæсгæ къаддæр нæ уыд Пиратæй, ноджы ма нæрдæй хæлд, йæ сау рагъ сойсæртау цæхæртæ калдта. Йæ сæт калд, йæ раззаг дзæмбытæй зæхх рæдывта, куы та-иу æрбадт, куы та-иу фестад æмæ туджызилæг цæстытæй скæс-скæс кодта Пиратмæ, аныхъуырынмæ йæ хъавыд. Фæлæ йæ йæ хицау нæма ардыдта уыцы фистрагъ стæгдарыл.

Уалынджы дын... Фæлтау Пират куы амардаид æмæ ацы худинаджы хабар куы нæ федтаид йæ удæгасæй: Рекс куыдзгæсы йæ фæдыл ахæр-хæр кодта, каурæбынмæ йæ баласта, уым схъил кодта йæ фæстаг къах æмæ цæхгæр фæзилæны михы бæсты сагъд цæджындзыл йæ уыгард сæвæрдта!

Пират фырадæргæй нынниудта: цыдæр тохъхъыл куыдзгонд ын йæ бæрны зæххыл... Фæлæ йыл хæпп дæр не скодта, цы уыдзæн дарддæр, уымæ уал банхъæлмæ кæсон, зæгъгæ, сфæнд кодта. Йæ маст фыхти, йæ нуæрттæ ныхъхъандзал сты, фæлæ йæ рæхыс дæр фидар уыд... Кæм ис йæ хицау, кæм? Куыд нæ зыны, куыд фæразы кæсын ацы æнаккæгтæм — лæгæй дæр æмæ куыдзæй дæр?!

О, уæртæ рацæуы...

Лæппутæ тарст цæстытæй кастысты афицермæ — ныр сыл уый Рексы куы сардауа, уæд сæ Пират куыд бахиздзæн фидар бастæй? Фæлæ сын афицер та цытæ амоны, цытæ, цы хъуамæ кæной?

Афицер йæ амонæн æнгуылдз Пиратырдæм сарæзта æмæ цыдæртæ дзырдта, фæлæ йæ сабитæ не 'мбæрстой. Æмæ уæд уый дæр йæ къухтæ стымбыл кодта æмæ сæ кæрæдзиуыл хос-

та, цыма Пираты мæстæй мардта, уыйау — ома, кæд куыдзау куыдз дæ, уæд ма бавзар, ратон дæхи æмæ мæнæ Рексимæ стох кæн...

— Куыйты нын кæрæдзиуыл ардауын кæны, — хъуыддаг бамбæрста Толик. — Фæлæ...

Куыдзæджы ауыдтой дыууæйæ дæр лæппутæ æмæ куыддæр фæныфсхастдæр сты, фæлидзынвæнд акодтой. Фæлæ афицер йæ къух дамбацайы хуымпъырыл тызмæгæй æрæвæрдта, цыдæртæ сыл схъæртæ кодта, йæ сæрæй Пиратмæ амонгæйæ.

Уæдмæ Куыдзæг дæр ærбахæццæ, йæ цæсгом ныффæлурс, стæй та йын сырххъулæттæ афæлдæхт: «Цыдæриддæр у, уæддæр ацы фыдуæгтæ цыдæр фыдбылыз сарæзтой!..» «Æнæдзургæйæ афицермæ хæстæг бацыд æмæ æнцад слæуыд, æмæ, йæ удаист æмбæхсгæйæ, йæ къухтæ йæ риуыл дзуарæвæрд скодта. Афицер æм фæрсмæ бакаст æмæ йæ дæндæгтæ базыхъхъыр ласта, бахудызмæл, стæй та уымæн дæр Пиратмæ бацамыдта, суæгъд æй кæн, зæгъгæ.

— Марклен, суадз Пираты, — сабыргай загъта Куыдзæг.

Пират куы ссæрибар, уæддæр йæхи йе знагыл нæ андзæрста, фæлæ уыцы уæзбынæй кæрты астæумæ бараст, æцæг йæ мæстджын цæстытæ нæ иста Рексæй — чысыл исты, зæгъгæ, уæд... Немыцаг куыдзгæс дæр Рексы хурхбаст суæгъд кодта, рафтыдта йын йæ бæттæн, цыдæр амидингæнæн ныхæстæ йын загъта, цыдæр ардауæн, разæнгардгæнæн ныхæстæ. Лæппутæ дзы иунæг дзырд бамбæрстой — Рекс... Уый дæр та, адæм куыд æнхъæлмæ кастысты, ахæм уаг не 'вдыста: йæхи Пиратыл нæ ныццавта, фæлæ, цыма уый фæзмыдта, уыйау уæздан æмæ уæзбынæй цыд йæ ныхмæлæууæджырдæм. Пират кæрты астæуæй азылд кауыздæм æмæ йæхи Рексы æнæуынæг скодта.

— Ау, тæрсгæ фæкодтаид? — Марклен фæрсæг цæстытæй каст йæ фыдмæ.

Куыдзæг ныддур, æрмæст йæ цæсгомы нуæрттæ дыууæрдæм рахæц-бахæц систой, йæ дæндæгты къæс-къæс ссыд. Афицер ныхситт ласта, салдæттæ сдзолгъо-молгъо кодтой, фæлæ Пират йæ фыдæлты миног никæй ардыдæй фехæлдтаид, йæ туджы кæнон нæ аивтаид, æнусты дæргъы йæ уæнджы цы 'гъдау ныффидар, уый нæ аппæрстаид: згъоргæ нæ, фæлæ раст зивæггæнæгау дæр ма бацыд цæджындзмæ, æвæндонхуызы йæм басмыста æмæ йыл йæ нысан сног кодта, Рексæн дзы йæ тæф дæр куыд нал уа, афтæ. Стæй та фæстæмæ дæр афтæ æнæмæтхуы-

зæй раздæхт æмæ ærлæууыд. Йæ дæндæгтæ базыхъхъыр сты, йæ мæстæлгъæд уынæргъын райхъуыст.

Рекс фæхъандзалау, фæгæмæлхъус, фæлæ йæ ахаст нæ равдыста, фыццагау та сабыр æмæ хиуылхæцгæйæ бацыд каумæ, йæ доны цъырттæй та сæвæрдта йæ уыгард æмæ та æнæмæтхуызæй раздæхт. Нæ, уымæн ныббыхсæн нал уыд, уый æгæргæнæг фегæр. Пират ма уæддæр иу хатт бацыд, басмыста ногæй, цыма йæ уырнгæ нæ кодта, ау, уый та искæй кæрты дæхи афтæ æнæчетарæй куыд ис дарæн, зæгъгæ, стæй йæхи хъавгæ, цадæггай хæстæг ласын райдыдта йе 'нæуынон хæстæргоммæ, хæсткъахæгмæ.

Уадидæгæн иу уысмы бæрц фемдзæст сты Куыдзæгимæ — цы йын зæгъинаг уыд йæ хицау, уый Пиратæн æргом дзурын нал хъуыд: кæрæдзийы зонд тынг хорз бамбæрстой куыдз æмæ адæймаг...

Пиратæн мастисæн фæндаг бынтон садджын, йæхи ма тыхтæй-амæлттæй урæдта — нæ, уый йæ кæрт, йæ хицауы ном нæ фæхудинаг кæндзæн! Цыма йæ къахы æлгътыл слæууыд, афтæ йæхиуыл схæцыд, йæ бæрзæйы хъуын арц сыстад, æмæ, йæ уынæргъын нæ уадзгæйæ, сабыргай, сындæггай, уыцы аивæй — цыма чызджы алыварсзилæг лæппу у, кафгæ-кафыны зилæг, уыйау немыцаг фыййауы алывæрсты æрзылд, йæ бынмæ уагъд къæдзилмæ йын басмыста. Кæсыс æм, кæсыс амæ дæр: йæ фыдæлты æгъдау нæ халы ай дæр — йæ къæдзил зæбулæй дары. Пираты риуы йæ фыцгæ зæрдæ нал цыд, йæ маст йæ хъуырмæ схæццæ. Йе 'ндон къæпсыртæ та равдыста, йе ссыртæ, фæлæ уый йæ сæрмæ не 'рхаста, æмæ счъилтæм лæбурæг уа, адзæнгæл ласа Рексы фæстаг къах...

Йæхи йын аккаг знагæй æвдыста Рекс дæр, мур дæр ницæмæ дардта афицер æмæ йæ зилæджы ардауæн ныхæстæ — мидуынæргъгæйæ æрзылд йæ рады Пираты алфамбылæйтты — уымæн йæ цæлхдымбыл къæдзилыл иу хъуын дæр нæ базмæлыд. Сæ кæрæдзийы цæстмæмитæ сын сæ ардыд туг ноджыдæр ма цырындæр кодтой, адæм дæр бынтон сцымыдис сты.

Хорзæй кæй ницы æрцæуинаг у, уый æмбæрста Куыдзæг, фæлæ уæддæр йæхи ныхъхъæддых кодта æмæ æнцад æнхъæлмæ каст, куыйтæ дарддæр сæхи цы хуызы дардзысты, уымæ. Афицер дæр йе 'нгуылдзтæй æмдзæгъд райдыдта, къæрццытæ; салдæттæ куыдзгæсы бардзырдтæ æмхъæлæсæй фæзмыдтой, сæхи цагътой æнæхъуаджы уæзданмитæгæнæг куыйтыл — раст

ма Рексæн сæ алы змæлдæй дæр, сæ цæсгом хъулæттæ кæнынæй дæр амыдтой, куыд хъуамæ сбырстаид, сбынæй кодтаид Пираты, уый. Марклен æмæ Толик та разы уыдысты сæхæдæг дæр Рексимæ дæндагхæсты бацæуыныл — Марклен, мæгуырæг, йæ къухтæ атымбыл-атымбыл кодта, Толик йæ цыргъ уæраджысæртæ æууæрста æмæ æууæрста, цыма йын уазал систы, уыйау.

Хур сæм йæ цæст ныддардта, арвы астæу ныллæууыд. Дыууæ æмсæр знагæн сæ уынæргъын тыхджынæй тыхджындæрмæ цыд, ныббогъ кæнынмæ, нынниуынмæ сæ бирæ нал хъуыд. Кæй зæгъын æй хъæуы, Рекс куы фæтасыдаид, йæхи афтæ къæйныхæй куы не 'вдыстаид, уый дæр ыл æмбæлд, нæ фæхудинаг уыдаид, уымæн æмæ кæйдæр кæрты уыд, кæйдæр арæнтæй бахызт, йæхи æмсæр куыдзы Хуыцауы дзæгъæлы æфхæры, къахы йæ. Æмæ, зæгъæм, æрмæст сæхæдæг куы уыдаиккой, уæд кæртыдуарырдæм хиуылхæцгæйæ асыллынк-сыллынк кодтаид, йæ кад æмæ намыс нæ сафгæйæ, фæстæмæ-иу знæтæй фæзилгæйæ, дæндагдзыргъæй. Уæдæ йæм тæккæ дуаргæрон Пират дæр йæхи слæбурæг кодтаид, фæхъæхъхъаг, æз дæ акъабæзтæ, апысултæ кæнин, уæддæр та дын уазæджы хатыр нæй, зæгъгæ, уæд... Гъемæ ууыл сæ ныхмæлæуд ахицæн уыдаид.

Фæлæ иугæр бардзырд лæвæрд кæм æрцыд, уым та...

Дыууæ фыййауы цæстыфæныкъуылдмæ æргомздæхт фесты кæрæдзимæ, рувасахсæн къæппæгау ныкъкъæрццыттæ кодтой се 'фсæртæ, æмæ Пираты фæсхъусæй хъуыны бындзыг фæтахт. Сæ туг ферратуг, сæ фырмæстæй сæ фæстаг къæхтыл слæууыдысты, алчидæр сæ ууыл архайы, цæмæй иннæйы йæ хурхæй ацахса æмæ йæ мауал суадза. Пират цъилау ныззылд йæ мидбынаты æмæ фæрсырдыгæй фæхæст Рексы къæбутыл, фæлæ уый йæхи цæхгæр иуварсмæ фехста. Уæгъд бæргæ фæцис, фæлæ ахауд. Куыдзгæсы цæсгомæй туг фæлыгъд, йæ дзых ма кæсагау æнæсымæй фæхæлиу-фæхæлиу кодта. Афицер ахуыр змæлдæй фесхуыста йæ дамбацайы хуымпъыр, йе 'рфгуытæ фелхынцъ сты.

Марклен йæ цæстытæ Куыдзæгмæ аздæхта — уый, уымæй размæ куыд лæууыд, афтæ лæугæйæ баззад, йæ къухты дзуарæвæрд дæр нæ райхæлдта.

Рекс фæгæпп ласта, йæхи уыциу уагъд бакодта Пиратыл, æмæ ныр та уый фæуæлгоммæ. Салдæттæ сæмдзæгъд кодтой,

чидæр сæ, капут, зæгъгæ, фæкодта, Пиратæн йæ хъуыддаг рагацау кондыл банымадта ома.

Рекс ныддæвдæг Пираты риуыл, суанг ма йæ дзых хъуынæй дæр айдзаг, йæ фындз ныннуд, нал ын уыд сæрибарæй улæфæн, фæлæ уæддæр йæ цæстытæ цæхæр калдтой: йæ хъавд Пираты хурхмæ уыд. Æмæ архайдта, гæнæнтæ агуырдта, ома куы феуæгъд кæнид йе знаджы риугуыдыр æмæ йын йæ хæдуæлвæд та йæ хурхы уадындзтæ куы нылхъивид, зæгъгæ.

Пират схъуырдухæн, силлæг, скатай, йæ раззаг дзæмбытæй рæдувы немыцаджы буар, бындзыггай йын æрисы йе 'рттиваг хъуын, дæндагæй фæлæбурыныл дæр йæхи бæргæ хъары, фæлæ нæй, ницы йын æнтысы. Йæ хæр-хæр цæуы, йæ мидæмæхауд фæрстæ куырдадзы куынцау тыхулæфт кæнынц.

— Пират, Пират, — кæуынхъæлæсæй йæм дзуры Марклен, æндæр ын йæ бон баххуыс кæнын ницæмæй уыд.

Æнæнхъæлæджы афицер æмдзæгъд кæнын райдыдта, æркъæрцц-æркъæрцц æмдзæгъд — дзырды алы уæнгæн дæр хицæн æркъæрцц:

— Ста-лин-ка-пут! Ста-лин-ка-пут! Ста-лин-ка-пут! Ста-лин-ка-пут!

Пират дæр, цыма уымæ æнхъæлмæ каст, уыйау йæхи уыциу тыд акодта, Рекс уый æнхъæл нæ уыд æмæ æрхауд, адæргъ. Пиратæн дæр дын уый аваерай: йæ хурхмæ йын баирвæзт, ныссагъта дзы йæ туасдзыргъ дæндæгтæ — уайтагъд ын Рексы тугæй сырххъулон афæлдæхтысты. Нæ, æнцонты йæ нал суадздзæн!

Кæм ис, кæй æхсæн ис, уый æрбайрох Маркленæй — афицерау уый дæр æмдзæгъд кæны, дзуры уæнгай:

— Гит-лер -ка-пут! Гит-лер -ка-пут! Гит-лер-ка-пут! Гитлер-ка-пут!

Куыдзæг хъоппæгцæстæй каст Маркленмæ, бынтондæр фæудаист, старст ын, йæхи хæстæгдæр байста афицермæ. Уæдмæ Толик дæр Марклены сфæзмыдта æмдзæгъд кæнынæй дæр æмæ дзурынæй дæр. Куыдзæг сыл йæ цæнгтæ æртхъирæнгæнæгау цагъта, фæлæ йæ уыдон нæ уыдтой, кастысты йæм, фæлæ йæ нæ уыдтой, афтæ тынг бахаудтой дыууæ куыдзы тохы ахасты. Æмæ уæд Куыдзæг йæхæдæг дæр бар-æнæбары райдыдта йæ былты змæлдæй уыдоны фæдыл дзурын, Гитлер капут, зæгъгæ.

Æппынфæстагмæ Пират афтæ тынг нылвæста Рексы хурх,

æмæ уымæн йæ адзалы хæр-хæр ссыд. Куыдзмæ зилæг салдат афицермæ лæгъстæйаг цæстытæй ныккаст — уый йæ дамбаца фæцъортт ласта. Марклен æмæ Толикыл ихæнриз бахæцыд: уыдон æй æгæр хорз дæр ма зыдтой, зæгъгæ, афицер сæ искæмæ йæ дамбаца куыддæр фæцараза, афтæ Куыдзæджы къухы кард фегуырдзæн, æмæ уæд... æмæ уæд...

Хæдзарæй Марклены мад хъæргæнгæ разгъордта, лæппуты фæлмæнтыл хафт-хафтæй ралæууыд æмæ сæ йæ хъæлæсы ахаста мидæмæ, хæдзармæ. Афицер, Сталин капут, зæгъгæ, фæхъæр ласта æмæ æнæхъавгæйæ Пираты бахста, фæлæ йæ нæ акъуырдта. Дыккаг гæрах кæнын æй нал бахъуыд: Пират йæ амæддаджы феуæгъд кодта, цалдæр даргъ гæппæн кауы цур балæууыд, йæхи йæ сæрты цæхæрадонмæ фехста æмæ хæмпæлы аныгъуылд.

Рекс зæххыл дæргъæй хуыссыд æмæ хæстулæфт кодта, фæлæ йæ удæн тас ницæмæйуал уыд.

СИТОХАТЫ Саламджери

ХЪЫДЗЫТÆ 'МÆ ÆЛХЫСЧЪЫТÆ

* * *

Бæппи æрхаста фондз усы.
Алкæмæ дæр дзы базардзæн:
«Куы уæ алидза искæцы,
Уæддæр ма мæм дзы баззайдзæн».

* * *

Хæлæг кæнынмæ а дунейыл махæй
Дæсныдæртæ, цæрдæгдæртæ кæм и?
«Тойотæ» Дзиу куы балхæдта зынаргъæй,
Йæ сыхаг уæд æрцауыгъта йæхи.

* * *

Худгæйæ рæсугъддæр вæййы адæймаг,
Зæрдæйы æрфысым кæны рухс.
Уæдæ худæд алчидæр хæдзарыдзаг.
Уадз фæкусой зæрдæтæ æнус.

* * *

Уыдон дæр уалæ Абхазмæ фæзындысты,
Се 'ххуыс сæ иннæтау хъуыд.
О, фæлæ уайтагъд фæстæмæ фæзылдысты:
Тохы быдыры пыхсытæ нæ уыд.

* * *

Ныффыста нæ поэт æрмæстдæр
Дыууæ хорз стихы.
Хæрд фесты сæ дыргътæ, хъызт зымæг æрхæстæг,
Уæддæр ма сæ уигъы.

* * *

Сдæрдта къухтæ... Кодта тухæн...
Стæй уæд сæвнæлдта уæлдæр...
Уæуу-уа, байрæджы... Йæ къух ын
Ракъуырдта æндæр.

* * *

Скæс нæ уагъта рагæй дæр
Бирæты уæлæмæ,
Афтæмæй йæм адæм та
Кастысты дæлæмæ.

* * *

Цæмæй дын цард уа цинхæссæг,
Ыстырзæрдæ йыл ма уай, —
Цу арæхдæр рынчынфæрсæг.
Уæлмæрдтæм дæр-иу бауай!

* * *

Зондджын лæг цæры хъуыдыты.
Дзуры иннæтæй уый къаддæр.
Уыйхыгъд уымæн ис йæ дзырдты
Фарн дæр æмæ арт дæр.

* * *

Иу ран сæвæрын хъуыди
Хъуыдыйады къæдзыгой.
Депутаттæ йыл къуыри
Сесситы фæдзырдтой.

* * *

Сталин ку' амарди, уæд æм
Разынд фондз сомы, гæзæмæ.
Уыцы фæндагыл мæрдтæм
Фаг нæ уыдис, æмæ нæм
Сосо 'рбаздæхдзæн фæстæмæ.

МÆНГ ДЕМОКРАТТЫ ПЪЛАН

Уæрæсе сын рæхджы уæйгонд куы фæуа,
Фæсарæнтæм уæд айсдзысты сæхи.
Дыккаг хатт та сæ базайраг куы хъæуа, —
Фæзындзысты. Фæлтæрддзинад сæм и.

* * *

Цырд лæппу-фæндаггон,
Космосмæ фæтæхы.
Зæронд лæг та абон
Афардæг и зæххы.

* * *

Фæсарæйнаг дарæсмæ алкæд тырныдтам,
Йæ аргъ-иу ын систам бæрзонд.
Цæмæ цæуы хъуыддаг, гъе уый мах нæ зыдтам.
Ныр та сын нæ сæрты æвæрæм сæ зонд.

* * *

Ирон поэтмæ кад æввахс
Ægасæй никуы 'рцыд æмгæрон.
Уæдæмæ хъуамæ ацы аз
Мæхи æз марды 'фсон ыскæнон.

* * *

Гæмæх сæримæ ис зæххыл цæрæн,
Æрæмбæрз æй бæстон дæ худæй.
Гæмæх зондимæ нæй дæлдæр цæуæн
Беслæн, Хуымæллæг æмæ Брутæй.

* * *

Мæ сыхаг цæмæн фæци Дзегты Дзандар?
Чъындыдæр йæхицæй æппæлынмæ нæй.
Æрмæстдæр дæ схондзæни сахъгуырд, хъайтар,
Куы дæ кæна иу сау бон искæмæн уæй.

ИУ ПОЭТÆН

Алы рæнхъ дæр — йæ уды гага,
Искæйы стих та — сæ фысы бага.
Тæрсын æз, искæд фаутæ æвæрæг
Сæ фысы бага куы суа йæхæдæг.

ЦÆРУКЪАТЫ Таймураз

САТИРИКОН РÆНХЪЫТÆ

* * *

Уый дæр та ансамблы уæнг ысси мын...
Афтæмæй... нæ зарын зоны, нæ симын.
Йæ къæхтæ йæ фæсайынц,цудынц,
Фæрсырдыгæй йыл кæл-кæлæй худынц.

* * *

Ныр мæ мæгуырæй цы дзурон? —
Уд ыснарæг, басасти мæ тых.
Цард æцæгæйдæр у хъулон:
Иутæ сауы хонынц урс, иннæтæ та — сырх.

* * *

«Алцыдæр аразæм адæмы фарнæн, хуыздæрæн», —
Афтæ нæ сайдтой коммунисттæ.
Æмæ... парти йæхæдæг куы 'рдæрæн,
Уæд рабæрæг сты йæ низтæ.

* * *

Гъе, уæууæй, уæууæй!..
Рагæй дæр цæмæ уыди йæ хъавд та?
Уæлмæрдтæй дидинджытæ давта,
Зианджынтæн сæ кодта уæй.

* * *

Бирæ сты, æвæдза, цæвиттонтæ:
Дзырдтой мын: «Партимæ хъус...»
Афоныл фыстон йæ фиддонтæ,
Уыд мæ гуыбын та хус.

МАГКАТЫ Тамарæ

ДЫУУÆ ÆМДЗÆВГÆЙЫ

ЛЯЛЯЙÆН

Цæр, мæ къона, кадджынæй.
Стыр Хуыцауæн адджын уай.
Бирæ дын уа къабæзтæ,
Уарзон дын уа а бæстæ.

Рус цæссыгæй ма дуда,
Хъал сыхаг дыл ма худа.

Аирвæзай дам-думтæй,
С' амæддаг-иу ма фæуай.
Райгонд уон дæ бахудтæй,
Цинимæ æмкъах цæуай.

РЫНЧЫНЫ КАТАЙ

Дымгæ уылæн ныззилы,
Цъыфы пъæра — гуылф.
Сынчъы уæлæ — къуыдилы,
Тыхстæй байдзаг хуылф.

Арв мæ сæрмæ фыдхъулон,
Нал мæ тавы хур.
Æнæсæрæн, æдзухъом, —
Сæхстон хохмæ дур.

Худгæ, 'рттивгæ цæстытæй
Хинæй рацыд цард.
Саудалынджы бæстытæй
Былмæ 'рцыдтæн тард.

ДЗУЦЦАТЫ Хадзы-Мурат

ИРОН РАДЗЫРД

1984 — 1985 азты иртæстон ирон прозæйы фарстатæ. Ныффыстон дзы æрмæст радзырды тыххæй (мæ фадат кæй нæ амыдта, уымæ гæсгæ не 'ркастæн иннæ жанртæм — уацау æмæ романмæ). Мыхуырмæ дзы цы хицæн хæйттæ саккаг кодтон, уыдон кæд иучысыл фæахъаз уаиккой ирон радзырды жанрон бæрджытæ æмæ ивддзинæдтæ бамбарынæн.

Литературæйы мыггæгтæ — эпос, лирикæ, драмæ æмæ уыдонæй алкæмæ дæр чи ис, уыцы алыхуызон жанртæ (радзырд, уацау, роман, æмдзæвгæ, поэмæ, комеди, трагеди æмæ а. д.) равзæрдысты искæй фæндонæй нæ, фæлæ сæ бæлвырд историон заманы æрдомдта æмæ рухсмæ рауагъта цард. Уыдонæй алкæмæн дæр уыд йæхи сæрмагонд мидис. Уыцы мидис дзы алкæмæн дæр схай кодта йæхи формæ, йæхи конструкци, йæхи структурæ. Иу жанрæн дзы иннæимæ ивддзаггæнæн нæй, уымæн æмæ дзы алкæмæн дæр ис йæхи мидисон формæ. Уыцы мидисон формæ иу заманæй иннæ заманмæ иу кæнæ иннæ сфæлдыстадон методмæ гæсгæ, нывгæнæджы цæстæнгасмæ гæсгæ, йæ индивидуалон хæдхуызмæ гæсгæ ивта, цыдæртæ дзы хаудта, цыдæртæ йыл æфтыд, фæлæ, æмтгæй райсгæйæ, нæ сæфта йæ сæйраг гакк, йæ сæйраг миниуджытæ. Уыдон цыма суанг абонмæ баззадысты æнæивгæ, раздæр сæм цы мидис уыд, уый сæм цыма ис абон дæр.

Уый афтæ кæй у, уымæ гæсгæ æрмæст гуырахстæй, æрмæст æддаг хуызæй дæр базонæн ис иу кæнæ иннæ жанрæн. Зæгъæм, райстам нæ къухмæ радзырд, уæд нын развæлгъау бæрæг уыдзæн: ис дзы авторон ныхас æмæ персонажты диалогтæ, æвдисы иу цахæмдæр цау, сæйраджыдæр иу адæймаджы фæлгонц цыбыр рæстæджы фæлгæтты, ис ын иу æрбадтæн бакæсæн. Ахæм радзырдтæ уыд Гæдиаты Секъамæ, Коцойты Арсенмæ, Гæдиаты Цомахъмæ, Беджызаты Черменмæ, Хъуылаты Созырыхъомæ, Дзесты Куыдзæгмæ æмæ бирæ æндæртæм. Афтæ нын развæлгъау бæрæг уыдзæн уацау кæнæ романы мидис дæр.

Жанртæн схонæн и сфæлдыстадон мысæнад, литературон традици. Уыцы мысæнад, уыцы традици кæмæ нæ уа, уый нывгæнæг нæ уыдзæн. Мысæнад æмæ традици хъæуынц, цæмæй ма аскъуыйа литературон процесс, цæмæй размæ цæуа. Жанр нывгæнæджы новаторон авналæнты ныхмæ нæу, сæ къуындæггæнæг æмæ куынæггæнæг нæу. Цас нывгæнæгмæ тыхджындæр уа литературон мысæнад, цас æнгомдæр баст уа традициимæ, цас хуыздæр æмæ арфдæр зона жанры закъæттæ, уыйас æм фылдæр бахæсдзæн йæхицæй, фылдæр дзы ныуулæфдзæни цард æмæ аивады ногдзинад.

Ам æмбæлы зæгъын, термин «жанр» куыд æмбарын æмæ дзы куыд пайда кæнын, уый тыххæй. Иуæй-иутæ литературон жанртæ хонынц эпос, лирикæ, драмæ. Æвæццæгæн, уый раст нæу, уымæн æмæ уыдон сты дзырдаивады мыггæгтæ. Уыдонæй, æртæ мыггагæй, алкæмæн дæр йæ арæнты мидæг чи байрæзт, уыцы уацмысты хуызтæ сты жанртæ: радзырд, уацау, роман, æмдзæвгæ, поэмæ, комеди, трагеди æмæ а. д. Уыдонæй, жанртæй, алкæмæ дæр хицæнæй чи хауы, уыцы уацмысты хуызтæ дæр (зæгъæм, лирикон комеди, сатирикон комеди æмæ а.д.) сты жанртæ.

Жанрты мидисон формæ иу кæнæ иннæ историон заманы иууыл тынгдæр байрæзы иугай стыр нывгæнджытæм. Цас тыхджындæр уа нывгæнæгæн йæ курдиат, уæрæхдæр æмæ арфдæр уа йæ дунеæнкъарынад, йæ дунеуынынад, уыйас тынгдæр рацаразы йæхирдыгонау æмæ уыциу рæстæг тынгдæр сбæлвырд кæны жанрты мидисон формæ, тынгдæр разынынц сæ ахсджиагдæр, сæ сæйрагдæр бæрджытæ. Нывгæнæджы сфæлдыстадон индивидуалондзинад у жанрты змæлд æмæ рæзты ахъаззаг фактор. Уыимæ иумæ, нывгæнæг цы жанртæм раздахы йе 'ргом, цахæм у йæ жанрон æвнæлд, уымæй зыны йе сфæлдыс-

тадон индивидуалондзинад. Иу жанры кусы æви бирæ жанрты, уый нæу йæ курдиаты ас æмæ тых бæрæггæнæг. Жанрон универсализм кæнгæ у дугæй. Нывгæнæг йæхи барвæндæй не 'взары иу кæнæ иннæ жанр, цъус кæнæ бирæ жанртæ. Цард цы домы, цахæм жанр кæнæ йын жанртæ сты сæйраг, уыдонæн радты ком.

Афтæмæй жанрты змæлд æмæ præстæн кæд ис объективон бындуртæ (дуг æмæ царды домæнтæ), уæддæр дзы тынг ахадгæ у субъективон фактор(нывгæнæджы курдиат æмæ дæсныйад). Æнæ субъективон факторæй жанртæ нæ равзæрдаиккой, нæ цæриккой æмæ нæ кусиккой.

* * *

Революцийы фæстæ ирон прозаиктæ, адæмы мæгуыр æмæ тыхст цард æвдисгæйæ, цы уацмысты традицитæ дарддæр кодтой, уыдонæй иу у Хетæгкаты Къостайы радзырд «Дзæбидырдзуан» (уырыссагау фыст у, фæлæ ирон æвзагмæ раджы æрцыд тæлмац, стæй тæлмац куынæ уыдаид, уæддæр æй нæ фысджытæ иууылдæр зыдтой).

Радзырды экспозици — хохаг хъæуы иумæйаг ныв: цал хæдзары дзы ис, цахæм у йæ ран, куыд цæрынц йæ адæм. Равдыста хæхты æрдз, хъæуы хуыз, адæмы зынвадат, уæззау цард. Уыдон иумæйагæй куы базонæм, уæд нæ автор бакæны хъæуы кæройнаг хæдзармæ, Тедойы хæдзармæ, фенæм дзы хæдзары мидæггаг хуыз, бинонты цардыуаг, базонгæ нæ кæны Тедоимæ, йæ фыд — зæронд цуанон Зураппимæ, Тедойы къай Зæлиимæ æмæ сæ чысыл сывæллонимæ, бамбарын нын кæны сæ удыхъæды миниуджытæ, кæрæдзиимæ сæ ахастытæ.

Хъæу сæйраджыдæр цардысты дзæбидырдзуанæй. Тедо æмæ йе 'мбæлттæ мыствæндагыл цæуынц цуангæнæн бынæттæм, фæстагмæ Тедо фæхицæн йе 'мбæлттæй, хæстæг ссыди дзæбидырты дзугмæ, дыууæйы дзы фехста, фæлæ дурзæй рацыд: «Кæмдæр, комы нарæджы, æрсабыр йæ фæстаг хъæр... Рыг æрбадт... Хохы рындзæн — Тедойы хъавæн бынатæн — йæ фæд дæр нал баззад... Æгасæй йæ бындзарæй ныххафта. Бынтондæр фесæфт...»

Ууыл фæци радзырд. Канд архайд дзы нæй, фæлæ дзы уæддæр сæйраг у архайд. Æрмæст уыцы архайд у психологон хуызы иттæг мотивировкæгонд. Иу фезмæлд, иу ныхас дæр дзы ахæм нæй, кæуыл нæ баууæндай, архайджыты мидуаг, мидуавæрмæ гæсгæ, уыдонимæ дзы баст чи нæ уа.

Тедо хæдзарæй куы рацыд, уæд æм иу ран дæр бинонты кой нæй, æрмæст тындзы размæ, дзæбидыртæм, цыма йын уыдон ратдзысты иууыл бæрзонддæр зæрдæхцон, уыйау. Цыма йæ бинонтæй бынтондæр схицæн, уыйау. Фæлæ Къоста уымæй размæ хуымæтæджы нæ радзырдта Тедойы бинонты тыххæй, уæлдайдæр Зæлийы цæссыгты тыххæй, — адон «уаргъ» хæссы радзырды сæйраг хай — Тедойы цуаны хай, æмæ уымæ гæсгæ Тедойы сæфт у йæхи сæфтæй фылдæр, у йæ бинонты сæфт дæр.

Ай-гъай, радзырды ис тæригъæд, фæлæ, кæд афтæ зæгъæн ис, уæд лæджыхъæдджын тæригъæд. Къоста йæ мынæг кæны, нымæхсы йæ Тедойы удыхъæды хъæбатырдзинадæй, ууыл дисæй. «Тызмæг» æмæ «карз» радзырд у, хæхтау. Уымæ гæсгæ уæлвонггомау у йæ интонаци дæр, кæд дзы ис бынтон хуымæтæг, ныллæг, кæмдæр юморон бынæттæ, уæддæр(хъæуы маргъы мыггагæй уыд иу лæгуын уасæг æмæ дыууæ фыдуынд карчы, Сабаны æрчъи сæгъ бауыдта æмæ а. д.).

Радзырд цæуы иумæйагæй хицæнмæ, уæрæхæй къуындæгмæ, ома куыдфæстæмæ кæны нарæгæй-нарæгдæр. Иумæйагæй хъæуы ныв ратгæйæ, рацæуы Тедойы хæдзармæ, уырдыгæй та — мыствæндагмæ, уымæй — ноджы нарæгдæрмæ — къæдзæхы рындзыл Тедойы хъавæн бынатмæ. Уым радзырд æрлæууы, дарддæр дзы цæуæн никуыдæм уал ис, мæлæты хъуыры аирвæзти.

Радзырды структурæйы сæйраг хай у финал, схонæн ын ис «коммæ хауæг» финал.

Къостайы «Дзæбидырдзуан»-ы структурæмæ гæсгæ амад у Гæдиаты Цомахъы радзырд «Царды уæз» (1924). Ам дæр ис уыцы мадзал — уæрæхæй къуындæгмæ цæуæг мадзал: Хъуды комы иу мæгуыр хæххон хъæуы иу мæгуыр чысыл хæдзары бинонты цард (уыдон дæр цыппар сты: фыд Бесо, мад Марине æмæ сæ дыууæ сывæллоны). «Сæ зæххы гæппæлтæ, бызгъуыр æмпъызтыты хуызæн», се 'гас сæрды куыст — хъæбæрхоры къуту, сæ хосгæрст — æртæ мæкъуылы бæрц. Бесо паддзахвæндагмæ ацыди куыстагур, сси митмæрзæг, стæй та — бæхтæрæг (емсыкк). Иу уалдзæг æхсæвыгон Бесо здæхти сыхаг станцæйæ.

«Талынг дардта комрæбын, сау хохы цæндты 'хсæн, йæ хъæу кæм уыдис, йæ бинонтæ кæм цардысты, йæ дыууæ сабийы кæм рæзыдысты. Царды мæт та сусæгæй райхъал ис Бесойы хуылфы...

Цы 'рцыди дарддæр? Чи йæ зоны, чи йæ базондзæн ныр? Бæхтæ фæзилæны цæмæйдæр фæтарстысты. Ахастой. Бозитыл ма, æвæццæгæн, æрбахæцыд Бесо, æвæццæгæн ма фæхъæр кодта «тпру», зæгъгæ, фæлæ ма цы бакодтаиккой Бесойы мæллæг æмæ æдых цæнгтæ уыцы хъал, уыцы фыдуаг бæхтæн... Ахастой... Æхсæвы талынджы ахаудысты былæй æд дилижанс. Ныххæррæгъ сты сæхуыддæг кæмдæр. Ныппырх ис дилижанс. Йæ цæлхыты хъæр ма дурты хъæримæ ссыди далæ компæбынæй. Лæг дæр ныммур ис, ныцъцъæл ис, фæцис, аскъуыд æхсæвы талынджы йæ мæгуыр царды уидаг».

Цомахъæн йæ бон уыд, æмæ ууыл фæуыдаид йæ радзырд. Фæлæ «комы нарæгæй» фæстæмæ раздæхт уæрæхмæ — хъæумæ (Бесойы мард æрбаластой йæ хæдзармæ, фæкуыдтой йыл, хист ын скодтой), стæй уырдыгæй ноджы уæрæхдæр дунемæ (Марине йæ сывæллæтты акодта Дзæуджыхъæумæ, фæндаджы хицаумæ, кæд сын баххуыс кæнид). Ома радзырд уæрæхæй цыд къуындæгмæ, стæй та къуындæгæй ацыд уæрæхмæ, æмæ дзы иу уæрæх æрлæууыд иннæ уæрæхы ныхмæ. Цомахъы фæндыд, цæмæй равдыстаид Хъуды комы (æмæ æппæт ирон хохаг хъæуты) адæмы мæгуыр царды аххоссаг. Марине йемæ цыма рахаста, радзырды райдайæны автор кæй скодта, уыцы мæгуырдзинады ныв: фæндаджы хицау «зæды хуызæн» ус сæм куы рахызт, уæд «Маринейы бызгъуырты аууæтты æмбæхстысты» йæ сидзæртæ. Радзырды райдайæны ныв цæхгæр контраст слæууыди радзырды кæроны нывимæ. Уый æндæр дуне у (рæсугъд агъуыст, «йе стыр рудзгуытæ, æгас дуæртты хуызæн, æрттывдтытæ калдтой се стыр æвгтæй», стыр айдæнтæ, алыхуызон ахуырст къултæ æмæ а. д.), фæндаджы хицау сæм ракасти «мæстыхуызæй», йæ разы Марине ныккуыдта, зонгыл дæр ныккодта, фæлæ «зæды хуызæн» усæй ницы рантыст — æрмæст «сомы гæбаз».

Афтæмæй радзырды структурæ фæхъæздыгдæр. Къоста цыма нæ кæны Зебаты хъæуы мæгуыр царды аххосы кой, фæлæ йæ радзырды иумæйаг уагæй хатæм: кæнгæ у, адæмы цард хорз æмæ раст æгъдауыл æвæрд кæй нæу, уымæй. Цомахъ амоны, зæгъгæ, хохаг адæмы мæгуырдзинад канд се 'рдзон уавæрты аххос нæу, æрмæст, цы сæм ис æмæ сæм цы нæй, уый аххос нæу, — ис паддзахвæндагыл куысты хицау, ууылты цæуæг бæлццæттæ (Бесо кæй аласта, уыцы бæлццон — æфсæддон, стыр урс худ æмæ дагъистайнаг нымæты мидæг), ис дуканийы

хицау — «хин æмæ хытъынджын Сакро», ис фæндаджы хицау — «бæрзонд ус, уæзданхуыз, сау дарæсы мидæг», уыдонмæ хауы сæйраджыдæр аххос.

Цомахъмæ Къостайæ къаддæр нæ, фылдæр æм ис архайд, фæлæ йыл дзуры афтæ лыстæггай, нысан дзы кæны уыйбæрц детальтæ, йæ хъайтарты тыхст æмæ ænамонд афтæ гуппар æмæ бæзджын кæны, æмæ уыдон сæ быны æркодтой архайд, ацыди дыккаг пъланмæ. Хъайтарты мæт, сагъæс, сæ хъуыдытæ иугæндзон здæхт сты сæхимæ, сæ тыхст æмæ се 'намондмæ. Фæндагыл кусгæйæ, Бесо иу уыcм дæр нæ иппæрд кæны йæ бинонтæй: «Дардæй-иу паддзахвæндаджы былæй ракасти Бесо дæлæмæ, цъаламæ, сæ хъæумæ, æмæ-иу сагъæсы бахаудта йæ бинонты тыххæй, кæд исты хъуаг сты, кæд сын уазал у æмæ æндæртæ». Йæ ахауыны размæ, сыхаг станцæйæ здæхгæйæ, бынæй талынг дардта йæ хъæу, æмæ царды мæт Бесойы хуылфы райхъал. Архайд ис, фæлæ архайд нæй. Кæд Бесо кусы, змæлы, йæ мыздæр фæфылдæр, уæддæр æмткæй архайд йæ мидбынаты у цоппайгæнæгау. Куыд уыд, афтæмæй лæууы Бесойы бинонты уавæр, сæ мæт, сæ зæрдæуаг. Æрмæст йæхи мидæг кæны гуппардæр æмæ бæзджындæр.

Ахæм у йæ психологизм — æнæзмæлгæ, хъайтартæн сæ архайд æмæ сæ зæрдæ иухуызон, иумæйагæй æргомгæнæг. Уый нæ хизы миддунейы æрфытæм, нæу фæлтæрджын, къабазджын, уидагджын, æрмæст ын фæлгъауы йæ æнæхæйттæгонд, æнæныхмæвæрд, æнæивгæ конд. Психологизм дзы у æрмæст хъайтарты мидуаг, мидуавæр иумæйагæй, йæ иу сæйраг миниуæг æвдисæг, амонæг, æргомгæнæг.

Къостайы радзырды цыма автор бынтондæр нæй, никæм дзы зыны æргомæй (æниу ахæм уацмыс никуы ис, æмæ дзы автор ма зына), йæхи баауюн кодта. Хъайтартæ цыма архайынц, дзурынц æнæ авторæй. Цомахъы радзырды автор зыны реалонæй, иугæндзон. Уый баиу хъайтартимæ, сæ зæрдæуаг у йæхи зæрдæуаг. Хъайтарты зæрдæуагæй æвзæры авторы зæрдæуаг æмæ цырын кæнынц кæрæдзи.

Къоста цы фыссы, цæуыл дзуры, уым ницы ис ахæмæй, йæ хъайтартæн зонгæ цы нæу, базонинаг сын чи уа. Цомахъ йæхæдæг йæ хъайтартимæ кæй баиу, уымæ гæсгæ иу кæнæ иннæ моменты автор йæхæдæг цымæ куыд хъуамæ хъуыды кæнид, æнкъарид, уый «схæлар кæны» йæ хъайтарæн. Сыхаг станцæйæ здæхгæйæ, Бесо цы уыдта, уыдон хъуамæ истаид

йæхирдыгонау, фæлæ сæ бар-ænæбары исы авторырдыгонау (Орион кæнæ Сириусæн Бесо, ай-гъай, ницы зыдта): «Раздæхти фæстæмæ Бесо æд дилижанс. Балхæдта урс дзулы джиранка. Сбадти дилижансы. Фæцæуы. Хæры. Ænцад уагъдæй ауагъта йæ бæхтæ. Ænцад цыдысты бæхтæ талынджы. Сындæг цъæхбын арвæй æрттывтой стъалытæ, урсбын дардта Ærфæныфæд кæрæй-кæронмæ. Орионы рæсугъд æртæ стъалыйы уæлæуæз сфардæг сты рæнхъæй æмæ кæрæдзи фæстæ мидбылты худтысты, уæлдайдæр рæсугъд цъæхдзаст Сириусмæ».

Радзырды архайд æмæ йæ хъайтартæм гæсгæ, авторы интонаци у ænцаддзу, уæзбын, ænкъард, æнтъыснæг, æрхæндæг. Кæрæй-кæронмæ йæ ænгом æрнорста, сау æмæ уæззау мигътæ хæхтæ куыд æрнордынц, афтæ. Радзырды æппæт дæр арæзт у иу нысанмæ — раргом æмæ банкъарын кæна Бесойы бинонты тæригъæд. Къостамæ Зæли куы кæуы, уæд ын Тедо зæгъы, зæгъгæ, исты мыл куы 'рцæуа, уæддæр цæмæй тæрсыс, уыныс, цахæм фырт дын ис, фæдардзæн дæ æмæ дæ баныгæндзæн: «Афтæ нæу, мæ лæппу, и? Дæ мады баныгæндзынæ?» Сывæллон ныххудт æмæ йæ гыццыл цæнгтæ стылдта». Цомахъы радзырды иунæг худт, иунæг «хъæбатыр» ныхас дæр нæй. Йæ мигъæхгæдæй, йæ мигънорстæй йæм иунæг ныфсы цъыртт дæр никæцæй хъары, æгæрмæгуыр дзы автор уалдзыгон, хъарм пейзаж куы раныв кæны, уæддæр. Къостамæ куыд у, афтæ ам дæр пейзаж æмткæй у объективон, пейзаж — йæхицæн, хъайтартæ — сæхицæн. Марине йæ сывæллæттимæ Дзæуджыхъæумæ куы фæцæуынц, уæд: «Хæхтæ лæууыдысты æгомыгæй комæн дыууæрдыгæй, ницы мæт сæ уыдис æппындæр».

Радзырды кæрон Марине фæндаджы хицауæй рацыд «йæ цæссыгтæ сæрфгæ. Рараст сты. Мæстæй йæ зæрдæ скъуыди Маринейæн». Ам, æвæццæгæн, афтæ бамбарæн ис, зæгъгæ, Маринемæ равзæрд протест йæ рæстæджы цардæвæрдмæ, йæ мæгуырдзинады аххоссагмæ, фæлæ æвæццæгæн, растдæр уыдзæн — æмæ уый бæлвырд кæны радзырды æппæт структурæйы дæр, — зæгъгæ, йæ зæрдæ мæстæй скъуыйы йæ бинонты тæригъæдæй, йæ сывæллæттæ æмæ йæхи тæригъæдæй. Семæ кæй баиу, уымæ гæсгæ тæригъæд йеддæмæ ницы ис автормæ дæр. Маринейы маст здæхт у, сæйраджыдæр, æддаг дунемæ нæ, искæмæ нæ, фæлæ йæхимæ, йæ бинонты уавæрмæ.

Иумæйагæй хицæнмæ, уæрæхæй къуындæгмæ — афтæ арæзт у Дзесты Куыдзæджы радзырд «Хорхæссæг» (1929). Иумæйаг

хай — экспозици — Уæллагкомы хъæуы адæм старстысты сæ хортæн фесæфынæй, басийынæй, æмхуызон тыхсынц, кæй дзы мигъæй ис ныфс, кæй дымгæйæ, кæй Уациллайæ, кæй цæмæй, кæй цæмæй, фæлæ æхсæвы арв ныйирд æмæ халас раппæрста. Катайаг фесты адæм.

Æмæ уыцы иумæйаг нывæй рахицæн иу хъысмæт — Темсыры хъысмæт. Радзырд цæуы хъæуæй хæдзармæ, хæдзарæй (Темсыр æмæ йæ фырт Додиимæ) фæсæфцæгмæ хор хæссынмæ, фæсæфцæгæй фæстæмæ æфцæгмæ, «коммæ хауæг» кæронмæ.

Иумæйагæн, ома æппæт хъæуы адæмæн, типикон æмæ характерон цы у, уый фаг нæу радзырдæн, уый хъуамæ разына хицæн адæймаджы хъысмæтæй. Уый ма ууыл дзурæг дæр у, æмæ адæм кæд иу хъæуы цæрынц, кæд сын æмткæй иухуызон уавæртæ ис, уæддæр дзы иу иннæмæй у хицæн, иуы дзы иннæйы мæт нæй, алкæй дæр дзы æндавы йæхи хæдзар, йæхи цард. Иумæ райсгæйæ, æмхуызон у сæ катай, хицæнæй райсгæйæ та — алкæмæн дæр дзы ис йæхи катай. Къостамæ æххæст афтæ нæу (цуанонтæ иузæрдыг сты кæрæдзийыл, цæттæ сты кæрæдзийæн баххуысмæ), фæлæ афтæ у Цомахъмæ: адæм цыдысты Арвыкомы фæндагыл, «уыдон уыдис мæт, фæлæ сæ алчидæр æрмæст йæхи мæт кодта». Афтæ у Куыдзæгмæ дæр, кæд йæ хъайтарты ныфс ис, зæгъгæ, æфцæгмæ хъæуæй чи рацæуа, уыдон сын баххуыс кæндзысты, уæддæр. Царды иумæйаг, æнæуæрст «уæз» дзы алчидæр хæссы хицæнæй, иунæгæй. Царды уыцы рæстдзинадмæ гæсгæ у «коммæ хауæг» радзырды жанрон структурæ, мидисон формæ.

Архайд у бынтон кадавар: Темсыр æмæ Доди ацыдысты фæсæфцæгмæ хор хæссынмæ, фæстæмæ здæхгæйæ сыл схъызыд, фæиртæстысты фæндагæй æмæ къæдзæхæй ахаудтой. Уыцы архайды, æддаг архайды бындурыл рæзы йæ асæй дæр, йæ мидисæй дæр егъау, парахат мидархайд. Куыдзæгмæ дæр, Цомахъау, психологизм вазыгджын нæу, æрфмæдзог нæу, фæлæ, Цомахъæй хъауджыдæр, тыхджындæр авнæлдта уæрхмæ, тынгдæр аивæзта йæхи фæйнæрдæм.

Цомахъимæ абаргæйæ, Куыдзæг-автор у æргомдæр, активондæр. Уый иуæй тынгдæр æмсагъæс кæны йæ хъайтартимæ, иннæмæй та — ранæй-рæтты комкоммæ æвдисы йæ ахаст, йæ равг. Йæ хъæлæс баиу хъайтарты хъæлæсимæ, радзырды бацæуæн хайы — æмткæй хъæуы адæмы хъæлæсимæ (сæ мидхъæлæсимæ), æмæ уыцы дыууæ хъæлæсæй кæнгæ у дзыллон-

коллективон психологизм. Цæуынц иумæ, ænæхицæнгæнгæ, фæлæ хаттæй-хатт куы фæхицæн вæййынц, авторы хъæлæс размæ куы рацæуы, цыма авансценæмæ, афтæ, уæд уым дæр автор йæхи номæй дзуры коллективы иумæйаг зæгъинаг. Ахæмтæ сты, автор æфсирты кæуын кæм фыссы, уыцы бынат («Цæгат уыгæрдæнæй æрнæджы æхсæн не 'фсæстысты згъорынæй. Ныр ма сæм бакæс! Куыд базæронд сты æхсæвæй бонмæ! О, мæгуыр æфсиртæ! Цал хуызы аивтой!»), сыд хорæй конд кæрдзыны тыххæй кæм дзуры, уыцы бынат («Искуы уæ исчи бахордта сыд хоры кæрдзын? Хъолоджын йе та дзы цæхæраджын куы скæнынц, уæд нæ равзардзынæ: йæ цъар саудæр у æви йæ апп»). Ахæм амал радзырдæн дæтты зæрдæмæхъаргæ лиризм.

Цомахъимæ абаргæйæ, Куыдзæг тынгдæр у мидæмæ здæхт. Радзырд у иу мидмонологау. Сæйраг бынат дзы ахсы Темсыр, йæ царды мæт, йæ сабиты мæт æмæ уымæ гæсгæ йæхи мæт. Доди йæ фæстæ цæуы, фæсæфцæгæй сæхимæ куы здæхынц, уæд. Додийы мæт дæр баст у Темсыры мæтимæ, уый дæр ныхас кæны йæхиимæ, фæлæ уæддæр нæ хицæн кæны Темсыры мæтæй, ома сæ иумæйаг мæтæй. Темсыры йæхиимæ ныхас уыйбæрц бакæны йæ ахæст, йæхи мидæг уыйбæрц арф ацæуы, аныгъуылы, æмæ дзы Доди æрбайрох вæййы —дыууæ хатты дзы фæсте баззад, æмæ йæм куы ракæсы, йæ фæстæ йæ куы нал фены, уæд æм фæстæмæ раздæхы, агуры æмæ йæ ссары, ома йæхицæй рацæуы æддæмæ, фæлæ та уайтагъд баздæхы фæстæмæ, йæхимæ. Уый характерон у радзырды структурæйæн. Уымæй кæнгæ дзы сты дзæвгар цыдæртæ. Зæгъæм, хæрз цъус дзы сты æддаг афыстытæ, æддаг дунейæ дзы цы ис, уыдон дæр Темсыр уыны йæ мидцæстытæй, уыдон дæр хауынц йæ мидныхасмæ. Нæй дзы архайджыты сурæттæ, нæ дзы афыста, сæ хæдзарæй куыд рараст сты, сæ хæстæджытæм куыд ныццыдысты, куыд сыл фембæлдысты, цы ныхæстæ, цы митæ кодтой, æппæт уыдæттæ, æрмæст сыл дзуры цалдæргай дзырдтæй, сур информацийау. Архайджыты миддунемæ здæхт цы нæу, уый дзы у фæрсаг.

Радзырды хъайтарты æддаг дунейау къуындæг у сæ миддуне дæр, сæ миддуне æххæссы æрмæст се 'ддаг дунейы арæнтæм. Уым зилдух кæнынц Темсыры хъуыдытæ: «атæхынц æфцæджы сæрты, æрзилынц Цæгат Иры быдырты, хор сæ бæхтæн дæр ænæвгъау кæм дæттынц, уымыты, атæхынц Гуырдзыстоны бы-

дырон хъæутæм, фездæхынц фæстæмæ æмæ та ам, мæнæ æххормаг сывæллæтты æхсæн, сæ тъæпп фæцæуы». Уыцы дунейы цæрынц æмæ архайынц, фæлæ дзы цæугæ никуыдæм кæнынц. Æфцæгыл сыл куы схъызыд, сæ къуындæг дуне сыл ноджы куы 'рбакъуындæгдæр, уæд бæрæг нæу, размæ цæуынц (сæхимæ) æви здæхгæ кæнынц(фæстæмæ, сæ хæстæджытæм): «Темсыр цæуы размæ. «Размæ», зæгъгæ, йæхимæ афтæ кæсы, æндæра кæдæм цæуы, ацу æмæ йæ ды равзар». Иугæр куы фæтыхстысты, уæд Темсыр афæнд кодта фæстæмæ аздæхын, фæлæ йæм худинаг фæкаст. Уый фæстæ тынгдæр куы фæтыхстысты, сæ къæсса дæр куы фесæфт, уæд хъуамæ фæстæмæ аздæхой, æмæ æнхъæлдтой, цыма фæстæмæ здæхынц, фæлæ цыдысты къæдзæхмæ, сæрсæфæнмæ. Уыцы дуне у йæхимидæг размæ-фæстæмæгæнæг, иу зиллаккыл зилдухгæнæг, æмæ дзы ацæуæн ис æрмæст мæлæтмæ.

Ам дæр, Цомахъмæ куыд у, афтæ, æрдз у пейзаж нæ, фæлæ объективон уавæр: «Æгомыг къæдзæхтæ бæзджын кæрцы мидæг мигъы аууон ныффынæй сты, хъуыды дæр нæ кæнынц хорхæссæджы. Бирæ фæндаггонтæ фæцыд ай хуызæн бонты сæ дæлбынты. Уазæгхор гуымирытæ, иустæмæй фæстæмæ, никæй афæндараст кодтой сæ къæсæрæй». Хъæуы адæмæн æрдз у хъысмæты хуызæн, æрдзæн сты цагъартау. Социалон нæ, — географион уавæр дзы у сæйраг(Цæгат Ирыстоны, Гуырдзыстоны быдырты, дам, хорхъуаг нæй, уырдæм кæй не 'фтынц бахъуаджы сахат, уый та, дам, у, цæлхвæндаг сæм кæй нæй, уый аххос). Уыцы дуне нæ уыны фидæн. Темсыр ælгъиты сæ мæгуырдзинад, сæ зынвадат, фæлæ дзы куыд фервæзæн ис, уый бæрæг нæу. Цæлхвæндаг, дам, куы сырæзид, уæд, дам, нæ цард хорз уаид. Бæгуыдæр, сæ цард бирæ фенцондæр уаид, фæлæ схорз уа — а-да-гъа. Цомахъмæ Арвыкомы цæуы цæлхвæндаг нæ, — паддзахвæндаг, фæлæ уымæй не схорз хъудæгты цард. Темсыр Додийæн фæдзæхсы: «Æз уæддæр чысыл нæ ацардтæн. Фæлæ ды куы бахъомыл уай, уæд уæддæр уыцы фæндагæн искуы æнæаразгæ нæй, æмæ-иу дæхицæн бæх æмæ уæрдонæн исты амал скæн æмæ уæд мæ хуызæн удхар нæ кæндзынæ». Уыцы фæндаг исчи нæ, — сæхæдæг кæй хъуамæ саразой, сæ царды уавæртæ сæхæдæг кæй хъуамæ раивой, цæмæй цард-æрдзы цагъартæ ма уой уый не 'мбарынц, æмæ уый дæр йæхирдыгонау æвдисæн у сæ къуындæг дунейæн.

Уыцы дунейы кæрæдзийæн ныфсытæ æвærынц, фæлæ дзы

æцæгæй ницы ныфс ис. Радзырды кæрæй-кæронмæ уынæм тæригъæд — хъæуы адæмы тæригъæд, сыд æфсирты тæригъæд, Темсыры бинонты тæригъæд, авторы тæригъæд. Уый цæуы куыдфæстæмæ тыхджынгдæргæнгæ æмæ кæронæй схизы йæ иууыл уæлдæр бæрзæндмæ, къæдзæхæй фыццаг Темсыр куы ахауд, стæй йæ фæстæ та — Доди, уæд: «Арф ингæн-комы та сæмбæлдысты фыд æмæ фырт, фæлæ ацы хатт кæрæдзи нал базыдтой». Уыцы «нал базыдтой»-йæ дывæр-æртывæр кæны тæригъæд.

Уыцы дунейы къуындæгдзинадыл баст сты къæсса æмæ дзæкъул дæр. Уыдонæй кæнгæ у радзырды æддаг архайд дæр æмæ мидархайд дæр йе структурон (сюжетон-композицион, психологон, ритмон-интонацион) змæлд æмæ præзт. Темсыр æмæ Доди фæсæфцæгæй куы рацыдысты, уæд сын сæ «уæз базыдтой». Темсыræн развæлгъау йæ цæстытыл уайы: сывæллæттæ сæм æнхъæлмæ кæсдзысты, «куы ныххæццæ уæм, уæд нæ размæ разгъордзысты, къæсса кæрдзынæй йæ тæккæ дзаг у, æнхъæлдзысты», мад сын бирæ кæрдзынтæ скæндзæн. «Доди дæр хъуыдытæ кодта, фæлæ уымæн йæ дзæкъулæй дарддæр никæдæм хæццæ кодтой» (æниу Темсыræн дæр йæ къæссайæ дарддæр никæдæм хæццæ кодтой). Доди, дзæкъул хæсгæйæ, фæллайы, баззайы фæсте. Иухатт æм раздæхти Темсыр, дзæкъулы бос фæцыбырдæр кодта, æмæ Додийæн фенцондæр йæ хæссын. Дыккаг хатт Доди æд дзæкъул хъæпæны куы ахауд, уæд Темсыр йæ къæсса феппæрста, лæдзæг ын йæ цуры æрсагъта, Додийы бирæ фæцагуырдта, ссардта йæ, фæлæ йæ къæсса нал ссардта. Гæнæн сын нал уыди, Темсыр дзæкъул йæ уæхскыл бавæрдта, фæстæмæ, дам, аздæхæм. Иу ран æрхы Темсыр аирвæзт, йæ къах ныццавта, дзæкъул дæр аскъуыд æмæ дзы гага дæр нал аззад. Афтæмæй къæсса æмæ дзæкъул сты сæ ныфс, сæ тас, сæ тых, сæ царды уæз, сæ царды нысан, æмæ уыдон куы нал сты, уæд фæци сæ цард дæр, уыдон куы фесæфтысты, уæд хъуамæ фесæфой æмæ фесæфтысты сæхæдæг дæр.

Ирон прозæйы иууыл зынгæдæр «коммæ хауæг» радзырдтæй у Коцойты Арсены «Саломи» (1923). Уый революцийы агъоммæ цардыл фыст нæу, — æвдыст дзы цæуы Хуссар Ирыстоны 1920 азы ир æмæ гуырдзыйы хæсты дуг. Ам дæр, Цомахъ æмæ Куыдзæджы радзырдтау, къуындæг у хъайтарты дуне. Дзыллæ иууылдæр лидзынц иумæ, фæлæ иу дзыллæ не сты, иу бархъо-

мыс сæ нæ иу кæны кæрæдзиимæ. Хуыцауы азарау, ærдзы азарау сын у гуырдзиаг ссыд(«Цавд мæлдзыджыты губаккау хъæу æмызмæлд сси...») æмæ лидзынц æмхуызонæй. Алкæй дæр дзы ис йæхи мæт, йæ бинонты мæт. Уымæ гæсгæ кæд иумæ сты, уæддæр сты хицæнтæ.

«Иу нарæг ран фæндаг æхгæд разынди — уæззау уаргъджын бæх миты ныссагъд æмæ сыстын нал фæрæзта. Зын ацæуæн уыди иувæрсты, фæлæ уæддæр фæсте цæуджытæ, бæх сыстынæн æххуысы бæсты, стыр фыдæбæттимæ иувæрсты хылдысты...

— Фæкæсут мæм, аххуыс мын кæнут! — дзынæзта бæхы хицау.

Хъусгæ дæр æм ничи кодта, алчи йæ фæндагыл цыди...

Саломи æмæ йæ дыууæ чызджы дæр иувæрсты зынæй ахылдысты æмæ араст сты дарддæр».

Алчи дæр дзы афтæ æмæ ахæм кæй у, уымæ гæсгæ дзы, айгъай, исчитæ рахицæн уой, адæмы бахъахъхъæной, гуырдзыйы ныхмæ ærлæууой, уый гæнæн нæй (историон æцæгдзинадæй, уазал кæй у, адæм миты кæй цæуынц, уый раст нæу, уымæн æмæ хуссайраг ирæттæ Цæгат Ирыстонмæ куы лыгъдысты, уæд уыди сæрд, июны мæй. Æвæццæгæн, уазал, мит Арсены бахъуыдысты дзыллæйы тыхст тыхджындæр равдисынæн). Радзырды æмбисмæ Саломийыл дзырд цæуы лидзæг адæмимæ иумæ, се 'хсæн, уыдон уæлдай йæм уадиссагæй ницы хатæм, фæлæ йæ хъустыл куы ауади, зæгъгæ, «меньшевикты æфсæддонтæ» дзæбæх сылгоймаг æмæ чызгæй кæуыл хæст кæнынц, уыдонæн тых кæнынц», уæд цыма рахицæн ис иннæ адæмæй, æддаг архайдмæ ærбафтыд мидархайд æмæ йын уый бацамыдта йæ сæрмагонд фæнд, тырнæн, уынаффæ: хъуамæ бахъахъхъæна сылгоймаджы намыс, нацийы намыс (Арсены бирæ тугисæг хъайтартæ — Батрадз, Хъæвдын æмæ æнд. — «фыдæлты намыс», ирон æгъдæутты кодекс куыд хъахъхъæдтой, афтæ). Саломийæниу «уыцы хъуыды йæ сæры куы фегуырди, уæд-иу мæстæй йæ зæрдæ атыппыр и, цыма йыл тæфсæг уыди, уыйау-иу ризын байдыдта». Гуырдзы сæ куы 'рбаййафынц, уæд йæ цæстытыл уайы, уыдон ын «йе 'нахъом чызджытæй хынджылæг куыд кæндзысты... Ризы, судзы адæргæй, мæстæй». Æмæ сæ куы 'рбаййæфтой, уæд æргомæй бафарста: «Ау, мæ зæрдиаг хъæбулты хуытæ бахæрой?» Исчи дæ куы бафхæра, — дæ маст куы нæ райсай, исчи дын дæхиуæттæй искæй куы амара — дæ туг

куы нæ райсай, исчи дын, сылгоймаг уæвгæйæ, куы батых кæна, уæд уый худинаг у, худинаджы бæсты та мæлæт — хуыздæр. (Гæдиаты Секъайы радзырд «Саударæг ус»-ы Гуырдзыханæн хиуаг Теджиа тыхми куы бакодта, уæд сылгоймаг йæхи æрцауыгъта), æмæ Саломи дæр йæ гыццыл чызджытимæ йæхи аппæрста «ænæбын къардиумæ». Уый йæхирдыгонау хъæбатырдзинад у, фæлæ къуындæг дунейы хъæбатырдзинад, уыцы дунейæ æддæмæ рахизæн кæмæн нæй, ахæм, йæхимидæг æхгæд, зæрдæрхæндæг, ænæперспективон хъæбатырдзинад.

Адæмæй иутæ дзурынц, зæгъгæ, «нæ коммунистытæ нæ фесæфтой», иннæтæ та: «Цомут! Фæстæмæ нæ ардæм хъæуы!.. Нæ фос, нæ зæххытæ нæхи бакæндзыстæм, сæрибар суыдзыстæм, нæ цард нæхи къухтæй араздзыстæм!..» Æвæццæгæн, уыцы ныфс ис Саломимæ дæр, радзырды кæрон гуырдзымæ куы бартхъираен кодта, уæд: «Нæ уын батайдзысты ацы мæстытæ, ацы æфхæрдтæ!» Фæлæ сæ фæстæмæ чи 'рцæуын кæндзæни, сæ маст сын чи райсдзæни, уый бæрæг нæу. Кæд коммунисттæй ныфс æвæрынц, уæд цы фесты, адæмимæ дзы иу цæуылнæ ис, æви æмбæхсгæ бакодтой? Уыцы «ныфсытæ» бындуронæй нæ ивынц адæмы цард æмæ сæ удыхъæд, нæ ивынц «коммæ хауæг» радзырды структурæ. Радзырд æвзæрын кæны фыдæх знæгтæм (иннæ «коммæ хауæг» радзырдты уыцы æнкъарæн нæй), фæлæ, Саломи æмæ йæ чызджыты афысгæйæ, сæйраджыдæр æвзæрын кæны тæригъæд. Чи зоны, иннæ «коммæ хауæг» радзырдтæй тыхджындæр тæригъæд, уымæн æмæ иннæ радзырдты хъайтартæ коммæ ахауынц æнæнхъæлгæ, сæ уавæрты бархъомысæй, ам та хауынц Саломийы фæндонæй, йæ адæргæй тасæй: чызджыты нæ фæнды, аппара сæ, аппарын нæ куымдтой æмæ сæ уæддæр аппæрста. Нæ сын фæтæригъæд кодта æмæ уымæй тыхджындæр кæны сæ тæригъæд. Саломи цы бакæны, уый у протест — йæхирдыгонау карз протест — гуырдзыйы фыдгæндты ныхмæ, национ æмæ адæймагон æнæрастдзинады ныхмæ:

Цомахъ æмæ Куыдзæджы радзырдты ис уæзбын, æнцаддзу, фæлгъаугæ ритм, æрхæндæг интонаци. Къостайы радзырды (уæлдайдæр йæ дыккаг хайы) ритм у цырд, тындзгæ, йæ интонаци — уæлвонггомау, ныфсхаст, хъаруджын. Арсенмæ кæрæйкæронмæ ис тындзгæ, тагъдгæнæг ритм, афтæ у йæ интонаци дæр — тыхст, мæстджын, фæдисон. Зæгъæн ис, уынæм дзы æрмæст æддаг архайд, æнæлæугæ, æнæскъуыйгæ, гомгæрцц

архайд, мидархайд дзы цæуы текстæн йæ бынмæ, нæ йæ уынæм, нæ нын æй æвдисы автор, ома дзы психологизм у хæрз кадавар, уæлæнгай, радзырды структурæйæн аккаг куыд у, афтæ.

Арсены «Саломи» иннæ «коммæ хауæг» радзырдтæй уымæй хицæн кæны, æмæ се 'рмæг иухуызон нæу (Къоста, Цомахъ æмæ Куыдзæджы радзырдты æрмæг — хохаг ирон адæмы зынвадат, мæгуыр цард, Арсены радзырды æрмæг та — революцийы заманы ирон адæмы цард), йе структурæйыл фæзындысты, цы 'рмæг æвдисы, уый сæрмагонд миниуджытæ, фæлæ йæ куыд æвдисы, уый йæ иухуызон кæны иннæ «коммæ хауæг» радзырдтимæ. Куыд æй æвдисы, уый та кæнгæ у авторы цæстæнгасæй, йæ аивадон мадзалæй, йе сфæлдыстадон индивидуалондзинадæй (йæ гуманизм æмæ йæ реализмæй). Уый ууыл дзурæг у, æмæ радзырды жанрон конд гуыргæ, фæлдисгæ у, объективон субъективонæн се 'хсæн цы рахиз-бахизтæ, цы æмбастдзинæдтæ ис, уыдонæй.

Æрæджиау бафтауæн:

Лидзæг адæмæй иутæ, æвæццæгæн, сæ зæрдæ дарынц коммунисттыл (сæ ныфс, се 'ртхъирæн уымæй цæугæ у), фæлæ, абоны цæстæй кæсгæйæ, уыцы зæрдæдарæн мæнг разынд — ницы уадиссаг сæрибар райстой, сæ цард сæхи къухтæй нæ арæзтой, æмæ та 70 азы фæстæ ногæй байдыдта ир æмæ гуырдзыйы хотыхджын хæст, ногæй та гуырдзы хуссайраг ирæттæн геноцид скодтой. Мæнг уыд иннæты ныхас дæр, зæгъгæ, нæ коммунисттæ нæ фесæфтой, ома уыдон, дам, куы нæ растадаиккой Гуырдзыстоны демократон республикæйы ныхмæ, уæд, дам, гуырдзы хуссайраг ирæттæн геноцид не скодтаиккой. Нæ, хуссайраг ирæттæй фервæзын рагæй-æрæгмæ уыд æмæ у гуырдзыйы иууыл тыхджындæр национ фæндон æмæ тырнæн, æмæ сын фадат куы фæвæййы, уæд уайтагъд сæ гæрзтæ рабæттынц йæ сæххæст кæнынмæ. Хуссайраг ирæттæ кæнæ хъуамæ ænæ загъд-заманайæ сгуырдзы уой, кæнæ хъуамæ цагъд æмæ тард æрцæуой — æндæр сын ницы ныв кæнынц гуырдзиаг адæм абоны цæстæй кæсгæйæ, абон Ирыстоны уавæр хынцгæйæ, «коммæ хауæг» радзырдтæ бар-ænæбары дæр здахынц ахæм хъуыдымæ, зæгъгæ, мах стæм «коммæ хауæг», «коммæ хауинаг» адæм.

Уыдзæн ма

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ

Мад.

Къахкъухтыл кафт.

Зæронды бонтæ.

Фыййауы зарæг.

Бруты молло.

Боныцъæхтыл.

Алайнаг чызг.

Сауджын.

Ирыстоны бæркæдтæ.

Фыййау.

Бирæгъ дæр ма лæгæй тæрсы.

Постхæссæг.

Майрæмададжы зынгхуыст хæстонты цырт.

ЕСЕНИН ÆМÆ ДУНКАН

Ирмæ æмæ Айседорæ Дункан Есенинимæ.

Сергей Есенин æмæ номдзыд американ кафæг Айседорæ Дункан куы базонгæ сты (1921), уæд поэтыл цыди 26 азы, сылгоймагыл та — 43. Уый размæ Айседорæйæн йæ сабитæ фæмард сты автокатастрофæйы, йæ мойæ та хицæн раци. Есенинимæ рæстæг æрвыстой хъæлдзæгæй — иудадзыг сæндæтты бадтысты. Поэты иууылдæр зыдтой, арæх ын кастысты йе 'мдзæвгæтæ, чызджытæ йæ бирæ уарзтой. Иу мæйы бæрц ацардысты Дунканимæ, стæй Есенин æнкъард кæнын райдыдта. Йе 'мбæлттæ йын дзырдтой: «Цæмæн дæ хъæуы уыцы зæронд ус, ныууадз æй. Цыфæнды æрыгон чызг дæр дæу хуызæн сахъгуырдæн ком ратдзæн».

Есенин схæтæгхуаг, хæдзармæ нал цыди, къуыригæйттæ-иу йæ хæлæрттæм баззад. Айседорæ йæ фæдыл зылди, куыдта, лæгъстæтæ кодта поэтæн, раздæх мæм, зæгъгæ, фæлæ уый йæ коммæ нæ касти, фæстагмæ йæ нæмын дæр байдыдта. Æдзæлгъæд, æнæхъола цард Есенины фыдбылызты æппæрста, низтæ йыл тых кæнын райдыдтой. Айседорæ дæр уымæ

кæсгæйæ тухæнæй марди, ноджы йæ мад амард, æмæ сылгоймагыл депресси сагъуыд. «Исчердæм абалц кæнын хъæуы, Сергейæн дæр уый пайда уыдзæни», — скарста хинымæры Дункан. Фæлæ сæм къайады тыххæй æвдисæндар нæ уыд, æмæ сæ советон хицауад фæсарæнтæм нæ уагъта.

Ам ма фæбæлвырддæргæнинаг у иу хъуыддаг. Сергей æмæ Айседорæ фыццаг хатт куы базонгæ сты, уæд сылгоймаг йæ азтæй аппæрста 11, загъта, цæуы, дам, мыл 32 азы. Ныр, къайад бакæныны рæстæг, хъуамæ сайды хабар рабæрæг уыдаид. Сылгоймаг бавдæлд æмæ йæ паспорты-æвдисæндары йæ райгуырды аз фехæлдта. Хъуыддаг хъаугъамæ расайдта, фæлæ культурæйы коммисары æххуысæй Есенин æмæ Дункан лæг æмæ усыл нымад æрцыдысты, ауагътой сæ фæсарæнтæм. Поэтæн, ай-гъай, хъыг уыд, Айседорæ йæ кæй асайдта, уый.

Есенины Европæйы ничи зыдта æмæ æнкъард кæнын райдыдта. Йе 'мдзæвгæтæ ам никæй хъуыдысты. Литературон салонты-иу арæх фæрасыг æмæ-иу хыл ракъахта, ноджы йыл скарз æвирхъау низ — эпилепси. Йæ лæджы æнахъинон миты тыххæй Айседорæмæ уазал цæстæй кæсын райдыдтой йæ рагон хæлæрттæ — кадджын-радджын адæм. Иудадзыг мæстæлгъæд кæй уыд, уымæ гæсгæ хæрзхуыз кæнынырдæм фæци.

Мæскуымæ куы 'рбаздæхтысты, уæд Сергей æртæ боны хæдзармæ нал фæзынд. Айседорæйы хъустыл æрцыди, дæ лæг æрыгон чызджытимæ сæмдзæхдон, зæгъгæ, æмæ загъд-замана самадта, стæй сфæнд кодта Кавказмæ гастрольты ацæуын. Есенин æм æфсæнвæндаджы вагзалмæ бацыди, хатыр дзы ракуырдта æмæ йын загъта, фæндагыл дæ баййафдзынæн, зæгъгæ. Тифлисы Айседорæ райста ахæм тел: «Есенинмæ фыстæджытæ дæр æмæ телеграммæтæ дæр ма 'рвит. Мемæ ис æмæ йæ дæумæ цæуын нал фæнды. Галинæ Бениславская». Уый хæдуæлвæд Айседорæ райста дыккаг тел дæр: «Æз æндæры уарзын, ракуырдтон æй, дæн амонджын. Есенин».

Бениславскаяйы Сергей раздæр дæр уарзта.

Дунканæн Есенинæй ахицæны хабар уæззау цæф уыди: куыдта, раздæх, зæгъгæ, лæппумæ ныстуантæ кодта, фæлæ — дзæгъæлы. Фæстагмæ бамбæрста, Уæрæсейы йын цæрæн кæй нал ис, уый æмæ Германмæ ацыди.

ХЪÆБАТЫР ГÆДЫ

Англисаг горæт Саутгемптоны цæрæг Ричард Парелл сæрыстыр у йе 'ртæаздзыд гæды Грейæ. Æмæ дзы куыннæ уа сæрыстыр, кæд æмæ йын æцæг фыдгæнæджы æрцахста!

Хъуыддаг афтæ рауад. Иу бон Парелл йæхæдæг уым нæ уыд, афтæмæй йæ хæдзармæ баирвæзти давæг æмæ буфеты æвзист дзауматæ æмбырд кæнынмæ бавнæлдта. Грей скъаппы сæр æмбæхстæй бадт æмæ дын æваст куы нымми ау ласид, афтæмæй хуыснæгыл йæхи куы андзарид. Йæ бæрзæйыл ын дæндагæй фæхæст, уæдæ цы, дзæмбытæй та — гъæйтт-мардзæ! — тонгæ. Давæг гæдыйæ фервæзыныл бæргæ ацархайдта, фæлæ йын дзы ницы рауад æмæ йæ хъæлæсыдзаг фæдисхъæр систа. Æххуысмæ йæм фæзынди... пъæлицæ.

ГÆХХÆТТЫ ТЫХХÆЙ

Гæххæтт адæймаджы царды цы ахъаз у, цæйбæрц ахады, уый алчи дæр зоны. Фæлæ цымæ йе 'рхъуыдыгæнæг та чи уыди? Нæ эрæйы II æнусы Китайы царди зæрдæргъæвд, курдиатджын лæг Цай Лунь. 105-æм азы уый император Хо Дийæн балæвар кодта, йæхæдæг бамбукæй кæй сарæзта, ахæм гæххæтты цалдæр хуызы. Императорæн уый æхсызгон уыд æмæ Цай Лунæн радта аристократы ном. Фæлæ фæстæдæр фыд-зæрдæ адæм Цай Луныл алы хахуыртæ фæмысыдысты,

æмæ, мæгуыр, йæ цард ныддызгъуынтæ. Ахæм хъизæмайраг уавæрмæ йæ æртардтой, æмæ йæм æрцыд йæхи амарыны фæнд. Иу бон йæхи цынадта, йæ хуыздæр дарæс скодта æмæ марг банызта.

Бирæ рæстæджыты дæргъы китайæгтæ гæххæтт аразыны технологи æмбæхстæй дардтой. Фæлæ 751-æм азы Китайы гæххæтуадзæн куыстуæттæй цалдæр байстой араппæгтæ, æмæ уый хæдуæлвæд Багдад æмæ Самарканды дæр райдыдтой гæххæтты куыст. Европæйæгтæм та бахæццæ XII æнусы — араппæгтæй.

Немыцаг лæг Иоганн Гутенберг джиппыуадзæн куы æрхъуыды кодта (1454-æм азы рауагъта фыццаг чиныг), уæд пергамент(кæнæ пергамен) рохуаты баззади.

Гæххæтт цалынмæ нæ фæзынд, уæдмæ китайæгтæ чингуытæ арæзтой бамбукæй, стæм хатт та зæлдагæй, бердзентæ, ромæгтæ æмæ мысыйрæгтæ (египетæгтæ) та пайда кодтой папирусæй. Фæлæ пергамент дæр æмæ папирус дæр стæм уыдысты, сæ аразыныл бирæ хæрдзтæ цыди.

ЧИ У АХХОСДЖЫН?

Куыйтæм аллерги кæй фæзыны, уый у адæмы аххос. Бирæ азты дæргъы иртасæн куыстыты фæстæ ахæм хъуыдымæ æрцыдысты шведаг горæт Мальмойы ветеринарон рынчындоны дохтыртæ.

Хабар афтæ у, æмæ адæймаджы цармы хæрзлыстæг гæбæзтæ дæр куыдзы хъуынтæм куы бахауынц, уæд нæ цыппæркъахыг хæлæрттæн сæ буар ранæй-рæтты фехæлы, фæзыны йыл хæлмæгтæ. Ахуыргæндтæ

сбæрæг кодтой 99 куыдзы. Сæ хатдзæг: куыйтæн сæ 70 проценты хъуамæ адæймагæн йе 'мгæрæтты дæр ма цæуиккой.

Уымæ гæсгæ, хорз лæг, уынгты фæцæйцæугæйæ, цæгæрхæрд куыдз куы ауынай, уæд-иу дæ цæсгом æлгъгæнгæ ма нынхъырдтæ кæн: чи зоны, уыцы æнаххос уд ахæм фыдхъуын æмæ æвидыц комкоммæ дæу аххосæй у.

ХОХ ХОХЫЛ НÆ СÆМБÆЛДЗÆНИ, ЛÆГ ЛÆГЫЛ — КÆДДÆРИДДÆР

Иу зындгонд сицилийаг хирург горæты уынджы фæцæйцыд. Æваст йæ размæ фæци стигъæг Джованни Мисумечи. Хъама йæм сласта æмæ йæм æхцайæ, зынаргъ дзаумайæ цы уыд, уыдон ын байста. Цалдæр сахаты фæстæ къæрныхæн йæ куырм тъанг срыст, æмæ дын Катанияйы рынчындæттæй иумæ куы бахауид — кæй бастыгъта, раст уыцы хирургмæ. Уый йæ уайтæккæ базыдта, фæлæ йын уæддæр операци скодта, стæй пъæлицæмæ бадзырдта, æмæ йæ уыдон аластой.

ЧИ ЦАС ХÆСДЖЫН У УÆРÆСЕЙÆ?

(Миллиард доллæртæй)

Кубæ — 20, Инди — 11, Ирак — 7, Манголи — 3, Украинæ — 1,9, Вьетнам — 1,5, Эфиопи — 1,2.

ТÆККÆ-ТÆККÆ... КÆНÆ ЕХХ, АЦЫ СЫЛГОЙМÆГТÆ...

Дунейыл тæккæ даргъдæр дзыкку — 1 метр æмæ 65 сантиметры — ис мæскуыйаг студенткæ Лариса Мишуковайæн. Фæстаг хатт ма йæ сæр алвыдта, æхсæз азы йыл куы цыд, уæд.

Горæт Серпуховы цæрæг Лидия Рыбакова(цæуы йыл 33 азы)йæ бынатæй фенкъуысын кодта, 48 пассажиры кæм бадт, ахæм автобус. Уымæн йæ бон у, 900 килограммы чи ласа, ахæм штангæ зæххæй фæхицæн кæнын. Йæ мой Анатолий Самоду-

мов та ноджы тыхджындæр у — тоннæ æмæ æрдæг чи ласы, уыцы штангæ зæххæй иуцасдæр сисы.

Дунейыл тæккæ зæронддæр сылгоймаг-фыссæг уыди Элис Полис (Хасимерæй). Йæ чингуытæй иу рацыди 1971 азы. Уæд фыссæгыл цыди 102 азы æмæ 8 мæйы.

Уырыссаг паддзах Елизаветæ Петры чызгæн уыди... 15 мин къабайы, дыууæ стыр чырыны дзаг та йæм цыллæ цъындатæ уыди.

Колумбийаг Мартæ Артуидуагæ ныййардта 7-аздзыдæй æмæ сси дунейыл тæккæ æрыгондæр мад. Арæндоны кусджытæ йын балæвар кодтой къаласкæ æмæ æхца. Уыдоны аргъæй чызг балхæдта хъуг — йæ сывæллонæн æй æхсыр хъуыди.

Лондоны алы аз дæр сбæрæг кæнынц, бæгæны тæккæ фылдæр чи уарзы, уыцы адæймаджы. Ацы аз сеппæтыл дæр фæуæлахиз бирмингемаг сылгоймаг Харриет Брукс. Уый æрвылбон баназы иу литрæй фылдæр. Азтæй та йыл цæуы 91. Англисæгты нымадмæ гæсгæ, Брукс йæ цард-цæрæнбонты банызта 70 тоннæйы бæгæны.

Сылгоймаг спортсменты 'хсæн асæй тæккæ ныллæгдæр у япойнаг фигуристкæ Мидиори Ито (144 сантиметры), тæккæ бæрзонддæр та — уæрæсейаг Ульянæ Семенова (210 сантиметры).

Дунейыл тæккæ уæззаудæр сылгоймаг у Флорæ Мэй Джексон (АИШ, Флоридæйы штат) — 381 килограмм. Тæккæ рогдæр сылгоймаг та мексикæйаг — Лючия Зарате: царди XIX æнусы дыккаг æмбисы æмæ 17-аздзыдæй йæ уæз уыди 2 килæйы æмæ 125 граммы, йæ дæргъ та — 67 сантиметры.

Дунейыл тæккæ бæрзонддæр сылгоймаг уыди Зенг Джинлиан. Йæ амæлæты размæ (1962) йæ ас уыди 247 сантиметры. Славянты 'хсæн тæккæ бæрзонддæр сылгоймаг разынди Елизаветæ Лыско. Æвддæсаздзыдæй йæ ас уыди 2 метры æмæ 27 сантиметры. Æппæты ныллæгдæр сылгоймагыл та нымад у нидерландаг Паулинæ Мустер, йæ ас —59 сантиметры.

ЛАДЕ ÆМÆ ТЕМБОЛЫ ЦЫРГЪ НЫХÆСТÆЙ

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты размæ Хъæдгæроны бирæ лæгтæ уыди. Цыргъзонд æмæ хъазæн ныхæстæм уæлдай тынгдæр арæхстысты Дзанайты Ладе æмæ Хозиты Тембол. Ацы дыууæ лæджыиу цы чындзæхсæвмæ кæнæ куывдмæ бахаудтой, уым-иу хъæлдзæгдзинадæн, худтæн кæрон нæ уыди.

Ладе колхозы куыста, Тембол та — тракторон бригады: бæхуæрдоныл ласта артаг æмæ дон.

ХОМ ÆЙЧЫТÆ НУАЗ

Иу райдзаст бон сыхы лæгтæ тигъыл æмбырдæй лæууыдысты æмæ Лademæ æрхатыдысты, азар ма нын, зæгъгæ. Ладейæн йæ хъуыр рысти, фæлæ фæстагмæ сразы. Фæлæ-иу заргæ-зарын ферхæцыд. Уæд æм Тембол дзуры:

— Ладе, æрыхъуыстон, аходæны размæ, дам, иу фондз хом айчы куы ануазай, уæд дæ хъæлæс булæмæргъы хъæлæс басгуыхдзæни.

Ладе йын афтæ:

— Тембол, мæ лымæн лæггаг, хом æйчытæй хъæлæс хъæрдæр куы кæнид, уæд каркæн йæ айкæппарæн заводы гудоккæй тынгдæр нæрид.

«МИТ-МИТ» ÆМÆ «СНЕГ-СНЕГ»

Хуымгæнæны мæйы та сыхы лæгтæ уалдзыгон куыстыты тыххæй дзырдтой. Уалынджы сæ цуры бæласыл иу гыццыл цъиу абадт æмæ зары. Тембол лæгтæм дзуры:

— Уæ ныхас-ма фæуадзут æмæ уæлæ цъиумæ байхъусут.

Сымах уалдзæджы койтыл стут, уый та «мит-мит» кæны. Хъусут? Мит уардзæн...

Уæд æй Ладе фæрсы:

— Тембол, æмæ уыцы цъиу кæд иронау «мит-мит» кæны, уæд Æрхонкæйы та уырыссагау, «снег-снег», зæгъгæ, хъуамæ зара?

ХОРЫ БОН

Мартъийы фæстаг бонтæй иуы уыди Хоры бон. Ладе æмæ Тембол бацыдысты трактopoн бригадмæ: кæм артаг ласын хъуыди, кæм та — дон. Фæлæ сæ зæрдæ Хоры куывдмæ æхсайдта. Ладе йæ сардзин йе 'ккой акодта æмæ ацыд хуымтæ барынмæ, стæй куывдмæ фæраст. Куывд уыди Сокаты Теботæм.

Тембол дæр артаг æрбаласта, фæлæ бригадир Хæуытаты Дзабола йæ куысты нæ разынд. Æнæ бафæрсгæйæ ацæуын та Тембол йæ сæрмæ не 'рхаста. Иуафон дардмæ ауыдта Дзаболайы трактopты колоннæйырдæм цæугæ æмæ ахъуыды кодта: ныр ма мæ дон ласынмæ дæр куы 'рвита, уæд куывдæй æнæхай фæуыдзынæн. Фæкомкоммæ, бæхæн саргъ æвæрд кæм уыди, уырдæм. Бындзытæ саргъы алыварс бæхы рагъ афтæ бахордтой, æмæ йæ туг калди. Тембол уыцы тугæй йæ цæсгом бæзджын сахуырста æмæ уæрдоны йæхи уæлгоммæ аппæрста, хъæр кæны:

— Дзабола! Дзабола! Тагъддæр-ма рацу! Цæттæ хаст лæг сæфы!

Дзабола йæм æрбазгъордта. Тембoлы уыцы хуызæнæй куы ауыдта, уæд уæрдоны абадти, бæхы фæцæгайдта, Тембoлы тагъддæр амбулаторимæ схæццæ кæнон, зæгъгæ.

Куыддæр фæндагмæ рахызтысты, афтæ Тембол уæрдонæй рагæпп кодта æмæ кæройнаг хæдзары, Демыраты Будзитæм, амбæхст. Йæхи ахсадта æмæ Хоры куывдмæ бацыд.

Дзабола цалынмæ амбулаторимæ схæццæ, уæдмæ фæстæрдæм иу каст дæр нæ фæкодта. Бæх куы фæурæдта, уæд кæсы, æмæ — уæрдон афтид. Фæстæмæ рараст æмæ кæуыл æмбæлд, уыдоны фарста: «Мыййаг Хозиты Темболы нæ федтат?». Демыраты цурмæ куы 'рхæццæ, уæд Будзийы чындз Шурæйы тарстхуызæй афарста:

— Шурæ, мыййаг Темболы не 'руыдтай? Тугнизæй фæрынчын, амбулаторимæ йæ ластон æмæ мын фæндагыл ахауди.

Шурæ фембæрста хъуыддаг æмæ ныххудти:

— Тембол гыццыл раздæр махмæ уыд. Йæхи цæхсадта æмæ мæнæ Сокатæм Хоры куывдмæ ацыд.

Цалынмæ Дзабола уынджы ратæх-батæх æмæ рафæрс-бафæрс кодта, уæдмæ Тембол канд æмбæлæггаг нæ аныста æмæ гаджидæуттыл «оммен» нæ загъта, фæлæ ма илæлæйæ дæр ныззарыд.

Заойты Аслæнбег

ДИРИЖЕР ÆМÆ ФЫЙЙАУ

Иу хæлар мын уыд æмæ-иу афтæ загъта: «Фыййауæй дирижерæй уæлдай нæй — сæ иумæ дæр лæдзæг æмæ иннæмæ дæр, сæ иу фысты дзуг скъæры, иннæ та — мырты дзуг. Фыстæ скъæрын бирæ зындæр куыст у — уæдæ фыййау стыр лæдзæг дзæгъæлы райсы!»

КЛАССИКОН МУЗЫКÆ

Мæ иннæ халар, зынгæ журналист, уыцы зæрдиагæй дзырдта: «Цы у классикон музыкæ, цы йæ скадджын кодтой? Гæды æрцахс, нылхысчъытæ йæ кæн æмæ куы сызнæт уа, уæд æй пианинойы амонæнтæм базыввытт лас. Уый сонт гæппытæ кæндзæни, уæдæ цы, æмæ пианинойæ алы æнахъинон мыртæ райхъуысдзæн. Уый дын классикон музыкæ!»

Къогъодзи

РÆМПÆГХÆРД БÆСТÆ

Дыууæ азы дæргъы Фонд ИНДЕМ («Информатикæ демократийæн») Æппæтдунеон банк æмæ Данийы хицауады æххуысæй бæрæг кодта, Уæрæсейы гæртæмттæ исыны хъуыддаг цы уавæры ис, уый. Æмæ æрцыдис æбуалгъы хатдзæгтæм.

Коррупци уыди паддзахы рæстæджы дæр, стæй советон азты дæр. Фæлæ уæд «оргæнтæй» тынг тарстыс-

Æри!

ты, дзырдхæсджытæ æнæрынцойæ куыстой, æмæ партион æмæ советон кусджытæн фаг фадæттæ нæ уыди хирдæм ссивынæн, рæбынтæ дзаг кæнынæн. Уыйхыгъд сæм парахатæй хауди дачæтæ, машинæтæ, бæллиццаг фатертæ, курортты, санатории амæй-ай хуыздæр бынæттæ, хойрæгтæй хæдзармæ хæйттæ, фæсарæнтæм лæвар цæуыны бар, сæ цотæн уæлдæр скъолаты цæттæ бынæттæ æмæ а. д. Цæвиттон, бæрзондыл бадæг чиновниктæ сæ цардæй хъулау хъазыдысты. Хицæутты хæссыны ахæм системæ ацы бæстæйæн «бынæн» баззади — уартæ Екатеринæйы заманæй. Фæлæ уæддæр ССР Цæдисы коррупцийæн, ныримæ абаргæйæ, йæ авналæнтæ дзæвгар цыбырдæр уыдысты.

Коррупцийы ауазæнтæ бынтон фегом сты 1991 — 1992 азты, ныр «хъæддаг приватизаци» кæй хонæм, уыцы дуджы. Райдайæн капитал хи фæллойы фæрцы нæ фæзынди, фæлæ паддзахады исбонæй. Æхцаджынтæ гъæйттæй ælхæнын байдыдтой бæрзонд бынæттæ. Æмæ æмбойны министртæй, паддзахадон комитетты сæрдартæй, директортæй агæппытæ ластой. Рæстæмбис нымадæй ахæм бæрзонд бынаты аргъ уыди 100 мин доллæрæй уæлæмæ. Æмæ нефты, газы, алмаситы, згъæры, химион хъацæнты æмæ æндæр ахæм зынаргъ хæзнаты хицæуттæ систы къæрныхтæ, стигъджытæ, фæлитойтæ-цæстфæлдахджытæ.

Цыбыр дзырдæй, æнæ гæртам бафидгæйæ бизнесæн цæрыны хъомыс нæ уыд. Амалхъом адæм Уæрæсейы чиновниктæн афæдзæй-афæдзмæ цы гæртæмттæ бафидынц, уыдоны нымæц хæццæ кæны 33,5 миллиард доллæрмæ. Уыдонæй 600 милуан доллæры бахауынц, медицинон æххуыс нын «лæвар» чи кæны, уыдонмæ, 520 милуаны — университетты, институтты, скъолаты разамонджытæм, 465 милуаны — автоинспекци æмæ милицæмæ, 275 милуаны — тæрхонылæгтæм. Цæрæнуæттæ райсæггаг афæдзмæ бафыстæуы 123 милуан доллæры гæртæмттæ, сæ цот цæмæй æфсадмæ ма ацæуой, уый тыххæй адæм æрвылаз кæрдæгхуыз æхцатæй раттынц 13 милуаны.

«Цардыуаджы гæртæмттæ» кæй хонынц, уыдоны нымæц æрвылаз свæййы 3 миллиарды. Уый ставд нымæдтытæй. Æцæгæй та йæ суммæ у 3 — 5 хатты фылдæр.

Контрабандæйæ цы пайдатæ счындæуы, уыдонæн сæ 60% бахауы контрабандистты къухмæ нæ, фæлæ милицæ æмæ тæрхондæтты кусджытæм.

ИНДЕМ-ы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, коррупци бацахста эко-

номикæ æмæ ныр баирвæзти политикæмæ дæр. Политикон партитæн сæ «астæумагъз» сси коррупци. Уыцы хъуыддаджы ахсынц дыккаг бынат, сæ разæй сты æрмæст автоинспекцийы кусджытæ. Æртыккаг «бронзæджын» бынат бацис Паддзахадон думæйы. Уæрæсейы президенты администраци æмæ æфсад «фæсте баззадысты» — 12-æм æмæ 13-æм бынæтты.

Иртасæн куыстыты автортæ æрцыдысты ахæм хатдзæгмæ: бæстæ ис фæдисы уавæры — коррупци паддзахад æнæхъæнæй куы байса, уымæй фæллойаг у. Паддзахад ахæм хуызы байсын фыццаджы- фыццаг сæ къухы бафты хомаджы куыстуæтты разамонджытæн æмæ стыр монополисттæн. Ацы хъуыддагæй æппæты тæссагдæр у регионтæн.

Æрмæг ист у газет «АиФ»-ы номыртæй

ЦАЛДÆР НЫМÆЦЫ МА

Уæрæсейы аргъ. Бæстæйы аргъмæ хауынц æртæ хайы: адæм (кусæг тых), ифтонггæрзтæ æмæ æрдзон хъæздыгдзинæдтæ (хъæд, нефть æмæ а. д.). Уыдон кæрæдзимæ бафтаугæйæ, 2000 азы райдайæнмæ Уæрæсейы аргъ уыди 340 — 380 трилуан доллæры. Уый у АИШ-ы æмæ Канадæйы аргъæй 2 хатты фылдæр, Ныгуылæн Европæйæ — 1,7 хатты фылдæр, Хæстæг Хурыскæсæны бæстæтæй — 2,7 хатты фылдæр.

Кæй пенси у фылдæр. Уæрæсейы тæккæ стырдæр пенси ис республикæйы раздæры президент Борис Ельцинæн — 63218 сомы.

Криминалты уацары. Уæрæсейы криминалон тыхтæ сæ фарчы хай тонынц бæстæйы экономикæйы 40 процентæй, банктæн та се 'мбисæй. Коррупци рæмпæгау бахордта хицауадон оргæнты «стæгдар»-каркас.

Цъары фæрстыл:

1. Уастырджи.
2. Скульптор Цорæты Дауырбег.
3. Скульпторы мад Залихан.
4. Цырд лæппуйæн — кæф.

* * *

Технический редактор	Виктория БОРАЕВА
Корректор	Заира КАРАЦЕВА
Компьютерный набор	Соня ДЕГОЕВА
Компьютерная верстка	Ирида КОДЗАТИ
Дизайн	Залина ГУРИЕВА

Журнал зарегистрирован в региональном Управлении ГК РФ по печати в РСО-А. Регистрационный номер Ш-0132

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.

Учредители: Комитет РСО-Алания по печати и делам издательств, Союз писателей РСО-Алания

Подписано к печати 24.07.02. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 9,3. Учетно-изд. л.8,11. Тираж 1300 экз. Заказ № 1573

Адрес редакции: 362025, г. Владикавказ, ул. Фрунзе, 24.
Телефоны: 53-69-66; 53-31-58; 53-69-62; 53-31-24, 53-65-86.

Журнал отпечатан на Республиканском издательско-полиграфическом предприятии им. В. А. Гассиева
362011, г. Владикавказ, ул. Тельмана, 16.

Индекс 73247